LIBRARY OF THE
Massachusetts
Bible Society
Boston University
School of Theology Library
Catalog No. A 131.5 (2)/FG1923

Family INDO-EUROPEAN

Sub-Family INDO-IRANIAN

Branch IRANIAN

Group NON-PERSIC

Language OSSETE

~~Dialect~~ Russian characters

Locality Upper courses of Aragva & Terek Rivers, Caucasus 43°N-43°E

Contents Four Gospels

Version Reprint of 1902 edition appr. by Rt. Rev. Vladimir, Bishop of Vladikavkaz.

Translator

Published by BFBS

Place BERLIN

Date 1923

Accession No. 799

Accession Date Sept. 1, 1931

Price $0.18

СУҕДÆГ ЕВАНГЕЛІЕ

СВЯТОЕ ЕВАНГЕЛІЕ
НА ОСЕТИНСКОМЪ
ЯЗЫКѢ

БЕРЛИНЪ
ИЗДАНІЕ БРИТАНСКАГО И ИНОСТРАННАГО
БИБЛЕЙСКАГО ОБЩЕСТВА
1923

Печатано съ изданія, выпущеннаго въ 1902 г. съ разрѣшенія Преосвященнѣйшаго Владимира, Епископа Владикавказскаго и Моздокскаго.

The Four Gospels in Ossete.

MADE IN GERMANY.

МАТФЕЈЕ

СѴ҂ДÆГ ЕВАНГЕЛІЕ.

СÆР 1.

1. Јесо Чѵрѵстіі, Давідѵ фѵртѵ, Авраамѵ фѵртѵ мѵккадѭсѵ чінѵг.
2. Авраамæј рајгўрді Ісаак; Ісаакæј рајгўрді Іаков; Іаковæј рајгўрді Іўда æмæ јæ æфсѵмæртæ;
3. Іўдаје рајгўрді Фарес æмæ Зара Тамарæј; Фаресæј рајгўрді Есром; Есромæј рајгўрді Арам;
4. Арамæј рајгўрді Амінадав; Амінадавæј рајгўрді Наасон; Наасонæј рајгўрді Салмон;
5. Салмонæј рајгўрді Вооз Рахавæј; Воозæј рајгўрді Овід Руфæј; Овідæј рајгўрді Јессе;
6. Јесеје рујгўрді Давід цатцах; Давід патцахæј рајгурді Соломон Уріај усæј;
7. Соломонæј рајгўрді Ровоам; Ровоамæј рајгўрді Авіа; Авіаје рајгўрді Асса:
8. Ассајæ рајгўрді Јосафат; Јосафатæј рајгўрді Јорам; Јорамæј рајгўрді Озіа;
9. Озіаје рајгўрді Јоафам; Јоафамæј рајгўрді Ахаз; Ахазæј рајгўрді Езекіа;
10. Езекіајæ рајгўрді Манасіа; Манасіајæ рајгўрді Амон; Амонæј рајгўрді Јосіа;
11. Јосіајæ рајгўрді Јоакім; Јоакімæј рајгўрді Јехоніа æмæ јæ æфсѵмæртæ, Вавілонмæ алідзѵнкæнѵнѵ размæ.
12. Вавілонмæ алідзѵнѵнѵ фæстæ та, Јехоніајæ раігўрді Салафіл; Салафілæј раігўрді Зоровавел;
13. Зоровавелæј рајгўрді Авіѵд; Авіудæј рајгўрді Еліакім; Еліакімæј рајгўрді Азор;
14. Азорæј рајгўрді Садок; Садокæј рајгўрді Ахім; Ахімæј рајгўрді Еліуд;
15. Еліудæј рајгўрді Еліазар; Еліазарæј рајгўрді Матфан; Матфанæј рајгўрді Јаков;

16. Јаковæј раігўрді Јосіф, Маріамѵ мој, кæмæј раігўрді Јесо, Чѵрѵсті чі хўінѵ, Уј.
17. Æмæ афтæ мѵккæгтæ æппæт Авраамæј Давідѵ онг удѵстѵ цѵппæрдæс фæлтæрѵ; æмæ Давідæј Вавілонмæ алідзѵнкæнѵнѵ онг цѵппæрдæс фæлтæрѵ; æмæ Вавілонмæ алідзѵнкæнѵнæј Чѵрѵстіі онг цѵппæрдæс фæлтæрѵ.
18. Јесо Чѵрѵстіі раігўрд афтæ уді: Умæн Јæ мад Маріам кўрд уді Јосіфæн, æмæ цалѵммæ удон јўмæ цæрѵн бајдѵдтој, ўалѵммæ сбæрæгі, умæн јæ хўлфѵ Сѵ̆дæг Удæј æвзæрд кæј іс, ўј.
19. Фæлæ јæ мој Јосіф, раст ўовгæјæ, æмæ јæ раргомкæнѵн нæ фæндгæјæ, сфæнкодта уўл сўсæгæј раўадзѵн.
20. Æмæ ўј ацѵ фæнд кў кодта, ўæд, мæнæ, Хуцаўѵ зæд умæ фѵнѵ раргомі, æмæ ін захта: Јосіф, Давідѵ фѵрт! Ма тæрс дæ ус Маріамѵ рæкæнѵнæј; цæмæјдæрідтæр умæн јæ губѵнѵ чі свæзæрді, Уј Сѵ̆дæг Удæј у;
21. Аргæ та нѵккæндзæні Фѵртѵ, æмæ Іл сæвæрдзѵнæ ном: Јесо; цæмæјдæрідтæр Ўј фервæзѵнкæндзæні Јæ адæмѵ сæ тæріѣæдтæј.
22. Æмæ ај æппæт æрцѵді, цæмæј сўа Хуцаўѵ дзѵрд, пæхумпарѵ дзѵхæј кæј зæ̆ѵ:
23. Мæнæ, чѵзг јæ хўлфмæ рајсдзæні æмæ нѵјардзæні Фѵрт, æмæ Іл ном сæвæрдзѵстѵ: Еммануіл, цæвідтон: махімæ Хуцаў. (Іcaia 7, 14).
24. Кў сѵqалі Јосіф фѵнæјæ, ўæд бакодта Хуцаўѵ зæд ѵн кўд бафæдзæхста автæ, æмæ раіста јæ усѵ.
25. Æмæ Јæ нæ зѵдта, ўалѵнднсѵ ај нѵјардта јæ јўнæггўрд фѵртѵ, æмæ Іл ўј сæвæрдта ном: Јесо.

СÆР 2.

1. Æмæ Јесо кў раігўрді Јўдеаг Віфлемѵ, Ірод патцахѵ бонтѵ; ўæд æрцѵдѵстѵ Јерусаліммæ хурскæсæнæј дæснѵтæ, æмæ дзѵрдтој:

2. Кæм і Јўдеаг ноггўрд Патцах? цæмæјдæрідтæр мах федтам Умæн Јæ сѓалv хурскæсæнv, æмæ æрцvдvстæм Умæн бакувvнмæ.

3, Ірод патцах ўј феqускæјæ, фæтарсті æмæ æгас Іерусалім дæр јемæ.

4. Æмæ æрæмбvрдкодта саўдҥсvнтv хістæртv æмæ адæмæј чінvдҥсvдæснvтv æппæтv, æмæ сæ бафарста: кæм æмбæлv Чvрvстііл рајгўрvн?

5. Удон vн захтој: Јўдеаг Віфлемv: цæмæјдæрідтæр пæхумпармæ фvст у афтæ:

6 Дv дæр Віфлем, Јўдај бæстæ, ніцæмæј чvсvлдæр дæ јўдеаг хістæр сахартæј; цæмæјдæрідтæр дæўæј рацæўдзæні Фæтæг, Кæцv Мæ адæм Ізраілv фæхіздзæні. (Міх. 5, 2).

7. Ўæд Ірод, сусæгај æрбасідті дæснvтæм, æмæ базvдта удонæј сѓалvјv фæзvнvнv афон.

8. Æмæ сæ арвvстv Віфлеммæ, æмæ сvн захта: ацæут, æмæ бæлвvрдæј базонут Ўцv Сvвæллонv тvххæј; æмæ Јæ кў ссарат, ўæд мæнæн дæр феqусvнкæнут; цæмæј æз дæр ацæўон Умæн бакувvнмæ.

9. Удон бајqўстој патцахмæ, æмæ ацvдvстv: æмæ мæнæ, удон хурскæсæнvл цv сѓалvј федтој, ўј цvді удонæн сæ разæј: æмæ стæј æрбахæтцæ æмæ нvллæўўді, Сvвæллон кæм уді, уцv бvнатv сæрмæ.

10. Æмæ сѓалvј кў федтој, ўæд удон іттæг фæцін кодтој.

11. Æмæ бацvдvстv хæдзармæ, æмæ федтој Сvвæллонv Јæ Мад Маріамімæ, æмæ æрхаўдvстv дæлгоммæ, æмæ Ін бакувтој, æмæ рајгомкодтој сæ хæзнатæ, æмæ Ін ралæваркодтој лæвæрдтæ: сvзҕæрін, буд æмæ смірна.

12. Æмæ фvнv ўацqўд кў рајстој, Іродмæ ма ўал аздæхут зæҕгæ, ўæд æндæр фæндагўл ацvдvстv сæхі бæстæм.

13, Æмæ удон кў ацvдvстv, ўæд мæнæ Хуцаўv зæд раргомі фvнv Јосіфмæ, æмæ ін захта: сvст, акæн Сvвæллонv æмæ Јæ Мадv, æмæ алідз Егіпетмæ, æмæ у ум, цалvммæ дvн зæҕон: умæн — æмæ Ірод агурдзæні сvвæллонv фесафvнмæ.

14. Уј сустаді, акодта Сувæллонұ æмæ Јæ Мадұ æхсæвгон, æмæ ацұді Егіпетмæ.
15. Æмæ уді ум Іродұ амæлұнұ онг: цæмæј сæххæст ўа Хуцаўұ дзұрд, пæхумпарұ дзұхæј афтæ чі зæвұ: Егіпетæј Æз Мæ Фұртмæ расідтæн. (Осија 11, 1).
16. Ірод кў базұдта, дæснұтæ јæ кæј фæсајдтој ўј, ўæд ідтæг смæст і æмæ арвұста Віфлеемұ, æмæ јæ арæнтæ сæ æппæтмæ нæлгојмаг сувæллæдтæ сæ æппæтұ цæвдұнмæ, дуўæ азггæдтұ æмæ удонæј кадтæртұ, дæснұтæј цұ афон базұдта, умæ гæскæјæ.
17. Ўæд сæххæсті пæхумпар Јеремиај дзұрд, афтæ чі зæвұ:
18. Оўсұ Рамұ кæун æмæ дзұназұн æмæ стұр æрдіаг; Рахіл кæўұ јæ сувæллæдтұл, æмæ зæрдææвæрұнмæ нæ қусұ; цæмæјдæрідтæр удон нал ұстұ. (Јеремија 31, 15).
19. Іродұ амæлұнұ фæстæ та, мæнæ Хуцаўұ зæд фұнұ раргомі Јосіфмæ Егіпетұ,
20 Æмæ ін зæвұ: сұст, акæн Сувæллонұ æмæ Јæ Мадұ, æмæ ацу Ізраілұ бæстæм, цæмæјдæрідтæр Сувæллонұ удұ агурдзұтæ амардұстұ.
21. Уј сустаді, акодта Сувæллонұ æмæ Јæ Мадұ, æмæ æрцұді Ізраілұ бæстæм.
22. Фæлæ кў феқўста, Архелај, Јæ фұд Іродұ бæстұ, Јўдеаі патцах кæј у ўј, ўæд фæтарсті урдæм бацæўұн; стæј фұнұ ўацқўд рајскæјæ, ацұді Галілеај арæнтæм.
23. Æмæ æрцұді, Назарет чі хўінұ, уцұ сахармæ æмæ ум æрцарді, цæмæј сæххæстўа пæхумпартұ дзұрд: Уј Назарај хўндзæн. (Тæрх. 13, 5).

С Æ Р 3.

1. Уцұ бонтұ æрцұді Јоанн донæјарваўæг, æмæ амұдта Јўдејаг æдзæрæгбæстұ,
2. Æмæ дзұрдта: фæсмон фæкæнут, цæмæјдæрідтæр æрхæстæдзі ўæларвон патцахад.

3. Цæмæјдæрідтæр ўј Уј у, кæмæј пæхумпар Ісаја раздæр захта: qæргæнæдҥсѵ qæлæс æдзæрæгбæстѵ: сцæдтæ кæнут Хуцаўæн фæндаг, æмæ Ін срасткæнут Јæ цæўæнтæ. (Ісајај 40, 3).

4. Јоанн јæхæдæг та дардта дарæс теўајѵ qўнæј, æмæ јæ астæўл баст уді гæрз рон; јæ хæрінаг та уді акрідѵтæ[1]) æмæ qæдтаг мѵд.

5. Ўæд Јерусалім, æмæ Іўдеа æгасæј æмæ Јорданѵ алфамблајæ æппæт, цѵдѵстѵ умæ,

6. Æмæ сѵл арҕўдта ўј Јорданѵ мідæг, æмæ сæ тæріҕæдтæ æргомкодтој.

7. Æмæ Јоанн кў федта бірæ фарісејтѵ æмæ садукејтѵ јæхімæ цæўгæ, сæхіўл арҕаўнѵ тѵххæј, ўæд сѵн захта: калмѵ цот! чі ун бацамѵдта лідзѵн æрцæўінаг фѵдæхæј?

8. Æрхæссут фæсмондзінадѵ аккаг дѵрҕ;

9. Æмæ ўæхі тѵххæј æнqæл ма ут, æмæ ма дзурут: нæ фѵд Авраам у: цæмæјдæрідтæр ун æз зæҕѵн: Хуцаў бафæраздзæні ацѵ дуртæј дæр Авраамæн цот фестѵнкæнѵн.

10. Мæнæ фæрæт бæласæн јæ бѵндзæфхадѵ цур лæўѵ: алѵ бæлас дæр, хорз дѵрҕ чі нæ хæсса, уј акалѵнц , æмæ јæ артѵ æппæрѵнц.

11. Æз ўл аргаўѵн донæј, фæсмонкæнѵнѵ тѵххæј; фæлæ мæ фæстæ Чі æрцæўѵ, Ўј мæнæј тѵхдҥсѵндæр у; æз аккаг нæ дæн Јæ дзабѵртѵ ахæссѵн дæр; Уј ўл арҕаўдзæні Сѵҕдæг Удæј æмæ артæј.

12. Јæ фѵјаг Јæ ќухѵ: æмæ Уј ссѵҕдæгкæндзæні Јæ мус, æмæ æрæмбѵрдкæндзæні Јæ мæнæў хордонѵ, qæмпѵ та басудцæні æнæхускæ артѵ.

13. Ўæд æрцѵді Јесо Галілејæ Јорданмæ Јоанмæ, умæј сарҕаўнмæ.

14. Јоанн та Ўј урæдта, æмæ Ін дзѵрдта: мæнѵл æмбæлѵ Дæўæј сарҕаўн, афтæмæј Дѵ та мæммæ æрцѵдтæ?

15. Фæлæ ін Јесо захта дзуаппæн: ма Мæ уром нѵр: цæмæјдæрідтæр нѵл афтæ æмбæлѵ алѵ рæстдзінад сæххæстæкæнѵн. Ўæд Јоанн баўахта.

---

[1]) Мæтѵхѵ мѵккаг.

16. Æма кў сарҕўдта, ўæд Jeco ўајтаҕд рацvді донæј: æмæ Iн, мæнæ, фегомстv æрвтæ, æмæ федта Jоанн Хуцаўv Удv, æхсінæдҥсv хўзæнæј æрцæјцæўгæ æмæ æрцæјбадгæ Уўл.

17. Æмæ мæнæ, æрqўсті ўæлæрвтæј дзургæ qæлæс: Aј у Мæ ўарзон Фvрт, Мæ хорзфæндон Кæмæ іс.

С Æ Р 4.

1. Ўæд Jecojv акодта Уд æдзæрæгранмæ хæјрæгæј раќахvнv тvххæј.

2, Æмæ комдардта дујіссæдз бонv æмæ дујіссæдз æхсæвv, æмæ фæстагмæ сvстонгі.

3. Æмæ Jæм æрбæлæўўді хæјрæг, æмæ Iн захта: кæд Дv Хуцаўv Фvрт дæ; ўæд зæҕ, цæмæј ацv дуртæ фестој дзултæ.

4. Фæлæ ін Ўј та дзуаппæн захта: фvст у: ајдаҕ дзулæј нæ цæрv лæг; фæлæ алv дзvрдæј, Хуцаўv дзvхæј чі цæўv. (Дvгкагдін. 8, 3).

5. Уј фæстæ Jæ акодта хæјрæг сvҕдæг сахармæ æмæ Jæ нvллæўнкодта арҕўанæн јæ ўæлхæдзарvл,

6. Æмæ Iн захта: кæд Дv Хуцаўv Фvрт дæ, ўæд аппар Дæхі дæлæмæ: цæмæјдæрідтæр фvст у: Jæ зæдтæн Дæў тvххæј бафæдзæхсцæні, æмæ Дæ сæ ќўхтvл ахæсцvстv, цæмæј Дæ ќах дæр дурvл ма аќўрај. (Псал. 90, 11, 12).

7. Jeco ін захта: фvст у афтæдæр: ма ќах дæ Хіцаў Хуцаўv. (Дvккагдін 6, 16).

8. Ноднсv Jæ скодта хæјрæг іттæг бæрзонд хохмæ, æмæ Iн фенvнкодта дунејv патцахæдтæ æппæт æмæ се стvрад;

9. Æмæ Iн захта: адон Дvн јўўлдæр ратцvнæн, кў æрхаўај дæлгоммæ, æмæ мvн кў бакувај, ўæд.

10. Ўæд vн Jeco захта: ацу Мæнæј, сајтан, цæмæјдæрідтæр фvст у: дæ Хіјцаў Хуцаўæн кув, æмæ æрмæст Умæн кус. (Дvккагдін. 6, 13).

11. Ўæд Æ, нчўахта кæjрæг; æмæ Jæ :, мæнæ, зæдтæ æрцvдvстv, æмæ Iн кæстæрад кодтоj.
12. Æмæ кў феqўста Jесо, Joан ахст кæj фæцi ўj, ўæд ацvдi Галiлеамæ.
13. Æмæ нvўахта Назаретv, æмæ æрцvдi, æмæ æрцарди денджсvзv бvлvл сахар Капернаумv, Завулонv æмæ Нефалiмv арæнтv;
14. Цæмæj сæххæст ўа пæхумпар Jсajajv дзvрд, афтæ чi зæвv:
15. Завvлонv зæх æмæ Нефалiмv зæх, денджсvзv цур фæндагўл, Iорданv фаллаг фарс, æнæдiнтон Галiлеа,
16 Талvнджсv бадæг адæм, федтоj стvр рухс, æмæ мæрдтv бæстv æмæ аўонv бадджсvтæм сæрдтvвта рухс. (Iсаja 9, 1, 2).
17. Уцv афонæj бajiвдта Jесо амонvн æмæ дзурvн: фæфæсмонкæнут; цæмæjдæрiдтæр ўæларвон патцахад æрхæстæджсi.
18. Галiлеajv денджсvзv бvлvл, фæцæj-цæўгæjæ, Уj федта дуўæ æфсvрмæрv, Сiмонv, Петр чi хўнди ўj, æмæ je æфсvмæр Андрæjv, сæ хvзтv денджсvзv æппаргæje, цæмæjдæрiдтæр удон кæсагахсджсvтæ удvстv.
19. Æмæ сvн захта: Мæ фæстæ рацæут, æмæ ўæ Æз адæмахсджсvтæ скæндзvнæн.
20. Æмæ удон ўajтавд нўўахтоj сæ хvзтæ. æмæ Jæ фæдvл ацvдvстv.
21. Æмæ урдгæj кў раiвђўдта, ўæд федта Уj æндæр дуўæ æфсvмæрv, Jаков, Зеведеjv фvртv æмæ jæ æфсvмæр Joаннv, бæлæвv сæ фvд Зеведеiмæ, сæ хvзтv æмiўзгæjæ, æмæ сæм басiдтi.
22. Æмæ удон уцv сахатvл нўўахтоj бæлæвv æмæ сæ фvдv, æмæ Jæ фæдvл ацvдvстv.
23. Æмæ Jесо зvлдi æгас Галiлеjv æппæтvл, ахуркодта сæ æмбvрдгæнæнтv, æмæ сvн амvдта патцахадv Евангелiаj, æмæ дзæбæхкодта алv нiз æмæ алv нæфæразондзiнад адæмv æхсæн.
24. Æмæ ajqўсти Jæ коj æгас Сiриajvл æмæ Jæм кодтоj æнæфæразонтv æппæтv, алv хузон нiзæj нiздjсvнтv: суртæгæнджсvтv, хæjрæгджсvнтv,

мæјніздзсунтѵ, æмæ ўонгмæрдтѵ, æмæ сæ Ўј дзæбæхкодта.

25. Æмæ Јæ фæдѵл цѵдѵстѵ бірæ адæм Галілеајæ, дæссахарæј, Јерусалімæј, Јўдеајæ, æмæ Јорданѵ фаллаг фарсæј.

СÆР 5.

1. Æмæ адæмѵ фенгæјæ Ўј ссѵді бæрзондмæ; æмæ кў æрбадті; ўæд Ѵл Јæ ахургæнінæгтæ æрбамбѵрдѵстѵ.

2. Æмæ Ўј бајгомкодта Јæ дзѵх æмæ сѵн рајдѵдта амонѵн, æмæ дзѵрдта:

3. Тæхудіаг стѵ удæј мæгўртæ: цæмæјдæрідтæр удон у ўæларвон патцахад.

4. Тæхудіаг стѵ кæўдзѵтæ: цæмæјдæрідтæр удон рæвдѵд удзѵстѵ.

5. Тæхудіаг стѵ сабѵртæ: цæмæјдæрідтæр удон зæхх сæхі бакæндзѵстѵ.

6. Тæхудіаг стѵ æцæгдзінадæј стондзѵтæ æмæ дојнѵтæ: цæмæјдæрідтæр удон бæфсæдцѵстѵ.

7. Тæхудіаг стѵ хорзæхгæнджѵтæ: цæмæјдæрідтæр удон хорзæхѵл сæмбæлдзѵстѵ.

8. Тæхудіаг стѵ зæрдæјæ сѵƀдæджѵтæ: цæмæјдæрідтæр удон Хуцаўѵ фендзѵстѵ.

9. Тæхудіаг стѵ фідаунгæнджѵтæ: цæмæјдæрідтæр удон Хуцаўѵ фѵрттæ хўндзѵстѵ.

10. Тæхудіаг стѵ, æцæгадѵ тѵххæј чі стѵ сѵрд удон: цæмæјдæрідтæр удон у ўæларвон патцахад.

11. Тæхудіаг стут смах, фідіс ўн ку кæној, æмæ ўæ кў сурој, æмæ ун алѵхўзон æвзæр кў дзурој æнæ аххосæј, Мæн тѵххæј.

12. Цінкæнут æмæ зæрдæрухс ут; цæмæјдæрідтæр ун стѵр лæвар удзæні ўæлæрвтѵ мідæг: афтæ сѵрдтој смах разæј цѵ пæхумпартæ уді, удон дæр.

13. Смах стут зæххѵ цæх. Фæлæ цæх јæ тѵх кў фесафа, ўæд ѵн јæхі цæхæј сцæхджѵн кæндзѵнæ? Ўј ніцæмæн ўал аqаз удзæні, адæмѵ ќæхтѵ бѵнмæ æппарѵнѵ јеттæма.

14. Смах дунејv рухс стут. Бæрзондvл лæўўæг сахар æнæзvнгæ нæ удзæн.

15. Æмæ судзгæ цvраҕ мігæнæнv бvнv нæ æвæрvнц, фæлæ цvраҕдарæнvл, æмæ хæдзарv æппæтæн дæр рухс кæнv.

16. Афтæ æрттівæд ўæ рухс адæмv раз, цæмæй удон уноj ўæ хорз қўдтæгтæ, æмæ кадджvнкæноj ўæ ўæларвон Фvдv.

17. Æнqæл ма ут смах, Æз пæхумпартv, кæнæ дінv фехалvнмæ æрцvдтæн: Æз сæ фехалvнмæ нæ æрцvдтæн, фæлæ сæ сæххæсткæнvнмæ.

18. Цæмæйдæрідтæр ун æцæг зæҕvн: таҕдтæр арв æмæ зæх фесæфцvстv, дінæj jў хах фесæфvнv бæстv, цалvммæ jўлдæр сæххæстўоj.

19. Æмæ афтæ, ацv амондзінæдтæj чі фехала jўнæг чvсvлдæрv, æмæ афтæ чі бацамона адæмæн; ўj чvсvл хўндзæні ўæларвон патцахадv: фæлæ чі бакæна æмæ бацамона, ўj стvр хўндзæні ўæларвон патцахадv.

20. Цæмæйдæрідтæр ун зæҕvн: ўæ растдзінад чінvджvдæснvтv æмæ фарісejтv растæj ўолдajдæр кў нæ фæўа, ўæд нæ бацæўдзvстут ўæларвон патцахадмæ.

21. Смах феqўстат, фvтцагонтæн дзvрд цv уді, ўj: ма амар; чі амара, ўj тæрхонмæ лæвæрд удзæні (Рац. 20, 13).

22. Æз та ун зæҕvн: чідæрідтæр, jæ æфсvмæрмæ хумæтæджv мæстv кæна, уj тæрхонмæ радтvн æмбæлv; фæлæ jæ æфсvмæрæн чі зæҕа: адvлv [1], умæн стvр тæрхон удзæні, фæлæ чі зæҕа: æдзæском, уўл судзгæ геенajv æмбæлv.

23. Æмæ афтæ, дv кў æрхæссај дæ нvсајнаг кувæндонмæ, æмæ кў æрæмvсај ум, де'фсvмæр дæм істæул qvг кæj у ўj;

24. Ўæд нvўадз ум кувæндонv раз дæ нvсајнаг, æмæ ацу, фvтцаг бафідаў де'фсvмæрімæ, æмæ стæj æрцу, æмæ æрхæсс дæ нvсајнаг.

[1]) рака.

25 Таӈд фідаў дæ фvдгулімæ, цалvммæ ма јемæ фæндагўл дæ ўалvммæ, цæмæј дæ фvдгул ма радта тæрхонгæнæгмæ; тæрхонгæнæг та дæ ма радта талvнгдонv qaqqæнæгмæ, æмæ дæ ма цæппарој талvнгдоммæ.

26. Æцæг дvн зæӈvн: нæ рацæўдзvнæ урдvгæј, цалvммæ нæ бафідај дæ хæс јўўлдæр.

27. Смах феqўстат фvтцæгтæн дзvрд цv уді, уј: хæтаг ма у. (Рац. 20, 14).

28. Æз та ун зæӈvн: мондагæј усмæ чі бакæса, ўј јæ зæрдæјv фæхатті ујімæ.

29. Æмæ дæ дæ рахіз цæст кў рæдіінкæна; ўæд æј фелвас, æмæ јæ аппар дæхіцæј: цæмæјдæрідтæр хуздæр дvн у, дæ онгтæј јў фесафvн, цæјнæфæлтаў дæ бўар æгасæј æппæрст ўа зvндонv артv.

30. Æмæ дæ дæ рахіс кух кў рæдіінкæна, ўæд æј алvгкæн, æмæ јæ аппар дæхіцæј: цæмæјдæрідтæр хуздæр дvн у, дæ онгтæј јў фесафvн, цæјнæфæлтаў дæ бўар æгасæј æппæрст ўа зvндонv артv.

31. Афтæ дæр дзvрд іс; јæ усv чі аўадза, ўі ін радтæд ўаӈдv чінvг. (Дvккагæӈдаў 24, 1).

32. Æз та ун зæӈvн: чі раўадза јæ усv хæтvндзінадv аххосv јæдтæмæ, ўј јæ хæтvн кæнv, æмæ чі ракура ўаӈдусv, ўј јæмæ хæтv.

33. Нодюсvдæр, смах феqўстат, фvдæлтæн цv дзvрд уді уј: ард ма басæдт, фæлæ дæ ард Хуцаўv раз æххæсткæн. (Дvккагæгдаў 23, 21. Левіт 19, 12).

34. Æз та ун зæӈvн: æппvн дæр сомv ма кæн: нæдæр арвæј, умæн æмæ уј Хуцаўv бадæн у;

35. Нæдæр зæххæј, умæн æмæ уј Јæ кæхтv æнцајæн у; нæдæр Јерусалімæј, умæн æмæ уј стvр Патцахv сахар у.

36. Мадæр дæ сæрæј, умæн æмæ сæрv qунтæј јў æрду дæр ўрс кæнæ саў скæнvн нæ бафæраздзvнæ.

37. Фæлæ ўæ дзvрд ўæд: о, о; нæ, нæ; умæј ўæлдај та цv ўа, ўј фvдбvлvзæј у.

38. Смах феqўстат, цѵ дзѵрд уді, ўј: цæст цæстмæ, æмæ дæндаг дæндагмæ. (Рац. 21, 24).
39. Æз та ун зæҕѵн: дæ qѵгдарæдҥсѵ нѵхмæ ма лæў. Фæлæ дѵн дæ рахіс æхсæрфарс чі нѵццæва, умæ бадар іннæ дæр.
40. Æмæ кæј бафæнда дæул qасткæнѵн, æмæ дѵн дæ хæдон бајсѵн; умæн дæ æдтаг дæрæс дæр радт.
41. Æмæ дæ тѵхæј чі акæна јемæ јў бонцаў, ўјімæ дуўæ бонцаўѵ дæр ацу.
42. Чі дæ цѵ кура, ўј ін радт; æмæ дæ æфстаў чі кура, умæј ма аздæх.
43. Смах феqўстат цѵ дзѵрд іс: ўарз дæ хæстæдҥсѵ; æмæ фѵдзæрдæ дар дæ знагмæ. (Левіт 16, 17. 17).
44. Æз та ўн зæҕѵн: ўарзут ўæ знæгтѵ, арфæ кæнут ўæ æлҕітдҥсѵтæн, хорзкæнут ўæ нæўарздҥсѵтæн, æмæ кувут ўæ тѵхгæндҥсѵтѵ æмæ ўæ сурдҥсѵтѵ тѵххæј;
45. Цæмæј ўæ ўæларвон Фѵдæн јæ фѵрттæ ўат; цæмæјдæрідтæр Ўј јæ хурæн фæдзæхсѵ налæттѵл дæр æмæ хæрзтѵл дæр кæсѵн, æрæрвітѵ ўарѵн рæстѵтѵл дæр æмæ зѵлѵнтѵл дæр.
46. Умæн æмæ смах ўæ ўарздҥсѵтѵ кў ўарзат, ўæд ўн цѵ лæвар іс! Qалонісдҥсѵтæ дæр афтæ нæ кæнѵнц цѵ?
47. Æмæ цін кў кæнат æрмаст ўæ хæлæрттѵл ўæд цѵ ўолдај кæнут? Муртаттѵтæ дæр афтæ, нæ кæнѵнц, нæ?
48. Æмæ афтæ, æххæст ут смах дæр, ўæ ўæларвон Фѵд æххæст кўд у.

С Æ Р 6.

1. Qусут, ўæ хæрзіўæг мæгўртæн адæмѵ раз ма дæдтут, удон ўæ цæмæј феној ўјтѵххæј: кæднæўæд ун нæ удзæні лæвар ўæ ўæларвон Фѵдæј.
2. Æмæ афтæ хæрзіўæг кў дæдтѵс; ўæд æј ма qæркæн, цæстмæqустæ кўд кæнѵнц кувæн-

дædтv æмæ ўнгтv, адæм сæ цæмæј стаўој, ўјтvххæј. Æцæг ун зæҕvн: удон рајсvнц сæ лæвар.
3. Дv та, хæрзіўæг кў кæнæј, ўæд дæ галіў кух ма зонæд, дæ рахіс кух цv кæнv ўј;
4. Цæмæј дæ хæрзіўæг сусæг ўа; æмæ дæ Фvд, сусæгад унæг, радта дæўæн æргомæј.
5. Æмæ, кў кувvс, ўæд цæстмæqустаў ма у, кувæндæдтv æмæ ўнгтv фісvнсvл лæўгæјæ кувvн чі ўарзv, цæмæј сæ уној адæм. Æцæг ун зæҕvн: удон рајсvнц сæ мvзд.
6. Дv та јў кў кувvс, ўæд бацу дæ ўатмæ, æмæ дæ фæстæ дорттæ сæхкæн, æмæ кув дæ Фvдæн, сусæгкад Чі унv; æмæ дvн дæ Фvд, сусæгкад унæг, ратцæні æргомæј.
7. Кувгæјæ та ўолдај ма дзурут, мўртатvтаў; цæмæјдæрідтæр удон æнqæл vстv, сæ бірæ дзvрдтv рўадҕсv qўст удзvстv.
8. Удон хузæн ма ут; цæмæјдæрідтæр ўæ Фvд, ўæ курvнæј раздæр зонv, qўаг цæмæј стут, ўј.
9. Кувгæ та кæнут афтæ: Мах Фvд, кæцv дæ ærвтv мідæг! сvҕдæг ўæд Дæ ном:
10. Æрцæўæд Дæ патцахад; Дæ бар ўæд арвv кўд у, зæххvл дæр афтæ;
11. Нæ дзул нvн онvнæн радт махæн абон;
12. Æмæ нvн нvппар нæ хæстæ, мах нæ хæсднсvнтæн кўд барæм, афтæ;
13. Æмæ нæ ма бакæн фvдæвзарæнv; фæлæ нæ фервæзvнкæн фvдбvлvзæј. Цæмæјдæрідтæр Дæў у патцахад, æмæ тvх, æмæ кад мvккагмæ. Амін.
14. Цæмæјдæрідтæр адæмæн кў барат сæ тæріҕædтæ, ўæд ун смахæн дæр ўæ ўæларвон Фvд нvпбардзæні,
15. Фæлæ адæмæн кў нæ барат сæ тæріҕædтæ; ўæд ун ўæ Фvд дæр нæ нvпбардзæні ўæ тæріҕædтæ.
16. Æмæ ком кў дарат, ўæд æнќард ма ут, цæстмæqустаў, цæмæјдæрідтæр удон сæ цæскæмдтæ умæн нvттаркæнvнц, цæмæј, ком кæј дарvнц, ўј адæмæн фенvнкæној. Æцæг ун зæҕvн: удон рајсvнц сæ мvзд.

17. Дѵ та комдаргæјæ бајсæрд дæ сæр, æмæ цæхс дæ цæском;
18. Цæмæј, ком кæј дарѵс, ўј адæмѵ раз ма фенѵнкæнај, фæлæ дæ Фѵдѵ раз, сусæдзѵ чі іс; æмæ дѵн дæ Фѵд, сусæгад унæг, радтцæні æргомæј.
19. Ма æмбѵрдкæнут ўæхіцæн хæзнатæ зæххѵл, рæмпæг æмæ сæ згæ кæм сафѵнц, æмæ сæ ќæрнѵхтæ ќахѵнц, æмæ давѵнц;
20. Фæлæ æмбѵрдкæнут ўæхіцæн хæзнатæ ўæлæрвтѵ, кæм сæ нæдæр рæмпæг, нæдæр згæ сафѵнц, æмæ сæ ќæрнѵхтæ кæм нæ ќахѵнц æмæ нæ давѵнц.
21. Цæмæјдæрідтæр ўæ хæзна кæм ўа, ўæ зæрдæ дæр ум удзæні.
22. Бўарæн је рухсгæнæг цæст ѵ. Æмæ афтæ дæ цæст сѵђдæг кў ўа, ўæд дæ бўар æгасæј дæр рухс удзæні;
23. Фæлæ дæ цæст æвзæр кў ўа; ўæд дæ бўар æгасæј дæр талѵнг удзæні. Æмæ афтæ, дæ мідæг цѵ рухс іс, ўј талѵнг кў ўа, ўæд талѵнг јехæдæг та цѵ хузæн ѵ?
24. Нічі фæразѵ дуўæ хіцаўæн кусѵн; цæмæјдæрідтæр, е, јўѵ нæ ўарздзæні, іннæј та ўарздзæні; е, јўæн јўзæрдіон удзæні, іннæмæ та зівæг кæндзæні. Нæ бафæраздзѵстут кусѵн Хуцаўæн æмæ маммонæн.[1]
25. Ўјтѵххæј ун зæђѵн: ўæ удѵ тѵххæј мæт ма кæнут, цѵ хæрат, æмæ цѵ нўазат; нæ дæр ўæ бўарѵ тѵххæј, ўæ ўæлæ цѵ скæнат. Хæрінагæј уд стѵлдæр нæў нæ, æмæ дарæсæј бўар?
26. Скæсут ма ærвон мæрђтæм: удон нæдæр таўнц, нæдæр кæрдѵнц, нæдæр æмбѵрдкæнѵнц хордæдтæм; æмæ сæ ўæ ўæларвон Фѵд хæссѵ. Смах бірæ хуздæр не стут нæ удонæј?
27. Æмæ ўæ јæ асѵл мæткæнгæјæ јў æрмæрін бафтаўн чі бафæраздзæн?
28. Æмæ дарæсѵ тѵххæј цѵ мæткæнут? Акæсут ма бѵдѵрѵ дідінђсѵтæм, удон кўд рæзѵнц; нæдæр фæллојкæнѵнц, нæдæр ælвісѵнц.

[1]) qæздѵгад.

29. Фæлæ ун Æз sæɣvн, Соломон дæр, јæ стvр кадv афонv, удонæј іскæј хузæн, нæ арæста јæхі.
30. Кæд бvдvрон кæрдæдзсv, абон чі рæзv, сом та артv æппæрст чі удзæні, Хуцаў афтæ фæлvндv, ўæд ўæлдајдæр та смах, чvсvлўрндзсvтæ!
31. Ў æдæ мæт ма кæнут, æмæ ма дзурут: цv хæрæм? кæнæ цv нўазæм? кæнæ нæ ўæлæ цv скæнæм?
32. Умæн æмæ адæдтæ æппæт агурvнц муртадтvтæ; цæмæјдæрідтæр ўæ ўæларвон Фvд зонv, удон æппæт ўæ кæј qæунц, ўј.
33. Фæлæ фvтцадзсvдæр агурут Хуцаўv патцахад æмæ Јæ рæстдзінад; æмæ удон јўўлдæр бафтцvстv ўæ кúхv.
34. Æмæ ўодæ мæт ка кæнут сомбонv тvххæј. Цæмæјдæрідтæр сомбон мæткæндзæн јæхі qўадзсv тvххæј. Алv бонæн дæр æɣɣæд у јæхі мæт.

С Æ Р 7.

1. Фvдкој ма кæнут, æмæ ма чvндæўа ўæ фvдкој.
2. Цæмæјдæрідтæр кўд фvдкој кæнат, афтæ фvдкојгонд удзvстут; æмæ цv барæнæј барат, ахæмæј смæхæн дæр бардзvстv.
3. Æмæ цv кæсvс де'фсvмæрv цæстv кáліўмæ, дæхі цæстv та бæлæс нæ унvс?
4. Кæнæ кўд фæразvс де'фсvмæрæн sæɣvн; æрдав, æз дvн дæ цæстæј кáліў рајсон; дæхі цæстv та бæлас ўовгæјæ?
5. Цæстмæqус! рајс фvтцаг дæхі цæстæј бæлас, æмæ ўæд фендзvнæ де'фсvмæрv цæстæј кáліў рајсvн кўд qæўv, ўј.
6. Ма дæдтут сvɣдæргдзінад кўітæн; ма дæр æппарут ўæ налqўт хўтv размæ, цæмæј јæ удон сæ кáхтv бvн ма нvссæндој, æмæ ўæ фæстæмæ фездæхкæјæ, ма нvкúкўхтæкæноj.
7. Курут, æмæ ун лæвæрд удзæні; агурут, æмæ ссардзvстут; хојўт, æмæ ун бајгомкæндзvстv.

8. Цæмæйдæрідтæр алv курæг райсv, агурæг ссарv, æмæ хойегæн байгомкæнvнц.

9. Ўæ æхсæн ахæм лæг іс мійаг, — јæ фvрт дзv дзул кў ракура, ўæд vн дур чі радта?

10. Кæнæ дзv кæсаг кў ракура, ўæд vн калм чі радта?

11. Ўæдæ кæд смах, фvдзæрдæ ўовгæјæ, ўæ зæнæгæн хорз дæдтvн зонут; ўæд ўолдајдæр ўæ ўоларвон Фvд ідтæгдæр ратцæні хæрзтæ, чі Дзv кура удонæн.

12. Æмæ афтæ, ўæхіцæн ўæ адæмæј цvдæрідтæр кўд фæндv, афтæ смах дæр фæндæт удонæн; цæмæйдæрідтæр уўл арæст стv дін æмæ пæхумпартæ.

13. Цæут унгæг дордтvл; цæмæйдæрідтæр ўæрæх дордтæ æмæ фæтæн фæндаг сæфтмæ кæнvнц, æмæ бірætæ цæўнц удонvл.

14. Умæн æмæ унгæг стv дордтæ, æмæ нарæг у цардмæгæнæг фæндаг, æмæ сæ бірætæ нæ арvнц.

15. Qaqqæнут ўæхі мæнг пæхумпартæј, фvсv цармv ўæм чі æрцæўv, мідæгæј та лæбургæ бірæвтæ чі стv, удонæј.

16. Сæ дvрвтæм гæскæје сæ базондзvстут удон. Свндзæј æмбvрдкæнvнц мійаг сæнæфсір, кæнæ æрńvqædæј левві?

17. Афтæ, алv хорз бæласvл зајv хорз дvрв; æвзæр бæласvл та æвзæр дvрвтæ зајінц.

18. Хорз бæласvл æвзæр дvрвтæ нæ зајінц, æмæ æвзæр бæласvл — хорз дvрвтæ.

19. Алv бæлас, хорз дvрв кæул нæ зајv, ўј акалvнц, æмæ јæ артv æппарvнц.

20. Æмæ афтæ, сæ дvрвтæј базондзvстут удон.

21. Мæммæ æрмæст: Хіцаў! Хіцаў! дзурæг нæ бацæўдзæн ўæларвон патцахадмæ; фæлæ Мæ ўæларвон Фvдv фæндон æххæстгæнæг.

22. Бірætæ Мvн уцv бон зæвдзvстv: Хіцаў! Хіцаў! мах Дæ номæј пæхумпардзінад нæ кодтам нæ? Дæ номæј хæјрæдјсvтæ нæ сvрдтам? æмæ Дæ номæј бірæ діссæгтæ нæ кодтам?

23. Æмæ сvн ўæд зæҕдзvнæн: Æз ўæ нікў зvдтон; æцæут Мæнæј æнæҕдаўгæндҥсvтæ.
24. Æмæ афтæ, чідæрідтæр, Мæ ацv дзvртæм чі qусv, æмæ сæ æххæст чі кæнv, ўј јæ хæдзар ќæдзæхvл чі самадта, уцv хорз зондҥсvн лæдҥсv хузæн удзæн.
25. Æмæ æрцvді ўарvн, æмæ раівvлдvстv цæўгæдæдтæ, æмæ радvмдтој дvмгæтæ, æмæ сæхі нvццафтој уцv хæдзарvл, æмæ уј нæ фехæлді: цæмæјдæрідтæр ќæдзæхvл амад уді.
26. Фæлæ чідæріттæр Мæ ацv дзvрдтæм чі qусv, æмæ сæ æххæст чі нæ кæнv, уј, јæ хæдзар змісvл чі самадта, уцv æдvлv лæдҥсv хузæн у.
27. Æмæ æрцvді ўарvн, æмæ раівvлдvстv цæўгæдæдтæ, æмæ радvмтој дvмгæтæ, æмæ сæхі нvццафтој уцv хæдзарvл, æмæ æркалді æмæ јæ хæлд уді стvр.
28. Ацv дзvрттæ кў фæці Јесо, ўæд адæм діс кодтој Јæ амvндvл.
29. Цæмæјдæрідтæр сvн Уј амvдта чінvдҥсvдæснvтаў æмæ фарісејтаў нæ, фæлæ кўд бардҥсvн.

СÆР 8.

1. Æмæ Уј бæрзондæј кў æрцvді; ўæд Јæ фæдvл ацvді бірæ адæм.
2. Ум Æм æрцvді qотvрдҥсvн, æмæ Ін кувгæјæ захта: Хіцаў! кў Дæ фæнда, ўæд Дæ бон у мæн ссvҕдæгкæнvн.
3. Јесо адарҕкодта Јæ ќух, бавнæлдта јæм, æмæ ін захта: фæндv Мæ, ссvҕдæг у. Æмæ ўј уцv сахатvл ссvҕдæгі qотvрæј.
4. Æмæ ін Јесо захта: qусvс, ма кæмæн зæҕ, фæлæ ацу, дæхі фенvнкæн саўдҥсvнæн, æмæ Мосе дінv цv нvвонд бацамvдта, ўј æрхæсс, удонæн æвдісæндзінадæн.
5. Æмæ Јесо Капернауммæ кў бацvді, ўæд Æм æрбацvді фондзссæдзv хіцаў, æмæ Дзv кўрдта:

6. Хіцаў! мæ кусæг мæ хæдзарѵ онгмардæј лæўѵ æмæ тѵнг утæхсæнкæнѵ.

7. Јесо ін захта: Æз дæм бацæўдзѵнæн, æмæ јæ сдзæбæхкæндзѵнæн.

8. Фæлæ Ін фондзссæдзѵ хіцаў дзуаппæн захта: Хіцаў! Дѵ мæ хæдзармæ цæмæј æрбацўај, æз ўј аккаг нæ дæн; фæлæ æрмæст зæђ дзѵрд, æмæ мæ кусæг сдзæбæхудзæн.

9. Цæмæјдæрідтæр æз мæхæдæг хіцаўѵ ќухѵ ўовæг лæг дæн; фæлæ мæнæн мæхіцæн дæр мæ ќухѵ іс æвсæдтон адæм, æмæ зæђѵн јўæн: ацу, æмæ ацæўѵ; іннæмæн: æрцу, æмæ æрцæўѵ; æмæ мæ кусæгæн: бакæн ўј, æмæ кæнѵ.

10. Ај феqускæјæ Јесо, дісфæкодта, æмæ Јæ фæдѵл цæўдѣсѵтæн захта: æцæг ун зæђѵн: Ізраілѵ дæр нæ ссардтон Æз ај хузæн урнѵндзнінад.

11. Æмæ ун зæђѵн: хурскæсæнæј æмæ хурнѵгўлѵнæј бірæтæ кæј æрцæўдзѵстѵ, æмæ Авраамімæ, Ісаакімæ æмæ Јаковімæ ўæларвон цатцахадѵ кæј æрѵнцајдзѵстѵ.

12. Патцахадѵ фѵрттæ та сѵрд кæј удзѵстѵ æдтæмæ талѵнгмæ; ум удзæні кæўн æмæ дæндæгтѵ qѵсqѵс.

13. Æмæ захта Јесо фондзссæдзѵ хіцаўæн: ацу, æмæ дæ кўд баўрнѵдта, афтæ дѵн фод. Æмæ јæ кусæг сдзæбæхі уцѵ сахатѵл.

14. Æмæ Петреі хæдзармæ æрцæўгæјæ, Јесо федта ўј усѵ мадѵ тæвднізæј сæјгæ.

15. Æмæ ін јæ ќухмæ бавнæлдта, æмæ јæ тæвдніз нўўахта. Ўј сѵстаді, æмæ сѵн кæстæріог кодта.

16. Кў баізæрі, ўæд Æм æркодтој бірæ хæјрæгдѣссѵнтѵ, æмæ Ўј јæ дзѵрдæј хæјрæдѣсѵтѵ расѵрдта, æмæ рѵнчѵнтѵ сеппæтѵ сдзæбæхкодта.

17. Цæмæј сæххæстўа пæхумпар Јсајај дзѵрд, кæцѵ зæђѵ: Ўј ајста Јæхімæ нæ нæфæразондзінæдтæ, æмæ нæ нізтæ ахаста. (Јсајајѵ 53, 4).

18. Æмæ кў федта Јесо Јæ алфамблајѵ ідтæг бірæ адæм, ўæд захта (Јæ ахургæнінæгтæн) фаллаг фарсмæ кўд ахізој афтæ.

19. Ўæд Æм, јў чінvдҥсvдæснv æрбацvді æмæ Ін захта: Ахургæнæг! æз дæр Дæ фæстæ цæун, Дv кæдæмдæрідтæр цæўај урдæм.

20. Јесо ін захта: рувæстæн ормvтæ іс, æмæ арвон мæрҕтæн ахстæдтæ; фæлæ адæјмадҥсv Фvртæн, Јæ сæр кæм бакулкæна, ўјдæр нæј.

21. Јæ ахургæнінæгтæј Ін æндæр захта: Хіцаў! бар мvн радт фvтцаг ацæун, æмæ мæ фvдv банvгæнvн.

22. Фæлæ ін Јесо захта: Мæ фæдvл рацу, æмæ нўўадз мæрдтæн сæ мæрдтv нvгæнvн.

23. Æмæ Уј бæлæҕмæ кў бахvсті; Јæ ахўргæнінæгтæ дæр Јæ фæдvл ацvдvстv.

24. Æмæ мæнæ, дендҥсvз дvмгæјæ тvнг сvзмæлvді, æмæ донv фæјлаўæнтæ бæлæҕv сæртv калдvстv, Уј та фvнæј ўді.

25. Ўæд Æм Јæ ахургæнінæгтæ бацvдvстv, сvqал Æј кодтој, æмæ Ін захтој: Хіцаў! фервæзvн нæ кæн, сæфæм.

26. Æмæ сvн захта: цæј тæрсаг стут, чvсvлўрндҥсvтæ? Стæј сvстаді, банцаінкодта ўадv, æмæ дендҥсvзv, æмæ стvр æнцад ссі.

27. Адæм та дісгæнгæјæ дзvрдтој: ај чі у, ај ўад дæр, æмæ дендҥсvз дæр Јæ коммæ Кæмæн кæсvнц?

28. Æмæ Уј іннæ фарсмæ кў ахvсті Георгесінv бæстæм; ўæд Vл сæмбæлдvстv дуўæ хæјрæгдҥсvнv, зæппæдзтæј чі рацvді, афтæ аҕўдтæ—æмæ уцv фæндагўл ацæун нічі ўæндvді.

29. Æмæ мæнæ, удон сqæркодтој: о, Јесо, Хўцаўv Фvрт! цv Дæ qæўv махæј? Дv афонæј раздæр æрцvдтæ ардæм мах qізæмарæј марvнмæ.

30. Дæрдтцæф та сæм хvсті хўтv стvр дзуг.

31. Æмæ Дзv хæјрæдҥсvтæ кўрдтој: кў нæ расурај, ўæд нæ хўтv дзугмæ барвіт.

32. Ўј сvн захта: цæўгæут. Удон рацvдvстv, æмæ хўтv дзудҥсv бацvдvстv. Æмæ мæнæ, æгас хўтv дзуг сæхі раппæрстој дендҥсvзмæ, æмæ фесæфтvстv донv.

33. Хўгæстæ та алvђдvстv; æмæ сахармæ æрцvдvстv æмæ радзvрдтоj ўj jўўлдæр, æмæ хæjрæгджсvнтvл цv æрцvдi, ўj дæр.

34. Æмæ мæнæ, æгас сахар рацvдi Jесоi размæ; æмæ, Jæ фенгæjæ, кўрдтоj, цæмæj ацæўа сæ бæстv арæнтæj.

СÆР 9.

1. Ўæд Уj бахvсти бæлæђмæ, æмæ фæстæмæ ахvсти, æмæ æрцvдi Jæ сахармæ.

2. Æмæ Jæм сvнтvтvл æрбахастоj онгмардv. Æмæ сvн Jесо, сæ урнvн ўнгæjæ, захта онгмардæн: цæрдæг у, мæ фvрт! барст дvн стv дæ тæріђædтæ.

3. Ум чінvджсvдæснvтæj чідæртæ захтоj сæхінvмæрv: Уj Хуцаўv фаўv.

4. Jесо сvн, сæ зæрдæjv qудvтæ базонгæjæ захта: ўæ зæрдæтv хіндзінад цæмæн qудvкæнут?

5. Цæмæjдæрідтæр цv æнцондæр у зæђvн: барст дvн стv дæ тæріђædтæ, æві—сvст æмæ цу?

6. Фæлæ смах цæмæj зонат, адæjмаджсv Фvртæн зæххvл jæ бон тæріђædтæ барvн кæj у — захта онгмардæн: сvст, сіс дæ сvнт, æмæ цæўгæ дæ хæдзармæ.

7. Æмæ уj сvстаді, сіста jæ сvнт, æмæ ацvді jæ хæдзармæ.

8. Адæм та ўj кў федтоj, ўæд діскодтоj, æмæ стvдтоj Хуцаўv, адæмæн ахæм тvх чі радта.

9. Урдгæj кў фæцæjцvді, Jесо ўæд федта qалон æмбvрдгæнæнv раз бадгæ лæджсv, jæ ном Матвеј, æмæ ін захта: рацу Мæ фæдvл. Уj сvстаді æмæ Jæ фæдvл ацvді.

10. Æмæ Jесо jў хæдзарv хæрдvл кў æрбадті, ўæд бірæ qалонісджсvтæ æмæ тæріђæдджсvнтæ æрцvдvстv, æмæ æрбадтvстv Jемæ æмæ Jæ ахургæнінæгтімæ.

11. Фарісејтæ ўј кў федтој, ўæд Vн Јæ ахургæнінæгтæн захтој: ўæ Ахургæнæг qалонісдҥсvтімæ æмæ тæріҕæддҥсvнтімæ цæмæн хæрv æмæ нўазv?

12. Јесо та ўј феqўста, æмæ сvн захта: Дæснv æнæнізтæн нæ, фæлæ рvнчvнтæн qæўv.

13. Цæўгæут, æмæ базонут ај цv дзvрд у: нvвонд мæ нæ qæўv, фæлæ хæлар зæрдæ? Цæмæјдæрідтæр Æз æрцvдтæн рæстvтæм нæ, фæлæ тæріҕæддҥсvнтæм бахатvнмæ цæмæј æрфæсмонкæноj. (Осіі 6, 6).

14. Ўæд Æм æрцvдvстv Јоаннv ахургæнінæгтæ, æмæ Ін захтој: мах æмæ фарісејтæ бірæ ком цæмæн дарæм, Дæ ахургæнінæгтæ та цæўлнæ дарvнц?

15. Æмæ сvн захта Јесо: чvндзæхсæвv ўаздҥсvтæн цалvммæ сіахс семæ ўа, ўалvммæ qvгкæнvнц мijаг? Фæлæ æрцæўдзvстv ахæм бонтæ сіахс семæ кў нæ ўал ўа, æмæ ўæд комдардзvстv.

16. Æмæ нічі æвæрv æмńузæн ног qумацæј зæронд дарæсvл; умæн æмæ ног æмńузæн атондзæні зæронд дарæсæј, æмæ хæлд фvтцагæј тvнгдæр фæўдзæні.

17. Афтæдæр æнqізгæ сæн зæронд лалvмтv нæ кæнvнц; кæннодæ лалvмтæ аскýінц, æмæ сæн дæр акæлv, æмæ лалvмтæ дæр фесæфvнц. Фæлæ æнqізгæ сæн кæнvнц ног лалvмтv, æмæ јўдæр æмæ іннæдæр æнæqæн баззајінц.

18. Удонæн афтæ кў дзvрдта, ўæд Æм хіцæўттæј јў чідæр æрцvді æмæ Ін кувгæјæ захта: мæ чvзг нvр мæлv, фæлæ æрцу, æмæ Іл Дæ ќух æрæвæр, æмæ æгас баззајдзæні.

19. Æмæ сvстаді Јесо, ацvді јæ фæдvл, æмæ Јæ ахургæнінæгтæ дæр Јемæ.

20. Æмæ Јæм мæнæ, дуўадæс азv тугнізæј чі фæсаді, ахæм ус бацvді јæ чvлдvмvрдvгæј, æмæ Ін бавнæлдта Јæ дарæсv кæронмæ.

21. Цæмæјдæрідтæр уј јæ мідзæрдæјv дзvрдта: армæст Vн Јæ дарæсv кæронмæ кў банvдзæвон ўæдтæр, сдзæбæх удзvнæн.

22. Јесо фæстæмæ фæзvлді, федта јæ, æмæ ін захта: ма тæрс, чvзг, дæ урнvн дæ фервæзvнкодта. Æмæ уцv ус сдзæбæхі уцv сахатæј фæстæмæ.
23. Æмæ кў æрцvді Јесо уцv хіцаўv хæдзармæ, æмæ кў федта ўадvндзæј ўасдзсvтv æмæ адæмv змæстæј;
24. Ўæд сvн захта: ацæут æдтæмæ; цæмæјдæрідтæр чvзг нæ амарді, фæлæ фvнæј у. Æмæ Іл худтvстv.
25. Адæм та æдтæмæ кў рарвvста; ўæд Уј бацvді, рахæцvді ін јæ кухvл, æмæ чvзг сvстаді.
26. Æмæ ајqўсті ацv діссадзсv коj уцv бæстæ æппæтvл.
27. Урдгæј кў фæцæјцvді Јесо, ўæд дуўæ кўрмv, Јæ фæстæ цæўгæјæ, qæркодтоj: тæріђæд нvн бакæн, Јесо, Давідv Фvрт!
28. Æмæ хæдзармæ кў бацvді; ўæд Æм æрбацvдvстv кўрмvтæ Æмæ сvн Јесо захта: Æз ўј скæнvн кæј бафæраздзvнæн, ўј ўæ урнv? Удон Vн захтоj: тæккæ, Хіцаў!
29. Ўæд сvн сæ цæстvтæм бавнæлдта, æмæ захта: ўæ урнvнмæ гæскæје ун фод смахæн.
30. Æмæ ракастvстv сæ цæстvтæ; æмæ сvн Јесо тvнг бафæдзæхста: qусут, ма чі базонæд.
31. Удон та кў рацvдvстv, ўæд Vн Јæ коj уцv зæххvл кæрæј кæронмæ ајqусvнкодтоj.
32. Æмæ удон та кў рацæјцvдvстv; ўæд Æм æркодтоj æгомvг хæјрæгдзсvн лæдзсv.
33. Æмæ, хæјрæдзсv кў асvрдта, ўæд æгомvг дзурvн бајдvдта. Æмæ адæм дісгæнгæјæ дзvрдтоj: нікў уді ахæм qўдтаг Ізраілv.
34. Фарісејтæ та дзvрдтоj: Уј хæјрæдзсvтv сурv хæјрæдзсvтv ælдарv тvхæј.
35. Æме зvлді Јесо сахартæ æмæ qæўгæ æппæтvл, ахур сæ кодта æмбvрдгæнæнтv, æмæ амvдта патцахадv Евангеліе, æмæ дзæбæхкодта алv ніз æмæ алv нæфæразондзінад адæмv æхсæн.
36. Æмæ кў федта адæмv æмбvрдтæ, ўæд сvн фæтæріђædкодта, удон, æнæфіјаў фvстаў, фæллад æмæ хæліў, кæј удvстv, јўтvххæј.

37. Ўæд захта Јæ ахургæнінæгтæн: кæрдінаг хўмтæ бірæ іс, хумгæрдҥсѵтæ та чѵсѵл ѵстѵ.
38. Æмæ афтæ, лæхстæкæнут хўмѵ Хіцаўæн, цæмæј Уј рарвіта хўмгæрдҥсѵтѵ Јæ хўм кæрдѵнмæ.

СÆР. 10.

1. Æмæ басідті Јæ дуўадæс ахургæнінæгтæм, æмæ сѵн радта бар æнæзæҕінаг удтѵл, цæмæј сæ суроj, æмæ цæмæј дзæбæхкæноj алѵ ніз,æмæ алѵ нæфæразондзінад.
2. Уцѵ дуўадæс Апостолтæн сæ нæмдтæ адон стѵ: фѵтцаг Сімон, Петр чі хўінѵ ўj, æмæ je'фсѵмæр Андреj, Зеведеjѵ фѵрт Јаков, æмæ je'фсѵмæр Јоанн.
3. Філіпп æмæ Варфоломеj, Фома æмæ qалонісæг Матфеj, Јаков Алфеjѵ фѵрт, æмæ Леввеj, Фаддеj чі хўінѵ, ўj.
4. Канаг Сімон æмæ Јуда Јскаріот, чі Јæ радта ўj.
5. Уцѵ дуўадæсѵ арвѵста Јесо, æмæ сѵн бафæдзæхста, æмæ захта: муртадтæм фæндагўл ма цæут, æмæ Самаріаг сахармæ ма бацæут.
6. Фæлæ цæўгæут æрмæст Ізраілѵ хæдзаjраг сæфт фѵстæм.
7. Æмæ цæўгæjæ амонут, ўæларвон патцахад кæj æрхæстæдҥсі ўj.
8. Рѵнчѵнтѵ дзæбæхкæнут, qотѵрдҥсѵнтѵ сѵҕдæгкæнут, мæрдтѵ æгаскæнут, хæjрæдҥсѵтѵ сурут. Лæварæj раjстат, æмæ лæварæj дæдтут.
9. Ма хæссут ўемæ мадæр сѵзҕæрін, мадæр æвзіст, мадæр саўæхца ўæ рæдтѵ.
10. Мадæр хордзентæ фæндагмæ, мадæр дѵгаj дарæстæ, мадæр дзабѵртæ, мадæр лæдзæг. Цæмæjдæрідтæр фæллоjгæнæг мѵздѵ аккаг у.
11. Цѵдæрідтæр сахармæ, кæнæ qæўмæ бацæўат, ўæд базонут, ум аккаг чі у, ўj; æмæ ум ут цалѵммæ рацæўат.

12. Хæдзармæ бацæуӷæјæ та арфæкæнут: Фарн ацу хæдзару — зæӷӷæ.
13. Æмæ хæдзар аккаг кӳ ӳа; ӳæд ул ӳæ арфæ æрцæуӷдзæні; фæлæ аккаг кӳ нæ ӳа, ӳæд ӳæ арфæ ӳæхімæ раздæхцæні.
14. Æмæ ӳæ ісчі јæхімæ кӳ нæ баӳадза, æмæ ӳæ дзурдтæм кӳ нæ бајqуса; ӳæд уцу хæдзарæј, кæнæ уцу сахарæј рацæуӷæјæ, æцæӷдут ӳæ ќæхту рег.
15. Æцæг ун зæӷун: Содом æмæ Гомору бæстæн qајмæту бону уцу сахарæј æнцондæр удзæні.
16. Мæнæ ӳæ Æз æрвітун, кӳд фусту бірæӷту æхсæнмæ: æмæ афтæ, калмаӳ, зонджун ут, æмæ бæлонаӳ æнæ аіб.
17. Qаqqæнут ӳæхі адæмæј: цæмæјдæрідтæр ӳæ удон дæтцустu тæрхондæдтæм, æмæ ӳæ сæ нухæсту нæмдзустu.
18. Æме ӳæ кæндзустu хіцæӳдтæм æмæ патцахтæм Мæн туххæј, цæмæј удон æмæ муртадтуту раз æвдісæн лæӳӳат.
19. Æмæ ӳæ кӳ дæдтој, ӳæд ма мæткæнут, кӳд, кæнæ цу зæӷат, уӳл; цæмæјдæрідтæр ун уцу сахат лæвæрд удзæні цу зæӷун qæӳа, ӳј.
20. Цæмæјдæрідтæр смах нæ, фæлæ смах дзухæј ӳæ Фуду Уд дзурдзæні.
21. Æмæ ратцæні æфсумæр æфсумæру, æмæ фуд фурту марунмæ; æмæ сустцустu зæнæг сæ нујарджутул, æмæ сæ амардустu.
22. Æмæ ӳæм хæрам удзустu æппæт Мæ ному туххæј; фæлæ кæронмæ, чі бафæраза, ӳј фервæздзæні.
23. Æмæ ӳæ јӳ сахару кӳ суроj, ӳæд іннæмæ лідзут. Цæмæјдæрідтæр ун æцæг зæӷун: зулд нæ ма фæӳдзустут Ізраілту сахартул, афтæ æрцæӳдзæні адæјмаджу Фурт.
24. Ахургæнінаг хістæр нæ у јæ ахургæнæгæј, æмæ кусæг хістæр нæӳ јæ хіцаӳæј.
25. Æӷӷæд у ахургæнінагæн јæ ахургæнæджу хузæн кӳ ӳа ӳæд, æмæ кусæгæн јæ хіцаӳу хузæн кӳ ӳа, ӳæд. Кæд хæдзару хіцаӳу худтој велзевул; ӳæд јæ хæдзарontу та ӳæлдајдæр?

26. Æмæ афтæ ма тæрсуҕ удонæј: цæмæјдæрідтæр цѵ нæ раргом ўа, ахæм æмбæхст ніцѵ іс, æмæ цѵ нæ базѵнд ўа, ахæм сусæгдзінад нæј.

27. Æз ўн талѵндҥсѵ цѵ зæҕѵн, ўј дзурут рухсѵ цур; æмæ ўн ўæ qусѵ цѵ заҕдæўа, ўј дзурут ўæлхæдзæрдтѵ.

28. Ма тæрсут бўарѵ амарѵн чі фæразѵ, фæлæ, удѵ амарѵн та чі нæ фæразѵ, удонæј; фæлæ фѵлдæр тæрсут, удѵ дæр æмæ бўарѵ дæр геенаі фесафѵн чі фæразѵ, умæј.

29. Дуўæ ц́іўѵ нæ ўæјкæнѵнц нæ јў ассарііл (1) ? Æмæ удонæј јўдæр нæ æрхаўдзæні зæхмæ ўæ Фѵдѵ æвастæј.

30. Смæхæн та ўæ сæрѵ qўнтæ дæр јўўлдæр хѵҕд ѵстѵ.

31. Æмæ ма тæрсут: смах бірæ ц́іўтæј хуздæр стут.

32. Æмæ афтæ æргомæј чі дзура Мæнѵл адæмѵ раз, уўл Æз дæр Мæ ўæларвон Фѵдѵ раз æргом дзўрдзѵнæн.

33. Фæлæ Мѵл æвдісæн чі бакæна адæмѵ раз; уўл Æз дæр æвдісæн бакæндзѵнæн Мæ ўæларвон Фѵдѵ раз.

34. Афтæ æнqæл ма ут, Æз æрцѵдтæн зæхмæ æнцојад æрхæссѵнæн; Æз нæ æрцѵдтæн æнцојад æрхæссѵнæн, фæлæ æхсар æрхæссѵнæн.

35. Цæмæјдæрідтæр Æз æрцѵдтæн лæдҥсѵ јæ фѵдæј, æмæ чѵздҥсѵ јæ мадæј, æмæ чѵндзѵ јæ æфсінæј бајўарѵнæн.

36. Æмæ адæјмагæн јæ знæгтæ јæ хæдзаронтæ стѵ.

37. Јæ фѵдѵ кæнæ јæ мадѵ Мæнæј фѵлдæр чі ўарзѵ, ўј Мæн аккаг нæ у; æмæ јæ фѵртѵ кæнæ јæ чѵздҥсѵ Мæнæј фѵлдæр чі ўарзѵ, ўј Мæн аккаг нæ у.

38. Æмæ јæ дзўар, чі нæ рајса æмæ Мæ фæдѵл чі нæ цўа; ўј Мæн аккаг нæ у.

---

1) лѵстæг æхца

39 Јæ удv чі баqaqqæна, ўj јæ фесафцæні; фæлæ јæ удv чі фесафа Мæн тvххæj, ўj је баqaqqæндзæні.

40. Смах чі іcv, ўj Мæн іcv; æмæ Мæн чі іcv, ўj іcv Мæ рарвітæдзcv.

41. Пæхумпарv чі іcv, пæхумпарv номv тvххæj, ўj рајсцæні пæхўмпарv лæвар: æмæ рæстv чі іcv, растгæнæдзcv номv тvххæj, ўj рајсцæні рæстгæнæдзcv лæвар.

42. Æмæ ацv чvсvлтæj јўæн чі баназvнкæна æрмæст ўазал донv кус, ахўргæнæдзcv номv тvххæj: ўj, ацæг ўн sæɣvн, нæ фесафцæні јæ мvзд.

СÆР 11.

1. Æмæ Јесо Јæ амонvндзінæдтæ кў фæці Јæ дуўадæс ахургæнінæгтæн; ўæд урдгæj ацvді удон сахартæм амонvн æмæ ахуркæнvнмæ.

2. Јоанн та кў. феqўста талvнг ахæстдонv Чvрvстіі qўдтæгтv тvххæj, ўæд рарвvста јæ ахургæнінæгтæj дуўæі,

3. Умæн sæɣvнмæ: æрцæўінаг Чі у ўj Ďv дæ, æві æндæрмæ æнqæлмæ кæсæм?

4. Æмæ сvн Јесо захта дзуаппæн: цæўгæут, sæɣут Јоаннæн цv qусут, æмæ цv унут, ўj.

5. Кўрмvтæ унvнц æмæ кўлvхтæ цæўнц, qотvрдзcvнтæ сvɣдæгкæнvнц æмæ кўрматæ qусvнц, мæрдтæ æгаскæнvнц æмæ мæгўртæ хорзўацqўд qусvн кæнvнц.

6. Æмæ тæхудіаг у, Мæн тvххæj чі нæ фæрæдіја, ўj.

7. Æмæ удон кў ацvдvстv; ўæд Јесо бајдvдта адæмæн дзурvн Јоаннv тvххæj: цv унvнмæ цvдvстут смах æдзæрæгранмæ? дvмгæjæ æнкўскæ qæзv мvјаг?

8. Ўæдæ цv унvнмæ цvдvстут смах? Фæлмæн дарæстv арæст лæдзcv унvнмæ мvјаг? фæлмæн дарæс дардзcvтæ патцахтv хæдзæрдтv вæјінц.

9. Ўædæ цv унvнмæ цvдvстут? пæхумпарv? hajhaj, зæҕvн смахæн, пæхўмпарæј дæр стvлдæрv.
10. Цæмæјдæрідтæр ўј у, фvст кæј тvххæј іс: мæнæ, Æз æрвітvн Мæ Зæдv Дæ цæскомv размæ, кæцv Дvн сцæдтæкæндзæн Дæ фæндаг Дæ разv. (Малак. 3, 1).
11. Æцæг ун зæҕvн: усæј гўрдтæј Арҕаўæг Јоаннæј стvлдæр нæ ўді: фæлæ ўæларвон патцахадv ќадтæр кæј хонvнц, ўј умæј стvлдæр у.
12. Арҕаўæг Іоаннv бонтæј нvрмæ ўæларвон патцахад тvхæј іскæ у, æмæ јæ сæ тvх чі qара, удон ісvнц.
13. Цæмæјдæрідтæр пæхумпартæ сеппæт æмæ дін Јоаннv онг сæ дзvрд фестv.
14. Æмæ ўæ кæд зонvн фæндv, ўæд ўј Іліа у, æрцæун кæўл æмбæлv.
15. Qусvнæн qустæ кæмæн іс, ўј qусæд!
16. Фæлæ кæј хузæн скæнон ацv мvгкадҥсv? Ўј свæллæдтv хузæн у, ўнгтv чі бадvнц, æмæ сæ æмбæлдтæм сідгæјæ,
17. Чі дзурvнц: мах ўн ўадvндзæј ўасvдvстæм, æмæ смах нæ кафvдvстут; мах ўн зарvдvстæм ўнгæдҥсv зардҥсvтæ, æмæ смах нæ дзvнæзстат.
18. Цæмæјдæрідтæр æрцvді Јоанн æмæ нæдæр хæрv, нæдæр нўазv; æмæ дзурvнц: ўј хæјрæгдҥсvн у.
19. Æрцvді адæјмадҥсv Фvрт, хæргæ дæр кæнv æмæ нўазгæ дæр кæнv; æмæ дзурvнц: мæнæ, лæг, хæрvн æмæ нўазvн чі ўарзv, qалонісдҥсvтv æмæ тæріҕæддҥсvнтv лvмæн. Æмæ зондзінад сбæрæг јæ зæнæгæј.
20. Ўæд Уј, Јæ тvхтæ ідтæгдæр кæм разvндvстv, уцv сахартæн ўајдзæфтæкæнvн бајдvдта, кæј нæ фæфæсмонкодтој ўјтvххæј.
21. Мæгўр дæ бон, Хоразін! мæгўр дæ бон, Віфсаід! цæмæјдæрідтæр Тірv æмæ Сідонv кў фæзvндајккој смах æхсæн цv тvхтæ фæзvндvстv; ўæд удон хæррæҕтv æмæ фæнvчv фæфæсмонкодтајккој радҥсv.
22. Фæлæ ун зæҕvн: Тірæн æмæ Сідонæн qајмæтv бонv смахæј æнцондæр удзæні.

23. Дѵ дæр, Капернаум, æрвтѵ онг чі сбæрзонд дæ, зѵндонѵ онг нѵххаўдзѵнæ; цæмæйдæрідтæр Содомѵ кў фæзѵндайккой, дæ мідæг цѵ тѵхтæ фæзѵндѵстѵ удон; ўæд ўј баззадаід ацѵ бонѵ онг.

24. Фæлæ ўн зæҕѵн: Содомѵ бæстæн дæўæј æнцондæр удзæні qajмæтѵ бонѵ.

25. Ўæд Јесо нѵхасгæнгæјæ захта: стаўн Дæў, Мæ Фѵд, арвѵ æмæ зæххѵ Хійцаў! дæснѵтæј æмæ зонджѵнтæј Дѵ ај кæј бамбæхстај, æмæ јæ свæллæдтæн кæј сæргомкодтај.

26. О, Мæ Фѵд! цæмæйдæрідтæр афтæ уді Дæ хорзфæндон.

27. Мæнæн æппæт лæвæрд у Мæ Фѵдæј, æмæ нічі зонѵ Фѵртѵ, Фѵдѵ једтæмæ; æмæ Фѵдѵ дæр нічі зонѵ, Фѵртѵ једтæмæ, æмæ Фѵртѵ раргомкæнѵн кæмæн бафæнда ўј једтæмæ.

28. Æрцæут Мæм фæллојгæнджѵтæ æмæ ўæззаўўарҕджѵнтæ æппæт, æмæ ўæ Æз æрѵнцаінкæнон.

29. Сæвæрут Мæ æфсондз ўæхіул, æмæ сахўрут Мæнæј: цæмæйдæрідтæр Æз сабѵр æмæ зæрдæфæлмæн дæн; æмæ ссардзѵстут ўæ удтæн æнцојад.

30. Цæмæйдæрідтæр Мæ æфсондз хорз у, мæ ўарҕ та рог у.

СÆР 12.

1. Ўцѵ афонѵ фæцæјцѵді Јесо зад хўмтѵл сабатбонѵ; æмæ Јæ ахўргæнінæгтæ сѵстонгѵстѵ, æмæ æфсіртæ тонѵн бајдѵдтој æмæ сæ хордтој.

2. Фарісејтæ, ўј фенгæјæ, захтој Умæн: мæнæ, Дæ ахўргæнінæгтæ, сабатбонѵ кæнѵн цѵ нæ фæтджѵ, ўј кæнѵнц.

3. Фæлæ сѵн Ўј захта: нæ бакастѵстут цѵ, Давід цѵ бакодта ўј, кў сѵстонджі јæмæ чі уді удонімæ, ўæд?

4. Ӳј Хуцаӳѵ хæдзармæ кӳд бацѵдi, æмæ кӳд бахордта кувæндонѵ дзултæ, хæрѵн кæј нæ æмбæлдi нæдæр уӳл, нæдæр јæмæ ӳовдҥсѵтѵл, æрмæст јӳнæг саӳдҥсѵнтѵ једтæмæ?

5. Кæнæ нæ бакастѵстут цѵ дiнѵ, арҕӳанѵ саӳдҥсѵнтæ сабатбонтѵ сабат кæј халѵнц ӳј, фæлæ ӳæдтæр зѵлѵн кæј не стѵ?

6. Фæлæ ӳн зæҕѵн: ам iс, арҕӳанæј стѵлдæр чi у, Ӳј.

7. Æмæ смах кӳ зонiккат цѵ амонѵнц ацѵ дзѵрдтæ: нѵвонд нæ, фæлæ Мæ хæлар зæрдæ qæӳѵ, ӳæд нæ æфхæрiккат æнæаххосдҥсѵнтѵ. (Ociai 6, 6).

8. Цæмæјдæрiдтæр адæјмадҥсѵ Фѵрт сабатѵ Хiјцаӳ дæр у.

9. Æмæ ӳрдгæј ацæӳгæјæ, бацѵдi сæ нѵхасмæ (æмбѵрдгæнæнмæ).

10. Æмæ мæнæ, ум ӳдi јӳ ахæм лæг, јæ ќух хӳсќ кæмæн уди, æмæ цæмæј Јæсоі фæзѵлѵнкæној ӳјтѵххæј Јæ бафарстоj: сабат бонѵ дзæбæхкæнѵн æмбæлѵ?

11. Ӳј та сѵн захта: смахæј iскæмæ јӳ фѵс кӳ ӳа, æмæ iн сабат бонѵ ормѵ кӳ нѵххаӳа: ӳæд æј цѵмæ нæ сiсцæнi æмæ јæ нæ сласцæнi?

12. Ӳæд лæг та цас хуздæр у фѵсæј! афтæ ӳодæ сабат бонѵ дæр хорзкæнѵн æмбæлѵ.

13. Ӳæд уцѵ лæгæн захта: ајваз дæ ќух; æмæ јæ ӳј аiвæста; æмæ ӳј сдзæбæхi јæ iннæ ќухаӳ.

14. Фарiсејтæ та рацѵдѵстѵ æмæ Iл сафѵнѵ фæнд скодтоj. Фæлæ Јесо базѵдта ӳј, æмæ ацѵдi урдгæј.

15. Æмæ Умæн Јæ фæдѵл ацѵдi бiрæ адæм, æмæ Ӳј сеппæтѵ дæр сдзæбæхкодта.

16. Æмæ сѵн бафæдзæхста, кӳд нæ јæ сqæркæноj афтæ.

17. Цæмæј æрцæӳа пæхумпар Јсајаі дзѵрд, афтæ чi зæҕѵ.

18. Мæнæ, Мæ Тæрѵн, Æз кæј сæвзæрстон, Ӳј, Мæ ӳарзон, Мæ Уд хæлар кæмæ у, Ӳј. Сæвæрдзѵнæн Уӳл Мæ Уд, æмæ феqусѵнкæндзæнi адæмæн растдзiнад.

19. Ўæлдај нæ зæвдзæн, нæдæр сqæркæндзæн, æмæ Ін нічі феqусцæн Јæ qæлæс ўнгтv.

20. Цæл qæзv нæ асæтцæні, æмæ судзгæ гæн нæ бахўссvнкæндзені, цалvммæ Јæ растдзінад нæ фæўæлахіз ўа ўалvнмæ.

21. Æмæ Јæ номæј нvфсдзсvн удзvстv адæмтæ. (Јсајај 42, 1, 2, 3).

22. Ўæд Æм æркодтој хæјрæгдзсvн кўрмv æмæ æгомvдзсv; æмæ јæ сдзæбæхкодта, афтæ æмæ кўрм æгомvг дзурvн дæр æмæ ўнvн дæр бајдvдта.

23. Адæм æппæт діс кодтој æмæ дзvрдтој: Ај, Давідv фvрт, Чvрvсті нæў нæ?

24. Фарісејтæ та ўј кў феqўстој, ўæд захтој: Ўј хæјрæдзсvтv сурv æрмæст хæјрæдзсvтv æлдар вееlзевулv тvхæј.

25. Фæлæ Јесо удонæн сæ зæрдæі фæндтæ зvдта æмæ сvн захта: алv патцахад јæхæдæг јæхі мідæг кў фæдіх ўа, ўæд федзæрæг удзæні; æмæ алv сахар, кæнæ хæдзар јæхæдæг јæхі мідæг кў фæдіх ўа, ўæд нæ фæлæўдзæні.

26. Æмæ кæд сајтан сајтанv сурv; ўæд ўј јæхæдæг јæхііmæ фæдіх: афтæмæј ма кўд нvлæўдзæні умæн јæ патцахад?

27. Æмæ кæд Æз вееlзевулv тvхæј сурvн хæјрæдзсvтv; ўæд ўæ фvрттæ та кæј тvхæј сурvнц? æмæ ўн ўјтvххæј удон удзvстv тæрхонгæндзсvтæ.

28. Нæ мæ кæд Æз Хуцаўv Удæј сурvн хæјрæдзсvтv; ўæд бæлвvрдæј æрхæтцæ смах онг Хуцаўv патцахад.

29. Кæнæ кўд бафæраздзæні ісчі тvхдзсvнv хæдзармæ бацæўн, æмæ ін јæ дзаўматæ рахæссvн, раздæр тvхдзсvнv кў нæ сбæдта ўæд? æмæ ін ўæд јæ хæдзар фæхæліўкæндзæні.

30. Мемæ чі нæ іс, ўј Мæ нvхмæ лæўv; æмæ Мемæ чі нæ æмбvрдкæнv, ўј дзæвæл сафv.

31. Ајтvххæј ун зæвvн: алv тæрівæд æмæ фаундзінад барст удзvстv адæмæн, фæлæ Удv фаундзінад барст нæ удзæні адæмæн.

32. Æмæ ісчі кў рафаўа адæјмаӈсѵ Фѵртѵ, ўæд ѵн барст ўдзæні: фæлæ ісчі Сѵҕдæг Удѵ кў рафаўа, ўæд ѵн барст нæ удзæні нæдæр ацѵ афонѵ, нæдæр сўјнаг афонѵ.

33. Кæнæ бæлас хорз хонуҕ æмæ јæ дѵрҕ дæр хорз: кæнæ јæ æвзæр хонут æмæ ін јæ дѵрҕ дæр æвзæр: цæмæјдæрідтæр бæлас бæрæг у јæ дѵрҕæј.

34. Калмѵ зæнæг! хорз дзурѵн кўд фæразут, æвзæр ўовҕæјæ? цæмæјдæрідтæр зæрдæ æгæр дзагæј дзурѵ дзѵх.

35. Хорз лæг хорз хæзнадонæј рахæссѵ хорз; фѵдлæг та, фѵтдонæј рэхæссѵ фѵдбѵлѵз.

36. Смахæн та зæҕѵн, кўд алѵ дзæҕæл дзѵрдѵ тѵххæј, адæм кæј зæҕој, ратцѵстѵ дзўап qајмæтѵ бонѵ.

37. Цæмæјдæрідтæр дæ дзѵрдтæј сраст удзѵнæ, æмæ дæ дзѵрдтæј фæзѵлѵн удзѵнæ.

38. Ўæд чінѵӈсѵдæснѵтæј æмæ фарісејтæј јўæј-јўтæ захтој: Ахургæнæг! фæндѵ нæ Дæўæј істѵ нѵсан фенѵн.

39. Фæлæ сѵн Ўј дзуаппæн захта: хінæјдзаг æмæ хæтæг мѵккаг агурѵ нѵсан, æмæ ін нѵсан лæвæрд нæ удзæні, пæхумпар Јонаі нѵсанѵ једтæмæ.

40. Цæмæјдæрідтæр Јона кіт-кæфѵ губѵнѵ æртæ бонѵ æмæ æртæ æхсæвѵ кўд уді, афтæ адæјмаӈсѵ Фѵрт дæр æртæ бонѵ æмæ æртæ æхсæвѵ удзæні зæххѵ мідæг.

41. Ніневіегтæ нѵллæўдзѵстѵ тæрхонѵл ацѵ мѵккаӈсімæ, æмæ јæ базѵлѵнкæндзѵстѵ: цæмæј-дæрідтæр удон Јонаі амонѵнæј фæфæсмонкодтој; æмæ, мæнæ, ам та Јонајæ стѵлдæр іс.

42. Хурварсѵрдѵгон ус-патцах нѵллæўдзæні тæр-хонѵл ацѵ мѵккаӈсімæ, æмæ јæ базѵлѵнкæндзæ-ні; цæмæјдæрідтæр ўј æрцѵді бæстѵ кæронæј Со-ломонѵ зонддзінадмæ бајqусѵнмæ; æмæ мæнæ, ам та Соломонæј стѵлдæр іс.

43. Æнæзæҕінаг уд лæгæј кў рацæўѵ, ўæд зілѵ сур рæдтѵ, анцојад агурѵ, æмæ јæ нæ арѵ.

44. Ўæд зæҕv: баздæхон мæ хæдзармæ, кæцæј рацvдтæн, урдæм. Æмæ æрцæўv, æмæ јæ ссарv афтідæј, марстæј æмæ æфснајдæј.

45. Ўæд ацæўv æмæ æркæнv јæмæ æндæр авд хæјрæдҗv, јæхіцæј фvдтæртv, æмæ јæм бацæунц, æмæ дзv цæрvнц: æмæ вæјv уцv лæгæн фæстагон фvтцагонæј фvдтæр. Афтæ удзæні ацv хінæјдзаг мvккадҗімæ дæр.

46. Æмæ ма Уј адæмæн кў нvхаскодта, ўæд Јæ мад æмæ Јæ æфсvмæртæ лæўўдvстv адтіје, æмæ сæ фæндvді Ујімæ дзурvн.

47. Æмæ Ін чідæр захта: мæнæ, Дæ мад æмæ Дæ æфсvмæртæ æдтіје лæўўнц æмæ сæ Демæ дзурvн фæндv.

48. Ўј та дзурæгæн дзуаппæн захта: чі у Мæ мад? æмæ чі стv Мæ æфсvмæртæ?

49. Æмæ, Јæ кухæј Јæ ахургæнінæгтv бацамонгæјæ, захта: мæнæ, Мæ мад æмæ Мæ æфсvмæртæ.

50. Цæмæјдæрідтæр Мæ ўæларвон Фvдv фæндон æххæст чі кæна; ўј у Мæ æфсvмæр дæр, Мæ хо дæр, æмæ Мæ мад дæр.

СÆР 13.

1. Æмæ уцv бон хæдзарæј кў рацvді Јесо, ўæд æрбадті денджvзv бvлvл.

2. Æмæ Јæм афтæ бірæ адæм æрæмбvрді, æмæ Уј бахvсті бæлæҕмæ, æмæ дзv æрбадті; адæм та сеппæт лæўўдvстv бvлvл.

3. Æмæ сvн бірæ амvдта фæсномvгнvхæстæј, æмæ сvн дзvрдта: мæнæ рацvді таўæг таунмæ.

4. Æмæ уј кў тvдта; ўæд јўæј-јў нæмгўтæ æрхаўдvстv фæндаггæрон; æмæ мæрҕтæ æртахтvстv, æмæ сæ сўіхтој.

5. Јўæј-јўтæ æрхаўдvстv дурджvн бvнатvл, сvджvт бірæ кæм нæ уді, æмæ ўајтаҕд равзæрдvстv, умæн-æмæ зæхх арф нæ уді.

6. Æмæ хур кў ссvді, ўæд басvђдvстv, æмæ сvн ўідаг кæј нæ уді, ўјтvххæј бахусvстv.

7. Јўæј-јўтæ æрхаўдvстv сvндзvтv æхсæн, æмæ сзадvстv сvндзvтæ, æмæ сæ не сўахтој.

8. Јўæј-јўтæ та æрхаўдvстv хорз зæххvл, æмæ хорз æфсір рафтvдтој: јўæј-јў фондзссæдз нæмvдҥсv, јўæ-јў æртіссæдз, јўæ-јў та дæсæмæссæдз.

9. Qусvнæн qустæ кæмæн іс, уј qусæд.

10. Æмæ Јæм æрбацvдvстv Јæ ахургæнінæгтæ æмæ Ін захтој: цæјтvххæј сvн фæсномvгнvхæстæј дзурvс?

11. Ўј сvн захта дзуаппæн: ўјтvххæј, æмæ смахæн лæвæрд у ўæларвон патцахадv сусæгдзінæдтv зонvн, фæлæ удонæн лæвæрд нæў.

12. Цæмæјдæрідтæр кæмæ іс, умæн лæвæрд удзæні, æмæ ін фæфvлдæр удзæні; фæлæ кæмæ нæј, умæј іст удзæн, цv јæм іс ўј дæр.

13. Ўјтvххæј сvн дзурvн фæсномvгнvхæстæј, æмæ удон унгæјæ нæ унvнц, æмæ qускæјæ нæ qусvнц, æмæ нæ æмбарvнц.

14. Æмæ сvл цæўv пехумпар Ісаіаі раздæрдзvрд, афтæ чі зæђv: ўæ qустæј феqусцvстут, æмæ нæ бамбардзvстут; æмæ ўæ цæстvтæј кæсцvстут, æмæ нæ фендзvстут.

15. Цæмæјдæрідтæр нvддурі уцv адæмæн сæ зæрдæ, æмæ сæ qустæј зvнæј qусvнц, æмæ сæ цæстvтæ баćvндкодтој, цæмæј сæ цæстvтæј ма феној, æмæ сæ qустæј мæ феqусој, æмæ сæ зæрдæјæ ма бамбарој, æмæ ма раздæхој, цæмæј сæ Æз сдзæбæхкæнон. (Јсаіаі 6, 9, 10).

16. Фæлæ смахæн та тæхудіаг стv ўæ цæстvтæ, кæј унvнц ўјтvххæј, æмæ ўæ qустæ, кæј qусvнц ўјтvххæј!

17. Цæмæјдæрідтæр ўн æцæг зæђvн: бірæ пæхумпартv æмæ рæстvтv фæндvді, смах кæј унут, ўј фенvн, æмæ нæ федтој, æмæ, смах кæј qусут, уј qусvн, æмæ нæ феqўстој.

18. Смах та бајqусут таўæдҥсv фæсномvгнvхас цv у, умæ.

19. Алкæмæ, патцахадʏ дзʏрд qусæгмæ, æмæ јæ нæ æмбаргæмæ, хінæјдзаг æрцæёʏ, æмæ аскæфʏ јæ зæрдæіл тʏд цʏ вæјʏ, уј: мæнæ, фæндаггæрон тʏд чі уді, ўј ај у.

20. Дурдзʏн ран тʏд чі уді, ўј та уј нʏсан у: дзʏрдмæ чі qусʏ, æмæ јæ уцʏ сахатʏл цінгæнгæјæ чі ісʏ;

21. Фæлæ јæ мідæг нæј ўідаг æмæ јўзæрдʏгон нæў: Æмæ іл унгæрдзінад, кæнæ афхæрд кў æмбæлʏ дзʏрдʏ тʏххæј, ўæд уцʏ сахатʏл дæр афæлівʏ.

22. Æмæ сʏндзʏтʏ æхсæн тʏд чі у, ўј та уј нʏсан у, дзʏрдмæ чі qусʏ, фæлæ ацʏ афонʏ мæт æмæ qæздʏгадʏ сајæндзінад бакўрмакæнʏ дзʏрдʏ, æмæ ўј æнæдʏрђ баззаји.

23. Хорз зæххʏл тʏд та ўј нʏсан у дзʏрдмæ чі qусʏ æмæ јæ чі æмбарʏ,уј æфсірдзʏн вæји, афтæ-æмæ, — чі фондзссæдз æфсірʏ рафтаўʏ, чі æртіссæдзʏ, чі та дæсæмæссæдз.

24. Æндæр фæсномʏгнʏхас захта Уј удонæн: ўæларвон патцахад, хорз мʏккаг чі бајтʏдта јæ хўмʏ, уцʏ лæдзʏ хузæн у.

25. Æмæ јæ лæгтæ кў хуссʏдʏстʏ, ўæд æрцʏді јæ знаг, æмæ бајтʏдта мæђæлда мæнæўʏ æхсæн, æмæ ацʏді.

26. Мæнæў кў равзæрді, æмæ æфсіртæ æвтаун кў бајдʏдта; ўæд фæзʏндʏстʏ мæђæлдатæ дæр.

27. Æмæ кусдзʏтæ кў æрцʏдʏстʏ, ўæд захтој хæдзарʏ хіцаўæн: хіцаў! дæ зæххʏ хорз мʏккаг нæ бајтʏдтај нæ? ўæдæ дзʏ мæђæлдатæ кæцæј фестʏ?

28. Уј сʏн захта: знаглæг бакодта ўј. Кусдзʏтæ ін захтој: кæд дæ фæндʏ, ўæд мах ацæўдзʏстæм æмæ сæ барувдзʏстæм?

29. Фæлæ сʏн уј захта: нæ! мæђæлда рувгæјæ мæнæў дæр æртондзʏстут мʏјаг.

30. Нʏўадзут, срæзæнт сæ дуўæ дæр јўмæ кæрдʏнʏ онг! æмæ кæрдʏнʏ афонʏ æз зæђдзʏнæн хумгæрддзʏтæн: фʏтцаг æрæмбʏрдкæнут мæђæл-

датæ, æмæ сæ сбæдтут кӱрістæ басудзѵнæн; фæлæ мæнæў та æрæмбѵрдкæнут мæ хордонѵ.

31. Æндæр фæсномѵгнѵхас захта Уј удонæн: ўæларвон патцахад qѵцѵі нæмѵдҥсѵ хузæн у, лæг кæј рајста, æмæ јæ бајтѵдта јæ зæххѵл.

32. Уј мѵккæгтæ æппæтæј кæд чѵсѵлдæр у, ўæдтæр кӱ æрзајі, ўæд халсæртæ сеппæтæј стѵлдæр вæјі, æмæ свæјі бæлас, афтæ-æмæ арвон мæрҕтæ æртæхѵнц, æмæ јæ ќабузтѵ бѵн сæхі æмбæхсѵнц.

33. Æндæр фæсномѵгнѵхас захта Уј удонæн: ўæларвон патцахад æнqізæнѵ хузæн у, ус кæј рајста, æмæ ссадѵ æртæ барæнѵ кæј цæвæрдта, цалѵммæ јӱӱлдæр сæнqѵстаід ўалѵммæ.

34. Адон јӱӱлдæр дзѵрдта Јесо адæмæн фæсномѵгнѵхæстæј; æмæ сѵн æнæ фæсномѵгнѵхæстæј ніцѵ дзѵрдта;

35. Цæмæј æрцæўа пæхумпарѵ дзѵрд, кæцѵ зæҕѵ: бајгомкæндзѵнæн мæ дзѵх фæсномѵгнѵхæстѵ; æмæ зæҕдзѵнæн дунеі сфæлдісæнæј нѵрмæ нѵмæхст qудтæгтæ. (Псал. 77, 2).

36. Ўæд Јесо аўахта адæмѵ, æмæ бацѵді хæдзармæ. Æмæ Јæм бацѵдѵстѵ Јæ ахургæнінæгтæ, æмæ Ін захтој: бамбарѵн нѵн кæн уцѵ зæххѵл тѵд мæҕæлдатѵ фæсномѵгнѵхас.

37. Уј сѵн дзуап захта: хорз мѵккаг таўæг адæјмадҥсѵ Фѵрт у.

38. Бѵдѵр у дуне; хорз мѵккаг патцахадѵ фѵрттæ стѵ; мæҕæлдатæ та хінæјдзадҥсѵ фѵрттæ.

39. Удон бајтаўæг знаг хæјрæг у; кæрдѵн афон дунеі фæун у, кæрддҥсѵтæ та зæдтæ стѵ.

40. Æмæ мæҕæлдатѵ кӱд æрæмбѵрдкæнѵнц æмæ сæ артѵ кӱд басудзѵнц; афтæ ўдзæні ацѵ дунеі фæўнѵ дæр.

41. Рарвітцæні адæјмадҥсѵ Фѵрт Јæ зæдтѵ, æмæ æрæмбѵрдкæндзѵстѵ Јæ патцахадæј сајæндзінæдтæ æппæтѵ, æмæ æнææҕдаўгæндҥсѵтѵ.

42. Æмæ сæ баппардзѵстѵ судзгæ пецѵ; ум удзæні кæун æмæ дæндæгтѵ qѵсqѵс.

43. Ўæд рæстѵтæ сæрдтівдзѵстѵ хураў, сæ Фѵдѵ патцахадѵ. Ǫусѵнæн ǫустæ кæмæн іс, уј ǫусæд!
44. Нод҄сѵ: ўæларвон патцахад бѵдѵрѵ æмбæхст хæзнаі хузæн у, лæг кæј ссарѵ æмæ кæј банѵмæхсѵ, æмæ уўл цінгæнгæјæ ацæўѵ æмæ ін цѵ іс, удон јўўлдæр аўæјкæнѵ, æмæ балхæнѵ уцѵ бѵдѵр.
45. Нод҄сѵ: ўæларвон патцахад хорз налǫўт агурæг сæўдæд҄серѵ хузæн у.
46. Кæцѵ јў зѵнарҕ налǫўт кў ссардта, ўæд ацѵді, æмæ аўæјкодта, цѵ јæм уді, удон јўўлдæр, æмæ јæ балхæдта.
47. Нод҄сѵ: ўæларвон патцахад денд҄сѵзѵ æппæрст, æмæ алѵ мѵккаг кæфтæ æрцахсæг хѵзѵ хузæн у.
48. Æмæ уј кў бајдзад҄сі, ўæд æј раластој бѵлмæ, æмæ æрбадтѵстѵ, æмæ хæрзтѵ равзæрстој мігæнæнтæм, æвзæртѵ та æдтæмæ аппæрстој.
49. Афтæ удзæні дунеі фæунѵ дæр: æрцæўдзѵстѵ зæдтæ æмæ ахіцæнкæндзѵстѵ тæрігæдд҄сѵнтѵ рæстѵтѵ æхсæнæј.
50. Æмæ сæ баппардзѵстѵ судзгæ пецѵ: ум удзæні кæун æмæ дæндæгтѵ ǫѵсǫѵс.
51. Æмæ сæ бафарста Јесо: бамбæрстат, цѵ, адон јўўлдæр? Удон Ѵн захтој: о, Хіјцаў.
52. Уј та сѵн захта: Ајтѵххæј алѵ чінѵд҄сѵдæснѵ, ўæларвон патцахадѵл ахургонд чі у, уј уцѵ хæдзарѵ хіцаўѵ хузæн у, јæ хæзнадонæј ног дæр æмæ зæронд дæр чі рахæссѵ.
53 Æмæ Јесо уцѵ фæсномѵгнѵхæстæ кў фæці, ўæд ацѵді урдѵгæј.
54. Æмæ æрцѵді јæ фѵдѵбæстæм, æмæ сѵн амѵдта сæ нѵхæстѵ, афтæ—æмæ удонмæ діс касті, æмæ дзѵрдтој: кæцæј Јæм іс ахæм бірæзонддзінад æмæ тѵхтæ?
55. Ǫæдгарзгæнæд҄сѵ фѵрт нæў нæ Уј? Јæ мад Маріам нæ хўінѵ нæ, æмæ Јæ æфсѵмæртæ Јаков, æмæ Јосіа, æмæ Сімон, æмæ Јуда?
56. Æмæ Јæ хотæ сеппæт нæ æхсæн не стѵ нæ? Ўæдæ Јæм кæцæј стѵ адон æппæт?

57. Æмæ рæдvдvстv Уј тvххæј. Јесо та сvн захта: нæ вæјі пæхумпар æгад кæд æрмæст јæ фvдvбæстv æмæ јæ хæдзарv, ўјједтæмæ.
58. Æмæ дзv бірæ діссæгтæ нæ скодта ум сæ æнæурнvнv тvххæј.

СÆР 14.

1. Ўцv афонv Ірод цvппарбæстv хіцаў феqуста Јесоі тvххæј ўацqўд.
2. Æмæ захта јæ разv кусдзvтæн: Уј Арβаўæг Јоанн у; уј мæрдтæј рајгасі, æмæ ўјтvххæј умæј діссæгтæ вæјінц.
3. Цæмæјдæрідтæр Ірод æрцахста Јоаннv, сбаста јæ, æмæ јæ талvнгахæстдонv бакодта, јæ æфсvмæр Філіппv усv, Іродіадаі тvххæј;
4. Јоанн ін кæј дзvрдта: нæ æмбæлv дæўл уј усæн дарvн.
5. Æмæ јæ уј амарvн фæндvді, фæлæ адæмæј тарсті, пæхумпарvл æј кæј хvхтој, ўјтvххæј.
6. Æмæ Іродæн јæ гўрæнбон кувдv, Іродіадајv чvзг кафvд æмбvрдv раз, æмæ Іродмæ хорз фæкасті.
7. Ујтvххæј ін уј æрдæј нvпбаста, цvдæрідтæр, цv дзv ракура, ўј радтvн.
8. Уј та, јæ мадv ардvдæј, захта: радт мvн ам тæбæβvл Арβаўæг Јоаннv сæр.
9. Патцах сўнгæдзсі, фæлæ јæ ардv тvххæј æмæ јæмæ мінасгæндзvтv тvххæј ін æј радтvн кодта.
10. Æмæ арвvста талvнгахæстдонмæ Јоаннv сæр ралvгкæнvнмæ.
11. Æмæ æрхастој тæбæβvл јæ сæр, æмæ јæ радтој уцv чvзгæн; ўј та јæ јæ мадмæ бахаста.
12. Æмæ јæ ахургæнінæгтæ æрцvдvстv, ахастој ін јæ бўар, æмæ јæ банvгæдтој, æмæ ацvдvстv æмæ феqусvнкодтој Јесојæн.
13. Æмæ Јесо ај кў феqўста, ўæд ацvді ўрдvгæј бæлæβvл æдзæрæгбæстæм јўнæгæј; æмæ

ўј кў феqўстој, ўæд ацvдvстv Уј фæдvл сахартæј фістæгæј.

14. Æмæ Јесо кў рахvсті, ўæд федта бірæ адæмv, æмæ сvн тæріђæд фæкодта, æмæ сvн сдзæбæхкодта сæ рvнчvнтv.

15. Æмæ кў баізæрі, ўæд Æм Јæ ахургæнінæгтæ æрбацvдvстv, æмæ Ін захтој: ам афтід ран у, æмæ афондæр баірæдҗсv, аўадз адæмv, цæмæј ацæўој qæўтæм, æмæ сæхіцæн хæрінаг балхæноj.

16. Фæлæ сvн Јесо захта: цæун сæ нæ qæўv; смах сvн радтут хæрінаг.

17. Удон та Ін захтој: махмæ іс ам æрмæст фондз дзулv æмæ дуўæ кæфv.

18. Уј сvн захта: æрхæссут Мæм сæ ардæм.

19. Æмæ адæмv кæрдæгўл æрбадvнкодта æмæ рајста фондз дзулv æмæ дуўæ кæфv, скасті ўæларвмæ, арфæракодта, æмæ сæ асаста æмæ радта дзултæ ахургæнінæгтæн, ахургæнінæгтæ та сæ радтој адæмæн.

20. Æмæ бахордтој сеппæт, æмæ бафсæстvстv; æмæ æрæмбvрдкодтој, цv кæбæртæ баззадvстv удонæј, дуўадæс чvрвазv дзаг.

21. Чі хордта, удон та удvстv фондз мін лæдҗv бæрц, устvтv æмæ сvвæллæдтv једтæмæ.

22. Æмæ ўцv сахатvл Јесо унаффæбакодта Јæ ахургæнінæгтæн бæлæђv бахізvн æмæ Јæ фvтцаг ацæўн іннæ фарсмæ, цалvммæ Уј адæмv аўадза.

23. Æмæ адæмv кў аўахта, ўæд Уј ссvді хохмæ јўнæгæј кувvнмæ; æмæ ізæрv дæр ум јўнæгæј баѕзаді.

24. Бæлæђ та денджсvзv астæў уді, æмæ јæ фæјлаўæнтæ хостој, цæмæјдæрідтæр ўад кодта комкоммæ.

25. Ахсæвæн јæ цvппæрæм qaqqæнvнv афонv бацvді удонмæ Јесо, денджсvзvл цæўгæјæ.

26. Æмæ Јæ ахургæнінæгтæ кў федтој денджсvзvл æрбацæјцæўгæ, ўæд фæтарстvстv, æмæ дзvрдтој: ај цæстvлўајæн у, æмæ тæрскæјæ сqæркодтој.

27. Фæлæ сæм Јесо уцу сахатул сдзурдта, æмæ сун захта: цæрдæг ут; ај Æз дæн, ма тæрсут.
28. Æмæ Ін Петр захта дзўап: Хіцаў! кæд ўј Ду дæ, ўæд мæ Дæхімæ донул бацæўнкæ.
29. Уј та ін захта: рацу! Петр рахусті бæлæвæј æмæ ацуді донул, цæмæј Јесомæ бацæўа.
30. Фæлæ тухдзун ўад кў федта, ўæд фæтарсті, æмæ дону нувўлун кў бајдудта, ўæд фæqæркодта: Хіцаў, фервæзун мæ кæн!
31. Јесо уцу сахатул Јæ кух адарвкодта, нуххæцуді уўл, æмæ ін захта: гæзæмæурнæг! цæмæн фæдузæрдуг дæ?
32. Æмæ удон бæлæвмæ кў бацудустu, ўæд ўад банцаді.
33. Æмæ бæлæву чі удустu, удон Æм бацудустu, бакўвтој Ін, æмæ захтој: бæлвурд Ду Хуцаўу Фурт дæ.
34. Æмæ кў ахустустu, ўæд æрцудустu Генісаретu бæстæм.
35. Æмæ Јæ ўцу рану цæрдзутæ кў базудтој, ўæд арвустој сæ бæстu алufарсурдæм, æмæ æрхастој Умæ рунчунтæ æппæтu.
36. Æмæ Дзу кўрдтој, цæмæј сæ баўадза æрмæст Јæ дарæсу кæронмæ бавналун, æмæ Јæм чі æвнæлдта, удон дзæбæхкодтој.

САР 15.

1. Ўæд Јерусалімаг чінудзудæснутæ æмæ фарісејтæ æрцудустu Јесомæ æмæ Ін захтој:
2. Дæ ахургæнінæгтæ цæј туххæј халунц фудæлтu фæдзæхст? цæмæјдæрідтæр нæ æхсунц сæ кухтæ, дзул кў хæрунц, ўæд.
3. Æмæ сун Уј захта дзуап: смах та цæј туххæј халут Хуцаўу амундзінад ўæ фудæлтu фæдзæхстu туххæј?
4. Цæмæјдæрідтæр Хуцаў бафæдзæхста: цутдзун дар дæ фудu æмæ дæ мадu; æмæ јæ фудæн,

кænæ јæ мадæн фvтдзурæг мælæтæj амælæд. (Рац. 20, 12. Дvкгагдін. 21, 18, 19, 20, 21).

5. Смах та зæӈут: ісчі кӳ зæӈа јæ фvдæн, кænæ јæ мадæн: мænæj дvл цv æвтіаг æмбælv, ӳj фæӳæд Хуцаӳæн лæвар.

6. Ӳæд умæн јæ бон у, кадӂсvн нæ дарvн јæ фvдv, кænæ јæ мадv. Афтæмæj смах аппæрстат Хуцаӳv амvнддзінад ӳæ Фvдæлтv фæдзæхстv тvххæj.

7. Цæстмæqустæ! смах тvххæj Ісаја раздæр хорз захта:

8. Æрæввахс вæjінц Мæммæ ацv адæм сæ дзvхтæj, æмæ Мæ сæ æвзагæj кадӂсvн дарvнц; сæ зæрдæ та дард у Мænæj.

9. Фælæ хумæтæдӂсv кадӂсvн дарvнц Мæн, адæjмадӂсv ахуркænvнvл æмæ амvнддзінадvл ахургæнгæjæ. (Ісаjаі 29, 13).

10. Æмæ басідті адæммæ, æмæ сvн захта: бajqусут æмæ бамбарут!

11. Дзvхv цv цæӳv, ӳj нæ æвзæркænv адæjмадӂсv, фælæ дзvхæj цv рацæӳv, ӳj æвзæркænv адæjмадӂсv.

12. Ӳæд Æм æрбацvдvстv Јæ ахургæнінæгтæ, æмæ Ін захтоj: фарісејтæ, ацv дзvрд феqускæjæ, кæj фæќӳлvмпvстv, ӳj зонvс цv?

13. Уj та сvн захта дзуап: алv халсар, Мæ ӳæларвон Фvд кæj нæ нvссахта, ӳj јæ бvндзарæj схаӳдзæні;

14. Нvӳадзут сæ: удон кӳрмvтv кӳрм фæтдӂсvтæ стv, æмæ кӳрм кӳрмv кӳ акæна, ӳæд сæ дуӳæ дæр ормv нvххаӳдзvстv.

15. Петр та Ін захта дзуап: бамбарvн нvн кæн ацv фæсномvгнvхас.

16. Јесо сvн захта: смах дæр нæ ма æмбарут нæ?

17. Æмæ нæ ма зонут нæ, кӳд цvдæрідтæр, дзvхv цv цæӳv, ӳj губvнмæ нvццæӳv, æмæ æдтæмæ æппæрст вæјі?

18. Фælæ дзvхæj цv рацæӳv, уj зæрдæjæ рацæӳv, æмæ ӳj æвзæркænv адæjмадӂсv.

19. Цæмæјдæрідтæр зæрдæјæ рацæунц фvдвæндтæ, марvндзінæдтæ, хæтvндзінæдтæ, qахбајдзінæдтæ, хўснæгдзінæдтæ, мæнгæвдісæндзінæдтæ æмæ фаундзінæдтæ:

20. Удæдтæ сæвзæркæнvнц адæјмаднсv; фæлæ æнæхсад ќухтæј хæрvн нæ æвзæркæнv адæјмаднсv.

21. Æмæ урдvгæј кў рацvді Јесо, ўæд ацvді Тірv æмæ Сідонv бæстæм.

22. Æмæ мæнæ, Хананеаг ус, ўцv бæстæј рацæўгæјæ, qæркодта Умæ: тæріђæд мvн бакæн, Хіцаў, Давідv Фvрт! мæ чvзг ідтæг хæјрæгднсvн у.

23. Фæлæ ін Уј дзvрд дæр нæ захта. Æмæ Јæм æрбацvдvстv Јæ ахургæнінæгтæ, кўрдтој Дзv, æмæ дзvрдтој: аўадз æј, нæ фæстæ кæј qæркæнv, ўјтvххтæј.

24. Фæлæ Уј дзуап захта: Æз æрвvст дæн рајсvн æрмæст Ізраілv хæдзарv сæфт фvстæм.

25. Уј та æрбацvді Умæ æмæ Ін кувгæјæ захта: Хіцаў! аqаз мvн бакæн.

26. Фæлæ ін Уј захта дзуап: сvвæллæдтæј дзул рајсvн æмæ јæ кўітæн аппарvн хорз нæў.

27. Уј захта: афтæ у, Хіцаў, фæлæ кўітæ дæр хæрvнц, сæ хіцаўтv фvнгтæј цv муртæ хаўнц, удон.

28. Ўæд vн Јесо дзуап захта: О, усај! стvр у дæ урнvндзінад; фæўæд дvн дæ фæндонvл. Æмæ сдзæбæхі јæ чvзг тæккæ уцv сахатvл.

29. Урдгæј æцæўгæјæ æрцvді Јесо Галілеі денднсvзмæ; æмæ ссvді хохмæ, æмæ ум æрбадті.

30. Æмæ æрбацvдvстv Умæ бірæ адæм, æмæ æркодтој ќўлvхтv, кўрмvтv, æгомvгтv, хўсчvтv æмæ æндæр бірæтv; æмæ сæ цæвæрдтој Јесоі ќæхтæм; æмæ сæ Уј сдзæбæхкодта;

31. Адæм та діскодтој, кў фæдтој æгомvгтv дзургæјæ, хўсчvтv дзæбæхæј, ќўлvхтv цæўгæјæ æмæ кўрмvтv унгæјæ, ўæд; æмæ каддсvнкодтој Ізраілv Хуцаўv.

32. Јесо та æрбасідті Јæ ахургæнінæгтæм, æмæ сvн захта: тæріђæдкæнvн ацv адæмæн, артæ бонv Мемæ кæј стv, æмæ сvн хæрінаг кæј

ніцѵ іс, ўјтѵххæј; стонгæј сæ аўадзѵн та Мæ нæ фæндѵ, цæмæј ма бастајој фæндагўл.

33. Јæ ахургæнінæгтæ Ін захтој: кæцæј æрхæссæм æдзæрæг бæстѵ ўјбæрц дзултæ, ајјас адæмѵ цæмæј бафсадæм?

34. Амæ сѵн Јесо захта: цал дзулѵ ўæм іс? Удон Ѵн захтој: авд, æмæ јўчѵсѵл кæсæгтæ.

35. Ўæд адæмѵ æрбадѵн кодта зæххѵл.

36. Æмæ рајста авд дзулѵ æмæ кæсæгтѵ, арфæракæнгæјæ сæ асаста, æмæ сæ радта Јæ ахургæнінæгтæм, ахургæнінæгтæ та адæмæн бајўæрстој.

37. Æмæ сеппæтдæр хордтој, æмæ бафсæстѵстѵ; æмæ æрæмбѵрдкодтој сæ ўæлдæјдтæј авд тæсчѵ дзадҥсѵ.

38. Чі хордта, удон та удѵстѵ цѵппар мін лæдҥсѵ, устѵтѵ æмæ сѵвæллæдтѵ једтæмæ.

39. Æмæ кў аўахта адæмѵ, ўæд Ујбацѵді бæлæҕмæ, æмæ æрцѵді Магдалінѵ бæстѵ арæнтæм.

СÆР 16

1. Æмæ Јæм æрбацѵдѵстѵ фарісетæ æмæ садукетæ, æмæ дзѵ, ќахгæјæ, кўрдој, удонæн арвæј діссаг фенѵнкæнѵн.

2. Фæлæ сѵн Ујдзуап захта: ізæрæј смах фæзæҕут: хорз бон удзæні; арв сѵрх кæј у, ўјтѵххæј;

3. Æмæ рајсомæј та: ќæвда удзæні абон, арв сѵрх кæј у, ўјтѵххæј. Цæстмæqустæ! арвæн јæ цæскомѵ æвзарѵн зонут, афонѵ нѵсæндтæ æмбарѵн та нæ фæразут?

4. Хінæјдзаг æмæ хæтаг мѵккаг діссæгтæ агурѵ; æмæ ін діссаг лæвæрд нæ удзæні, пæхумпар Јонæјі діссадҥсѵ једтæмæ. Æмæ сæ нѵўахта, æмæ ацѵді урдгæј.

5. Æмæ іннæ фарсмæ ахізгæјæ, Јæ ахургæнінæгтѵ семæ дзул ахæссѵн ферохі.

6. Јесо сын захта: кæсут, ўæхі qaqqæнут фарісетъ æммæ саддукетъ æнqізæнæj.
7. Æмæ удон сæхінъмæръ qўдъкодтоj, æмæ дзърдтоj: aj бæрæгкæнъ, мах дзул кæj нæ рахастам, ўj.
8. Бамбæрста Јесо ўj, æмæ сын захта: цъ qўдъкæнут ўæ sæрдæjі мідæг, гæзæмæўрнджътæ, дзул кæj нæ рахастат, ўjтъххæj?
9. Æмæ ма ноджъ смах нæма æмбарут æмæ нал qудъкæнут фондз дзулъ тъххæj, фондз мін лæгæн, æмæ цал чървазъ дзаджъ æрæмбърдкодтат смах?
10. Нæдæр авд дзулъ тъххæj, цъппар мін лæгæн, æмæ цал тæсчъ æрæмбърдкодтат смах?
11. Кўд нæ æмбарут, Æз ун дзулъ тъххæj кæj нæ захтон: ўæхі qaqqæнут фарісетъ æмæ саддукетъ æнqізæнæj, sæвгæ, ўj?
12. Ўæд удон бамбæрстоj Ўj сын кæj дзърдта, цæмæj сæхі qaqqæноj дзулъ æнqізæнæj нæ, фæлæ фарісejтъ æмæ саддукетъ амондзінадæj.
13. Æмæ кў æрцъді Філіппъ Кесаріаі бæстæм, ўæд Јесо бафарста Јæ ахургæнінæгтъ: адæм, Мæн, адæjмаджъ Фъртъ, кæул хънцънц?
14. Удон Ўн захтоj: jўæj-jўтæ Арваўæг Јоаннъл, іннæтæ Іліаіл; æндæртæ та Јереміаіл, кæнæ іннæ пæхумпартæj іскæул.
15. Ўj сын захта: смах та Мæ кæул хънцут?
16. Сімон Петр та Ін дзуап захта: Дъ Чъръсті дæ, цæргæ Хуцаўъ Фърт.
17. Ўæд ън Јесо захта дзуап: тæхудіаг дæ дъ, Сімон, Јонаі фърт; ўjтъххæj æмæ дън бўар æмæ туг нæ базонънкодтоj ўj, фæлæ Мæ Фъд, ўæлæрвтъ Чі іс, Ўj
18. Æмæ Æз дæр sæвън дæўæн: дъ Петр (1) дæ, æмæ ацъ дуръл Æз самajдзънæн Мæ арвўан, æмæ jæ зъндонъ дордтæ дæр нæ басæтцъстъ.
19. Æмæ дън ратцънæн ўæларвон патцахадъ дæвæлтæ; æмæ цъ бабæдтаj sæххъл, ўj баст

[1]) дур.

удзæні ўæлæрвтv; фæлæ цv cvхалај зæххvл, ўј хæлд ўудзæні ўæлæрвтv.

20. Ўæд Јесо бафæдзæхста Јæ ахургæнінæгтæн, цæмæј ма кæмæн зæŋој, Уј (Јесо) Чvрvсті кæј у, ўј.

21. Уцv афонæј фæстæмæ Јесо бајдvдта æргомкæнvн Јæ ахургæнінæгтæн, Умæн Јерусаліммæ цæун кæј qæўv, æмæ бірæ фvдæбон фæкæнvн зæрæдтæј, æмæ хістæрсаўнсvнтæј, æмæ чінvднсvзонднсvтæј, æмæ амæлvн, æмæ æртvккæгæм бон рајгасўн, ўј.

22. Æмæ Јæм асідті Петр, æмæ бајдvдта Умæн æвастæј дзурvн: Хуцаў бахізæд, Дæўл ўј нæ æрцæўдзæні, Хіјцаў!

23. Фæлæ Уј раздæхті Петрмæ, æмæ ін захта: ацу Мæнæј, сајтан; дv Мæ ќўлvмпvгæнæг дæ; умæн-æмæ дv qўдvкæнvс, Хуцаўv qўдтаг цv у, ўј нæ, фæлæ лæднсv qўдтаг цv у, ўј.

24. Ўæд Јесо захта Јæ ахургæнінæгтæн: кæј фæндv Мæ фæстæ цæун, ўј јæхіул æвдісæн бакæнæд, æмæ сісæд јæ дзўар æмæ Мæ фæсте цæўæд.

25. Цæмæјдæрідтæр кæј фæндv јæ удv (1) бавæрvн; ўј јæ фесафцæні: фæлæ чі фесафа јæ удv Мæн тvххæј; ўј јæ ссардзæні.

26. Цv пајда у лæгæн, ўј æгас дунеј јæхі кў бакæна; фæлæ јæ удæн зіан кў ракæна, ўæд? кæна цv арђ ратцæні лæг јæ удv тvххæј?

27. Цæмæјдæрідтæр æрцæўдзæні адæјмаднсv Фvрт Јæ Фvдv стvрадv Јæ Зæдтімæ; æмæ ўæд ратцæні алкæмæндæр јæ qўдтæгтæм гæскæјæ.

28. Æцæг ун зæŋvн: ам чі лæўўнц, удонæј јўæјјўтæ мæлæт нæ фендзvстv, цалvммæ адæјмаднсv Фvртv Јæ патцахдзінадімæ æрцæўгæ феној, ўалvммæ.

СÆР 17.

1. Æхсæз бонv аівђўінv фæстæ, Јесо акодта Петрv, æмæ Јаковv, æмæ јæ æфсvмæр Јоаннv æмæ сæ скодта бæрзонд хохмæ јўнæгæј.

[1]) Цард

2. Æмæ сæ разы Jæ хўз аівта, æмæ Jæ цæском срухсі хурv хўзæн, Jæ дарæстæ та рухсv хўзæн сўрсvстv.
3. Æмæ сæм, мæнæ, разvндvстv Мojсej æмæ Іліа Уjімæ дзургæjæ.
4. Ўæд Петр захта Jесоjен: Хіцаў! хорз у махæн ам; кæд Дæ фæндv, ўæд ам æртæ мусонджсv скæнæм, jў Дæўæн, jў Мojсejæн æмæ jў Іліajæн.
5. Æмæ ма ўj афтæ кў дзvрдта, ўæд рухс æвраҕ æрбадті удонvл: æмæ мæнæ, æвраҕæj qўсті дзургæ qæлæс: Аj у Мæ ўарзон Фvрт, Мæ хорзфæндон Кæмæ іс; Умæ qусут.
6. Æмæ jæ кў феqўстоj ахургæнінæгтæ, ўæд æрхаўдvстv дæлгоммæ, æмæ ідтæт фæтарстvстv.
7. Фæлæ сæм Jесо æрбаввахсі, бавнæлдта сæм, æмæ сvн захта: сvстут, æмæ ма тæрсут.
8. Æмæ удон кў скастvстv сæ цæстvтæj, ўæд нікæj ўал федтоj, Jесоі jедтæмæ.
9. Æмæ удон хохæj кў æрцæjцvдvстv, ўæд сvн Jесо бафæдзæхста æмæ захта: ма кæмæн зæҕут смах, цv федтат ўj, цалvммæ адæjмаджсv Фvрт мæрдтæj рajгас ўа, ўалvммæ.
10. Æмæ Jæ бафарстоj Jæ ахургæнінæгтæ: ўæдæ чінvджсvдæснvтæ Іліаіл фvтцаг æрцæўн æмбæлv кў зæҕvнц?
11. Jесо сvн захта дзуап: æцæг, Іліаіл фvтцаг æрцæўн æмбæлv, æмæ æппæт сцæдтækæнvн.
12. Фæлæ ун Æз зæҕvн, кўд Іліа æрцvді, æмæ jæ нæ базvдтоj, æмæ ін бакодтоj, кўд сæ фæндvді афтæ, адæjмаджсv Фvрт дæр афтæ фvдæбонтæ фæкæндзæні удонæj.
13. Ўæд Jæ ахургæнінæгтæ бамбæрстоj, Уj сvн Арҕаўæг Joаннv тvххæj кæj дзvрдта, ўj.
14. Æмæ удон адæммæ кў æрцvдvстv, уæд Æм æрбацvді jў лæг, æрхаўді jæ зонгўтvл Умæн Jæ разv,
15. Æмæ Ін захта: Хіjцаў! тæріҕæд бакæн мæ фvртæн; ўj мæjіноджсv сæрра вæjі, æмæ ідтæг фvдæбонкæнv; цæмæjдæрідтæр араех jæхі æппарv артмæ, æмæ араех донмæ.

16. Æз æј æркодтон Дæ ахўргæнінæгтæм; фæлæ јæ удон сдзæбæхкæнvн нæ бафæрæзтој.
17. Јесо дзуап радта: О, æнæурнæг æмæ æнæўаг мvккаг! кæдмæ ўемæ удзvнæн? кæдмæ ўн бардзvнæн? æркæнут æј ардæм Мæммæ.
18. Æмæ ін qодібакодта Јесо; æмæ хæјрæг рацvді умæј; æмæ уцv тæрvн сдзæбæхі уцv сахатvл.
19. Ўæд ахургæнінæгтæ æрбацvдvстv Јесомæ јўнæгæј, æмæ Ін захтој: мах цæўлнæ бафæрæстам ўј расурvн?
20. Јесо та сvн захта: ўæ æнæурнvнv тvххæј: цæмæјдæрідтæр ўн æцæг зæҕvн: смахмæ qvцvі нæмvдҥсv ас урнvндзінад кў ўа, æмæ кў зæҕат ацv хохæн: ахіз ардvдæј урдæм, ўæд ўј ахіздзæні; æмæ ун æнæбафæразгæ ніцv удзæні.
21. Адон мvккаг та сvрдæўv æрмæст кувvнæј æмæ комдарvнæј.
22. Удон Галілеаі кў удvстv; ўæд сvн Јесо захта: адæјмадҥсv Фvрт лæвæрд удзæні лæгтv ќухтæм;
23, Æмæ Јæ амардзvстv, æмæ æртvккæгæм бон рајгас удзæні. Æмæ удон ідтæг фенќардvстv.
24. Æмæ удон кў æрцvдvстv Капернауммæ; ўæд арҕўанv тvххæј qалон æмбvрдгæндҥсvтæ æрбацvдvстv Петрмæ, æмæ Ін захтој: ўæ Ахургæнæг нæ ратцæні дуўæ драхмаі?
25. Ўј сvн захта: ратцæні. Æмæ уј хæдзармæ кў бацvді, ўæд vн Јесо раздæр захта: дæўмæ кўд кæсv, Сімон? зæххон патцæхтæ кæмæј ісvнц æхца, кæнæ qалон? сæхі фvрттæј, æві іннæтæј?
26. Петр Ін захта: іннæтæј. Јесо ін захта: æмæ афтæ, фvрттæ сæрібар стv.
27. Фæлæ сæ цæмæј нæ фæрæдіінкæнæм, ўјтvххæј ацу дендҥсvзмæ, баппар æнгўр, æмæ фvтцаг цv кæсаг æрцахсај, ўј рајс, æмæ ін бајгомкæн јæ дзvх, æмæ дзv ссардзvнæ статір, сіс æј, æмæ јæ удонæн радт Мæн тvххæј æмæ дæхі тvххæј дæр.

СÆР 18.

1. Уцv афон ахургæнінæгтæ Јесомæ æрбацvдvстv, æмæ Ін захтоj: хістæр чі у ўæларвон патцахадv.
2. Æмæ Јесо сvвæллонмæ басідті, æмæ jæ нvллæўўнкодта сæ астæў,
3. Æмæ сvн захта: æцæг ун зæŋvн: кў нæ раздæхат, æмæ сvвæллæдтаў кў нæ ўат; ўæд нæ бацæўдзvстут ўæларвон патцахадмæ.
4. Æмæ афтæ, jæхі кæстæр чі кæна ацv сvвæллонаў ўj хістæр у ўæларвон патцахадv.
5. Æмæ jў ахæм сvвæллонv чі рajса Мæ номv тvххæj, ўj Мæн icv.
6. Фæлæ чі фæрæдіінкæна ацv чvсvлтæj, Мæнvл урнднсvтæj, jўv; умæн хўздæр удаід фæлтаў vн jæ бæрзæіл кў æрцаўŋд удаід кўрojv дур, æмæ jæ кў баппæрст удаід денднсvзv арфv.
7. Додоj дунеjæн рæдііндзінæдтæj; цæмæjдæрідтæр рæдііндзінæдтæн дæр æрцæун qæўv: фæлæ додоj уцv лæгæн, рæдііндзінад кæj фæрцv æрцæўv.
8. Дæ кух, кæнæ дæ дæ ках кў рæдіінкæна, ўæд сæ алvгкæн, æмæ сæ аппар дæхіцæj: хўздæр у дæўæн цардмæ бацæун æнæ кухæj, кæнæ æнæ кахæj, цæjнæфæлтау дуўæ кухімæ, кæнæ дуўæ кахімæ æнæфæўæвгæ артv æппæрст ўај.
9. Æмæ дæ дæ цæст кў рæдіінкæна, ўæд æj сках, æмæ jæ аппар дæхіцæj; хўздæр у дæўæн jў цæстімæ цардмæ бацæун, цæjнæфæлтаў дуўæ цæстімæ геениаі артv æппæрст ўај.
10. Кæсут, ацv чvсvлтæj æгад макæj кæнут; цæмæjдæрідтæр ун зæŋvн: удонæн сæ Зædтæ ўæлæрвтv мідæг алvхадт Мæ ўæларвон Фvдv цæском кæj унvнц, уj.
11. Цæмæjдæрідтæр адæjмаднсv Фvрт æрцvді сæфтv агурvнмæ æмæ фервæзvнкæнvнмæ.
12. Кўд ўæм кæсv? Іскæмæ фондзссæдз фvсv кў ўаід, æмæ удонæj jў кў фæдзæŋæлўаід, ўæд ўj нæ нvўадздзæні jæ нудæс æмæ цvппарссæдз

фvсv хæхтv сæр, æмæ нæ ацæйдзæні уцv сæфт фvсv агурvнмæ?

13. Æмæ јæ кў ссара; ўæд ўј, ацæг зæɣvн смахæн, нудæс æмæ цvппарссæдз æнæсæфт фvстæј уўл тvнгдæр фæцінкæндзæні.

14. Афтæ ўæ ўæларвон Фvдv дæр ацv чvсvлтæј јўv фесафvн дæр нæ фæндv.

15. Æмæ дæ æфсvмæр дæйæн істv зvлvн кў ракæна, ўæд ацу, æмæ јæ бадом, дv æмæ уј јунæгæј кў ўат, ўæд: æмæ дæм кў бајqуса, ўæд ссардтај дæ æфсvмæрv.

16. Кў нæ дæм бајqуса, ўæд та демæ акæн јў, кæнæ дуўæј, цæмæј дуўæ, кæнæ æртæ æвдісæнv дзvхæј алv дзvрд сææцæг ўа.

17. Удонмæ дæр кў нæ бајqуса, ўæд зæɣ арɣўанæн; æмæ арɣўанмæ дæр кў нæ бајqуса, ўæд ўј ўæд дæйæн муртаттаў æмæ qалонісæгаў.

18. Æцæг ун зæɣvн: цv бабæдтат смах зæххvл, ўј баст удзæні ўæларвv; æмæ цv схалат зæххvл, ўј хæлд удзæні ўæларвv дæр.

19. Афтæдæр ун æцæг зæɣvн: смахæј дуўæ кў сфæндкæноj зæххvл курvн цvдæрідтæр qўдтаɧсv тvххæј, ўæд удон, цvдæрідтæр кўроj, ўј сvн лæвæрд удзæні Мæ ўæларвон Фvдæј.

20. Цæмæјдæрідтæр дуўæ, кæнæ æртæ, кæм æрæмбvрд ўоj Мæ номv тvххæј, ум Æз дæр сехсæнv дæн.

21. Ўæд Æм æрбацvді Петр, æмæ Ін захта: Хіцаў! мæ æфсvмæрæн мvл цал хадтv нvппарvн æмбæлv, ўј мæнæј зvлvн кў ўа, ўæд? авд хадтv онг?

22. Јесо ін захта: авд хадтv онг дvн нæ зæɣvн: фæлæ дæс æмæ æртіссæдзгæјдтæј авд хадтv онг.

23. Аj тvххæј ўæларвон патцахад уцv патцахv хузæн у, јæ цаɣартімæ хvɣдскæнvн кæј бафæндvді.

24. Æмæ ўј хvнцvн кў бајдvдта ўæд æм æркодтоj јўкæјдæрv, дæс мін талантv дзv чі дардта.

25. Æмæ јæм кў нæ уді, цæмæј бафvстаід ўј, ўæд æј патцах ўојкæнvнкодта ўј, æмæ јæ усv

дæр, æмæ јæ сvвæллæдтv дæр, æмæ ін цv уді, ўј јўўлдæр, хæс бафідvнv тvххæј.

26. Уæд уцv цаҕар јæ размæ æрхаўді, æмæ ін кувгæјæ захта: патцах! фæлæў æмæ дvн јўўлдæр бафідцvнæн.

27. Патцахмæ тæріҕæд фæкасті уцv цаҕар, аўахта јæ, æмæ ін јæ хæс дæр нvўахта.

28. Æмæ уцv цаҕар рацvді, æмæ кў ссардта јæ æмбæлдтæј јўv, фондзссæдз дінарv дзv чі дардта, ўј, ўæд æј æрцахста, æмæ ін јæ хурхvл нvххæцvді, æмæ ін дзvрдта: радт мvн, цv мæ дарvс, ўј.

29. Уæд јæ æмбал æрхаўді јæ ќæхтæм, æмæ ін лæхстæгæнгæјæ захта: фæлæў, æмæ дvн јўўлдæр бафідцvнæн.

30. Фæлæ ўј нæ бакўмдта, æмæ ацvді, æмæ јæ бакодта талvнгахæстдонv, цалvммæ ін бафvстаід јæ хæс.

31. Јæ æмбæлдтæ кў федтој, цv æрцvді ўј, ўæд сvн іттæг qvг уді, æмæ æрцvдvстv сæ патцахмæ, æмæ ін радзvрдтој, цv федтој, удон јўўлдæр.

32. Уæд æм патцах басідті, æмæ ін захта: фvд цаҕар! уцv хæс јўўлдæр æз нvўахтон дæўæн, дæ курvнv тvххæј.

33. Æмæ дvл нæ æмбæлді нæ дæўл дæр дæ æмбалæн тæріҕædбакæнvн, æз дæўæн тæріҕæд кўд бакодтон афтæ?

34. Æмæ смæсті јæ патцах, æмæ јæ радта qiамæткæнvнгæнʤvтæм, цалvммæ јўўлдæр бафіда, цv хæс дзv дардта умæј, ўалvммæ.

35. Мæ ўæларвон Фvд дæр афтæ бакæндзæн смахæн, алчі ўæ јæ зæрдæјæ кў нæ нvпбара јæ æфсvмæрæн јæ тæріҕædтæ, ўæд.

СÆР 19.

1. Кў фæці Јесо уцv дзvрдтæ; ўæд ацvді Галілеајæ, æмæ æрцvді Јўдејтv арæнтæм, Јорданv іннæ фарсмæ.

2. Јæ фæдvл цvдi бiрæ адæм, æмæ сæ Уj сдзæбæхкодта ум.

3. Æмæ Јæм æрбацvдvстv фарiсејтæ, æмæ Iн, ќахкæјæ дзvрдтоj: алv азvмv тvххæj дæр бар у лæгæђн јæ усv раўадзvн?

4. Ўj сvн захта дзуаппæн: нæ бакастўстут цv смах, фvтцаг лæдзсv Чi сфæлдvста, Ўj сæ моj æмæ усæн кæj сфæлдvста ўj? (Сфæлд. 1, 27).

5. Æмæ захта: ајтvххæj нvўадзæд лæг јæ фvдv æмæ јæ мадv, æмæ баијўўдзæн јæ усiмæ, æмæ сўдзvстv дуўæ jў бўар; (Сфæлд. 2, 24).

6. Афтæ-æмæ удон дуўæ нал, фæлæ jў бўар удзvстv. Æмæ афтæ, Хуцаў кæj сjўкодта, ўj лæг ма ахiцæнкæнæд.

7. Удон Iн захтоj: ўæдæ Мojсej кўд нvффæдзæхста ўађдv чiнvг дæдтvн, æмæ јæ раўадзvн?

8. Ўj сvн захта: Мojсej ўæ фvдзæрдæдзiнадv тvххæj бар радта смахæн ўæ устvтv ўадзvн; фvтцаг та афтæ нæ уди.

9. Æз та ўн сæђvн: чi раўадза јæ усv, хæтvн аххосæj једтæмæ, æмæ æндæр ус чi скæна, ўj хæтv, æмæ ўађд усv чi скæна, ўj дæр хæтv.

10. Јæ ахургæнiнæгтæ Iн захтоj: кæд ахæм хæс iс лæгæн јæ усiмæ; ўæд фæлтаў ус нæ ракурvн хўздæр у.

11. Æмæ сvн Уj захта: Ацv дзvрд æппæт нæ фæразvнц сæххæсткæнvн; фæлæ лæвæрд кæмæн у, удон.

12. Цæмæjдæрiдтæр iс ахæм æрдvстvтæ, сæ мадv гўбvнæj афтæмæj чi рајгўрдvстv; æмæ iс адæмæj æрдvст чi стv, æмæ ахæм æрдvстvтæ дæр iс, сæхi æрдvстаў чi скодта ўæларвон патдзахадv тvххæj. Чi фæразv æххæсткæнvн, ўj јæ æххæсткæнæд.

13. Ўæд Æм æркодтоj свæллæдтv, цæмæj сvл Уj Јæ ќухтæ æрæвæра, æмæ скува; фæлæ сæ ахургæнiнæгтæ нæ ўахтоj ўдон.

14. Фæлæ сvн Јесо захта: æрбаўадзут свæллæдтv, æмæ сæ ма qvгдарут Мæммæ æрбацæўн;

цæмæjдæрiдтæр удон хўзæдтv у ўæларвон патцахад.

15. Æмæ cvл æрæвæрдта Jæ кухтæ, æмæ ацvдi урдгæj,

16. Æмæ Jæм, мæнæ, чiдæр æрбацvдi, æмæ Iн захта: хорз Ахургæнæг! цv хорз ракæнон, цæмæj мvн æнæфæўовгæ цард ўа?

17. Уj iн захта: цæмæн мæ хонvс хорз? Хорз нiчi у, æрмæст jў Хуцаўv jедтæмæ. Фæлæ дæ кæд фæндv æнæфæўовгæ цардмæ бацæўн, ўæд сæххæсткæн амvнддзiнæдтv.

18. Ўj Iн захта: кæцvтv? Jесо та iн захта: ма амар; хæтæг ма у; ма радав; мæнг æвдiсæн ма нvллæў.

19. Цvтдзсvн дар дæ фvдv æмæ дæ мадv, æмæ ўарз дæ хæстæдзсv, дæхi хўзæн. (Рац. 20, 13, 14, 15, 16. Лев. 19, 18).

20. Уцv тæрvн Vн захта: адон jўўдæр бавæрдтон æз мæ сvвæллонæj нvрмæ, ноджсv ма цæмæj qатдзсvн дæн æз?

21. Jесо iн захта: кæд дæ фæндv æххæст сvўн, ўæд ацу, аўojкæн дæ iс, æмæ jæ бajўар мæгўртæн; æмæ дvн удзæнi хæзна ўæлæрвтv мiдæг; æмæ æрцу, æмæ цу Мæ фæдvл.

22. Уцv дзvрд кў феqўста уцv тæрvн, ўæд qvгæнгæjæ, ацvдi; бирæ iс vн кæj уди, ўjтvххæj.

23. Jесо та захта Jæ ахургæнiнæгтæн; æцæг ўн зvɣvн: зvн у qæздvгæн ўæларвон патцахадмæ бацæўvн.

24. Æмæ ўн ноджсvдæр зæɣvн: теўajæн æнцондæр у судзiнбvнv ацæўн, qæздvгæн Хуцаўv патцахадмæ бацæўнæj.

25. Aj кў феqўстоj Jæ ахургæнiнæгтæ, ўæд сæм iдтæг дiс фæкасті, æмæ дзvрдтоj: чi ма фервæздзæнi ўодæ?

26. Jесо бакасті удонмæ, æмæ сvн аахта: æдæмæн aj æнæбафæразон у, фæлæ Хуцаў æппæтдæр фæразv.

27. Ўæд Петр дзуап захта Умæн: мæнæ, мах цvдæрідтæр нvўахтам, æмæ дæ фæдvл рацvдvстæм; æмæ цv удзæні махæн?

28. Јесо та сvн захта: æцæг ўн зæʒvн: смах, Мæ фæдvл чі рацvдvстут, удон, ног цардv, адæймаʤv Фvрт Јæ стvрадv бæрзонд бандонvл кў æрбада, ўæд æрбаддзvстут смах дæр дуўадæс бандæдтvл Ізраілтv дуўадæс мvккæгæн тæрхонкæнvнæн.

29. Æмæ чідæрідтæр, чі нvўадза јæ хæдзарv, кæнæ јæ æфсvмæртv, кæнæ јæ хотv, кæнæ јæ фvдv, кæнæ јæ мадv, кæнæ јæ усv, кæнæ јæ свæллæдтv, кæнæ јæ зæххv, Ма номv тvххæј, ўј рајсцæні фондзсcæдз хадтv фvлдæрæј, æмæ ін æнæфўовгæ цард дæр удзæні.

30. Æмæ фvтцæгтæј бірæтæ удзvстv фæстæгтæ, фæстæгтæј та фvтцæгтæ.

САР 20.

1. Цæмæјдæрідтæр ўæларвон патцахад уцv хæдзарv хіцаўv хўзæн у, рајсом раʤv чі рацvді кусʤvтæ æххўрсvнмæ јæ сæндонмæ.

2, Æмæ кў бафідvдта кусʤvтімæ бон фæјнæ дінарііл, ўæд сæ арвvста јæ сæндонмæ.

3, Æмæ æртvккæгæм сахатv рацvді, æмæ федта æндæртv, ўнʤv хўмæтæдʤv лæўгæ.

4. Æмæ удонæн дæр захта: ацæут смах дæр мæ сæндонмæ, æмæ ўæм цv цæўа, ўј ўн æз бафідцvнæн. Удон ацvдvстv.

5. Ноdʤv рацvді æхсæзæм æмæ фарастæм сахатмæ æввахс, æмæ та афтæ бакодта.

6. Ўј фæстæ рацvді јўæндæсæм сахатмæ ævвахс, æмæ та федта æндæртv дæр хўмæтæдʤv лæўгæ, æмæ свн захта: хўмæтæдʤv цv лæўут ам æгас бон?

7. Удон vн захтој: нічі нæ баххўрста. Ујсvн захта: ацæут смах дæр мæ сæндонмæ, æмæ ўæм цv цæўа, ўј ајсцvстут.

8. Æмæ кӯ баізæрі; ӯæд захта сæндонv хіцаӯ јæ хæдзармæ кæсæгæн: басід кусдзvтæм, æмæ сvн радт мvзд, фæстæгтæј фvтцæгтæм рајдајгæјæ.
9. Æмæ æрцvдvстv, јӯæндæсæм сахатvл æххӯрст чі уді, удон, æмæ рајстој фæјнæ дінаріі.
10. Æмæ фvтцаг чі æрцvдvстv, удон æнqæл удvстv фvлдæр рајсvн; фæлæ рајстој удон дæр фæјнæ дінаріі;
11. Æмæ кӯ рајстој, ӯæд хæдзарv хінцаӯл бустæ кæнvн бајдvдтој.
12. Æмæ дзvрдтој: ацv фæстæгтæ бакӯстој јӯ сехат, æмæ сæ дv скодтај немхӯзон, æгасбон фæллој чі фækодтам, æмæ æнтæф чі бавзæрстам.
13. Ӯј та дзуап захта удонæј јӯæн: мæ лvмæн! æз дvн тvх нæ кæнvн; дінарііл нæ бафідvдтај нæ мемæ?
14. Ајс дæхіӯон, æмæ ацу; мæн та ацv фæстагæн дæр, дæӯæн цас радтон, ӯјас радтvн фæндv.
15. Аӈæца, мæхіонімæ мæ цv кæнvн фæнда, ӯј мæ бар нæӯ нæ? Аві дæ цæст нæ ӯарзv, æз хорз кæј дæн, ӯј.
16. Афтæ фæстæгтæ фvтцæгтæ удзvстv, фvтцæгтæ та фæстæгтæ; цæмæјдæрідтæр хӯндтæ бірæ стv, фæлæ æвзæрстvтæ чvсvл стv.
17. Æмæ кӯ æрбаввахсі Јерусаліммæ, ӯæд Јесо фæндагӯл асідті Јæ дуӯадæс ахургæнінæгтæм јӯнæгæј, æмæ сvн захта:
18. Мæнæ, мах ссæӯдзvстæм Јерусаліммæ, æмæ адæјмадзv Фvрт лæвæрд удзæні саӯдзvнтvхістæртæм æмæ чінvдзvдæснvтæм, æмæ Ін марvнv тæрхон скæндзvстv;
19. Æмæ Јæ ратцvстv муртадтvтæм æлӈітvнмæ, æмæ нæмvнмæ, æмæ бајтvндзvнмæ, æмæ æртvкӄæгæм бон рајгас удзæні.
20. Ӯæд Æм æрбацvді Зеведеі фvрттv мад јæ фvрттімæ, кӯвта Ін, æмæ Дзv цvдæр кӯрдта.
21 Јесо ін захта: цv дæ qæӯv? Ӯј Ін захта: зæӈ, цæмæј мæ ацv дуӯæ фvртv сбадој јӯ дæ рахісфарсvрдvгæј, іннæ та дæ галіӯ фарсvрдvгæј Дæ патцахадv.

22. Јесо дзуап захта: нæ зонут, цу курут, ӳј. Бафæраздзустут мijаг Æз цу нӳазæн баназдзунæн, ӳј баназун, кæнæ Æз цу арҕӳдæj арҕӳд удзунæн, умæj сарҕаӳн? Ӳдон Ун захтоj: бафæраздзустæм.

23. Æмæ сун захта: Мæ нӳазæн баназдзустут, æмæ Æз цу арҕӳдæj арҕӳд удзунæн, умæj арҕӳд удзустут; фæлæ цæмæj Мæ рахiсфарсурдурæj æмæ Мæ галiӳфарсурдурæj сбадат, ӳј дæдтун Мæ куху нæj, фæлæ Мæ Фудæj кæмæн цæдтæ у удонæн.

24. Аj кӳ феqӳстоj iннæ дæс ахургæнiнæдзсу, ӳæд смæстусту уцу дуӳæ æфсумæрмæ.

25. Фæлæ сæм Јесо æрбасiдтi, æмæ сун захта: смах зонут, адæму ælдæрдтæ удонул хiцаӳад кæj кæнунц, ӳj, æмæ сул хiстæртæ бардзсун кæj сту, ӳj.

26. Ӳæ æхсæн та афтæ ма ӳæд; фæлæ ӳæ jæхi стулдæр кæj фæнда, ӳj ӳн кусæг ӳæд.

27. Æмæ ӳæ хiстæр кæj фæнда, ӳj ӳн цаҕар ӳæд.

28. Цæмæjдæрiдтæр адæjмадзсу фурт ӳjтухxæj нæ æрцуди, цæмæj Iн кусоj, фæлæ цæмæj бакуса, æмæ Јæ уд радта бiрæту балхæнунму тухxæj.

29 Æмæ Јерiхонæj кӳ рацæjцудусту, ӳæд Јæ фæдул цуди бiрæ адæм.

30. Æмæ мæнæ, дуӳæ кӳрму, фæндагӳл бадгæjæ, кӳ феqӳстоj, Јесо сæ цурту кæj фæцæjцуди ӳj, ӳæд бajдудтоj qæркæнун: тæриҕæд нун бакæн, Хijцаӳ, Давiду фурт!

31. Адæм та сæ qæркæнун нæ ӳахтоj; фæлæ удон тунгдæр qæркæнун бajдудтоj: тæриҕæд нун бакæн, Хijцаӳ, Давiду фурт!

32. Јесо нуллæӳӳди, басiдтi сæм, æмæ сун захта: цу ӳæ qæӳу Мæнæj?

33. Удон Ун захтоj: Хijцаӳ! цæмæj нæ цæстутæj ракæсæм, ӳj.

34. Јесо сун фæтæриҕædкодта, æмæ сун бавнæлта сæ цæстутæм, æмæ удон уцу сахатул сæ цæстутæj ракастустu, æмæ Јæ фæдул ацудустu.

СÆР 21.

1. Æмæ кў æрæввахсvстv Јерусаліммæ, æмæ æрцvдvстv Віффагіамæ, Зетіі дvрҕтv хохмæ, ўæд Јесо арвvста дуўæ ахургæнінадҥсv,

2. Æмæ сvн захта: ацæут раст ўæ разv цv qæў іс урдæм; æмæ ўцv сахатvл ссардзvстут, ум баст хæссæн, æмæ јæмæ ќæлæў, сўадзут сæ, æмæ сæ æркæнут Мæммæ.

3. Æмæ ўн ісчі істv кў зæҕа, ўæд vн зæҕут: адон Хіјцаўv qæўнц; æмæ сæ ўј уцv сахатvл раўатцæні удон.

4. Ај јўўлдæр афтæ ссі, цæмæј сæххæст ўој пæхумпарv дзрдтæ, афтæ чі дзурv:

5. Зæҕут Сіонv чvзгæн: мæнæ, дæ сабvр Патцах æрцæўv дæўмæ, ўарҕ хæссæг хæссæнv ноггўрд ќæлæўл бадгæ. (Ісајаі 62, 11. Зах 9, 9).

6. Ахургæнінæгтæ ацvдvстv, æмæ сvн Јесо кўд захта, афтæ бакодтој.

7. Æркодтој хæссæнv æмæ ќæлæўv, æмæ сvл сæвæрдтој сæ дарæстæ, æмæ Уј сбадті удонvл.

8. Æмæ бірæ адæм сæ дарæстæ тvдтој фæндагўл; јўæј-јўтæ та лvгкодтој бæлæстv ќабузтæ, æмæ сæ калдтој фæндагўл.

9. Јæ разæј æмæ Јæ фæстæ цv адæм цvді, удон qæркодтој: Осанна Давідv фvртæн! арфæгонд у Хіјцаўv номæј цæўæг! Осанна ўоллагонтv æхсæн!

10. Æмæ кў бацvді Јерусаліммæ, ўæд æгас сахар сvзмæлvді æмæ дзvрдтој: Ај чі у?

11. Адæм та дзvрдтој; Ај у Јесо пæхумпар Галілејаг Назаретæј.

12. Æмæ бацvді Јесо Хуцаўv арҕўанмæ æмæ расvрдта арҕўанv мідæгæј ўојгæндҥсvтv æмæ æлхæндҥсvтv æппæтv, æмæ æхцаівдҥсvтæн афæлдæхта сæ фvнгтæ, æмæ бæлæдтv ўојгæндҥсvтæн сæ бандæдтæ.

13. Æмæ сvн дзvрдта: фvст у: Мæ хæдзар кувæндонv хæдзар хўіндзæні; фæлæ јæ смах скодтат æвзæргæнд҄сvтv лæгæт. (Ісајаі 56, 7. Јерем. 7, 11).

14. Æмæ Јæм æрбацvдvстv арҕўанv кўрмvтæ æмæ ќўлvхтæ, æмæ сæ Ўј сдзæбæхкодта.

15. Саўд҄сvнтvхістæртæ та æмæ чінvд҄сvдæснvтæ кў федтој, Уј цv діссæгтæ скодта, удон, æмæ свæллæдтv арҕўанv заргæ æмæ дзургæ: Осанна Давідv Фvртæн! ўæд смæстvстv.

16. Æмæ Ін захтој; qусvс, удон цv дзурvнц, ўј? Јесо сvн захта; ўо! нікў бакастvтут цv: чvсvл æмæ дзідзідај свæллæдтv дзvхæј сæххæсткодтај Дv стаўндзінад? (Псал 8, 3).

17. Æмæ сæ нvўахта, æмæ рацvді сахарæј æдтæмæ Віфаніамæ, æмæ æхсæв ум фæці.

18. Рајсом та кў раздзæхті сахармæ, ўæд Vн сvстонд҄сі.

19. Æмæ федта фæндагмæ хæстæг јў легвіі балас, бацvді јæм, æмæ іл кў ніцv ссардта, æрмæст сvфтæртv једтæмæ, ўæд vн захта: амæј фæстæмæ ма ўæд дæўæј дvрҕ мvккагмæ. Æмæ легвіі бæлас уцv сахатvл бахўсчі.

20. Ај кў федтој ахургæнінæгтæ, ўæд сæм дісфæкасті, æмæ дзvрдтој: леҕвіі бæлас авіпајдv кўд бахўсчі?

21. Јесо та сvн захта дзуап: æцæг ўн зæҕvн: урнvндзінад ўæм кў ўа, æмæ гўрvсхо кў нæ кæнат, ўæд скæндзvстут, легвіі бæласімæ цv конд уді, æрмæст ўј нæ фæлæ ацv хохæн дæр кў зæҕат: схаў æмæ денд҄сvзv бахаў; ўæд сўдзæні.

22. Æмæ цvдæрідтæр ракурат кувvнv ўрнгæјæ, ўј раісцvстут.

23. Æмæ Уј арҕўанмæ кў æрцvді, æмæ кў амvдта, ўæд Æм æрбацvдvстv саўд҄сvнтvхістæртæ æмæ адæмv зæрæдтæ, æмæ Ін захтој: цv бардзінадæј кæнvс Дv адæдтæ? Æмæ Дvн чі радта ахæм бар?

24. Јесо сvн захта дзуап: Æз дæр ўæ бафæрсцvнæн смах јў qўдтагæј, æмæ Мvн умæн дзуап

кў радтат, ўæд ўн Æз дæр зæвдзунæн, адæдтæ цу бардзінадæј кæнун ўј.

25. Јоанн арвўд кæцæј уді: ўæларвæј, æві адæмæј? Æмæ удон qўдукодтој сæхўдтæг сæхі мідæг æмæ дзурдтој: ўæларвæј уді, зæвгæ, кў зæвæм: ўæд нун Ўј зæвдзæні: ўæдæ іл цæјтуххæј нæ баўондудустут?

26. Кæд та афтæ зæвæм: алæмæј уді, ўæд адæмæј тæрсæм, цæмæјдæрідтæр јўўлдæр Јоаннн пæхўмпарул хунцунц.

27. Æмæ захтој дзуап Јесојæн: нæ зонæм. Æмæ сун Ўј дæр захта: ўæдæ ўн Æз дæр нæ зæвдзунæн, цу бардзінадæј кæнун адæдтæ, ўј.

28. Æмæ ўæм кўд кæсу? Јў лæгæн уді дуўæ фурту: æмæ ўј æрбацуді хістæрмæ, æмæ ін захта: мæ фурт! ацу, бакус абон мæ сæндону.

29. Фæлæ ін ўј захта дзуап: нæ мæ фæнду, фæлæ стæј æрфæсмонкодта æмæ ацуді.

30. Æмæ æрбацуді іннæмæ дæр, æмæ умæн дæр захта афтæ. Ўј ін захта дзуап: цæўн, мæ ælдар, фæлæ нæ ацуді.

31. Уцу дуўæјæ кæцу сæххæсткодта јæ фудуфæндон? Удон Ун захтој: хістæр. Јесо сун захта: æцæг ўн зæвун, qалонісдзутæ æмæ хæтдзутæ ўæ футцаг цæўнц Хуцаўу патцахадмæ.

32. Цæмæјдæрідтæр ўæм æрцуді Іоанн, æмæ ўн амудта раст фæндаг, æмæ іл смах нæ баўондудустут; qалонісдзутæ та æмæ хæтдзутæ баўондудудсту ўўл; смах та федтат ўј, æмæ ўјфæстæ дæр нæ æрфæсмонкодтат, цæмæј ўæ баўрна, ўј.

33. Бајqусут æндæр фæсномугнухасмæ: Уді јў чідæр хіцаў, ўј нуццарæста сæндон, æмæ ін јæ алфамблај сбудта каў, æмæ дзу скодта сæндуцæн, æмæ самадта мæсуг, æмæ јæ радта сæндонгæндзутæм, æмæ ацуді.

34. Æмæ кў æрæввахсі дурв æмбурдкæнунн афон, ўæд јæ цавартu арвуста сæндонгæндзутæм, јæ дурвтu æрхæссунн туххæј.

35. Сæндонгæндҥсvтæ æрцахстој ўј цаҕартv, æмæ сæ кæј фæнадтој, кæј амардтој, кæј та дуртæј нvммардтој.
36. Нодҥсvдæр арвvста æндæр цаҕартv, фvтцæгтæј фvлдæр, æмæ ўдонæн дæр афтæ бакодтој.
37. Фæстагмæ сæм арвvста јæ фvртv, æмæ захта: мæ фvртæј ўодтæр фефсæрмv удзvстv.
38. Фæлæ сæндонгæндҥсvтæ кў федтој јæ фvртv, ўæд захтој сæкæрæдзіјæн; ўј јæ бvндарæҕ у; цом, амарæм æј, æмæ ін јæ бvн нæхі бакæнæм.
39. Æмæ јæ æрцахстој, ракодтој јæ сæндонæј æдтæмæ, æмæ јæ амардтој.
40. Æмæ афтæ, сæндонv хіцаў кў æрцæўа, ўæд цv бакæндзæн уцv сæндонгæстæн?
41. Удон Vн захтој: ўцv æвзæргæндҥсvтv фvдмардæј амардзæні, æмæ јæ сæндон ратцæні æндæр сæндонгæндҥсvтæм, јæ афонv ін дvрҕ чі дæдта, ахæмтæм.
42. Јесо сvн захта: смах æппvн нікў бакастvстут міјаг фvстvтv: амајдҥсvтæ цv дур аппæрстој, ўј јæхæдæг фісvнæн јæ сæр ссі; ўј Хіјцаўæј у, æмæ ҥæ цæстvтv раз діссаг у. (Псал. 117, 22, 23).
43. Ўјтvххæј ўн зæҕvн: смахæј іст удзæні Хуцаўv патцахад, æмæ лæвæрд удзæні, јæ дvрҕ чі хæсса, ахæм адæмæн.
44. Æмæ уцv дурvл чі æрхаўа, ўј нvммурўдзæні, фæлæ ўј та кæўл æрхаўа, ўј нvцӥæлкæндзæні.
45. Саўдҥсvнтvхістæртæ æмæ фарісејтæ Јæ фæсномvгнvхæстæ кў феqўстој ўæд бамбæрстој, Ўј удон тvххæј кæј дзvрдта, ўј.
46. Æмæ Јæ агўрдтој æрцахсvнмæ; фæлæ адæмæј тарстvстv, умæн æмæ Јæ пехумпарvл хvхтој.

СÆР 22.

1. Јесо, фæсномvгнvхæстæ кæнгæјæ, захта нодҥсvдæрма удонæн:
2. Ўæлæрвон патцахад, Јæ фvртv тvххæј чvндзæхсав чі скодта, ахæм лæг-патцахv хўзæн у.

3. Æмæ арвѵста јæ цаҕартѵ сідтѵтѵ хонѵнмæ чѵндзæхсæвмæ; æмæ удон арцæўн нæ бафæндѵді.
4. Нодҥсѵ арвѵста æндæр цаҕартѵ æмæ сѵн захта: сідтѵтæн зæҕут: мæнæ æз сіхор сцæдтæкодтон, мæ кусæрдтæ, æмæ тоqўлтæ æргæвст стѵ, цѵдæрідтæр цæдтæ у, æрцæут чѵндзæхсæвѵ мінасмæ.
5. Фæлæ удон нæ бакўмдтој, æмæ ацѵдѵстѵ, чі јæ бѵдѵрмæ, чі та базаркæнѵнмæ.
6. Іннæтæ та ін æрцахстој јæ цаҕартѵ, бафхæрдтој сæ, æмæ сæ амардтој.
7. Патцах ўј кў феqўста, ўæд смæсті; æмæ арвѵста јæ æвсæдтæ, фæцæҕдѵнкодта уцѵ лæгмардҥсѵтѵ, æмæ сѵн сæ сахар басудзѵнкодта.
8. Ўæд захта јæ цаҕартæн: чѵндзæхсæвѵ фѵнг цæдтæ у, фæлæ уцѵ сідтѵтæ аккаг нæ удѵстѵ.
9. Æмæ афтæ ацæут фæндæгтѵ јўкæнæнтæм, æмæ кæј ссарат, удон сеппæтѵдæр æрбакæнут чѵндзæхсæвмæ.
10. Æмæ рацѵдѵстѵ уцѵ цаҕæртæ фæндæгтæм, æрæмбѵрдкодтој, кæј ссардтој удон æппæтѵ, æвзæртѵ дæр æмæ хæрзтѵ дæр; æмæ чѵндзæхсæвѵ фѵнг бајдзадҥсі баддҥсѵтæј.
11. Патцах кў бацѵді баддҥсѵтѵ фенѵнмæ, ўæд дзѵ федта чѵндзæхсæв дарæс кæўл нæ уд, ахæм лæдҥсѵ.
12. Æмæ ін захта: мæ лѵмæн! кўд æрбацѵдтæ дѵ ардæм æнæ чѵндҥсæхсæвѵ дарæстѵ? Фæлæ ўј нѵqqусі.
13. Ўæд патцах захта јæ кўсдҥсѵтæн: сбæттут умæн јæ ќухтæ æмæ јæ ќæхтæ, æкæнут æј, æмæ јæ баппарўт æттагон талѵнгдонмæ: ум удзæні дзѵназѵн æмæ дæндæгтѵ qѵсqѵс.
14. Цæмæјдæрідтæр сідтѵтæ бірæ стѵ, фæлæ æвзæрстѵтæ чѵсѵл.
15. Ўæд фарісејтæ ацѵдѵстѵ, æмæ сфæндкодтој, цæмæј Јæ дзѵрдтæј æрцахсој.
16. Æмæ Јæм æрбарвѵстој сæ ахургæнінæгтѵ іродіантімæ, æмæ Ін удон захтој: Ахургæнæг! мах зонæм, Дѵ раст кæј дæ, æмæ æцæг Хуцаўѵ

фæндаг кæј амонѵс, æмæ зæрдæлхæнæн кæј нікæмæн кæнѵс ўј, цæмæјдæрідтæр лæгмæгæскæ нæ дæ.

17. Æмæ афтæ, зæҕ нѵн: кўд Дæм кæсѵ? Кесарæн ɋалон фідѵн æмбæлѵ, æві нæ?

18. Фæлæ сѵн Јесо базѵдта удонæн сæ хіндзінад, æмæ сѵн захта: цѵ Мæ ќахут цæстмæɋустæ?

19. Равдісут Мæм сом, ɋалон цæмæј фідѵнц, ўј. Удон æрхастој Умæ дінарі.

20. Æмæ сѵн захта: кæј нѵв у ај, æмæ јæ ўолæ кæј ном іс фѵст?

21. Удон Ѵн, захтој: Кесарѵ. Ўæд сѵн захта: ўæдæ дæдтут Кесарон Кесарæн, æмæ Хуцаўон Хуцаўæн.

22. Ўј кў феɋўстој, ўæд сæм дісфæкасті, æмæ Јæ нѵўахтој, æмæ ацѵдѵстѵ.

23. Уцѵ бонѵ Јæм æрбацѵдѵстѵ саддукејтæ, мæрдтѵ рајгас нæ удзæн, чі зæҕѵнц, удон, æмæ Јæ бафарстој:

24. Ахургæнæг! Мојсеј захта: ісчі æнæзæнæгæј кў амæла, ўæд јæ æфсѵмæр ўј ус јæхіцæн ус скæнæд, јæ æфсѵмæрæн цотскæнѵнѵ тѵххæј.

25. Махмæ авд æфсѵмæрѵ уді: æмæ хістæр æрхаста ус, æмæ анæзæнæгæј амарді, æмæ јæ ус нѵўахта јæ æфсѵмæрæн.

26. Афтæ дѵккаг дæр æмæ æртѵккагдæр, сўанг æвдæмѵ онг.

27. Стæј æппæтѵ фæстæ ус дæр амарді.

28. Æмæ афтæ, уцѵ авд æфсѵмæрæј кæј ус удзæні ўј, мæрдтæ кў рајгасој, ўæд? Цæмæјдæрідтæр сеппæтдæр æј усæн дардтој.

29. Јесо сѵн захта дзуап: рæдіут, нæдæр чінѵдҥсѵ фѵст, нæдæр Хуцаўѵ тѵх зонгæјæ.

30. Цæмæјдæрідтæр мæрдтæ кў рајгасўој, ўæд нæдæр ус курдзѵстѵ, нæдæр мојмæ цæўдзѵстѵ, фæлæ цæрдзѵстѵ, Хуцаўѵ Зæдтæ ўæларвѵ кўд цæрѵнц, афтæ.

31. Æмæ мæрдтæ кæј рајгасудзѵстѵ, ўјтѵххæј та нæ бакастѵстут, Хуцаў смахæн цѵ дзурѵ ўј:

32. Æз дæн Авраамѵ Хуцаў, æмæ Исаакѵ Хуцаў, æмæ Јаковѵ Хуцаў? Хуцаў мæрдтѵ Хуцаў нæ, фæлæ æгæстѵ Хуцаў у. (Рац. 3, 6).
33. Адæм ўј кў феqўстој, ўæд дискодтој Јæ амѵнддзінадѵл.
34. Фарісејтæ кў та феqўстој, Јесо садукетѵ дзѵрдæј кæј басаста, ўј, ўæд јўмæ æрæмбѵрдстѵ.
35. Æмæ удонæј јў, дінамонæг, ќахта Уј, æмæ Јæ бафарста:
36. Ахургæнæг! кæцѵ амѵнддзінад стѵлдæр у дінѵ?
37. Јесо ін захта: баўарз дæ Хіјцаў Хуцаўѵ дæ зæрдæ æгасæј, æмæ дæ уд аппæтæј æмæ дæ qўдѵдзінад æгасæј.
38. Аj у фѵтцаг æмæ стѵлдæр амѵнддзінад.
39. Дѵккаг дæр ўј хўзæн у: баўарз дæ хæстæдѡсѵ дæхі хўзæн.
40. Ацѵ дуўæ амѵндзінадѵл лæўунц дін јўўлдæр æмæ пехумпартæ.
41. Æмæ фарісетæ кў æрæмбѵрдстѵ, ўæд сæ бафарста Јесо:
42. Кўд æнqæлстут смах Чѵрѵстіі тѵххæј? кæј Фѵрт у Уј? Удон Ѵн захтој: Давідѵ.
43. Уј сѵн захта: ўæдæ Јæ Давід, Удæј, Хіцаў кўд хонѵ, афтæ дзургæјæ:
44. Захта Хіјцаў Мæ Хіјцаўæн: æрбад Мæ рахісфарсѵрдѵгæј, цалѵммæ Дѵн фæкæнон Дæ знæгтѵ Дæ ќæхтѵ бѵн? (Псал. 109, 1).
45. Æмæ афтæ, кæ дæј Давід Хіјцаў хонѵ, ўæд умæн јæ фѵрт кўд у?
46. Æмæ Ін јў дзѵрд дæр дзуаппæн радтѵн нічі бафæрæста; æмæ Јæ уцѵ бонæј фæстæмæ нічі ўал ўæндѵді фæрсѵн.

СÆР 23.

1. Ўæд Јесо бајдѵдта дзурѵн адæмæн æмæ Јæ ахургæнінæгтæн,
2. Æмæ захта: Мојсеји бадæнѵл æрбадтѵстѵ чінѵдѡсѵдæснѵтæ æмæ фарісетæ;

3. Æмæ афтæ, цу ӳн дарун кæноj, удон jӳӳлдæр дарут æмæ кæнуг; фæлæ сун сæ qӳдтæгту ма фæзмут: цæмæjдæрiдтæр удон дзурунц, фæлæ нæ кæнунц.

4. Бæттунц ӳæззау æмæ зунхæссæн æрҧæмтæ, æмæ сæ æвæрунц адæмæн сæ æккæjту, фæлæ сæм сæхӳдтæг сæ кухту æнгӳлдзтæj дæр нæ æвналунц.

5. Сæ qӳдтæгтæ jӳӳлдæр ӳjтухxæj кæннуц, цæмæj сæ феноj адæм; ӳорæхкæнуц сæ æвæрæндæдтæ, æмæ стулдæркæнуц сæ дарæсу кæрæдтæ.

6. Афтæ дæр ӳарзунц хiстæру бунат мiнасу фунгӳл, æмæ разæj бадун æмӧрдгæнæнту.

7. Æмæ саламдзiнæдтæ нухæсту, цæмæj сæ адæм хоноj: ахургæнæг! ахургæнæг!

8. Фæлæ смах ӳæхi ма хонут: ахургæнджутæ, цæмæjдæрiдтæр смахæн iс jӳ Ахургæнæг, Чурусти; смах та ӳеппæт æфсымæртæ стут;

9. Æмæ зæххул ӳæ фуд дæр ма кæj хонут: цæмæjдæрiдтæр ӳн iс jӳ Фуд, ӳæлæрвту Чi iс, Уj.

10. Æмæ смах ӳæхi амонджутæ ма хонут: цæмæjдæрiдтæр ӳн iс jӳ Амонæг, Чурусти.

11. Смахæj хiстæр чi у, ӳj ӳн кæстæрiӳæггæнæг ӳæд.

12. Цæмæjдæрiдтæр jехi бæрзонд чi кæну, ӳj æрнуллæг удзæнi, æмæ jехi нуллæг чi кæну, ӳj сбæрзонд удзæнi.

13. Мæгӳр ӳæ бон, чiнуджсудæснутæ æмæ фарiсетæ, цæстмæqустæ, ӳæларвон патцахад адæмæн кæj æхкæнут, ӳjтухxæj; цæмæjдæрiдтæр æм ӳæхӳдтæт дæр нæ цæут, æмæ jæм бацæӳн кæj фæнду, удон дæр нæ ӳадзут.

14. Мæгӳр ӳæ бон, чiнуджсудæнустæ æмæ фарiсетæ, цæстмæqустæ, смах iдæдзтæн сæ хæдзæртæ кæj хæрут, æмæ цæстмæ бiрæ кæj кувут, ӳjтухxæj: смах ӳjтухxæj ӳоззаӳ æфхæрд рajсцустут.

15. Мæгӳр ӳæ бон, чiнуджсудæснуræ æмæ фарiсетæ, цæстмæqустæ ӳjтухxæj æмæ смах æрзiлут денджсузул æмæ сурзæххул, цæмæj jӳу ӳæдтæр раздæхункæнат, æмæ jæ кӳ раздæхункæнут,

ўæд æј геениаі фврт кæнут, ўæхіцæј дуўæ хадтв фвдтæр.

16. Мæгўр ўæ бон, кўрм фæтдзвтæ, афтæ чі зæвв: ісчі аргўанæј кў басомвкæна, ўæд ўј ніцв у; фæлæ ісчі арвўанв свзвæрінæј кў басомвкæна, ўæд ўј звлвн у.

17. О, æдвлвтæ æмæ кўрмвтæ! ствлдæр цв у, свзвæрін, æві арвўан, свзвæрінв свбдæггæнæг?

18. Афтæдæр: кувæндонæј ісчі кў басомвкæна, ўæд ўј ніцв у; фæлæ ісчі кў басомвкæна ўўл цв нвсајнаг ўа умæј, ўæд ўј звлвн у.

19. О, æдвлвтæ æмæ кўрмвтæ! ствлдæр цв у, нвсајнаг, æві кувæндон, нвсајнадзв свбдæггæнæг?

20. Æмæ афтæ, кувæндонæј чі сомвкæнв, ўј сомвкæнв умæј æмæ уул цв æвæрд вæјі удон æппæтæј дæр.

21. Æмæ арвўанæј чі сомвкæнв, ўј сомвкæнв умæј æмæ ўј мідæг чі цæрв умæј дæр.

22. Æмæ арвæј чі сомвкæнв, ўј сомвкæнв Хуцаўв бæрзонд бадæнæј, æмæ, іл Чі бадв, умæј дæр.

23. Мæгўр ўæ бон, чінвдзвдæснвтæ æмæ фарісетæ, цæстмæдустæ, біґнајæ, æнісæј, æмæ зірајæ дæсæм хај кæј дæдтут, æмæ дінæн јæ аqазæгтæ, расттæрхондзінад, хорзæхдзінад æмæ ўрнвн кæј нвўахтат ўјтвххæј, ај кæнвн æмбæлді, æмæ ўј нуўадзвн дæр нæ æмбæлді.

24. Кўрм фæтдзвтæ, дзвнгаји фæрсўддзвтæ, æмæ теўајв нвqўрдзвтæ!

25. Мæгўр ўæ бон, чінвдзвдæснвтæ æмæ фарісетæ, цæстмæдустæ, кусв æмæ тæбæвв аттіје кæј свбдæгкæнут, фæлæ мідæгæј та дзаг кæј ств стівндзвнадæј æмæ хæрамдзінадæј ўјтвххæј.

26. Кўрм фарісе! нвссвбдæгкæн фвтцаг кусв æмæ тæбæвв мідæгæј, цæмæј удон æттіје дæр свбдæг ўој.

27. Мæвўр ўæ бон, чінвдзвдæснвтæ æмæ фарісетæ, цæстмæдустæ, смах ўрссæрст зæппædзтв хўзæн кæј стут, кæцвтæ æттіје рæссувд звнвнц, фæлæ мідæгæј та дзаг ств мæрдтв стдзвтæј, æмæ алв æнæсвбдæгадæј.

28. Смах дæр афтæ æттије адæммæ ɜvнут растаў; фæлæ мідæгæј дзаг стуг фæлівvндзінадæј æмæ æнæђдаўдзінадæј.

29. Мæгўр ўæ бон, чінvджvдæснvтæ æмæ фарісетæ, цæстмæqустæ, пæхумпартæн інгæнтæ кæј амајўт æмæ рæстvтæн цvртvтæ кæј аразут, ўјтvххæј,

30. Æмæ дзурут: нæ фvдæлтv бонтv кў удајккам ўæд удонімæ амвæнд пæхумпартv тугкалvнv нæ удајккам.

31. Афтæмæј смах ўæхўдтæг ўæхі тvххæј æвдісæнлæўут, смах пæхумпартv чі фацахтој, удон фvрттæ кæј стут, уўл.

32. Æххæст сæххæсткæнут ўæ фvдæлтv qўдтаг.

33. Кæлмvтæ, æмæ кæлмvтv зæнæг! кўд фервæздзvстут смах геениамæ бакæнvнv тæрхонæј?

34. Ўјтvххæј ўæм, мæнæ, Æз æрвітvн пæхумпартv, æмæ зонджvнтv, æмæ чінvджvдæснvтv; æмæ смах удонæј кæј амардзvстут æмæ бајтvндзvстут, кæј та нæмдзvстут ўæ нvхæстv, æмæ сурдзvстут сахарæј сахармæ;

35. Æмæ ўæ æрvјафæнт растгæнæг Авелv тугæј Захарі Варахііnv фvртv, арђўанæј кувæндонv астæўv кæј амардтат, ўј тудjсv онг, зæххvл раст тугæј цv акалді, удон æппæт.

36. Æцæг ўн зæђvн: адон јўўлдæр æрцæўдзvстv ацv мvккагvл.

37, Јерусалім, Јерусалім, пæхумпартv цæђдæг, æмæ дуртæј дæўмæ рарвvстvтv марæг! цалхадтv Мæ фæндvді æрæмбvрдкæнvн дæ фvрттv, марђ јæ лæппvнтv кўд æрæмбvрдкæнv јæ базvртv бvнv, афтæ, æмæ ўæ нæ бафæндvді!

38. Мæнæ, заји смахæн ўæ хæдзар автідæј.

39. Цæмæјдæрідтæр ўн зæђvн: нал Мæ фендзvстут нvрæј фæстæмæ, цалvммæ сзарат: арфæгонд у Хіцаўv номæј æрцæўæг.

СÆР 24.

1. Æмæ Јесо арӷўанæј рацæўгæје цvдi æмæ Јæм æрбамбvрдстv Јæ ахургæнінæгтæ, цæмæј Ін арӷўанv амадтvтæ фенvнкæноj.

2. Јесо та сvн захта: адон æппæт унут? Ацæг ўн sæӷvн: адон jўўлдæр хæлд удзvстv, дур дурvл кўд нæ ўал баззаја, афтæ.

3. Æмæ Зетіі-хохvл кў бадті, ўæд Æм æрбацvдvстv Јæ ахургæнінæгтæ хібарæj, æмæ Јæ бафарстоj: sæӷ нvн, кæд ўдзæні ўj, æмæ цv нvсан у Дæ æрцæўнæн æмæ афонv фæўнæн?

4. Јесо сvн дзуаппæн захта: ўæхі qaqqæнут, цæмæј ўæ мачі фæсаја.

5. Цæмæjдæрідтæр бірæтæ æрцæўдзvстv Мæ номæj, æмæ дзурдзvстv: æз Чvрvсті дæн; æмæ бірæтv фæсajдзvстv.

6. Афтæдæр феqусцvстут æвсæдтv æмæ хæстvтv ўацqўд. Кæсут, мæ тæрсут: цæмæjдæрідтæр удон æппæтvл сæххæст ўн æмбæлv: фæлæ ўj кæрон нæма у.

7. Цæмæjдæрідтæр сvстцvстv адæм адæмvл, æмæ патцахад патцахадvл, æмæ удзvстv фvдæзтæ, æмæ ранæj рæдтv зæхрізvн.

8. Адон æппæт ўнгæгдзінæдтæн æрмæст сæ рajдajен стv.

9. Ўæд ўæ дæтцvстv фvдæбонкæнvнмæ, æмæ ўæ мардзvстv: æмæ æнæўарзон удзvстут адæм æппæтæн Мæ номv тvххæj.

10. Æмæ ўæд бірæтæ фæрæдіjдзvстv; æмæ сæкæрæдзіj дæтцvстv, æмæ сæкæрæдзімæ фæхæрам удзvстv.

11. Æмæ бірæ мæнг пæхумпартæ сvстцvстv æмæ бірæтv фæфæлівдзvстv.

12. Æмæ, æнæдіндзінадv сарæхv тvххæj, бірæтæн сæ ўарзондзінад сўазал удзæні.

13. Фæлæ кæронмæ чі нvггæдзæкæна, ўj фервæздзæні.

14. Æмæ амӏнд удзæні ацӏ патцахадӏ Евангеліе æгас дунеји, адæм сеппæтæн æвдісæнӏ тӏххæј; æмæ ўæд æрхæтцæудзæні кæрон.

15. Æмæ афтæ, кў фенат сӏӈдæг бӏнатӏл лæўгæ гæнӏстонӏ æвзæрдзінад, пæхумпар Данііл раздæр кæј захта (чі кæса, ўј æмбарæд):

16. Ўæд, Јўдæај чі ўој, удон хæхтæм лідзæнт;

17. Æмæ ўæлхæдзæрдтӏ чі ўа, удон дæлæмæ ма æрцæўæнт, јæ хæдзарæј істӏ ахæссӏнӏ тӏххæј.

18. Æмæ бӏдӏрӏ чі ўа, ўј фæстæмæ ма раздæхæд јæ дзаўматӏ рајсӏнӏ тӏххæј.

19. Ўцӏ бонтӏ мæгўр сӏвæрдӕсӏнтӏ æмæ дзідзідардӕсӏтӏ бон.

20. Кувут, цæмæј ўæ лідзӏн зӏмæгон рæстæдӕсӏ, кæнæ сабатӏ ма æрцæўа.

21. Цæмæјдæрідтæр ўæд удзæні стӏр ўнгæгдзінад, дунæј рајдајнæј нӏрмæ чі нæ уді æмæ чі нæдæр удзæні, ахæм.

22. Æмæ кў нæ сцӏбӏр ўаіккој ўцӏ бонтæ, ўæд јў удгојмаг дæр нæ фервæстаід; фæлæ æвзæрстӏтӏ тӏххæј ўцӏ бонтæ сцӏбӏр удзӏстӏ.

23. Ўæд ўн ісчі кў зæӈа: мæнæ, ам іс Чӏрӏсті, кæнæ ум;—ма ўæ урнæд.

24. Цæмæјдæрідтæр сӏстцӏстӏ мæнгчӏрӏстітæ, æмæ мæнгпехумпартæ, æмæ равдісцӏстӏ стӏр нӏсæнттæ æмæ діссæгтæ, цæмæј фæфæлівој æвзæрстӏтӏ дæр, кў бафæразој ўæд.

25. Мæнæ ўн Æз раздæр захтон.

26. Æмæ ўн кў зæӈој: Уј æдзæрæг ранӏ іс; ма рацæут; мæнæ, Ўј æмбæхст хæдзæртӏ мідæг іс, ўæд ўæ ма баурнæд.

27. Цæмæјдæрідтæр арвӏ ферттӏвд хурскæсæнӏрдӏгæј цæўгæје кўд зӏнӏ сўанг хурнӏгўлæнмæ, адæјмадӕсӏ Фӏртӏ æрцӏд дæр афтæ удзæні.

28. Цæмæјдæрідтæр холӏ кæм ўа, ўм цæргæстæ дæр æрæмбӏрд удзӏстӏ.

29. Æмæ ўајтаӈд, уцӏ ўнгæгдзінадӏ бонтӏ фæстæ, хур баталӏнг удзæні, æмæ мæј нæ ратцæні јæ рухс, æмæ сталӏтæ æрхаўдзӏстӏ арвæј, æмæ ўæларвон тӏхтæ фенќўсдзӏстӏ.

30. Ўæд ф̀æзvндзæні адæјмадћсv Фvртv нvсан арвvл; æмæ ўæд сдзvназдзvстv зæххон мvккæгтæ æппæт, æмæ ф̀ендзvстv адæјмадћсv Фvртv, ўæларвон æврæ̆тvл цæўгæјæ тvхімæ æмæ стvр кадімæ.

31. Æмæ рарвітцæні Јæ Зæдтv қæрæјўасæг ўадvндзімæ, æмæ æрæмбvрдкæндзvстv Јæ æвзæрстvтv цvппар дvмгæјæ, арвæн јæ јў кæронæј јæ іннæ кæронмæ.

32. Леҕвіј бæласæј рајсут бæрæг: умæн јæ ќабузтæ кў сфæлмæн ўој æмæ сvфтæртæ кў раўадзој, ўæд зонут, сæрд хæстæг кæј у, ўј.

33. Афтæ, смах дæр удон јўўлдæр кў ф̀енат, ўæд зонут, хæстæг æмæ дўарv цур кæј і, ўј.

34. Ацæг ўн зæ̆vн: ацv мvккаг нæмæ аівҕўјдзæні, цалvммæ адон æппæт сæххæстој ўалvммæ.

35. Арв æмæ зæхх аівҕўјдзvстv, фæлæ Мæ дзvрдтæ нæ̆ аівҕўјдзvстv.

36. Ўцv бонv æмæ ўцv сахатv нічі зонv, нæдæр ўæларвон Зæдтæ, фæлæ æрмаст јўнæг Мæ Фvд.

37. Фæлæ Нојv бонтv кўд уді, адæјмадћсv Фvртv æрцæўнv дæр афтæ ўдзæні.

38. Цæмæјдæрідтæр донvqајмætv бонтv размæ кўд хордтој, ностој, устvтæ хастој æмæ мојмæ кўд цvдvстv, Ној наўмæ кў бацvді, ўцv бонv онг;

39. Æмæ æнqæл нæ удvстv, цалvммæ донvqајмæт æрцvді æмæ сеппæтv ф̀есæфта, — лæдћсv Фvртv æрцæўн дæр афтæ удзæні.

40. Ўæд дуўæ удзvстv бvдvрv, јў іст удзæні, фæлæ іннæ та баззајдзæні.

41. Дуўæ, æмгўројісдћсvтæј кўрој ф̀vдтæј јў іст удзæні, іннæ та баззајдзæні.

42. Æмæ, афтæ, qæлдзæг ут, цæмæјдæрідтæр, ўæ Хіјцаў кæцv сахатvл æрцæўдзæні, ўј нæ зонут.

43. Фæлæ ўј зонут, хæдзарv хіцаў кў зvдтаід, кæцv сахатvл æрцæўдзæні хуснæг, ўæд qæлдзæг удаід, æмæ нæ баўахтаід јæ хæдзарv фæќахvн.

44. Ўјтvххæј смах дæр цæдтæ ут; цæмæјдæрідтæр, кæцv сахатvл нæ æнqæлўат, æрцæўдзæні адæјмадћсv Фvрт.

45. Чі у æўæнкдҥсvн æмæ хорззонддҥсvн цаҕар, јæ хіцаў кæј нvллæўнкодта јæ кусдҥсvтæн хістæрæн, цæмæј сvн афонv хæрінаг дæдта?
46. Тæхудіаг у ўцv цаҕар, јæ хіцаў æрцæўгæјæ кæј æріјафа афтæ кæнгæ.
47. Æцæг ун зæҕvн: јæ іс æппæтv хіцаў æј нvллæўvн кæндзæні.
48. Фæлæ ўцv цаҕар, æвзæр кў ўа, æмæ кў заҕа јæ зæрдæјі: таҕд нæ æрцæўдзæні мæ хіцаў;
49. Æмæ бајдаја јæ æмбæлдтv нæмvн, хæрvн æмæ ӈўазvн расvггæндҥсvтімæ,
50. Ўæд æрцæўдзæні уцv цаҕарæн јæ хіцаў, ўј æнqæл кæд нæ ўа, ўцv бонv, æмæ јæ зæрдæј цv нæ лæўўа, ўцv сахатv;
51. Æмæ јæ дуўæ діхv акæндзæні, æмæ јæ æмхај скæндзæні цæстмæqустімæ; ум удзæні кæўн æмæ дæндæгтv qvсqvс.

СÆР 25.

1. Ўæд ўæларвон патцахад дæс чvздҥсv хўзæн удзæні, сæ рухсгæнæнтæ чі рајстој, æмæ сіахсv размæ чі рацvдvстv.
2. Удонæј фондз зондҥсvн удvстv, фондз та æдvлvтæ.
3. Æдvлvтæ сістој сæ рухсгæнæнтæ, фæлæ зеті нæ ахастој.
4. Зондҥсvнтæ та рухсгæнæнтімæ ахастој мігæнæнтv мідæг зеті.
5. Æмæ сіахс кў фæфæстіаті, ўæд сæ хуссæг æрцахста, æмæ сеппæтдæр бафvнæјстv.
6. Фæлæ æмбісæхсæвv феqўсті qæр: мæнæ, сіахс æрбацæўv, рацæут vн јæ размæ.
7. Ўæд уцv чvздҥсvтæ сеппæтдæр сvстадvстv, æмæ сæ рухсгæнæнтæ сцæдтæ кодтој.
8. Æмæ æдvлvтæ зондҥсvнтæн захтој: радтут нvн ўæ зетіје, кæннæўæд нæ рухсгæнæнтæ хўссvнц.

9. Фæлæ сын зонджынтæ захтой дзуап: цæмæй мах дæр æмæ смах дæр qўаг ма сўæм, хўздæр у, ацæут ўойгæнджытæм, æмæ балхæнут ўæхіцæн.
10. Æмæ удон æлхæнынмæ кў ацудытын, ўæд æрцуді сіахс, æмæ цæдтæ чі удытын, удон бацудытын ўјімæ чындзæхсæвмæ, æмæ дорттæ сæхкæдтой
11. Стæј æрцудытын іннæ чындзджытæ дæр, æмæ дзырдтой! Хіјцаў! Хіјцаў! дўар нын бакæн.
12. Фæлæ сын ўј захта дзуап: æцæг ўн зæɣын: нæ ўæ зонын.
13. Æмæ афтæ qæлдзæг ут, умæн-æмæ нæ зонут нæдæр бон, нæдæр сахат, адæјмаджы Фырт кæд æрцæўдзæні.
14. Цæмæјдæрідтæр ўј бакæндзæн ўцы лæгаў, æндæр бæстæм цæўгæјæ, јæ цаɣартæм чі басідті, æмæ сын јæ іс чі бафæдзæхста.
15. Æмæ јўæн радта фондз талантын, іннæмæн дуўæ, æртыккагæн јў, алкæмæндæр јæ тыхмæ гæскæјæ: æмæ ўцы сахатыл ацуді.
16. Æмæ фондз талантын чі рајста, ўј ацуді æмæ сæ qўдтагўл бафтыдта, æмæ сæ пајда рајста æндæр фондз талантын.
17. Афтæ дуўæ талантын чі рајста, ўј дæр пајда скодта æндæр дуўæјі.
18. Фæлæ јў талант чі рајста, ўј ацуді, æмæ зæхх скахта, æмæ јæ хіцаўы æвзіст бамбæхста.
19. Бірæ афонын фæстæ раздæхті ўцы цаɣартын хіцаў, æмæ сæ кўрдта дзуап.
20. Æмæ фондз талантын чі рајста, ўј бацуді, æмæ бахаста іннæ фондз талантын дæр, æмæ ін захта: Хіцаў! дын мын радтај фондз талантын, мæнæ сын æз бафтыдтон æндæр фонд талантын.
21. Јæ хіцаў ін захта: Хорз, мæ јўзæрдіон хорз цаɣар! чысылын æўæнкджын удтæ бірæ дын ратцынæн дæ кўхы; бацу дæ хіцаўы ціндзінадмæ.
22. Афтæ дæр æрцуді дуўæ талантын чі рајста ўј, æмæ ін захта: Хіцаў! дын мын радтај дуўæ талантын, мæнæ æз удонын бафтыдтон æндæр дуўæ талантын.

[1]) Талант у дæс мін сомы.

23. Јæ хіцаў ѵн захта: Хорз, мæ јўзæрдіон хорз цаҕар, чѵсѵлѵл æўæнкдҥсѵн удтæ, бірæ дѵн ратцѵнæн дæ ќухѵ, бацу дæ хіцаўѵ ціндзінадмæ.

24. Æмæ јў талант чі рајста, ўјдæр æрбацѵді, æмæ ін захта: Хіцаў! æз зѵдтон, дѵ мæстѵгæр лæг кæј дæ, ўј; кæрдѵс ум, кæм нæ бајтѵдтај, æмæ æмбѵрдкæнѵс ум, кæм нæ акалдтај;

25. Æмæ фæтæрскæјæ ацѵдтæн, æмæ дæ талант бамбæхстон зæххѵ: мæнæ дѵн дæхіон.

26. Јæ хіцаў та ін захта дзуаппæн: хінæјдзаг æмæ зівæггæнæг цаҕар! дѵ, æз кæм нæ бајтѵдтон, ум кæј кæрдѵн, æмæ кæм нæ акалдтон, ум кæј æмбѵрдкæнѵн, кæд ўј зѵдтај;

27. Ўæд дѵл æмбæлді радтѵн мæ æвзіст сæўдæдҥсертæм, æмæ æз æрцæўгæјæ рајстаін мæхіон пајдаімæ.

28. Æмæ афтæ, рајсут умæј талант, æмæ јæ радтут дæс талантѵ кæмæ іс, умæн.

29. Цæмæјдæрідтæр кæмæ іс, умæн лæвæрд удзæні, æмæ іл бафтцæні; фæлæ кæмæ нæј, умæ цѵ іс, ўј дæр умæј іст удзæні;

30. Фæлæ ўцѵ æбæззон цаҕарѵ баппарут æдтагон талѵнгмæ; ум удзæні кæўн æмæ дæндæгтѵ qѵсqѵс. (Ај зæҕгæјæ сqæркодта: qусѵнæн qустæ кæмæн іс, ўј феqусæд!).

31. Æмæ адæјмаддҥсѵ Фѵрт кў æрцæўа, Јæ стѵрадѵ, Јæ сѵҕдæг Зæдтæ æппæтімæ, ўæд æрбатцæні Јæ стѵрадѵ бандонѵл.

32. Æмæ Јæ разѵ æрæмбѵрдўдзѵстѵ адæм æппæтѵ; æмæ сæ ахіцæнкæндзæні кæрæдзіје, фæјаў јæ фѵстѵ кўд ахіцæнкæнѵ сæҕтæј, афтæ.

33. Æмæ нѵллæўўн кæндзæні фѵстѵ Јæ рахісфарсѵрдѵгæј, сæҕтѵ та Јæ галіўфарсѵрдѵгæј.

34. Ўæд зæҕдзæні Патцах Јæ рахісфарсѵрдѵгæј лæўдҥсѵтæн: æрцæут Мæ Фѵдѵ арфæгондтæ! ўæхі бакæнут, дунејі рафæлдісѵнæј ўн цæдтæгонд цѵ патцахад у, ўј.

35. Цæмæјдæрідтæр Мѵн стондҥсѵ уді, æмæ Мѵн смах радтат хæрінаг; дојнѵ Мѵн уді, æмæ Мѵн

смах баназvн кодтат; бæлтцон удтæн, æмæ Мæ ўæхімæ бакодтат.

36. Бæʒнæг удтæн, æмæ Мvн смах дарæс скодтат; рvнчvн удтæн, æмæ мæ смах баскæрстат; талvнгахæстонv удтæн, æмæ Мæм смах арцvдvстут.

37. Ўæд V'н рæстvтæ дзуап зæʒдзvстv: Хіцаў! кæд Дæ фæдтам мах стонгæј, æмæ Дvн кæд бахæрvн кодтам? кæнæ дојніје, æмæ Дvн кæд баназvнкодтам?

38. Кæд Дæ фæдтам бæлтцонæј, æмæ Дæ кæд бакодтам нæхімæ, кæнæ бæʒнæг кæд удтæ, æмæ Дvн дарæс кæд скодтам?

39. Кæд Дæ фæдтам рvнчvнæј, кæнæ талvнгахæстонv, æмæ Дæ кæд баскæрстам?

40. Амæ сvн Патцах зæʒдзæні дзуап: æцæг ўн зæʒvн: кæд смах ај бакўстат Мæ ацv кæстæр æфсмæртæј јўæн, ўæд æј Мæнæн бакўстат.

41. Ўæд Јæ галіўфарсvрдvгæј лæўдзvтæн дæр зæʒдзæні: ацæут Мæнæј, ælʒvстvтæ, æнусон артмæ, хæјрæгæн æмæ јæ зædтæн цædтæʒондмæ!

42. Цæмæјдæрідтæр Мvн стонджv уді, æмæ Мvн смах нæ радтат хæрінаг; дојнv Мvн уді, æмæ Мvн смах нæ баназvнкодтат;

43. Бæлтцон удтæн, æмæ Мæ ўæхімæ нæ бакодтат; бæʒнæг удтæн, æмæ Мvн дарæс не скодтат; рvнчvн æмæ талvнгахæстонv удтæн, æмæ Мæ смах нæ баскæрстат.

44. Ўæд V'н удон дæр зæʒдзvстv дзуап: Хіцаў! кæд Дæ фæдтам стонгæј, кæнæ дојніје, кæнæ бæлтцонæј, кæнæ бæʒнæгæј, кæнæ рvнчvнæј, кæнæ талvнгахæстонv, æмæ Дvн нæ бакўстам?

45. Ўæд сvн зæʒдзæні дзуап: æцæг ўн зæʒvн: кæд смах нæ бакўстат ај ацv чvсvлтæј јўæн, ўæд Мæнæн дæр нæ бакўстат.

46. Æмæ удон ацæўдзvстv анусон qajмæтмæ, фæлæ рæстvтæ та анусон цардмæ.

СÆР 26.

1. Æмæ Јесо ацv дзvрдтæ јўўлдæр кў фæці, ўæд Јæ ахургæнінæгтæн захта:
2. Смах зонут, дуўæ бонv фæстæ Пасха[1]) кæј удзæні, æмæ адæјмадҥсv Фvрт бајтvндзvнæн рард кæј удзæні, ўј.
3. Ўæд æрæмбvрдстv саўдҥсvнтvхістæртæ, æмæ чінvдҥсvдæснvтæ, æмæ адæмv зæрæдтæ саўдҥсvнтvхістæр Кајафаі кæртмæ.
4. Æмæ сфæндкодтој, цæмæј æрцахсој Јесоі сајдæј, æмæ Јæ амарој.
5. Фæлæ дзvрдтој: æрмæст бæрæгбонv нæ, цæмæј адæм ма сvзмæстўој.
6. Æмæ Јесо Віфаніі кў ўді, qотvрдҥсvн Сімонv хæдзарv;
7. Ўæд Æм æрбацvді јў ус, зvнарҕ міронæј дзаг алавастvрv мігæнæнімæ, æмæ Ін æј, Ўј кў бадті, ўæд Јæ сæрvл аўахта.
8. Ўј кў федтој Јæ ахургæгінæгтæ, ўæд сæ qўрqўр ссvді, æмæ захтој: ацv дзæҕæл сæфт цæмæн у?
9. Цæмæјдæрідтæр ацv міронv бірæ арҕvл аўојчvндæўудаід, æмæ јæ бајўæрстудаід мæгўртæн.
10. Фæлæ Јесо ўј бамбæрста, æмæ сvн захта: цæмæн ќўлvмпvкæнут усv? ўј хорз qўдтаг бакодта Мæн тvххæј.
11. Цæмæјдæрідтæр мæгўртæ кæдтæрідтæр смахімæ стv, фæлæ Æз кæдтæрідтæр смахімæ нæ дæн.
12. Ацv міронv Мæ бўарvл аўадзгæје, ўј Мæн сцæдтæкодта нvгæнvнмæ.
13. Æцæг ўн зæҕvн: кæмдæрідтæр амvнд ўа ацv Евангеліе æгас дунеі, ўј кој удзæні, æмæ цv бакодта, ўјдæр.
14. Ўæд умæн јæ дуўæдæс ахургæнінæгтæј јў, Іскаріотаг Јўда чі хўнді, ўј, ацvді саўдҥсvнтvхістæртæм.

---

[1]) Кўадзæн.

15. Æмæ сvн захта: цv мvн ратцvстут, æз ўн Æј кў радтон, ўæд? удон vн нvпоастој дæс-æмæссæдз æвзістv.
16. Æмæ ўцv афонæј фæстæмæ ўј агўрдта æнцон фадат, цæмæј сvн Æј радта.
17. Æнæнqvст дзулхæрæн фvтцаг бонv бацvдvстv Јесомæ Јæ ахургæнінæгтæ, æмæ Ін захтој: кæм нvн амонvс Дæўæн пасха сцæдтæкæнvн̣?
18. Ўј захта: цæўгæут сахармæ ахæм-ахæммæ, æмæ ін зæђут: Ахургæнæг зæђv: Мæ афон æрæввахсі; дæўмæ сæххæсткæндзvнæн пасха Мæ ахургæнінæгтімæ.
19. Ахургæнінæгтæ бакодтој, кўд сvн захта Јесо, афтæ æмæ сцæдтæкодтој пасха.
20. Æмæ кў баізæрі, ўæд Ўј æрбадті јæ дуўадæс ахургæнінæгтімæ.
21. Æмæ удон кў хордтој, ўæд захта: æцæг ўн зæђvн: смахæј јў ратцæн Мæн.
22. Удон ідтæг æрæнќардvстv, æмæ бајдvдтој дзурvн̣ Умæн јўгај: Хіјцаў! æз мiјаг дæн?
23. Ўј сvн захта дзуап: јæ ќух Мемæ чі аўадза цæхдарæнv, ўј Мæ ратцæні.
24. Фæлæ адæјмад̣нсv Фvрт цæўv Ўј тvххæј кўд фvст у, афтæ: фæлæ мæгўр јæ бон ўцv лæгæн, адæјмад̣нсv Фvртv чі ратцæні; хуздæр удаід ўцv лæгæн̣, кў нæ рајгўрдаід.
25. Ўæд Јўда дæр захта: Равві! æз мiјаг дæн? Јесо ін захта: дv захтај.
26. Æ æ удон кў хордтој, ўæд Јесо сіста дзул æмæ арфæракодта, æмæ јæ асаста, æмæ јæ Јæ ахургæнінæгтæн дæдткæјæ захта: ајсут, æмæ хæрут; ај у Мæ бўар.
27. Æмæ рајста нўазæн, æмæ бузнvг зæђгæјæ, радта удонæн, æмæ сvн захта: нўазут амæј ўæ æппæт;
28. Цæмæјдæрідтæр ај у Мæ туг ног æвдvстv, бірæтæн сæ тæріђæдтv нvппарvнv тvххæј калд.
29. Фæлæ ўн зæђvн, кўд нvрæј фæстæмæ нал баназдзvнæн ацv сæнæвсірv дvрђv донæј, ўцv

бонv онг, цалvнмæ нўазон смахімæ ног сæн Мæ Фvдv патцахадv.

30. Æмæ сзаргæјæ ацvдvстv Зетіі дvрҕv хохмæ.

31. Ўæд сvн Јесо захта: ўæ æппæт фæрæдіјдзvстут Мæн тvххæј ацv æхсæв, цæмæјдæрідтæр фvст у: нvббvрсцvнæн фæјаўv, æмæ нvххæліўудзvстv дзудҥсv фvстæ. (Захарі 13, 7).

32. Мæ рајгасv фæстæ та ўл сæмбæлдзvнæн Галілæі.

33. Петр Vн захта дзуап: сеппæтдæр кў фæрæдіој Дæў тvххæј, ўæдтæр æз нікў фæрæдіјдзvнæн.

34. Јесо Ін захта: æцæг дvн зæҕvн: ацv æхсæв, цалvнмæ ўасæг нvўаса, ўалvнмæ Мvл æртæ хаттv бавдісæнкæндзvнæ.

35. Петр Ін захта: Демæ мæн амæлvн кў qæўа, ўæдтæр Дvл æвдісæн нæ бакæндзvнæн. Афтæ дзvрдтој ахургæнінæгтæ сеппæтдæр.

36. Ўј фæстæ æрцvді удонімæ Јесо Гефсіманіа чі хўінv, уцv бvнатмæ, æмæ захта Јæ ахургæнінæгтæн: абадут ам, цалvнмæ Æз ацæўон, æмæ ум скувон, ўалvнмæ.

37. Æмæ Јæмæ акодта Петрv æмæ Зеведеі дуўæ фvртv, æмæ бајдvдта qvнцvмкæнvн æмæ ўнгæгкæнvн.

38. Ўæд сvн захта Јесо: мæ уд мæлæтvўнгæгкæнv; фæлæўут ам, æмæ qæлдзæгут Мемæ.

39. Æмæ јўчvсvл ахіцæні, æрхаўдта дæлгоммæ, æмæ кувгæјæ дзvрдта: О, Мæ Фvд! кæд сўдзæні, ўæд аіртæсæд Мæнæј ацv нўазæн; æрмæст Мæн кўд фæндv афтæ нæ, фæлæ Дæў кўд фæндv, афтæ.

40. Æмæ æрцvді Јæ ахургæнінæгтæм æмæ сæ хўскæјæ ссардта, æмæ захта Петрæн: афтæ нæ бафæрæстат смах qæлдзæг фæўн Мемæ јў сахат дæр?

41. Qæлдзæгут æмæ кувут, цæмæј ма бахаўат фvдæвзарæнv: Уд цæрдæг у, фæлæ бўар та æнæqару у.

42, Нодҥсv дvккаг хат ацvді, æмæ кувгæјæ, дзvрдта: О, Мæ Фvд! кæд ацv нўазæн Мæнæј нæ

аіртæсцæні, Æз æј цæмæј нæ баназон; ўæд Дæў кўд фæндv, афтæ фод.

43. Æмæ сæм æрцvді, æмæ та сæ ноӈсvдæр хўскæјæ ссардта; умæн-æмæ сæ цæстvтæ хўссæгæј æрўоззаўvстv.

44. Æмæ сæ нvўахта. æмæ ацvді ноӈсv, æмæ æртvкӄаг хат кўвдта, ўцv дзvрдтæ та дзургæјæ.

45. Ўæд æрцvді Јæ ахургæнінæгтæм æмæ сvн захта: смах ноӈсv хўссут æмæ æнцадvстут; мæнæ, æрхæтцæ сахат, æмæ адæјмаӈсv Фvрт лæвæрд удзæні тæріӈæдӈсvнтv кухтæм.

46. Сvстут, цæўом, мæнæ æрхæтцæ іс Мæ дæдтæг.

47. Æмæ ма ўј кўд дзvрдта, афтæ æрхæтцæ Јўда, Јæ дуўадæс ахургæнінæгтæј јў, æмæ ўјімæ бірæ адæм цvрӈæгтімæ æмæ міхтімæ саўӈсvнтvхістæртæј æмæ адæмv хістæртæј.

48. Умæн јæ дæдтæг радта удонæн нvсан, æмæ сvн захта: æз кæмæн аӈакæнон, Уј у, æмæ јў Æј æрцахсут.

49. Æмæ ўцv сахатvл бацvді Јесомæ, æмæ Ін захта: дзæбæх дæ, Равві! æмæ Ін аӈакодта.

50. Јесо та ін захта: мæ лvмæн! цæј тvххæј дæ ам? Ўæд бацvдvстv Јесомæ, æмæ Јæм бавнæлдтој æмæ Јæ ракодтој.

51. Æмæ мæнæ, Јесоімæ чі удvстv, удонæј јў февнæлдта, æмæ фелвæста јæ кард, æмæ раўолæкодта, æмæ дзv нvтцафта саўӈсvнтvхістæрv цаӈарv, æмæ ін јæ qус ахаўнкодта.

52. Ўæд vн Јесо захта: нvтѓvс дæ кард јæ бvнатv, цæмæјдæрідтæр цvрӈаг сісӈсvтæ æппæт цvрӈагæј фесæфцvстv.

53. Æві афтæ æнqæл дæ мијаг, Æз нvр мæ Фvдæј кў ракурін, ўæд Мvн Уј дуўадæс леӈіонæј фvлдæрдæр зæдтæ нæ æрæрвітід?

54. Ўæд кўд сæххæст удзvстv чінvӈсvфvст дзvрдтæ, афтæ кæј æмбæлv, ўј?

55. Ўцv сахатvл Јесо захта адæмæн: цvма æвзæргæнæгмæ рацvдvстут смах цvрӈæгтімæ æмæ міхтімæ, Мæн æрцахсvнмæ; алæбон смахімæ бад-

тæн Æз, æмæ ўн амvдтон арђўанv мідæг, фæлæ Мæ смах нæ ахстат.

56. Адон јўўлдæр афтæ æрцvдvстv, цæмæј сæх-хастўој пæхумпартv фvстvтæ. Ўæд Æј Јæ ахўр-гæнінæгтæ нvўахтој, æмæ фæлvђдvстv.

57. Æмæ Јесоі Јæ æрцахсдҥсvтæ акодтој саў-дҥсvнтvхістæр Каіафмæ, кæдæм æрæмбvрдстv чінvдҥсvдæснvтæ æмæ зæрæдтæ.

58. Петр та цvді Умæн Јæ фæдvл дæрдцæф саўдҥсvнтvхістæрv кæртv онг; æмæ кæртмæ ба-цvді, æмæ æрбадті кусдҥсvтімæ, цæмæј фена цv фæўдзæні, ўј.

59. Саўдҥсvнтvхістæртæ æмæ зæрæдтæ æмæ Сінедріон [1] æппæт агўрдтој мæнгæвдісæндзі-нæдтæ Јесоіл, цæмæј Јæ радтој мæлæтмæ.

60. Фæлæ нæ ардтој; æмæ кæд бірæ мæнг-æвдісæнтæ æрцvдvстv, ўæдтæр не ссардтој. Фæлæ фæстагмæ, æрцvдvстv дуўæ мæнгæвдісæнv,

61. Æмæ захтој: Уј дзvрдта: мæнæн Мæ бон у Хуцаўv арђўан фехалvн, æмæ Јæ æртæ бонмæ самаін.

62. Æмæ саўдҥсvнтvхістæр сvстаді, æмæ Ін захта: цæўлнæ істv дзуап дæдтvс? Удон Дvл комдзог цæмæј цæўнц, уўл?

63. Јесо ніцv дзvрдта. Æмæ ін саўдҥсvнтvхі-стæр захта: сомv Дvн кæнvнкæнvн агас Хуцаўæј, зæђ мvн: Дv мijаг дæ Чvрvсті, Хуцаўv Фvрт!

64. Јесо ін захта: дv захтај; фæлæ ма ўн зæђvн: нvрæј фæстæмæ фендзvстут адæјмадҥсv Фvртv тvхv рахісфарсvрдvгæј бадгæ, æмæ æрвтv æврађўл æрцæўгæ.

65. Ўæд саўдҥсvнтvхістæр аскўдтæкодта јæ да-рæстæ, æмæ захта: Ај Хуцаўv фаўv! цæмæн ма нæ qæўv æвдісæнтæ? мæнæ нvр смах феqўстат Хуцаўv кæј фаўv, ўј.

66. Кўд ўæм кæсv ај? Удон vн захтој дзуап: мæлæтv аккаг у.

---

[1]) Сæрон тæрхондон

67. Ўæд Vн јæ цæскомvл тутæкодтој, æмæ Ін Јæ qустæ івæстој, јўæј-јўтæ та Ін Јæ æхсæрфæрстæ ґvтдюvтæкодтој,

68. Æмæ Ін дзvрдтој: базон, Чvрvсті, чі дæ нvццафта?

69. Петр та бадті æдтеје кæртv; æмæ јæм æрбаўаді јў фæсцæўін, æмæ ін захта: дv дæр удтæ Галілејаг Јесоімæ.

70. Фæлæ іл ўј æвдісæнбакодта æппæтv раз, æмæ захта: нæ зонvн, дv цv дзурvс, ўј.

71. Æмæ ўј дўарv æдтеје кў рацæјцvді, ўæд æј æндæр федта, æмæ захта, ум чі удvстv удонæн: аj дæр Назарејаг Јесоімæ уді.

72. Æмæ іл Ўј ноднсvдæр æвдісæнбакодта сомvгæнгæјæ, уцv лæдюv кæј нæ зонv, ўјтvххæј.

73. Јўччvл фæстæдæр ум чі лæўўді, удон æрбацvдvстv, æмæ захтој Петрæн: дv дæр бæлвvрд удонæј дæ, дæ нvхасæј дæр бæрæг дæ.

74. Ўæд ўј сомvкæнvн æмæ ардхæрvн бајдvдта, уцv лæдюv кæј нæ зонv, ўјтvххæј. Æмæ ўајтаґд ўасæг нvўасvді.

75. Æмæ æрæмvсvді Петр, Јесо ін цv дзvрд захта, ўј: цалvнмæ ўасæг нvўаса, ўалvммæ Мvл æртæ хаттv æвдісæнбкæндзvнæ. Æмæ рацvді æдтæмæ, æмæ дзvназгæје кўдта.

СÆР 27.

1. Æмæ кў сбоні, ўæд саўдюvнтvхістæртæ æмæ адæмv зæрæдтæ сеппæт фæндскодтој Јесоі тvххæј, цæмæј Јæ радтој марvнмæ.

2. Æмæ Јæ сбастој, æмæ Јæ акодтој, æмæ Јæ радтој бæстvхіцаў Понтv Пілатмæ.

3. Ўæд, Јæ радтæг, Јўда, тærхонгочд кæј фæці, ўј фенгæјæ, æрфæсмонкодта, æмæ фæстæме æрхаста дæс-æмæ-ссæдз æвзістv саўдюvнтvхістæртæм æмæ зæрæдтæм,

4. Зæҕгæјæ: æз тæріҕæд ракодтон, æнæазvм туг кæј радтон, умæј. Фæлæ ін удон захтој: махæн умæј цv у? дæхæдæг кæс.

5. Æмæ аппæрста æвзістæхца арҕўанv, рацvді æмæ ацvді, æмæ јæхі æрцаўхта.

6. Саўдҗсvнтvхістæртæ сістој ўцv æвзістvтæ, æмæ захтој: арҕўанv хæзнадонv сæ цæвæрvн нæ æмбæлv, умæн-æмæ тудҗсv арҕ стv.

7. Фæлæ сфæндкодтој, æмæ сæ балхæдтој дурvнгæнæгæј зæхх, бæлтцæдтv нvгæнvнv тvххæј.

8. Æмæ ўјтvххæј ўцv зæхх тудҗсv зæхх хўінv абонv онг.

9. Ўæд сæххæсті пæхумпар Јереміаі дзvрд, афтæ чі зæҕv: æмæ рајстој дæс-æмæ-ссæдз æвзістv арҕгондv арҕ, кæцvјæн арҕ скодтој Ізрајлv фvрттæ,

10. Æмæ сæ радтој дурvнгæнæдҗсv зæххvл, кўд мvн ўј ссæргомкодта Хіјцаў.

11. Јесо та нvллæўўді бæстvхіцаўv раз. Æмæ Јæ бафарста бæстvхіцаў: Дv Јўдеаг патцах дæ? Јесо ін захта: дv зæҕvс.

12. Æмæ Јæ зvлvн кў кодтој саўдҗсvнтvхістæртæ æмæ адæмv зæрæдтæ; ўæд Уј ніцv дзуап лæвæрдта.

13. Ўæд Vн Пілат захта: нæ qусvс, цас Дæ зvлvн кæнvнц?

14. Æмæ ін дзуап нæ радта јў дзvрдvл дæр, бæстvхіцаў ідтæг діс кўд кодта, афтæ.

15. Æмæ бæрæгбон Пасхаі тvххæј бæстvхіцаўмæ æҕдаў уді аўадзvн ахæстvтæј јўv, адæмv кæцvі бафæндvдаід, ўј.

16. Ўæд уді удонмæ бæрæг ахæст, јæ ном Варавва.

17. Æмæ удон кў æрæмбvрдvстv, ўæд сæ Пілат бафарста: кўд ўæ фæндv, ацv дуўæјæ ўн æз кæј аўадзоҥ: Вараввæј, æві Јесоі, Чvрvсті чі хўјнv, Ўј?

18. Цæмæјдæрідтæр зvдта, хæлæгæј Јæ кæј радтој, ўј.

19. Æмæ уј тæрхонv бvнатvл кў бадті, ўæд Æм јæ ус арвvста зæҕvнмæ: ма цv ракæн уцv растæн;

цæмæjдæрiдтæр æз нvр фvнv бiрæ фæqiамæткодтон Уj тvххæj.

20. Фæлæ саўдзvнтvхiстæртæ æмæ зæрæдтæ сардvдтоj адæмv, Вараввæj ракурvн, Jесоi та фесафvн.

21. Ўæд сæ бæстvхiцаў бафарста: ацv дуўæjе ўæ кацvi раўадзvн фæндv? Удон vн захтоj: Вараввæi.

22. Пiлат сvн захта: æмæ ўæдæ Jесо, Чvрvстi чi хўiнv, Уjiмæ цv кæнон? Удон vн сеппæт захтоj: дзўарvл тvɮд фæўæд.

23. Бæстvхiцаў захта: цv æвзæр ракодта Уj? Фæлæ удон iдтæгдæр qæркодтоj: дзўарvл тvɮд фæўæд!

24. Пiлат кў федта, кæj нiцv aqaз у, фæлæ qæлæба стvлдæр кæj кæнv ўj, ўæд рajста дон, цæхсадта jæ кухтæ адæмv раз, æмæ захта: æз аххосдзvн нæ дæн ацv растv туджv, ўæхўдтæг фендзvстут.

25. Æмæ адæм æппæт захтоj умæн дзуап: Jæ туг маxvл æмæ нæ зæнæгўл æрцæўæд.

26. Ўæд сvн аўахта Вараввæi, Jесоi та фæнадта, æмæ jæ радта удонæн дзўарvл бajтvндзvнмæ.

27. Ўæд бæстvхiцаўv æвсæдтæ акодтоj Jесоi преторiаi тæрхондонмæ, æмæ iл æрæмбvрдкодтоj æгас æвсад.

28. Æмæ Jæ сбæɮнæгкодтоj, æмæ Iл сvрх дарæс скодтоj.

29. Æмæ сбvдтоj сvндзvтæj худ, æмæ Iн ўj Jæ сæрvл нvккодтоj, æмæ Iн Jæ рахiс кухv радтоj лæдзæг, æмæ Jæ разv сæ зонгўтvл лæўгæje, æлɮvстоj Уj, дзургæje: цiнкæн Jўдеаг патцах!

30. Æмæ Iл тутæгæнгæjæ, лæдзæг рajстоj, æмæ Iн Jæ сæр надтоj.

31. Æмæ Jæ кў фелɮvстоj, ўæд Vн раластоj Jæ сvрх дарæс, æмæ Iл скодтоj Jæхi дарæстæ, æмæ Jæ акодтоj бajтvндзvнмæ.

32. Æмæ кў рацvдvстv, ўæд сæмбæлдvстv jў Кiрiнеагўл, jæ ном Сiмон кæмæн хўнди, ўўл; умæн ахæссvнкодтоj Уj дзўар.

33. Æмæ кӳ æрцvдvстv, jӳ бvнатмæ, кæцv хӳінv Голгофа, ома Нvхv бvнат,
34. Уæд V'н радтоj нӳазvнæн мастімæ хæтцæгонд дзмарі, æмæ jæ фенгæje, нæ бакӳмдта нӳазvн.
35. Jæ тvндзджvтæ та хæлдтæ æппаргæjæ, ӳæрстоj Jæ дарæстæ;
36. Æмæ ум бадгæjæ, qaqqædтоj Уj.
37. Æмæ Ін Jæ сæрмæ сæвæрдтоj Jæ аххосv фvст: Aj у Jесо, Jӳдеаг Патцах.
38. Ӳæд Уjімæ дзӳарvл бajтvхтоj дуӳæ æвзæргæнæджv, jӳv Jæ рахісфарсvрдvгæj, іннæі та Jæ галіӳфарсvрдvгæj.
39. Æмæ Jæ цуртv цæӳджvтæ æлӷvстоj Уj, сæ сæртæ тілгæjæ,
40. Æмæ дзургæjæ: арӷӳан халæг æмæ Jæ æртæ бонмæ амajег! Дæхæдæг Дæхі фервæзvнкæн. Кæд Дv Хуцаӳv фvрт дæ, ӳæд дзӳарæj рахіз.
41. Афтæдæр саӳджvнтvхістæртæ чінvджvдæснvтімæ æмæ зæрæдтімæ, худгæje дзvрдтоj:
42. Іннæтv ірвæзvнкодта, фæлæ Jæхі фервæзvнкæнvн нæ фæразv. Кæд Уj Ізраілæгтv Патцах у, ӳæд нvр рахізæд дзӳарæj, æмæ нæ баӳрндзæні Уj.
43. Хуцаӳæj нvфсджvн уді, ӳæдæ Jæ нvр фервæзvнкæнæд, кæд V'н ӳарзон у, ӳæд. Цæмæjдæрідтæр Уj захта: Æз Хуцаӳv Фvрт дæн.
44. Jæмæ тvӷд цv æвзæргæнджvтæ уді, удон дæр V'н æвзæр дзvрдтоj.
45. Æмæ æхсæзæм сахатæj талvнг ссі зæхх аппæтvл фарæстæм сахатмæ.
46. Фарæстæм сахатмæ æввахс та сqæркодта Jесо тvнг qæлæсæj: Ілі, Ілі! лама савахфæні? цæвідтон: О, Мæ Хуцаӳ! цæмæн Мæ нvӳахтај Дv?
47. Ум чі лæӳӳді, удонæj jӳæj-jӳтæ, ӳj феqускæje дзvрдтоj: Уj Іліамæ сідv.
48. Æмæ ӳцv сахатvл удонæj jӳ азӷордта, рajста скæлладсæрфæн, æмæ jæ бajдзагкодта дзмаріje, æмæ jæ лæдзæгvл бакодта, æмæ Ін æj лæвæрдта нӳазvнæн.

49. Фæлæ іннæтæ дзvрдтоj: фæлæў; фенæм, кæдтæра Jем Іліа фервæзvнкæнvнмæ æрцæўдзæн.
50. Фæлæ Jесо ноӈсvдæр сqæркодта тvнг qæрæj æмæ Jæ уд сіста.
51. Æмæ мæнæ, арӈўанv мідæгæмбæрзæн дуўæдіхv фæці jæ сæрæj jæ бvнмæ; æмæ зæхх сæнкўсті; æмæ кæдзæхтæ фехæлдvстv.
52. Æмæ інгæнтæ бajгомстv; æмæ бірæ сvӈдæг мæрдтv бўæрттæ рajгасvстv.
53. Æмæ інгæнтæj рацæўгæje, Уj рajгасv фæстæ, бацvдvстv сvӈдæг сахармæ, æмæ бірæтæм рarгомvстv.
54. Фондзссæдзv хіцаў та, æмæ ўjімæ чі qaqqæдтоj Jесоі, зæххv æнкўст æмæ цv æрцvді, ўj jўўлдæр фенгæje, ідтæг фæтарстvстv, æмæ дзvрдтоj: бæлвvрд уді Уj Хуцаўv Фvрт.
55. Ум удvстv афтæдæр, æмæ дæрдцæфæj кастvстv бірæ устvтæ, Гæпілеаje Jсоjен Jæ фæдvл чі рацvдvстv, æмæ Ін чі кўстоj.
56. Удон æхсæнv уді Магдалінаг Маріа, Jаковv æмæ Jociai мад Маріа, æмæ Зеведеі фvрттv мад.
57. Æмæ кў æрvзæрі, ўæд æрцvді jў qæздvг лæг Арімафеje, jæ ном Jосіф, Jесомæ чі ахўркодта ахæм.
58. Уj Пілатмæ бацvді, æмæ дзv кўрдта Jесоі бўар. Ўæд vн Пілат радтvнкодта бўарv.
59. Jосіф рajста бўар, æмæ jæ батvхта ног кæдтагæj.
60. Æмæ jæ цæвæрдта jæхі ног зæппадзv, кæдзæхv мідæг кæj скахта, ум; æмæ ўцv зæппадзv дўармæ стvр дур æрбатулгæje, ацvді.
61. Ум удvстv Магдалінаг Маріа æмæ іннæ Маріа дæр æмæ зæппадзv комкоммæ бадтvстv.
62. Іннæбон, majрæнбонv фæстæ чі вæjv, æрæмбvрдvстv саўдзvнтvхістæртæ æмæ фарісетæ Пілатмæ.
63. Æмæ ін захтоj: нæ хіцаў! мах æрæмvсvдvстæм, ўцv фæлівæг æгас кў уді, ўæд захта; æртæ бонv фæстæ рajгасудзvнæн.

64. Æмæ афтæ, баqаqqæнvнкæн сæппадз æртvккаг бонмæ, цæмæj Умæн Je ахургæнінæгтæ æхсæвvгон ма арцæўоj æмæ Je ма адавоj, æмæ ма сæҕоj адæмæн: мæрдтæj рajгасі. Æмæ фæстаг сајд фvтцагонæj фvдтæр фæўдзæні.

65. Пілат сvн захта: qаqqæнджvтæ ўæм іс, цæўгæут æмæ Je кўд зонут, афтæ qаqqæнут.

66. Удон ацvдvстv, æмæ сæппадзv цур нvллæўўнкодтоj qаqqæнджvтv, æмæ дурvл мvхўр сæвæрдтоj.

СÆР 28.

1. Сабатбон кў аівҕўдта, ўæд кўрійен јæ фvтцагбон бонvвајенv æрцvді Магдалінаг Маріа æмæ іннæ Маріа сæппадзv унvнмæ.

2. Æмæ мæнæ, сæхх тvнг нvррvсті; цæмæjдæрідтæр Хіjцаўv Зæд, ўæларвæj æрцæўгæjæ, æрбацvді æмæ афæлдæхта дур сæппадзv дўарæj, æмæ іл бадті.

3. Јæ хўз уді æрдтівvнаў, æмæ јæ дарæс уді мітаў ўрс.

4. Умæj фæтæрскæje, срvстvстv qаqqæнджvтæ, æмæ мардаў фестv.

5. Зæд та рајдvдта дзурvн устvтæн, æмæ сvн захта: ма тæрсут, цæмæjдæрідтæр Æз зонvн, смах дзўарvл тvҕд Јесоі кæj агурут, ўj.

6. Уj ам нæj, Уj рајгасі, кўд захта, афтæ. Æрбацæут, æмæ фенут, Хіjцаў кæм æвæрд уді, ўцv бvнат.

7. Æмæ ацæут таҕд, æмæ зæҕут Јæ ахургæнінæгтæн, Уj мæрдтæj кæj раігасі æмæ ўл Галілеаі кæj сæмбæлдзæн, ўj; ум Æj фендзvстут. Мæнæ ўн, æз захтон.

8. Удон. зæппадзæj таҕд рацæўгæje, тæрскæje æмæ ідтæг цінгæнгæje, азҕордтоj Јæ ахургæнінæгтæн феqусvнкæнvнмæ.

9. Æмæ удон кў фæцæjцvдvстv Јæ ахўргæнінæгтæн феqусvнкæнvнмæ, ўæд сvл, мæнæ Јесо

сæмбæлді, æмæ сvн захта: цінкæнут! Удон Æм æрбацvдvстv, æмæ Ін Јæ ќæхтvл нvххæцvдvстv, æмæ Ің бакўвтој.

10. Ўæд сvн Јесо захта: ма тæрсут; ацæут, æмæ мæ афсvмæртæн феqусvнкæнут, цæмæј удон Галілеамæ ацæўој, æмæ Мæ ум фендзvстv.

11. Æмæ удон кў фæцæјцvдvстv, ўæд qaqqæнднсvтæј јўæј-јўтæ бацvдvстv сахармæ, æмæ захтој саўднсvнтvхістæртæн, цv æрцvді удон јўўлдæр.

12. Æмæ удон æрæмбvрдvстv зæрæдтімæ, сфæндкодтој, æмæ дзæвгар æхца радтој æвсæдтонтæн.

13. Æмæ сvн захтој: зæђут, Јæ ахургæнінæгтæ æхсæвvгон æрцvдvстv, æмæ Јæ адавтој, мах кў бафvнæјстæм, ўæд.

14. Æмæ ацv ўацqўд бæстvхіцаўмæ кў бајqўса, ўæд vн мах бæлæхстæкæндзvстæм, æмæ ўæ зіанæј фæрвæзvнкæндзvстæм.

15. Удон рајстој æхца, æмæ сvн кўд бацамдтој, афтæ бакодтој. Æмæ ајqўсті ацv дзvрд Јўдетv æхсæн абонv онг дæр.

16. Јўæндæс ахургæнінæднсv та ацvдvстv Галілеамæ, цv хохмæ сvн захта Јесо, урдæм.

17. Æмæ Јæ кў федтој, ўæд Vн бакўвтој; јўæј-јўтæ та сæ сгўрvсхостv.

18. Æмæ сæм Јесо ќў баввахсі, ўæд сvн захта: лæвæрд Мvн у алv бар ўæларвvл æмæ зæххvл.

19. Æмæ афтæ, æцæут, æмæ бацамонут алv адæмæн, æмæ сvл арђаут Фvдv, æмæ Фvртv, æмæ Сvђдæг Удv номæј.

20. Æмæ сvн бацамонут, Æз ўн цv баунаффæкодтон удон јўўлдæр æвæрvн; æмæ мæнæ, Æз смахімæ дæн алvбон дунеј фæўнмæ. Амін.

МАРКÆJ

СVҒДÆГ ЕВАНГЕЛІЕ.

СÆР 1.

1. Јесо Чvрvстіі, Хуцаўv Фvртv, Евангелійен jæ рajдajен,
2. Пæхумпартæм фvст кўд у мæнæ: Æз æрвітvн Мæ Зædv Дæ цæскомv размæ, кæцv Дvн сцæдтækæндзæні Дæ фæндаг Дæ размæ. (Малахіа 3, 1.)
3. Qæргæнæдѣv qæлæс ædзæрæгранv: сцæдтæкæнут Хіцаўæн фæндæг, Jæ цæўæнтæ Ін срасткæнут. (Icaiai 40, 3.)
4. Ærцvдi Joанн, донæj арҒўдта ædзæрæгранv, æмæ амvдта фæсмондзінадv арҒўд, тæріҕædтv нvпбарvнv тvххæj.
5. Æмæ jæм цvдvстv Jўдеаг бæстæ æппæтæj æмæ Jерусалімæгтæ, æмæ арҒўдтоj умæj сеппæт Jорданv цæўгædонv, сæ тæріҕædтæ æргомгæнгæjæ.
6. Æмæ Joанн дардта дарæс теўai qўнæj æмæ jæ астæўл гæрзрон, æмæ хордта акрідітæ æмæ æттагон мvд.
7. Æмæ амонгæjæ дзvрдта: Мæ фædvл цæўv мæнæj тvхдѣсvндæр, æз аккаг Кæмæн нæ дæн, æргўбvргæнгæjæ Jæ дзабvртv бос сvхалvн.
8. Æз ўл арҒўдтон донæj, Уj та ўл арҒаўдзæні СvҒдæг Удæj.
9. Æмæ ўцv бонтv æрцvдi Јесо Галілеаг Назаретæj, æмæ сарҒўдта Joаннæj Jорданv.
10. Æмæ донæj кў сцæjсхvстi, ўæд Joанн федта арв гомæj æмæ Удv, æхсінæдѣv хўзæнæj, Уўл æрцæўгæjæ.

11. Æмæ qæлæс уди ўоларвæj: Дv Мæ ўарзон Фvрт дæ, Мæ хорзфæндон кæмæ ic, Уj.
12. Ўj фæстæ Jæ ўajтаŋд Уд акодта æдзæрæгранмæ.
13. Æмæ уди ум æдзæрæгранv дуўjссæдз бонv, æмæ Jæ ќахта сajтан, æмæ уди cvрдтiмæ. Æмæ Iн Зæдтæ кæстæрjўогкодтоj.
14. Ўj фæстæ, Joаннv кў бакодтоj ахæстонv, ўæд æрцvди J e c o Галiлеамæ, æмæ амонvн бajдvдта Хуцаўv патцахадv Евангелiе.
15. Æмæ дзvрта: афон сæххæсти, æмæ Хуцаўv патцахад æрхæстæдзсi: æрфæсмонкæнут, æмæ ўæ урнæд Евангелiе.
16. Æмæ Галiлеаг денджсvзv бvлvл кў фæцæjцvди, ўæд федта Сiмонv æмæ jæ æфсvмæр Андреi, сæ хvзтæ денджсvзмæ æппаргæje, цæмæjдæрiдтæр кæфахсджсvтæ удvстv.
17. Æмæ cvн захта J e c o: рацæут Мæ фæдvл, æмæ ўæ Æз адæмv ахсджсvтæ скæндзvнæн.
18. Æмæ удон ўцv сахатv нvўахтоj сæ хvзтæ, æмæ ацvдvстv Jæ фæдvл.
19. Æмæ урдvгæj jўччсvл кў ajвŋўдта, ўæд федта Зеведej-фvрт Jаковv, æмæ jæ æфсvмæр Joаннv, удонv дæр бæлæŋv сæ хvзтæ æмпузгæjæ;
20. Æмæ сæм уцv сахат басiдтi. Æмæ удон нvўахтоj сæ фvд Зеведеji бæлæŋv кусджсvтiмæ æмæ ацvдvстv Jæ фæдvл.
21. Æмæ æрцvдvстv Капернаummæ; æмæ ўajтаŋд сабатv бацvди Уj æмбvрдгæнæнмæ, æмæ ахуркодта.
22. Æмæ дiскодтоj Jæ амvндзiнадvл, цæмæjдæрiдтæр cvн Уj чiнvджсvдæснvтаў нæ, фæлæ барджсvнаў амvдта.
23. Æмæ сæ æмбvрдгæнæнv уди æнæзаŋiнаг удæj ахст лæг, æмæ cqæрдкодта:
24. Нvўадз, цv Дæ qæўv махæj, Назареаг J e c o? Дv нæ фесафvнмæ æрцvдтæ! Зонvн Дæ, Дv чi дæ, Хуцаўv Cvŋдæг.
25. Фæлæ jæ J e c o банцаiнкодта, æмæ iн захта: банцаj, æмæ рацу умæj.

26. Ўæд æнæзæђінаг уд іттæг нvрізvнкодта ўј, æмæ тvнг qæрæј сqæргæнгæјæ, рацvді умæј.
27. Æмæ сеппæтдæр фæтарстvстv, афтæ æмæ сæ кæрæдзіј фарстој: ај цv у? æмæ цv ног амvнддзінад у, Уј хæјрæдҥсvтæн дæр Јæ тvхæј кў унаффæкæнv, æмæ удон Јæ коммæ кў кæсvнц?
28. Æмæ ўајтађд аqæрі Јæ кој Галілеаі алфамблај æппæтvл.
29. Æмæ æмбvрдгæнæнæј кў рацvдvстv, ўæд тађд бацvдvстv Сімонv æмæ Андреі хæдзармæ, Јаковімæ æмæ Јоаннімæ.
30. Æмæ Сімонv усvмад саді тæвднізæј; æмæ Ін ўцv сахатvл захтој ўј тvххæј.
31. Уј æрбацvді умæ, нvххæцvді ін јæ ќухvл, æмæ јæ сvстvнкодта; æмæ јæ уцv сахатvл нvўахта тæвдніз, æмæ сvн бајдvдта кæстæріўогкæнvн.
32. Ізæрv, хурнvгўлvнv афонv, хастој Умæ рvнчvнтv æмæ хæјрæгдҥсvнтv æппæтv.
33. Æмæ æгас сахар æрæмбvрді дордтv размæ.
34. Æмæ Уј сдзæбæхкодта бірæтv алvхўзæн нізтæј фvдæбонгæндҥсvтv; бірæ хæјрæдҥсvтv расvрдта; æмæ хæјрæдҥсvтv нæ ўахта, ўј Чvрvсті кæј у, ўј кæј зонvнц, ўј дзурvн.
35. Рајсом та іттæг радҥсv сvстаді, æмæ рацvді, æмæ ацvді æдзæрæгранмæ, æмæ ум кўвта.
36. Сімон æмæ јæмæ чі удvстv удон ацvдvстv Јæ фæдvл.
37. Æмæ Јæ кў ссардтој, ўæд Vн захтој: јўўлдæр Дæў агурvнц.
38. Уј сvн захта: цæўæм хæстæг qæўтæм æмæ сахартæм, цæмæј Æз ум дæр амонон, цæмæјдæрідтæр Æз ўјтvххæј æрцvдтæн.
39. Æмæ æгас Галілеаі амvдта сæ нvхæстv, æмæ хæјрæдҥсvтv сvрдта.
40. Æрцvді Умæ јў qотvрдҥсvн, æмæ Ін лæхстæгæнгæјæ Јæ разv јæ зонгўтvл нvллæўўді æмæ Ін захта: кў Дæ фæнда, ўæд мæ фæразvс ссvђдæгкæнvн.

41. Jесо ін фæтæріђædкодта, радарђкодта Jæ ќух, бавнæлдта jæм, æмæ ін захта: фæндv Мæ, ссvђдæг у.
42. Ацv дзvрдv фæстæ ўajтађд qотvр нvўахта ўj, æмæ ссvђдæдјсі.
43. Æмæ jæ уцv сахатvл арвvста, æмæ ін тvнг бафæдзæхста,
44. Æмæ ін захта: кæс, макæмæн мацv зæђ; фæлæ цæўгæ, дæхі фенvнкæн саўдјсvнæн, æмæ æрхæсс, дæ ссvђдæгкæнvнv тvххæj, Мojсej цv баўнаффæкодта, ўj, удонæн æвдісænадv тvххæj.
45. Фæлæ ўj рацvді, æмæ бajдvдта qæркæнvн æмæ дзурvн, цv іл æрцvді ўjтvххæj, афтæ æмæ Jесо æргомæj сахармæ нал цvді, фæлæ уді æттіje ædзæрæгræдтv. Æмæ Jæм цvдvстv алvрдvгæj.

СÆР 2.

1. Jў ќорд бонтv фæстæ ноджсvдæр æрцvді Уj Капернауммæ; æмæ ajqўсті, Уj хæдзарv кæj іс, ўj.
2. Уцv сахатvл æрæмбvрдvстv бірætæ, афтææмæ дордтv раз дæр бvнат нал уді; æмæ сvн Уj дзvрдта дзvрд.
3. Æмæ Jæм æрцvдvстv онгмардімæ, кæцvj хастоj цvппарæj.
4. Æмæ Jæм æввахс бацæўн кў нæ бафæрæстоj бірæ адæмæj, ўæд сvгомкодтоj, Уj кæм уді, ўj ўолхæдзар; æмæ jæ нvссастоj, æмæ аўахтоj онгмард цv сvнтvл æвæрд уді, ўj.
5. Jесо сvн федта сæ урнvндзінад, æмæ захта онгмардæн: Мæ фvрт! барст дvн ўонт дæ тæріђædтæ.
6. Ум чінvджсvдæснvтæj чідæртæ бадтvстv, æмæ qўдvкодтоj сæ зæрдæтv.
7. Уj цæмæн афтæ фаўv Хуцаўv? Тæріђædтæ нvппарvн чі фæразv, jў Хуцаўv jеттæмæ?
8. Jесо уцv сахатvл бамбæрста Jæ удæj удон сæхі мідæг афтæ кæj qўдvкодтоj, уj, æмæ сvн захта: ўæ зæрдæтv афтæ цæjтvххæj qўдvкæнут?

9. Æнцондæр цу у? зæɣун онгмардæн: барст дун ўонт дæ тæріɣædтæ? кæнæ зæɣун: суст, сіс дæ сунт, æмæ цæўгæ?

10. Фæлæ смах цæмæj зонат, адæjмадӕсу Фурт зæххул бардӕсун кæj у тæріɣædтæ барун, (захта уцу онгмардæн)

11. Дæўæн зæɣун: суст, сіс дæ сунт, æмæ цæўгæ дæ хæдзармæ.

12. Ўj уцу сахатул сустаді, сіста jæ сунт, æмæ сеппæту цур рацуді, сеппæтмæ діс кўд фæкасті афтæ, æмæ студтоj Хуцаўу, дзургæjæ: мах ахæм нікў ніцу федтам.

13. Јесо ноӕсу ацуді денӕсузмæ; æмæ адæм æппæт цудусту Умæ, æмæ сун Ўj амудта.

14. Фæцæjцæўгæjæ, Ўj федта Алфеj-фурт Левіj, қалон æмбурдгæнæну рану бадгæ, æмæ ін захта: рацу Мæ федул. Æмæ ўj сустаді æмæ ацуді Јæ федул.

15. Æмæ Јесо умæн jæ хæдзару кў бадті, ўæд Јæмæ бадтусту jæ ахургæнінæгтæ, бірæ қалонісӕсутæ æмæ тæріɣædӕсунтæ; цæмæjдæріdтæр бірæ удусту, æмæ Јæ федул цудусту.

16. Чінудӕсудæснутæ, æмæ фарісетæ Ўj, қалонісӕсітумæ æмæ тæріɣædӕсунтімæ хæргæjæ, кў федтоj, ўæд дзурдтоj Јæ ахургæнінæгтæн: Уj қалонісӕсутімæ æмæ тæріɣædӕсунтімæ кўд хæру æмæ нўазу?

17. Јесо ўj кў феқўста, ўæд сун захта: дзæбæхтæн дæсну нæ қæўу, фæлæ руннунтæн қæўу. Æз æрцудтæн рæстутæм нæ, фæлæ тæріɣædӕсунтæм фæзмонкæнунмæ сідунмæ.

18. Јоанну æмæ фарісету ахургæнінæгтæ комдардтоj. Æрцудусту Јæм, æмæ Ін захтоj: Јоанну æмæ фарісету ахургæнінæгтæ ком кў дарунц, ўæд Дæ ахургæнінæгтæ цæўлнæ дарунц?

19. Æмæ сун Јесо захта: кўд дардзусту чундзхæсӕсутæ ком, сіахс семæ ўовгæjæ? цалунмæ семæ сіахс ўа, ўалунмæ удон комдарун нæ фæразунц.

20. Фæлæ ахæм бонтæ æрцæйдзvстv, æмæ сvн сiахсv бajсцvстv, æмæ ўæд комдардзvстv ўцv бонтv.

21. Нiчi æмгuзv ног æмгuзæн зæронд дарæсvл: кæннæўæд ног æмгuзæн аскўндзæнi зæронд дарæсæj, æмæ дзv æвзæрдæр хунк фæўдзæнi.

22. Нiчi кæнv æнqiзгæ сæн зæронд лалvмтv; кæннæўæд æнqiзгæ сæн зæронд лалvмтv аскўндзæнi, æмæ сæн дæр акæлдæнi, æмæ лалvмтæ дæр фесæфцvстv. Фæлæ æнqiзгæ сæн нvккæнvн qæўv ног лалvмтv.

23. Æмæ фæцæjцvдi сабатбонv зад хўмтvл, æмæ Jæ ахургæнiнæгтæ фæндагўл бajдvдтoj тонvн æфсiртæ.

24. Æмæ Iн фарiсетæ захтoj: кæс ма, удон сабатбонv цv нæ фæтдюv, ўj цv кæнvнц?

25. Уj сvн захта: смах нiкў бакастvстут мijаг, Давiд цv бакодта, qўаг кў уди, æмæ jæхæдæг дæр æмæ jæмæ ўовдюvтæ дæр кў сvстонгvстv ўæд?

26. Кўд бацvди ўj Хуцаўv хæдзармæ, саўдюvнтvхiстæр Авiафарv рæстæдюv, æмæ кувæндонv дзултæ кўд бахордта, хæрvн кæj нiкæул æмбæлди, саўдюvнтv jедтæмæ, æмæ кўд радта jæмæ ўовдюvтæн дæр?

27. Æмæ сvн захта: сабат у адæjмадюv тvххæj, фæлæ адæjмаг сабатv тvххæj нæў.

28. Æмæ ўjтvххæj адæjмадюv Фvрт сабатv хiцаў дæр у.

СÆР 3.

1. Æмæ та æрцvди æмбvрдгæнæнмæ; ўм уди кўхæj цæнкўл лæг.

2. Æмæ Jæ qaqqædтoj, нæ jæ сдзæбæхкæнiд цvма сабатv, цæмæj Jæ фæзvлvнкæноj.

3. Фæтæ Уj захта, jæ кух цæнкўл кæмæн уди, уцv лæгæн: нvллæў астæўæj.

4. Удонæн та захта: сабатбонv цv кæнvн фæтдюv, хорз æви æвзæр? удv фервæзvнкæнvн, æви jæ фесафvн? Фæлæ удон нvqqусvстv.

5. Æмæ сæм бакасті тvзмæгæj, æмæ сæ зæрдæ кæj нvддурі, ўjтvххæj qvггæнгæjæ, захта ўцv лæгæн: аіваз дæ ќух. Уj jæ аівæста, æмæ jæ ќух сдзæбæхі, іннæ ќухv хўзæн.

6. Фарісетæ рацvдvстv, æмæ Іродіантімæ ўајтаɓд Уўл фæндскодтој, цæмæj Jæ фесафој.

7. Фæлæ Jесо Jæ æхургæнінæгтімæ ацvді денднсvзмæ, æмæ Jæ фæдvл бірæ адæм ацvдvстv Галілеаје,

8. Јерусалімæj, Ідумеаје æмæ Јорданv фаллаг фарсæj. Æмæ Тірv æмæ Сідонv алфамблај цæрднсvтæ кў феqустој, Уj цvтæ кодта, удон, ўæд Æм іттæг бірæје цvдvстv.

9. Æмæ захта Jæ ахургæнінæгтæн, цæмæj Ін бæлæɓ цæдтæ ўа, бірæ адæм Æj ўнгæг кўд нæ кæноj, афтæ.

10. Цæмæjдæрідтæр Уj бірæтv дзæбæхкодта, афтæ-æмæ Jæм ніздсvнтæ сæхі калдтој, цæмæj Іл сæхі анvдзæвој.

11. Æмæ Jæ æнæзæɓінаг удтæ кў удтој, ўæд хаўдvстv Jæ разv, æмæ qæркодтој: Дv Хуцаўv Фvрт дæ.

12. Фæлæ сæм Уj тvнг дзvрдта, æргом Æj кўд нæ кæноj, афтæ.

13. Ўj фæстæ ссvді хохмæ, æмæ басідті Јехімæ, кæj jæ фæндvді, удонмæ; æмæ Jæм æрцvдvстv.

14. Æмæ удонæj дуўадæсv сæвзæрста, цæмæj удон Jæмæ ўој, æмæ сæ æрвіта амонvнмæ,

15. Æмæ сæм тvх цæмæj ўа, нізтæj дæбæхкæнvнæн æмæ хæjрæднсvтv сурvнæн.

16. Сæвзæрста Сімонv, æмæ іл сæвæрдта ном Петр.

17. Зеведеj-фvртv Јаковv, æмæ Јоаннv, Јаковv æвсvмæрv, æмæ сvл сæвæрдта нæмттæ: Воанергес, ома арвнæрvнv фvрттæ.

18. Андреі, Філіппv, Варфломеі, Матфеjі, Фомај, Алфеj-фvрт Јаковv, Фаддеjі, Канаг Сімонv.

19. Æмæ Іскаріотаг Јўдај, чі Jе радта, ўj,

20. Æмæ æрцvдvстv хæдзармæ, æмæ нодҥсvдæр æрæмбvрдvстv адæм, афтæ-æмæ сvн дзул бахæрvнv фадат дæр нæ уді.

21. Æмæ Јæ хæстæдҥсvтæ кў феqўстој, ўæд Æм æрцvдvстv ракæнvнмæ, цæмæјдæрідтæр дзvрдтој: Умæн Јæ зонд фæцvді.

22. Јерусалімæј æрцæўæг чінvдҥсvдæснvтæ та дзvрдтој: Уј мідæг іс веелзевул, æмæ Уј хæјрæдҥсvтv сурv хæјрæдҥсvтv æлдарv тvхæј.

23. Æмæ сæм басідті, æмæ сvн дзvрдта фæсномvгнvхæстæј: сајтан сајтанv расурvн кўд бафæраздзæні?

24. Патцахад јехі мідæг кў фæдіхўа, ўæд уцv патцахад нал удзæні.

25. Æмæ хæдзар јехæдæг јехімідæг кў фæдіхўа, ўæд ўцv хæдзар дæр нал удзæні.

26. Æмæ кæд сајтан јехæдæг јехіўл схадті æмæ фæдіхі, ўæд нал удзæні; фæлæ јæ кæрон æрхæтцæ.

27. Нічі бафæраздзæні тvхдҥсvнv хæдзармæ бацæўгæјæ, умæн јæ дзаўматæ бајсvн, раздæр тvхдҥсvнv кў нæ сбæдта ўæд, æмæ ін ўæд јæ хæдзар фæхæліўкæндзæні.

28. Æцæг ўн зæҕvн: адæмv фvрттæн барст удзvстv алv æппæт тæріҕæдтæ æмæ фаундзінæдтæ, цæмæјдæр фаўој:

29. Сvҕдæг Удv чі фаўа, умæн та барст нæ удзæні мvккагмæ дæр, фæлæ ўј æнусон qіамæтмæ тæрхонгонд удзæні.

30. Афтæ захта уј, Јæ мідæг æнæзæҕінаг уд іс, зæҕгæ кæј дзvрдтој, ўјтvххæј.

31. Æмæ æрцvдvстv Јæ мад, æмæ Јæ æфсvмæртæ, æмæ хæдзарv æдтіје лæўгæјæ, барвvстој Умæ расідvнv тvххæј.

32. Јæ алфамблај бадтvстv адæм. Æмæ Ін захтој: мæнæ, Дæ мад æмæ Дæ æфсvмæртæ, æмæ Дæ хотæ, хæдзарv æдтіје лæўгæје, Дæў агурvнц.

33. Æмæ сvн захта дзуап: чі у Мæ мад, æмæ чі стv Мæ æфсvмæртæ?

34. Æмæ бакасті Јæ алфамблај бадҥсѵтæм æмæ захта: мæнæ, Мæ мад æмæ Мæ æфсѵмæртæ.
35. Цæмæјдæрідтæр Хуцаўѵ фæндон чі æххæст кæна, ўј у Мæ æфсѵмæр, æмæ Мæ хо, æмæ Мæ мад.

СÆР 4.

1. Æмæ та нодҥсѵ бајдѵдта амонѵн дендҥсѵзѵ бѵлѵл; æмæ Јæм æрæмбѵрдстѵ афтæ бірæ адæм, æмæ Уј бæлæҕмæ бахѵсті, æмæ дендҥсѵ бадті, адæм æппæт та удѵстѵ дендҥсѵзѵ бѵл зæххѵл.
2. Æмæ сѵн бірæ амѵдта фæсномѵгнѵхæстæј, æмæ сѵн амонгæје дзѵрдта:
3. Qусут: мæнæ, рацѵді таўæг таўнмæ.
4. Æмæ кў тѵдта, ўæд јўæј-јў нæмгўтæ æрхаўдѵстѵ фæндаггæрон, æмæ мæрҕтæ æртахтѵстѵ æмæ сæ сўіхтој.
5. Јўæј-јўтæ æрхаўдѵстѵ дурдҥсѵн бѵнатѵл, сѵдҥсѵт бірæ кæм нæ уді; æмæ ўајтаҕд равзæрдѵстѵ, зæхх арф кæј нæ уді, ўјтѵххæј.
6. Æмæ хур кў ссѵді, ўæд басѵҕдѵстѵ, æмæ, сѵн ўідаг кæј нæ уді, ўјтѵххæј бахўсѵстѵ.
7. Јўæј-јўтæ æрхаўдѵстѵ сѵндзѵтѵ æхсæн, æмæ сзадѵстѵ сѵндзѵтæ, æмæ нæ сўахтој мѵккадҥсѵ, æмæ не скодта æфсір.
8. Јўæј-јўтæ æрхаўдѵстѵ хорз зæххѵл, æмæ рафтѵдтој æфсір, ўј сзаді, æмæ сѵстѵрі, æмæ радтој јўæј јўтæ дæс-æмæ-ссæдз, јўæј-јўтæ æртіссæдзѵ, јўæј-јўтæ та фондз-ссæдзѵ.
9. Æмæ сѵн захта: qусѵнæн qустæ кæмæн іс, ўј qусæд!
10. Æмæ Уј јўнæгæј кў баззаді, ўæд Јæ алфамблај чі удѵстѵ, удон Æј, Јæ дуўадæс ахургæнінæгтімæ, бафарстој ўцѵ фæсномѵгнѵхасѵ тѵххæј.
11. Уј сѵн захта: смахæн лæвæрд у Хуцаўѵ патцахадѵ сусæгдзінæдтѵ зонѵн, фæлæ ўцѵ æттагонтæн та јўўлдæр фæсномѵгнѵхæстæј вæјі;

12. Афтæ-æмæ удон сæ цæстѵтæј кæсѵнц, æмæ нæ унѵнц; сæ qустæј qусѵнц æмæ нæ æмбарѵнц, цæмæј ма раздæхој, æмæ сѵн барст ма ўој сæ тæріҕæдтæ.

13. Æмæ сѵн захта: ацѵ фæсномѵгнѵхас нæ æмбарут? Ўæдæ ма кўд бамбардзѵстут фæсномѵгнѵхæстæ æппæт?

14. Таўæг дзѵрд таўѵ.

15. Фæндаггæрон тѵд чі фæці, ўј удон стѵ, дзѵрд кæј мідæг вæјі тѵд, фæлæ ҡæцѵтæм, кў јæ феqўсѵнц, ўæд ўајтаҕд æрцаўѵ сајтан, æмæ аскæфѵ сæ зæрдæтѵ тѵд дзѵрд.

16. Афтæдæр, дурдҥсѵн бѵнатѵл тѵд чі фæці, ўј удон стѵ, дзѵрд чі феqусѵнц æмæ јæ уцѵ сахатѵл цінгæнгæјæ, чі ісѵнц;

17. Фæлæ сæхі мідæг ўідаг кæмæн нæј, æмæ јўзæрдѵгон чі не стѵ; ўј фæстæ унгæгдзінад æмæ сурѵн дзѵрдѵ тѵххæј кў ўа, ўæд ўцѵ сахатѵл фæрадіінц.

18. Сѵндзѵтѵ æхсæн тѵд удон нѵсан у, дзѵрд чі феqусѵнц;

19. Фæлæ ацѵ афонѵ мæт, qæздѵгадѵ саіндзінад æмæ æндæр фѵдбæллѵндзінæдтæ сæ мідæг бацæўгæјæ, сæ бѵнѵ кæмæн фæкæнѵнц дзѵрдѵ, æмæ ўј æфсір нæ кæнѵ.

20. Фæлæ хорз зæххѵл тѵд та удон нѵсан у, дзѵрдмæ чі qусѵнц æмæ јæ чі ісѵнц, æмæ æфсір чі æрхæссѵнц, чі дæс-æмæ-ссæдз, чі æртіссæдзѵ, чі та фондз-ссæдзѵ.

21. Æмæ сѵн захта: цѵраҕ ўјтѵххæј мijаг æрхæссѵнц, цæмæј јæ мігæнæнѵ, кæнæ сѵнтæдҥсѵ бѵн цæвæрој? цѵраҕдарæнѵ нѵссадзѵнæн тѵххæј јæ нæ æрхæссѵнц нæ?

22. Ахæм сусæг ніцѵ і, цѵ нæ раргом ўа; æмæ ахæм æмбæхст ніцѵ вæјі, цѵ нæ разѵна.

23. Кæд іскæмæн qустæ qусѵнæн іс, ўæд qусæд!

24. Æмæ сѵн захта: цѵ qусут, ўј ўæ зæрдæіл дарут; цавæр барæнæј барат, смахæн дæр ахæмæј

барст удзæні, æмæ ма ун æфтvд удзæні смахæн qусдҥсvтæн.

25. Цæмæјдæрідтæр кæмæн іс, умæн лæвæрд удзæні фæлæ кæмæн нæј, умæј та іст удзæні, цv ін іс, ўј дæр.

26. Æмæ захта: ўæларвон патцахад уцv мvккадҥсv хўзæн у, лæг зæххv кæј аппарv;

27. Æмæ хўссv, æмæ сvстv æхсæвæј бонæј, æмæ уцv мvккаг кўд ссæўv æмæ сраезv, ўј нæ зонv.

23. Цæмæјдæрідтæр зæхх јехæдæг јехіцæј сзаінкæнv фvтцаг æвзæр, стæј æфсір, ўј фæстæ та дзаг нæмvг æфсірv.

29. Æмæ æфсір кў сцæдтæ вæјі, ўæд ўајтаҕд æрвітv æхсvрф, умæн æмæ кæрдvн афон æрцvді.

30. Æмæ захта: цæј æмхўзæн скæнæм Хуцаўv патцахад? кæнæ јæ цавæр фæсномvгнvхасæј снvвкæнæм?

31. Уј уцv qvúvі нæмvдҥсv хузæн у, кæј, зæххv кў бајтаўнц, ўæд зæххон мvккæгтv сеппæтæј чvсvлдæр вæјі;

32. Фæлæ тvд кў фæвæјі, ўæд сзаі, æмæ халсæрдтv сеппæтæј стvлдæр свæјі, æмæ раўадзv стvр ќабузтæ, афтæ-æмæ јæ аўонv æрвон мæрҕтæ сæхі æмбæхсvн фæразvнц.

33. Æмæ ахæм бірæ фæсномvгнvхæстæј амvдта удонæн дзvрд, цасдæр удон qусvн фæрæстој.

34. Æмæ сvн æнæфæсномvгнvхасæј нæ дзvрдта, фæлæ Јæ ахургæнінæгтæн хібарæј æмбарvнкодта јўўлдæр.

35. Ўцv бонv ізæрv сvн захта: ахізæм ўцv фарсмæ.

36. Æмæ удон аўахтој адæмv, æмæ Јæ акодтој семæ, кўд уді бæлæҕv афтæ; јемæ æндæр бæлæҕтæ дæр удvстv:

37. Æмæ сvстаді стvр ўад; æмæ донv фæјлаўæнтæ цафтој бæлæҕv афтæ, æмæ ўј донæј дзагкæнvн бајдvдта.

38. Ўј та бæлæҕv фæстæрдvгæј фvнæј уді нvвæрзæнvл. Æмæ Јæ qалкæнvнц, æмæ Ін дзурvнц:

Ахургæнæг! цæўл нæ мæт кæнvс Дv, мах кў сæфæм, ўæд?

39. Æмæ ўj кў cvстаді, ўæд банцаінкодта ўадv, æмæ захта дендзcvзæн: банцај, æрсабvр у. Æмæ банцаді ўад, æмæ хæрзæнцад ссі.

40. Æмæ cvн захта: цæмæн афтæ тæрсаг стут? Урнvн ўæм кўд нæј?

41. Æмæ фæтарстvстv стvр тасæj, æмæ сæ кæрæдзијен дзvрдтој: Ај чі у чі,—ўад дæр æмæ денdзcvз дæр Је коммæ Кæмæн кæсvнц?

СÆР 5.

1. Æмæ æрцvдvстv денdзcvзv іннæ бvлмæ, Гадарінаг бæстæм.

2. Æмæ Ўj бæлæгæj кў рацvді, ўæд Vл уцv зæппæдзтæj рацæўгæ хæјрæгdзcvн лæг сæмбæлді.

3. Умæн јæ цæрæнбvнат уді зæппæдзтv, æмæ јæ рæхvстæj бæдтvн дæр нічі фæрæста.

4. Цæмæјдæрідтæр ўj бірæ хæдтvтv баст уді qадамантæj æмæ рæхvстæj, фæлæ-јў аскўдтækодта рæхvстv, æмæ нvммуртækодта qадамантv, æмæ јæ æрсабvркæнvн нічі фæрæста.

5. Кæдтæрідтæр, æхсæвæj бонæj, зæппæдзтv æмæ хæхтvл qæркодта, æмæ јехі дуртvл хоста.

6. Æмæ дæрдцæфæj кў федта Јесоі, ўæд Æм æрбазђордта, æмæ Ін бакўвта.

7. Æмæ, сqæргæнгæјæ, qæрæj захта: цv дæ qўдтаг іс мемæ, ўо, Јесо, бæрзонд Хуцаўv Фvрт? Сомv Дvн кæнvнкæнvн Хуцаўæj, qіамæт мvн ма кæнvн кæн!

8. Цæмæјдæрідтæр vн Јесо захта: æнæзæђінаг уд! рацу ацv лæгæj.

9. Æмæ јæ бафарста: дæ ном цv у? уј Ін захта дзуап: мæ ном—легіон, умæн-æмæ мах бірæ стæм.

10. Æмæ Ін тvнг лæхстækодтој, цæмæj сæ ма асура уцv бæстæје.

11. Æмæ ум хохv бvн хvсті хўтv стvр дзуг.

12. Æмæ Iн лæхстæкодтој хæјрæдҥсѵтæ æппæт, æмæ Iн захтој: арвіт нæ хўтæм, цæмæј удон мідæг бацæўæм.

13. Jесо сѵн ўајтаҕд бар аўахта. Æмæ хæјрæдҥсѵтæ рацѵдѵстѵ, æмæ бацѵдѵстѵ хўтѵ мідæг, æмæ ўцѵ дзуг ќардіўæј јехі бакалдта дендҥсѵзѵ, (удаід јў дуўæ мінѵ онг); æмæ дендҥсѵзѵ фесæфті.

14. Хўгæстæ та азҕордтој, æмæ феqусѵнкодтој сахарѵ æмæ qæўтѵ. Æмæ ўмцæрдҥсѵтæ рацѵдѵстѵ, цѵ æрцѵді, ўј фенѵнмæ.

15. Æрцѵдѵстѵ Jесомæ, æмæ ўцѵ хæјрæгдҥсѵнѵ, легіон кæм уді, ўј федтој æддарæс, æмæ æдзонд, бадгæ æмæ фæтарстѵстѵ.

16. Хæјрæгдҥсѵнѵл æмæ хўтѵл цѵ æрцѵді, ўј чі федта, удон сѵн захтој ўј тѵххæј.

17. Æмæ Iн лæхстæкæнѵн бајдѵдтој, цæмæј сæ арæнтæј ацæўа.

18. Æмæ Уј бæлæҕмæ кў бацѵді, ўæд Ѵн хæјрæгдҥсѵн чі уді, ўј лæхстæкодта, цæмæј Jемæ ўа.

19. Æмæ ін Jесо бар нæ радта, фæлæ ін захта: ацу дæ хæдзармæ дæхіонтæм, æмæ сѵн феqусѵнкæн, цѵ дѵн ракодта Хуцаў, æмæ дѵн кўд батæріҕæдкодта.

20. Æмæ ацѵді, æмæ бајдѵдта æргомæј дзурѵн Дæссахартѵ, цѵ ін бакодта Jесо, ўј. Æмæ јўўлдæр діскодтој.

21. Jесо нодҥсѵ кў ахѵсті бæлæҕѵл ўцѵ фарсмæ, ўæд Æм æрæмбѵрдѵстѵ бірæ адæм. Æмæ Уј уді дендҥсѵзѵ бѵлѵл.

22. Ум Æм æрцѵді æмбѵрдгæнæнѵ хіцаўттæј јў, је ном Iаір кæмæн хўнді, æмæ Jе кў федта, ўæд Jе ќæхтæм æрхаўді,

23. Æмæ зæрдіагæј кўрдта æмæ ін дзѵрдта: мæ чѵзг мæлæтцаг у, æрцу, æмæ іл æрæвæр Дæ ќухтæ, цæмæј ўј сдзæбæхўа, æмæ æгас баззаја.

24. Jесо ацѵді ўјімæ. Jе фæдѵл цѵд бірæ адæм, æмæ Jе ўнгæгкодтој.

25. Jў ус, дуўадæс азѵ тугнізæј рѵнчѵн чі уді,

26. Æмæ бирæ лечъртæj бирæ чi бавзæрста, æмæ бахардзкодта jæ iс jўўлдæр, фæлæ iн aqaз нiцъ фестъ, æмæ фъдтæр чi фæцi.

27. Ўj ‿кў феqўста Jесоi тъххæj, ўæд æрбацъдi адæмъ æхсæнтъ фæстæрдъгæj, æмæ бавнæлдта Уj дарæсмæ.

28. Цæмæjдæрiдтæр дзърдта: æрмæст Vн Jе дарæсмæ кў бавналон, ўæдтæр сдзæбæх удзънæн.

29. Æмæ ўajтаɮд банцаді jæ тугніз, æмæ ўj jæ бўарæj базъдта, ўцъ нізæj кæj сдзæбæхi, ўj.

30. Jесо дæр ўцъ сахатъл кў базъдта Jехæдæг Jехi мідæг, тъх Дзъ кæj рацъдi ўj, ўæд аздæхті адæммæ, æмæ захта: чi бавнæлдта Мæ дарæсмæ?

31. Jе ахургæнінæгтæ Iн захтоj: Дъ кў унъс, адæм Дæ кæj ўнгæгкæнънц, ўj, ўæдма кўд фæрсъс: чi бавнæлдта Мæммæ?

32. Фæлæ Уj Jæ алфамблajмæ касті, чi Jем бавнæлдта, ўj фенъмæ.

33. Ўцъ ус тæрскæ різгæje цъ iл æрцъдi ўўл, ўj зонгæje, бацъдi æмæ æрхаўді Ўj разъ, æмæ Iн захта jўўлдæр растæj.

34. Уj та iн захта: чъзгај! дæ урнън дæ фервæзънкодта; ацу фарнімæ, æмæ дзæбæх у дæ нізæj.

35. Æмæ ма Уj aj кў дзърдта, ўæд æрцъдъстъ æмбърдгæнæнъ хіцаўæj, æмæ iн захтоj: дæ чъзг амарді, цæмæн ма фæллойкæнънкæнъс Ахургæнæгæн?

36. Фæлæ Jесо кў феqўста уцъ дзърдтæ, ўæд уцъ сахатъ захта æмбърдгæнæнъ хіцаўæн: ма тæрс, æрмæст дæ урнæд.

37. Æмæ нікæj аўахта Jе фæдъл цæўн, Петръ, Jаковъ æмæ Joаннъ Jаковъ æфсъмæръ, jедтæмæ.

38. Æрцъдi амбърдгæнæнъ хіцаўъ хæдзармæ, æмæ федта змæст, æмæ кæўднъстъ æмæ qæрæj дзъназдзъстъ.

39. Æмæ бацъдi мідæмæ, æмæ сън захта: цæj змæстстут, æмæ цæўл кæут? чъзг нæ амарді, фæлæ бафънæji.

40. Æмæ Ил худтъстъ. Фæлæ Уj рарвъста сеппæтъ, æмæ акодта Jемæ чъзджъ фъдъ æмæ мадъ, æмæ Jемæ чi удъстъ удон, æмæ бацъди, чъзг кæм æвæрд уди, урдæм.

41. Æмæ рajста чъзгæн je ќух, æмæ iн захта: таліфа кумі, ома: чъзгaj, дæўæн зæвън, съст.

42. Ўцъ сахатъл чъзг състади, æмæ цæўн бajдъдта, цæмæjдæрідтæр ўj дуўадæс азъккон уди. Уj фенджъстæ iдтæг дiскодтоj.

43. Æмæ сън Уj тънг бафæдзæхста, цæмæj ўj тъххæj мачі базона, æмæ захта: радтут ън хæрінаг.

СÆР 6.

1. Ўрдъгæj рацъди Уj, æмæ æрцъд Je фъдъбæстæм; Je фæдъл цъдъстъ Je ахургæнінæгтæ дæр.

2. Æмæ сабатбон кў нъллæўўди, ўæд Уj бajдъдта амонън æмбърдгæнæнъ; æмæ бірæ qусджъстæ дісгæнгæje дзърдтоj: кæцæj Jем iс aj? цæj бірæзонддзінад лæвæрд у Умæн, æмæ ахæм діссæгтæ кўд вæjінц Je ќухтæj?

3. Qæддзаўмагæнæг нæ у нæ, Маріамъ фърт, Jаковъ, Jociai, Jўдаі æмæ Сімонъ æфсъмæр? Æмæ Je хотæ ам, нæ æхсæнъ не стъ нæ? Æмæ рædъдъстъ Уj тъххæj.

4. Jесо та сън захта: нæ вæjі пæхумпар æгад, кæд æрмæст jæ фъдъбæстъ, æмæ je хæстæджъстъ æхсæн, æмæ je хæдзаръ, ўj jедтæмæ.

5. Æмæ ум ніцъ діссаг скодта, æрмæст Je ќухтæ æрæвæрдта jў ќорд рънчънтъл, æмæ сæ сдзæбæхкодта.

6. Æмæ дiскодта сæ æнæурнънъл. Ўj фæстæ зълді алфамблај qæўтъл, æмæ амъдта.

7. Æмæ æрсідті Je дуўадæс ахургæнінæгтæм, æмæ сæ æрвітън бajдъдта дъгæjдтæj, æмæ сън тъх радта хæjрæджъстъл.

8. Æмæ сvн бафæдзæхста, цæмæj фæндагмæ мацv хæссоj, jў лæдзæдӕсv jедтæмæ, нæдæр хордзен, нæдæр дзул, нæдæр саўæхца сæ ронv.

9. Фæлæ цæмæj дароj хўмæтæдӕсv ќахдзаўма, æмæ дvгаj дарæс ма дароj.

10. Æмæ сvн захта: кæд iскў бацæўат хæдзармæ, ўæд jў ум ут, цалvнмæ нæ рацæўат ўцv ранæj.

12. Æмæ ўæ iсчi кў нæ рajса, æмæ ўæм кў нæ qуса, ўæд, урдvгæj рацæўгæjæ, ацæвдут ўæ ќæхтv рvг удонvл æвдiсænадv тvххæj. Æцæг ун зæвvн: Содомæн æмæ Гоморрæн qajмæтv бонv ўцv сахарæj æнцондæр удзæнi.

12. Удон ацvдvстv, æмæ амvдтоj фæсмондзінад;

13. Бірæ хæjрæдӕсvтv сvрдтоj, æмæ сæрстоj бірæ рvнчvнтv зетіje, æмæ сæ дзæбæхкодтоj.

14. Патцах Iрод феqўста Jесоi тvххæj, (цæмæjдæрідтæр Je ном paqæpi), æмæ захта: Уj Арваўæг Joанн рajгасi мæрдтæj, æмæ ўj тvххæj дiссæгтæ вæjінц умæj.

15. Iннæтæ дзvрдтоj: Уj Iлiа у; jўæj-jўтæ та дзvрдтоj: Уj пæхумпар у, кæнæ пæхумпартæj jўv хўзæн.

16. Iрод та кў феqўста, ўæд захта: ўj Joанн у, æз je сæр кæмæн ракодтон, ўj; уj рajгасi мæрдтæj.

17. Цæмæjдæрідтæр уцv Iрод арвvста, æмæ æрцахсvнкодта Joаннv, æмæ jæ бакодта талvнгахæстдонv, je æфсvмæр Фiлiппv ус Iродiадаi тvххæj, умæн-æмæ je jехiцæн ус скодта.

18. Цæмæjдæрідтæр Joанн дзvрдта Iродæн: дæ æфсvмæрv ус дарvн дvл нæ æмбæлv.

19. Iродiада та, мæстvгæнгæje, агўрдта ўj амарvн; фæлæ нæ фæрæста.

20. Цæмæjдæрідтæр Iрод тарстi Joаннæj, ўj раст æмæ сvвдæг лæг кæj у, ўj зонгæje, æмæ je qaqqædта: бірæ qудтæгтæ кодта, ўj коммæгæскæjæ, æмæ jем æхсvзгонæj qўста.

21. Ахæм бон æрцvдi, Iрод, je гўрæнбонv, je стvр лæгтæн, æмæ мiнтvхiцæўттæн æмæ Галiлеаi хiстæртæн кўвд кў кодта.
22. Iродiадv чvзг бацvдi, æмæ кафvдi, æмæ æхсvзгон уди Iродæн, æмæ jемæ бадджсvтæн дæр. Патцах захта чvзгæн: ракур мæнæj, цv дæ фæндv, ўj, æмæ дvн радтон.
23. Æмæ iн сомvкодта: цvдæрiдтæр мæ ракурaj, ўj дvн радтцvнæн, мæ патцахадv æрдæджсv онг дæр.
24. Уj рацvдi, æмæ je мадv бафарста: цv ракурон? Уj iн захта: Арваўæг Joаннv сæр.
25. Æмæ ўj тæккæ ўцv сахатvл таѳд бацvдi патцахмæ, æмæ ракўрдта, зæѳгæje: фæндv мæ, цæмæj мvн радтаj нvртæккæ тæбæѳvл Арваўæг Joаннv сæр.
26. Патцах æрæнкарди; фæлæ je, je сомv æмæ jемæ бадджсvтv тvххæj, нæ бафæндvдi je дзvрд аiвvн.
27. Æмæ патцах ўцv сахатvл арвvста æфсæдтонv, æмæ захта, цæмæj iн æрхæсса je сæр.
28. Уj ацvдi, ракодта iн je сæр талvнгахæстдонv, æмæ je æрхаста тæбæѳvл, æмæ je радта чvзгæн, чvзг та je радта je мадмæ.
29. Je ахургæнiнæгтæ кў феqўстоj ўj, ўæд æрцvдvстv, æмæ iн ахастоj je бўар, æмæ je цæвæрдтоj iнгæнv.
30. Апостолтæ æрæмбvрдvстv Jесомæ, æмæ Iн радзvрдтоj, цv бакодтоj, æмæ цv амvдтоj удон jўўлдæр.
31. Уj сvн захта: ацæут смах jўнæгæj адзæрæгранмæ, æмæ jў чvсvл æрvнцajут; цæмæjдæрiдтæр бiрæ удvстv æрцæўджсvтæ æмæ ацæўджсvтæ, афтæ-æмæ сæ хæрvнмæ дæр нæ æвдæлди.
32. Æмæ ацvдvстv æдзæрæгранмæ бæлæѳv jўнæгæj.
33. Адæм сæ ацæўгæje федтоj, æмæ сæ бiрæтæ базvдтоj; æмæ фiстæгæj сахартæ æппæтæj ўадvстv урдæм, æмæ сæ фvтцаг æрцvдvстv, æмæ æрæмбvрдvстv Умæ.

34. Jесо рацvдi, æмæ федта бирæ адæмv, æмæ сvн тæрiвædфæкодта, умæн-æмæ удон æнæ фæjаў фvстаў удvстv; æмæ сvн бирæ фæцамvдта.

35. Æмæ бирæ афон кў ајввудта, ўæд Je ахургæнінæгтæ æрбацvдvстv Умæ, æмæ Ін захтоj: ам афтід ран у, бон та æгæр сіввудта;

36. Аўадз сæ, цæмæj ацæўоj алфамблај бæстæтæм æмæ qæўтæм, æмæ балхæноj сæхіцæн хæрінаг; цæмæjдæрідтæр сvн хæрvнæн ніцv іс.

37. Уj сvн захта дзуап: смах сvн радтут хæрінаг. Æмæ Ін захтоj: ўæдæ мах ацæўæм, æмæ дуўæ фондзссæдз дінарv арв балхæнæм дзул, æмæ сvн радтæм хæрvнæн?

38. Фæлæ сæ Уj бафарста: цал дзулv ўæм іс? ацæут æмæ сæ фенут. Удон сæ федтоj, æмæ захтоj: фондз дзулv æмæ дуўæ кæфv.

39. Уæд сæ æрбадvнкæнvнкодта сеппæтv ќордгæjдтæj, цæх кæрдæгўл.

40. Æмæ сбадтvстv рæнqvтæj фондзссæдзгæjдтæj, æмæ дæс-æмæ-дўўjссæдзгæjдтæj.

41. Уj рајста фондз дзулv æмæ дуўæ кæфv, скастi ўоларвмæ, арфæракодта æмæ æрсаста дзултv, æмæ сæ радта Je ахургæнінæгтæм, цæмæj сvн сæ бајўароj; æмæ дуўæ кæфv бајўæрста сеппæтvл.

42. Æмæ хордтоj сеппæтдæр, æмæ бафсæстvстv.

43. Æмæ æрæмбvрдкодтоj дзулv ќæбæртæj æмæ кæфтæj, цv ўæлдај баззадvстv, удонæj дуўадæс тæсчv дзаг.

44. Дзул чi хордта, удон та удvстv фондз мін лæдзv јас.

45. Æмæ уцv сахатvл Je ахургæнінæгтv бацæўнкодта бæлæвмæ, цæмæj раздæр ацvдајгкоj іннæ фарсмæ Віфсаідамæ, цæлvнмæ Уj адæмv аўадза

46. Æмæ сæ удон аўахта, æмæ ссvдi хохмæ кувvнмæ.

47. Ізæрvгон бæлæв уди денджvзv æстæў, Уj та jўнæгæj сурvл.

48. Æмæ сæ федта фvдæбæдтімæ ленкгæнгæjæ, цæмæjдæрідтæр сæ комкоммæ уді ўад; æмæ æхсæ-

вæн je цvппæрæм qaqqæнvнv афонv сæм бавваxсi, денджсvзvл цæўгæjæ, æмæ Je фæндvдi удонv аiвђўiн.

49. Удон Уj денджсvзvл æрбацæjцæўгæ кў федтоj, ўæд æj цæстvлўajег æнqæлдтоj æмæ cqæркодтоj.

50. Цæмæjдæрiдтæр Æj сеппæтдæр федтоj, æмæ фæтарстvстv. Æмæ уцv сахатvл дзурvн байдvдта удонiмæ, æмæ cvн захта: цæрдæг ут; Aj Æз дæн, ма тæрсут.

51. Æмæ сæм бацvдi бæлæђмæ, æмæ ўад банцаді, æмæ удон iдтæг фæтарстvстv сæхi мiдæг æмæ дiскодтоj.

52. Цæмæjдæрiдтæр нæ бамбæрстоj дзултvл дiссагконд, умæн-æмæ сæ зæрдæ дураў уді.

53. Æмæ кў ахvстvстv, ўæд æрцvдvстv Генiсаретv зæххмæ æмæ нvллæўўдvстv бvлvл.

54. Æмæ удон бæлæђæj кў рахvстvстv, ўæд ум цæрджсvтæ ўцv сахат базvдтоj Уj.

55. Æмæ фæзvлдvстv уцv бæстæ æппæтvл, æмæ бajдvдтоj хæссvн cvнттvл сæ рvнчvнтv, Уj кæм уді урдæм, кўд qўстоj, афтæ.

56. Æмæ цvдæрiдтæр qæўтæм, æві сахартæм, æві бæстæм æрцvдаiд Уj, сæ рvнчvнтv æвæрдтоj æргом рантvл, æмæ Iн лæхстæкодтоj, цæмæj удон Je дарæсv кæронмæ ўæдтæр бавналоj; æмæ Jем чi æвнæлдта, удон сеппæтдæр дзæбæхкодтоj.

СÆР 7.

1. Æрæмбvрдvстv Умæ фарiсетæj æмæ чiнвджсvдæснvтæj чiдæртæ, Jерусалiмæj æрцæўджсvтæ.

2. Æмæ кў федтоj Je ахургæнiнæгтæj jўæj-jўтv дзул хæргæjæ æнæсvђдæг, ома æнææхсад кухтæj, ўæд cvн ўajдзæфтæ кодтоj.

3. Цæмæjдæрiдтæр фарiсетæ æма jўдетæ jўўлдæр, зæрædтv фæдзæхст сæ зæрдvл даргæje, нæ хæрvнц анæ хæрзæхсад кухтæj;

4. Æмæ базарæj æрцæўгæjæ нæ хæрvнц æнæ-æхсадæj. Амæ æндæр æђдæўтæ дæр бірæ дарvнц: æхсvнц кустæ, дурvнтæ, æгтæ æмæ бандæдтæ.

5. Стæj Je бафарстоj фæрісетæ æмæ чінvджvдæснvтæ: цæjтvххæj нæ qvсvнц дæ ахўргæнінæгтæ зæрædтv фæдзæхстмæ, æмæ æнææхсад кухтæj цæмæн хæрvнц дзул?

6. Уj сvн захта дзўап: Icaja раздæр хорз захта смах тvххæj, цæстмæqустæ, кўд фvст у: ацv адæм кадджvндарvнц Мæн сæ дзvхтæj, фæлæ сæ зæрдæ дард лæўv Мæнæj.

7. Фæлæ Мæ хўмæтæджv кадджvндарvнц, адæjмаджv ахўркæнvнтvл æмæ амvнддзінæдтvл ахургæнгæjæ. (Icajai 29, 13.)

8. Цæмæjдæрідтæр смах, Хуцаўv амvнддзінад нvўадзгæjæ, дарут адæмv æђдæўдтæ; æхсут кустæ æмæ дурvнтæ, æмæ бірæ æндæр ўjхўзæн цvдæртæ кæнут.

9. Æмæ сvн захта: хорз у цv, Хуцаўv амvнддзінад кæj аівтат ўæхі æђдаў бавæрvнv тvххæj?

10. Цæмæjдæрідтæр Мojсej захта: цvтджvн дар дæ фvдv æмæ дæ мадv: æмæ je фvдæн, кæнæ je мадæн, фvддзурæг мæлæтæj амælæд. (Рац. 20, 12. Дvкгагдінv 21, 18, 19, 20, 21.)

11. Смах та афтæ дзурут: ісчі кў зæђа je фvдæн, кæнæ je мадæн: корван, цæвідтон, мæнæj дvл цv æвтіаг æмбælv, ўj Хуцаўæн лæвар фæўæд;

12. Ўæд æj смах ніцv кæнvн ўадзут je фvдv, кæнæ je мадv тvххæj.

13. Баівтат Хуцаўv дзvрдv ўæхі æђдаўæj, ўæхўдтæг кæj сæвæрдтат, æмæ бірæ ўjхўзæн цvдæртæ кæнут.

14. Æмæ æрбасідті адæм æппæтмæ, æмæ сvн захта: бajqусут Мæм ўæ æппæт, æмæ бамбарут.

15. Адæjмагæн jæ хўлфмæ цv цæўv, ўj jæ нæ æвзæркæнv; фæлæ дзvўолæмæ цv ссæўv, ўj jæ æвзæркæнv.

16. Кæд іскæмæн qустæ qусvнæн іс, ўæд qусæд!

17. Æмæ Уj адæмæj хæдзармæ кӳ бацvди, ӳæд æj Je ахургæнінæгтæ бафарстоj ацv фæсномvгнvхасv тvххæj.

18. Уj сvн захта: смах дæр афтæ æнææмбаргæ стут? æмæ нæ æмбарут, адæjмагæн jæ хӳлфмæ цv цæӳv, ӳj jæ æвзæр кæj не скæндзæні ӳj?

19. Ӳjтvххæj-æмæ jæ зæрдæмæ нæ бацæӳv, фæлæ jæ гӳбvнмæ, æмæ та ӳрдvгæj рацæӳv æдтæмæ, æмæ умæj асvƀдæгвæjі алv хæрінаг.

20. Ӳj фæстæ захта: адæjмагæj ӳолæмæ цv ссæӳv, ӳj jæ æвзæркæнv.

21. Цæмæjдæрідтæр адæjмагæн jæ хӳлфæj, æмæ jæ зæрдæjæ рацæӳнц фvдвæндтæ, хæтvндзінæдтæ, qахбajдзінæдтæ, марvнтæ,

22. Хӳснæгдзінæдтæ, гæртамхæрvндзінад, хæрамдзінад, фæлівvндзінад, æнаккакдзінад, хæлæгкæнæг цæст, хуцаӳvфаӳндзінæдтæ, qалдзінад, æнæзонддзінад.

23. Ацv æвзæрдзінæдтæ jӳӳлдæр хӳлфæj рацæӳнц, æмæ æвзæркæнvнц адæjмадjсv.

24. Æмæ ӳрдvгæj ацæӳгæjæ, æрцvди Тірv æмæ Сідонv арæнтæм; æмæ кӳ бацvди хæдзармæ, ӳæд Æj фæндvди, цæмæj Je нічі базvдтаід: фæлæ Jехі бамбæхсvн нæ бафарæста.

25. Цæмæjдæрідтæр Уj тvххæj феqӳста jӳ ӳс, je чvзг хæjрæгдjсvн кæмæн уди, æмæ æрцvди, æмæ æрхаӳдта Je ќæхтæм.

26. Ӳцv ус та уди муртат, Сірофінікіаг, æмæ Ін лæхстæкодта, цæмæj ін jæ чvзгæj хæjрæдjсv асура.

27. Фæлæ ін Jесо захта: фæлæӳ, фvтцаг сvвæллæдтæ бавсæдоj: цæмæjдæрідтæр хорз нæ у сvвæллæдтæj дзул рajсvн, æмæ jæ кӳітæн аппарvн.

28. Ӳj та Ін захта дзуап: афтæ, Хіjцаӳ! фæлæ кӳітæ дæр хæрvнц, сvвæллæдтæн сæ фvнгæj цv муртæ хаӳv удон.

29. Æмæ ін захта: ацv дзvрдv тvххæj, ацу; хæjрæг рацvди дæ чvзгæj.

30. Æмæ, jæ хæдзармæ æрцæўгæjæ, ўj федта хæjрæг кæj ацvдi, æмæ jæ чvзг хўссæнv кæj хўссvдi, ўj.
31. Jесо кў рацvдi Тiрv æмæ Сiдонv æрæнтæj, ўæд та ноднcv ацvдi Галiлеаг денднcvзмæ, Дæссахарv арæнтvл.
32. Æмæ Jем æркодтоj кўрма гўлæвзаднcv, æмæ Iн лæхстæкодтоj, цæмæj iл Je кух æрæвæра.
33. Jесо jæ акодта адæмæj хiцæнранмæ, бакодта iн Jæ кухтæ jæ qустv, æмæ атукæнгæjæ iн jæ æвзагмæ бавнæлдта;
34. Æмæ скастi ўоларвмæ, нvулæфvдi, æмæ iн захта: еффафа, ома, бajгом у.
35. Æмæ ўцv сахатvл бajгомvстv умæн jæ qустæ æмæ схæлдvстv jæ æвзаднcv бæдтæнтæ, æмæ сvђдæг дзурvн бajдvдта.
36. Æмæ сvн бафæдзæхста, цæмæj макæмæн мацv зæђоj. Фæлæ сvн цас фvлдæр фæдзæхста, ўjас фvлдæрæj удон qусvнкодтоj.
37. Æмæ, iдтæг дiскæнгæjæ дзvрдтоj: Уj æппæтдæр хорзкæнv; кurматv qусагкæнv, æгомvгтv дзурvнкæнv.

СÆР 8.

1. Ўцv бонтv, бiрæ адæм кў æрæмбvрдvстv, æмæ сvн хæрiнаг кў нiцv уди, ўæд Jесо басiдти Je ахургæнiнæгтæм, æмæ сvн захта:
2. Тæрiђæд Мæм кæсvнц ацv адæм, умæн-æмæ нvр æртæ бонv æдзух Мемæ стv, æмæ сvн цv бахæроj, ўj нæj.
3. Æххормагæj сæ сæ хæдзæрдтæм кў аўадзон, ўæд фæндагўл бастajдзvстv, цæмæjдæрiдтæр удонæj jўæj-jўтæ дардæj æрцvдvстv.
4. Je ахургæнiнæгтæ Iн захтоj: чi кæцæj æрхæсцæнi ацv æдзæрæгранv дзултæ, цæмæj сæ бафсадæм?
5. Æмæ сæ бафарста: цал дзулv ўæм iс? Удон Vн захтоj: авд.

6. Ўæд æрбадѵнкодта адæмѵ зæххѵл, æмæ рајста ўцѵ авд дзулѵ, æмæ сæ, скувгæјæ, асаста, æмæ сæ радта Је ахургæнінæгтæм, цæмæј сæ удон бајўароj; æмæ сæ удон бајўæрстоj адæмæн.

7. Æмæ сæм уди jў чѵсѵл кæсæгтæ дæр; æмæ удонæн дæр арфæ ракодта, æмæ са бајўарѵнкодта.

8. Æмæ хордтоj, æмæ бафсæстѵстѵ; æмæ цѵ ќæбæртæ баззадѵстѵ, удонæj авд тæсчѵ дзаг æрæмбѵрдкодтоj.

9. Чі хордта, удон та удѵстѵ цѵппар мінѵ јас; æмæ сæ аўахта.

10. Æмæ ўцѵ сахатѵл бацѵди бæлæҕмæ Је ахўргæнінæгтімæ, æмæ æрцѵди Далмануфаг арæнтæм.

11. Рацѵдѵстѵ фарісетæ, æмæ бајдѵдтоj Уjімæ бѵцæўкæнѵн, æмæ Дзѵ, ќахгæјæ, кўрдтоj нѵсан ўоларвæj.

12. Фæлæ Ўj, тѵнг нѵулæфкæјæ, захта: ацѵ мѵккаг нѵсан цæмæн агурѵ? Æцæг ўн зæҕѵн: ацѵ мѵккагæн нѵсан лæвæрд нæ удзæні.

13. Æмæ сæ нѵўахта, ноднсѵ бацѵди бæлæҕмæ, æмæ ąцѵди іннæ фарсмæ.

14. Ўæд Јæ ахургæнінæгтæ ферохкодтоj дзултæ рахæссѵн, æмæ бæлæҕѵ jў дзулѵ jедтæмæ нæ ўди семæ.

15. Æмæ сѵн Уj, амонгæјæ, захта: Кæсут, ўæхі qaqqæнут фарісетѵ æнqізæнæj æмæ Іродѵ æнqізæнæj.

16. Æмæ сæ кæрæдзімæ qўдѵгæнгæјæ, дзѵрдтоj: аj бæрæгкæнѵ, мах дзултæ кæj нæ рахастам, ўj.

17. Јесо базѵдта ўj, æмæ сѵн захта: дзултæ ўæм кæj нæj, ўjтѵххæj цæмæн qўдѵкæнут? Нѵрдæрма нæ зонут нæ, æмæ нæ æмбарут? Нѵрдæрма ўæ зæрдæ дураў у?

18. Цæстѵтæ ўн ўовгæјæ, нæ унут? æмæ ўн qустæ ўовгæјæ, нæ qусут? æмæ нал qўдѵкæнут?

19. Æз фондз дзулѵ кў асастон фондз мін лæгæн, ўæд цал тæсчѵ бајдзагкодтат смах ќæбæртæj? Удон Ѵн захтоj: дуўадæс.

20. Авд дзулv кӳ асастон цvппар мінæн; ӳæд та цал тæсчv байдзагкодтат смах ӳолдай ќæбæртæй? Удон захтой: авд.
21. Æмæ сvн захта: ӳæдæ кӳд нæ æмбарут?
22. Æрцvди Віфсаідмæ; æмæ Јем æркодтой кӳрмv, æмæ Дзv кӳрдтой, цæмæй јæм бавнала.
23. Ӳј нvххæцvди кӳрмæн јæ ќухvл, ракодта јæ qæӳæј, æмæ ін јæ цæстvтvл батукодта, сæвæрдта іл Је ќухтæ, æмæ јæ бафарста: унvс істv?
24. Ӳј скасті, æмæ захта: унvн адæмv цæӳгæ, бæлæçтаӳ.
25. Ӳј фæстæ та ін ноџсv сæвæрдта јæ цæстvтvл Јæ ќухтæ, æмæ ін захта: акæс. Æмæ ӳј сдзæбæхіс, æмæ алцvдæр æргом унvн байдvдта.
26. Æмæ јæ арвvста јæ хæдзармæ, æмæ ін захта: ма бацу qæӳмæ, æмæ qæӳv макæмæн зæђ.
27. Æмæ ацvди Јесо Је ахургæнінæгтімæ Філіппv Кесаріі qæӳтæм. Фæндагӳл Ӳј фарста Је ахӳргæнінæгтv: кæӳл Мæ хvнцvнц адæм?
28. Удон Vн захтой дзуап: Јоаннvл Арђаӳæг, іннæтæ Ілііаіл; фæлæ јӳæј-јӳтæ та пæхумпартæј іскæул.
29. Ӳј сæ бəфарста: смах та Мæ кæул хvнцут? Петр Ін захта дзуап: Дv дæ Чvрvсті.
30. Æмæ сvн бафæдзæхста, цæмæј Ӳј тvххæј макæмæн дзуроj.
31. Æмæ сvн байдvдта амонvн, дзургæје: адæймадџсv Фvрт бірæ фvдæбон фæкæндзæні, адæмv хістæртæј, æмæ саӳџсvнтvхістæртæј æмæ чінvдџсvдæснvтæј æвдісæнгонд удзæні, мард удзæні æмæ æртvккæгæм бон рајгас удзæні.
32. Æмæ ӳјтvххæј дзvрдта æргомæј. Фæлæ Јем Петр асідті, æмæ байдvдта умæн æвастæј дзурvн.
33. Ӳј та фездæхті, бакасті Је ахургæнінæгтæм, банцаінкодта æмæ захта Петрејен: ацу Мæнæј, сајтан, умæн-æмæ дv qӳдvкæнvс, Хуцаӳv qӳдтаг цv у, ӳј нæ, фæлæ адæймадџсv qӳдтаг цv у, ӳј.
34. Æмæ басідті адæммæ Је ахургæнінæгтімæ, æмæ сvн захта: Мæ фæдvл цæӳн кæј фæндv, ӳј

jехіўл æвдісæнбакæнæд, æмæ je дзўар рajсæд, æмæ Мæ фæдvл цæўæд.

35. Цæмæjдæрідтæр je удv qaqqæнvн кæj фæндv, ўj je фесафцæні; фæлæ je удv Мæн тvкхæj æмæ Евангеліаі тvххæj чі фесафа, ўj je баqaqqæндзæні.

36. Цæмæjдæрідтæр цv паjда у адæjмагæн, ўj æгас дунеі jехі кў бакæна, je удv та кў фесафа, ўæд?

37. Кæнæ цv арђ ратцæні адæjмаг je удv тvххæj?

38. Цæмæjдæрідтæр ацv хæтаг æмæ тæріђæдӈсvн мvккадӈсv Мæнvл æмæ Мæ дзvрдтvл чі бавдісæнкæна, уўл адæjмадӈсv Фvрт дæр бавдісæнкæндзæні, Je сvђдæг Зæдтімæ Je Фvдv стvрадv кў æрцæўа, ўæд.

СÆР 9.

1. Æмæ сvн захта: æцæг ун зæђvн: іс ам лæўдӈсvтæj ахæмтæ, кæцvтæ мæлæт нæ фендзvстv, цалvнмæ феноj Хуцаўv патцахад, тvхдӈсvнæj æрцæўгæ.

2. Æмæ æхæз бонv фæстæ Јесо акодта Петрv, Јаковv æмæ Іоаннv, æмæ æрмæст удон jўнæгæj бæрзонд хохмæ скодта; æмæ сæ разv Je хўз аівта.

3. Je дарæстæ æрдтівгæ сvстv, ўрсўрсід, мітv хўзæн, афтæ-æмæ зæххvл ўрсахорæг дæр афтæ ўрскæнvн нæ бафæраздзæн.

4. Æмæ сæм фæзvнді Іліа Мojсеімæ; æмæ нvхасқодтоj Јесоімæ.

5. Уæд Петр захта Јесоjен: Равві! ам хорз у махæн; скæнæм æртæ халађудv: jў Дæуæн, jў Мojсеjен, æмæ jў Іліаjен.

6. Цæмæjдæрідтæр нæ зvдта, цv захтаід ўj; тасv кæj удvстv ўjтvххæj.

7. Æмæ фæзvнді æврађ, æмæ сvл æраўонкодта, æмæ æврађæj qæр рajqўсті: Aj у Мæ ўарзон Фvрт, Умæ qусут.

8. Æмæ æвіппајдæј аqаqqæдтој сæ алфамблај æмæ нікæј ўал федтој, јўнæг Јесоі једтæмæ.

9. Æмæ удон хохæј кў æрцæјцvдvстv, ўæд сvн Уј бафæдзæхста, кæј федтој ўј кўд нікæмæн зæҕој, цалvнмæ адæјмадҥсv Фvрт мæрдтæј рајгас ўа, ўалvнмæ.

10. Æмæ удон ацv дзvрд сæ зæрдvл бадардтој, сæкæрæдзіј фæрскæјæ: мæрдтæј рајгас та цvмæ цv у?

11. Æмæ Је бафарстој: ўæдæ чінvдҥсvдæснvтæ цæмæн зæҕvнц, Іліаіл раздæр æрцæўн æмбæлv?

12. Уј сvн захта дзуаппæн: бæлвvрд Іліа æрцæўа qўамæ раздæр, æмæ æппæт сараза; æмæ адæјмадҥсv Фvртvл, Уј тvххæј фvст кўд у, æмбæлv бірæ фæфvдæбонкæнvн, æмæ æгад фæун.

13. Фæлæ ўн зæҕvн: Іліа цæўгæ дæр ма æркодта, æмæ ін бакодтој, кўд сæ фæндvді афтæ, ўј тvххæј фvст кўд у, афтæ.

14. Æрцvді Је ахургæнінæгтæм, æмæ федта бірæ адæм сæ алфамблај, æмæ чінvдҥсvдæснvтæ, удонімæ бvцæўгæнгæ.

15. Ўајтаҕд Æј адæм кў федтој Уј, ўæд сæм дісфæкасті, æмæ Јем ўадvстv, æмæ Ін саламтæ дзvрдтој.

16. Уј бафарста чінvдҥсvдæснvтv: цæўл бvцæўкæнут удонімæ?

17. Адæмæј Ін јў дзуап захта: Ахургæнæг! æз æркодтон Дæўмæ мæ фvртv, æгомvг хæјрæгæј ахстv.

18. Кæмдæрідтæр æј æрцахсv, ум æј зæххvл нvццæвv, æмæ комv фvнк скалv, æмæ је дæндæгтæј qvсqvскæнv, æмæ баўадзvг вæјі. Æз Дæ ахургæнінæгтæн захтон, цæмæј ін јæ хæјрадҥсv асурој, фæлæ удон нæ бафæрæстој.

19. Јесо ін дзўапдæдткæјæ захта: ўо, æнæурнæг мvккаг! кæдмæ ўон смахімæ? Кæдмæ ун барон? æркæнут æј Мæммæ.

20. Æмæ је æркодтој Умæ. Хæјрæгдҥсvн Је кўдтæр федта, афтæ је хæјраг срізvнкодта; ўј

æрхаўді sæххvл æмæ ратулбатулкодта, je комv фvнк калгæjæ.

21. Æмæ ін Jесо бафарста je фvдv: рагæjнvрмæ у афтæ? Уj Ін захта: je сvвæллонæj нvрмæ.

22. Æмæ je хæjрæг бірæ хæдтvтv æппæрста артv дæр æмæ донv дæр, цæмæj je фесафа: фæлæ кæд істv фæразvс, ўæд мvн фæтæріђædкæн, æмæ мvн баaqазкæн.

23. Jесо ін захта: кæд урнvнæн істv фæразvс, ўæд урнæгæн æппæтдæр сўдзæні.

24. Æмæ ўajтађд лæппуj фvд, jæ цæстvсvгтæ калгæje, сqæркодта: урнv мæ, Хіjцаў! баaqазкæн мæ æнæурнvнæн.

25. Jесо кў федта бірæ адæмv ўрдæм зђоргæjæ, ўæд нvпбаста хæjрæдћсv, æмæ ін захта: æгомvг æмæ ќурмâ уд! Æз дvн sæђvн, рацу умæj, æмæ jем макў ўал бацу.

26. Æмæ сqæркодта, æмæ je тvнг сцахта; æмæ дзv рацvдi, æмæ ўj мардаў фæці, афтæ-æмæ бірæтæ дзvрдтоj: ўj амарді sæђгæ.

27. Фæлæ ін Jесо jæ ќухvл схæцvдi, рабадvн æj кодта; æмæ ўj сvстаді.

28. Æмæ Jесо хæдзармæ кў бацvдj, ўæд Æj Je ахургæнінæгтæ фарстоj jўнæгæj: мах цæўлнæ бафæрæстам ўj асурvн?

29. Уj сvн захта: ацv мvккаг, комдарvн æмæ кўвдv jедтæмæ, ніцæмæj рацæўдзæні.

30. Урдvгæj рацvдvстv, æмæ цvдvстv Галілеjаіл: æмæ Je ісчі цæмæj базvдтаід, ўj Je нæ фæндvдi.

31. Цæмæjдæрідтæр амvдта Je ахургæнінæгтæн, æмæ сvн дзvрдта: Адæjмадћсv Фvрт адæмv ќухтæм лæвæрд ўдзæні, æмæ Je амардзvстv, æмæ Уj, Je амæлvнv фæстæ, æртvккæгæм бонv рajгас удзæні.

32. Фæлæ удон нæ æмбæрстоj ўцv дзvрдтv, фæрсvн та Je нæ ўæндvдvстv.

33. Æрцvдi Капернауммæ, æмæ хæдзарv кў уді, ўæд сæ бафарста: фæндагўл цæул дзvрдтат ўæ кæрæдзіімæ?

34. Удон нvqqусvстv, ўмæн-æмæ фæндагўл сæ кæрæдзіімæ дзvрдтој, чі сæ стvрдæр у, уўл.

35. Æмæ æрбадті, басідті Је дуўадæс ахургæнінæгтæм, æмæ сvн захта: хістæр ўvн кæј фæндv, ўј æппæтæј кæстæр æмæ æппæтæн кусæг ўæд.

36. Æмæ рајста сvвæллонv, нvллæўvн æј кодта сæ æхсæнv, æмæ је Је qæбvсмæ бакодта, æмæ сvн захта:

37. Ахæм сvвæллæдтæј јўv, Мæ номv тvххæј, чі ајса, ўј Мvн Мæхі ісv; æмæ Мæн чі ісv, ўј Мvн Мæхі нæ, фæлæ Мæ рарвітæдҥсv ісv.

38. Ўæд Vн Јоанн захта: Ахургæнæг! мах федтам, Дæ номæј хæјрæдҥсvтv чі сурv, æмæ нæ фæдvл чі нæ цæўv ахæм лæдҥсv; æмæ је нал баўахтам, нæ фæдvл кæј нæ цæўv, ўјтvххæј.

39. Јесо захта: ўадзут æј, цæмæјдæрідтæр Мæ номæј діссаг чі скæна, ўј Мæ таҕд нæ ратцæн зvлvнæј.

40. Цæмæјдæрідтæр смахімæ бvцæў чі нæ у, ўј смах фарс у.

41. Æмæ ўн чі баназvнкæна донv ќус Мæ номv тvххæј, смах Чvрvстіі кæј стут, ўјтvххæј; умæн, æцæг ўн зæҕvн, је лæвар нæ фесæфцæні.

42. Фæлæ чі фæрæдіінкæна ацv чvсvлтæј, Мæнvл ўрндҥсvтæј, јўv, умæн хўздæр удајд, је бæрзæіл vн кўроjі фvд кў бабастајккој, æмæ је дендҥсvзv кў баппæрстајккој, ўæд.

43. Æмæ дæ дæ ќух кў рæдіінкæна, ўæд æј алvгкæн; хўздæр дvн у æнæ ќухæј цардмæ бацæўн, цæј нæ фæлтаў дуўæ ќухімæ бацæўај гееннамæ, æнæхўскæ артмæ,

44. Сæ ќўдvр калм кæм нæ мæлv, æмæ арт кæм нæ хўссv.

45. Æмæ дæ дæ ќах кў рæдіінкæна, ўæд æј алvгкæн: хўздæр дvн у ќўлvхæј цардмæ бацæўн, цæј нæ фæлтаў дуўæ ќахімæ æппæрст ўај гееннаі, æнæхўскæ артv,

46. Сæ ќўдvр калм кæм нæ мæлv, æмæ арт кæм нæ хўссv.

47. Æмæ дæ дæ цæст кӳ рæдiiнкæна, ӳæд æj фелвас: хӳздæр дvн у, jӳ цæстiмæ Хуцаӳv патцахадмæ бацæуӳн, цæj нæ фæлтаӳ дуӳæ цæстiмæ æппæрст ӳаj геennаi артмæ,

48. Сæ ќӳдvр калм кæм нæ мæлv, æмæ сæ арт кæм нæ хӳссv.

49. Цæмæjдæрiдтæр чiдæрiдтæр артæj сцæхджсvн удзæнi, — æмæ алv нvвонд цæххæj сцæхджсvн удзæнi.

50. Цæх хорз у; фæлæ цæх цæхджсvн кӳ нæ ӳа, ӳæд æj смах цæмæj сцæхджсvнкæндзvстут? Царут цæх ӳæхi мiдæг, æмæ фарн дарут ӳæ кæрæдзiiмæ.

СÆР 10.

1. Ацvдi ӳрдгæj, æмæ æрцvдj Jӳдетv арæнтæм, Jорданv iннæ фарсæj. Ноджсv Jем æрæмбvрдvстv адæм; æмæ сvн Уj, Jе æҕдаӳ кӳд ӳдi, афтæмæj, ноджсv амvдта.

2. Æрцvдvстv Jем фарiсетæ, æмæ Jе, ќахкæjæ, фарстоj: лæгæн jе усv раӳадзvн æмбæлv?

3. Уj сvн захта дзуаппæн: цv ӳн бафæдзæхста Мojсej?

4. Удон Vн захтоj: Мojсej бар радта ӳаҕдv чiнvг нvффvсvн, æмæ аӳадзvн.

5. Jесо сvн захта дзуаппæн: ӳæ фvдзæрдæi тvххæj ун нvффvста ӳj ацv амvндзiнад.

6. Фæлæ сæ рajдajенv Хуцаӳ лæг æмæ усæн сфæлдvста. (Сфæл. 1, 27.)

7. Ӳjтvххæj нvӳадцæнi лæг jе фvдv æмæ jе мадv,

8. Æмæ jе усvл бафтдзæнi, æмæ сӳдзvстv дуӳædæр jӳ бӳар; афтæ-æмæ дуӳæ нал, фæлæ jӳ бӳар удзvстv.

9. Æмæ афтæ, Хуцаӳ кæj сjӳкодта, ӳj лæг ма ахiцæн кæнæд.

10. Ноджсv та Jе ӳj тvххæj бафарстоj Jе ахургæнiнæгтæ хæдзарv.

11. Уj сvн захта: чi раўадза jе усv, æмæ æндæр ус чi скæна, ўj умæj хæтv;
12. Æмæ ус jæ моji кў нvўадза, æмæ æндæрмæ кў ацæўа, ўæд ўj дæр хæтv.
13. Хастоj Jем сvвæллæдтv, цæмæj бавнала удонмæ; Jæ ахургæнiнæгтæ та нæ ўахтоj æрхæсдзсvтv.
14. Уj фенгæjæ сæм Jесо фæтvзмæдзсi, æмæ сvн захта: ўадзут сvвæллæдтv Мæммæ цæўн, æмæ сæ ма уромут; цæмæjдæрiдтæр ахæмтv у Хуцаўv патцахад.
15. Æцæг ўн сæɣvн, Хуцаўv патцахад сvвæллонаў чi нæ рajса, ўj jæм нæ бацæўдзæн.
16. Æмæ сæ Je qæбvсv бакодта, æмæ сvл Je ќухтæ æрæвæрдта, æмæ сvн арфæракодта.
17. Уj фæндагўл кў рацæjцvдi, ўæд Æм чiдæр æрбазɣордта, æрхаўдi Умæн Je ќæхтæм jæ зонгўтvл, æмæ Je бафарста: хорз Ахургæнæг! цv кæнон æз, цæмæj æнусон цард ссарон?
18. Jесо Iн захта: цæj тvххæj Мæ хонvс хорз? Хорз нiчi у, æрмæст jўнæг Хуцаўv jедтæмæ.
19. Амvнддзiнæдтæ зонvс: хæтаг ма у; ма амар; ма рацав; мæнгæвдiсæн ма нvллæў; тvх макæмæн кæн, цvтдзсvн дар дæ фvдv æмæ дæ мадv. (Рац. 20, 12—17.)
20. Уj та Iн захта дзуаппæн: Ахургæнæг! адон jўулдæр сæххæсткодтон мæ сvвæллонæj нvрмæ.
21. Jесо jæм бакастi, баўарста jе æмæ iн захта: jў qатдзсvн ма дæ; ацу, дæ iс jўўлдæр аўojкæн, æмæ jæ бajўар мæгўртæн, æмæ дvн удзæнi хæзнатæ ўолæрвтv; æмæ æрцу, æмæ Мæ фæдvл рацу, дзўар рajскæje.
22. Æмæ ўj ўцv дзvрдæj сўнгæдзсi, æмæ qvгкæнгæjæ ацvдi; цæмæjдæрiдтæр vн уди бiрæ iс.
23. Æмæ Je алфамблajмæ акасти Jесо, æмæ захта Je ахургæнiнæгтæн: цæj зvн у qæздзvгад кæмæ iс, удонæн Хуцаўv патцахадмæ бацæўн!
24. Ахургæнiнæгтæ фæтарстvстv Уj дзvрдтæj. Фæлæ сvн Jесо ноджсvдæр захта дзуаппæн: Мæ

фурттæ! цæй зун у qæздугадæй нуфс кæмæн ис, умæн Хуцаўу патцахадмæ бацæўн!

25. Теўајен судзінu бунu ацæўн æнцондæр у, qæздугæн Хуцаўu патцахадмæ бацæўнæj!

26. Удонмæ ідтæг діссаг фæкасті, æмæ сæ кæрæдзіімæ дзурдтоj; ўæдæ ма фервнзун чі бафæраздзæні?

27. Јесо сæм бакасті, æмæ сун захта: ўj адæмæн бафæразінаг нæў, фæлæ Хуцаўæн у; цæмæjдæрідтæр Хуцаў æппæт фæразæг у.

28. Æмæ Ін Петр бајдудта дзурун: мæнæ мах jўўлдæр нўахтам, æмæ Дæ фæдул рацудустæм.

29. Јесо захта дзуаппæн: ацæг ўн зæŋун: ахæм лæг нæj, чі нўадза je хæдзар, кæнæ je æфсумæртu, кæнæ je хотu, кæнæ je фудu, кæнæ je мадu, кæнæ je усu, кæнæ je сваллæдтu, кæнæ je зæххu, Мæн туххæj æмæ Евангеліаі туххæj,

30. Æмæ нур, ацu сурун афонu, не ссара фондзссæдз хадтu фулдæр je хæдзæрдтæj, æмæ je æфсумартæj, æмæ je фудтæj, æмæ je мæдтæj, æмæ je сувæллæдтæj, æмæ je зæххутæj, æрцæўінаг афонu та æнусон цард.

31. Æмæ футцæгтæj бірæтæ фæстæгтæ фæўдзустu, фæстæгтæj та футцæгтæ.

32. Удон фæндагўл кў удусіu, Јерусаліммæ цæўгæjæ, ўæд Јесо цуді сæ разæj; удон та тарстустu, æмæ фæдул цæўгæjæ рустустu. Басідті Је дуўадæс ахургæнінæгтæм, æмæ та сун ноджсудæр дзурун бајдудта, уўл цу æрцæўдзæні, ўj туххæj:

33. Мæнæ, мах цæўæм Јерусаліммæ, æмæ адæjмаджсу Фурт рард удзæні саўджсунтухістæртæм æмæ чінуджсудæснутæм, æмæ Ін амарунu тæрхон скæндзустu, æмæ Је муртадтутæм ратцустu.

34. Æмæ Је фелŋітцустu, æмæ Је нæмдзустu, æмæ Іл тутækæндзустu, æмæ Је амардзустu; æмæ æртукkæгæм бон рajгас ўдзæні.

35. Ўæд Æм бацудустu Зеведеі фурттæ, Јаков æмæ Јоанн æмæ Ін захтоj: Ахургæнæг! мах фæндu, цæмæj нун Ду, цу дæ ракурæм, ўj радтаj.

36. Уj сын захта: цу ўæ qæўу, æмæ ўн цу бакæнон?

37. Удон Ун захтоj: сбадун нæ кæн мах, jўу дæ рахіс фарсурдугæj, іннæі та Дæ галіў фарсурдугæj, Дæ стураду.

38. Фæлæ сын Јесо захта: нæ зонут, цу курут, ўj. Æз цу нўазæн нўазун, ўj нўазун, æмæ Æз цу арђўдæj аргаўн, умæj ўæхіул сарђаўн бафæраздзустут?

39. Удон Ун захтоj дзуап: бафæраздзустæм. Јесо та сын захта: Æз цу нўазæн нўазун, ўj нўаздзустут, æмæ Æз цу арђўдæj арђаўон, умæj сарђаўдзустут;

40. Фæлæ ўæ Мæ рахіс фарсурдугæj, æмæ Мæ галіў фарсурдугæj сбадункæнун Мæ кúху нæj, фæлæ цæдтæ кæмæн у, умæн.

41. Æмæ дæс ўj кў феqўстоj, ўæд бajдудтоj бустækæнун Јаковул æмæ Јоаннул.

42. Фæлæ сæм Јесо басідті, æмæ сун захта: смах зонут, сæхі адæму ælдæрдтæ чі хону, удон сул хіцаўад дæр кæj кæнунц, ўj, æмæ се стур лæгтæ бардзун сту удонул.

43. Фæлæ ўæ æхсæн афтæ ма ўæд; æмæ ўæ кæj фæнда стур ўун, уj ун кусæг фæўæд;

44. Æмæ jехі стурдæр кæj фæнда, ўj ўæ æппæтæн цађар ўæд.

45. Цæмæjдæрідтæр адæjмадзу Фурт дæр ўj тухxæj нæ æрцуді, цæмæj Ін кусоj, фæлæ цæмæj куса, æмæ Јæ уд радта бірæту фервæзуну тухxæj.

46. Бацудустu Jерiхонмæ. Æмæ Уj Jерiхонæj кў рацæjцуді Je ахургæнінæгтімæ æмæ бірæ адæмімæ, ўæд кўрм Вартіме Тімеі фурт бадті фæндадзу булул, хорзæх кургæjæ.

47. Æмæ кў феqўста, ўj Назареаг Јесо кæj у, ўj, ўæд бajдудта qæркæнун æмæ дзурун: Јесо, Давідu фурт! тæріђæд мун бакæн.

48. Бірæтæ jæ æнцаінколтоj, фæлæ ўj нодзу тунгдæр qæркодта: Давідu фурт! тæріђæд мун бакæн.

49. Jесо фæлæўўдi, æмæ jем бадзурvнкодта. Бадзvрдтоj кўрммæ, æмæ iн захтоj: ма тæрс, сvст, сiдv дæм.

50. Уj феппæрста jехiцæj je æдтаг дарæс, сvстадi, æмæ æрцvдi Jесомæ.

51. Æмæ je Jесо бафарста: цv дæ цæўv Мæнæj? кўрм vн захта: Ахургæнæг! цæмæj æз ракæсон, ўj.

52. Jесо iн захта: ацу, дæ урнvн дæ фервæзvнкодта. Æмæ ўj уцv сахатvл ракастi, æмæ ацvдi фæндагўл Jесоi фæдvл.

СÆР 11.

1. Æмæ кў баввахсvстv Jерусалiммæ Вiффагiамæ æмæ Вiфанiамæ, Зетii-хохмæ, ўæд Jесо арвvста Jæ ахургæнiнæгтæj дуўæi,

2. Æмæ сvн захта: цæўгæут, ўæ тæккæ комкоммæ цv цæў iс, умæ, æмæ кў бацæўат умæ, ўæд ссардзvстут баст ќæлæў, адæмæj кæўл нiчi ма сбадтi ахæм; сўадзут æj, æмæ je æркæнут.

3. Æмæ ўæ iсчi кў бафæрса: цv мi кæнут ўj? ўæд vн дзуап зæɣут: ўj Хiцаўv цæўv; æмæ je ўцv сахатvл ардæм раўатдзæн.

4. Удон ацvдvстv, æмæ ссардтоj ўндюv, дўармæ баст ќæлæўv, æмæ je сўахтоj.

5. Æмæ ум чi лæўўдvстv, удонæj сvн чiдæртæ захтоj: цv мi кæнут? ќæлæўv цæмæн ўоɣдкæнут?

6. Удон сvн захтоj, Jесо сvн кўд захта афтæ; æмæ сæ удон аўахтоj.

7. Æмæ æркодтоj ќæлæўv Jесомæ, æмæ сæвæрдтоj ўўл сæ дарæстæ; æмæ iл Jесо сбадтi.

8. Æмæ бiрæтæ бajтvдтоj сæ дарæстæ фæндагўл; iннæтæ та лvгкодтоj бæлæстæj ќабузтæ, æмæ сæ фæндагўл тvдтоj.

9. Æмæ Je разæj æмæ Je фæстæ чi цvдvстv, удон зарvдvстv: Осанна! арфæгонд у, Хiцаўv номæj æрцæўæг!

10. Арфæгонд у, Хijцаўv номæj æрцæўæг, нæ фvд Давідv патцахад! Осанна ўæлæўонтv æхсæн!

11. Æмæ бацvди Jесо Jерусаліммæ, æмæ арӈўанмæ; æмæ кў федта jўўлдæр, æмæ æрæдӕv кæj баці, ўj, ўæд рацvди Віфаніамæ Je дуўадæс ахургæнінæгтімæ.

12. Дvккаг бон, удон Віфаніаjæ кў рацvдvстv, ўæд Vн cvстондӕv.

13. Æмæ дæрдцæфæj федта æдсvфтæр легвіі бæлас æмæ jем æрцvди, кæд vл істv мijаг ссарід; фæлæ jем кў бацvди, ўæд vл ніцv ссардта cvфтæртv jедтæмæ: цæмæjдæрідтæр легві æмбvрдкæнvнv афон нæ ма уди.

14. Æмæ ін захта Jесо: нvрæj фæстæмæ мачі ўал бахæрæд дæўæj дvрӈ мvккагмæ! Æмæ ўj феqўстоj Jæ ахургæнінæгтæ.

15. Æрцvдvстv Jерусаліммæ. Jесо бацvди арӈўанмæ, æмæ баjдvдта сурvн арӈўанv мідæг ўojгæндӕvтv æмæ æлхæндӕvтv, æмæ æхцаівдӕvтæн сæ фvнгтæ æмæ бæлæдтv ўojгæндӕvтæн сæ бvнæдтæ афæлдæхта;

16. Æмæ нæ ўахта арӈўанv астæўтv істv мігæнæн хæссvн.

17. Æмæ амvдта удонæн, æмæ cvн дзvрдта: фvст нæў цv: Мæ хæдзар æппæт адæмæн кувæндон хæдзар хўjнæд, фæлæ je смах та абvрдӕvтv лæгæт скодтат. (Icaiai 56, 7.)

18. Ўj чінvдӕvдæснvтæ æмæ саўдӕvнтvхістæртæ кў феqўстоj, ўæд Æj агўрдтоj фесафvнмæ, цæмæjдæрідтæр тарстvстv Умæj, умæн-æмæ адæм æппæт Je амvнддзінадvл діскодтоj.

19. Æмæ кў баізæрі, ўæд Уj рацvди сахараj æдтæмæ.

20. Æмæ рajсом je цуртv фæцæjцæўгæjæ, федтоj ўцv легвіі бæлас je ўідаӕv онг кæj бахўсчі, ўj.

21. Æмæ æрæмvсvди Петр, æмæ захта Умæн: Равві! акæс ма, Дv кæj ралӈvстај, уцv легвіі бæлас бахўсчі.

22. Ўæд сvн Jесо захта:

23. Хуцаўv урнvндзінад ўæм ўæд. Цæмæjдæрідтæр ун æцæг сæҕvн: ісчі кў сæҕа ацv хохæн: сvст æмæ денджсvзv дæхі баппар; æмæ jе сæрдæ кў нæ фæгўрvсхо ўа, фæлæ jе кў урна, jе дзvрдмæ кæсгæjæ кæj сўдзæні ўj, ўæд vн сўдзæні, цvдæрідтæр сæҕа, ўj.

24. Ўjтvххæj ўн сæҕvн: цvдæрідтæр ракурат кувгæjæ, баурнæд ўæ, кæj jе рajсцvстут, æмæ ўн кæj удзæні.

25. Æмæ кувvнvл кў лæўўат, ўæд jў нvпбарут ўæ сæрдæ іскæмæ хæрам кў ўа, ўæд, ўæ ўоларвон Фvд дæр ўн кўд нvпбара ўæ тæріҕædтæ, афтæ.

26. Фæлæ смах кў нæ нvпбарат, ўæд смахæн дæр ўæ ўоларвон Фvд нæ нvпбардзæн ўæ тæріҕædтæ.

27. Æрцvдvстv ноджсvдæр Jерусаліммæ. Æмæ Уj арҕўанv кў рацубацукодта, ўæд Æм æрбацvдvстv саўджсvнтvхістæртæ, æмæ чінvджсvдæснvтæ æмæ сæрædтæ,

28. Æмæ Ін дзvрдтоj: цv бардзінадæj кæнvс адон? æмæ Дvн афтæ кæнvнv бар чі радта?

29. Jесо сvн захта дзуаппæн: Æз дæр ўæ бафæрсон jў qўдтагæj, дзуап Мvн сæҕут, æмæ ўн ўæд Æз дæр сæҕдзvнæн, адон Æз цv барæj кæнvн, ўj.

30. Joаннv арҕўд ўоларвæj уді, æві адæмæj? дзуап Мvн сæҕут.

31. Æмæ удон сæхі мідæг qўдvкодтоj æмæ захтоj: ўоларвæj кў сæҕæм; ўæд Уj сæҕдзæні: ўæдæ іл цæjтvххæj нæ баўæндvдvстут?

32. Фæлæ адæмæj у, сæҕvн та, адæмæj тарстvстv; цæмæjдæрідтæр jўўлдæр зvдтоj Joанн æцæг пехумпар кæj уді, ўj.

33. Æмæ захтоj дзуап Jесоjен: нæ зонæм. Ўæд сvн Уj дæр захта дзуап: ўæдæ ўн Æз дæр нæ сæҕдзvнæн, аj цv барæj кæнvн, ўj.

СÆР 12.

1. Æмæ сvн баjдvдта дзурvн фæсномvгнvхæстæj: jў лæг нvццарæста сæндон, æмæ iн je алфамблаj галўан скодта, æмæ скахта сæндуцæн, æмæ самадта мæсvг, æмæ je радта сæндонгæстæм æмæ ацvдi.

2. Æмæ je афонv арвvста сæндонгæстæм je кусæдҗсv, цæмæj рajса сæндонгæстæj сæндонv дvрҕтæ.

3. Фæлæ je удон æрцахстоj, фæнадтоj je, æмæ je афтiдæj арвvстоj.

4, Ноджсv сæм арвvста æндæр кусæдҗсv æмæ умæн дæр je сæр дуртæj асастоj, æмæ je æгадæj арвvстоj.

5. Æмæ сæм ноджсv æндæрv арвvста: æмæ ўj дæр амардтоj; æмæ æндæртæj бiрæтv, кæj фæнадтоj, кæj амардтоj.

6. Æмæ iн уди æрмæст jўнæг ўарзон фvрт, æппæтv фæстæ сæм ўj дæр арвvста, мæ фvртæj ўæдтæр февсæрмv удзvстv, æнqæлгæjæ.

7. Фæлæ сæндонгæстæ захтоj сæкæрæдзijæн: ўj je бvндар у; цæўæм, амарæм æj, æмæ je бvн мах баўдзæнi.

8. Æмæ je æрцахстоj, амардтоj je, æмæ je сæндонæj æдтæмæ раппæрстоj.

9. Æмæ сæндонv хijцаў цv бакæндзæн нvр? æрцæўдзæн æмæ амарvнкæндзæн сæндонгæстv, æмæ je сæндон ратцæн æндæртæм.

10. Æмæ нæ бакастvстут мijаг смах фvстv: амаджсvтæ цv дур аппæрстоj, ўj jехæдæг фiсvнæн je сæр ссi.

11. Ўj у хijцаўæj, æмæ нæ цæстv дiссаг у. (Псалом. 117, 22, 23.)

12. Æмæ звлдvстv Уj æрцахсvнvл; фæлæ адæмæj тарстvстv; цæмæjдæрiдтæр ўцv фæсномvгнvхас удон тvххæj кæj захта, ўj бамбæрстоj. Нvўахтоj Je æмæ ацvдvстv.

13. Æмæ Јем арвѵстој фарісетæј æмæ Іродіантæј кæјдæртѵ, цæмæј Је дзѵрдæј æрцахсој.

14. Удон Æм æрцæўгæјæ захтој: Ахургæнæг! Мах зонæм Дѵ раст кæј дæ ўј, æмæ зæрдæ æлхæнæнѵ тѵххæј ніцѵ кæнѵс, qадҥсѵдæр нікæј кæнѵс; фæлæ Хуцаўѵ раст фæндаг амонѵс. Кесарæн qалон дæдтѵн æмбæлѵ, æві нæ? дæдтæм ѵн, æві ма дæдтæм?

15. Фæлæ Уј зѵдта удонæн сæ хіндзінад æмæ сѵн захта: цæмæн Мæ ќахут? æрхæссут Мæм дінарі æмæ јæ Æз фенон.

16. Удон æрхастој. Уæд сѵн захта: кæј нѵв у ај æмæ іл цѵ фѵст і? удон Ѵн захтој: Кесарѵ.

17. Јесо сѵн захта дзўаппæн; дæдтут Кесæрон Кесæрæн, Хуцаўон та Хуцаўæн. Æмæ Іл діскодтој.

18. Ўј фæстæ Јем æрцѵдѵстѵ садўкетæ, мæрдтæ нæ рајгасўдзѵстѵ чі зæҕѵнц удон, æмæ Је бафарстој афтæ:

19. Ахургæнæг! Мојсеј нѵн нѵффѵста; іскæмæн је æфсѵмæр кў амæла, је ус кў баззаја, фæлæ ін зæнæг кў нæ ўа, ўæд æј је æфсѵмæр скæнæд усæн, æмæ је æфсѵмæрæн цот скæнæд. (Дѵккдін 25, 5.)

20. Авд æфсѵмæрѵ уді: хістæр æрхаста ус, æмæ æнæзæнæгæј амарді.

21. Дѵккаг æј скодта æмæ амарді, æмæ умæн дæр зæнæг нæ баззаді; æртѵккаг дæр афтæ.

22. Æмæ ўцѵ ус авдæн дæр уді, фæлæ сæ зæнæг нікæмæн баззаді. Æмæ удон сеппæтѵ фæстæ амарді ус дæр.

23. Æмæ афтæ, qајмæтѵ бонѵ кў рајгасој, ўæд сæ кæцѵі ус удзæні удонæј? цæмæјдæрідтæр ўј авдѵ ус дæр уді.

24. Јесо сѵн захта дзўаппæн: фѵстѵтѵ дæр æмæ Хуцаўѵ тѵх дæр кæј нæ зонут, умæј нæ рæдіут нæ?

25. Цæмæјдæрідтæр мæрдтæј кў рајгасој, ўæд нæдæр ус хæсцѵстѵ, нæдæр мојмæ цæўдзѵстѵ; фæлæ ўоларвѵ зæдтаў удзѵстѵ.

26. Мæрдтѵ тѵххæј та, удон кæј рајгасўдзѵстѵ, нæ бакастѵстут цѵ смах Мојсеі чінѵдҥсѵ, Хуцаў ѵн ќутæрѵ цур кўд захта, ўј: Æз дæн Авраамѵ Хуцаў, æмæ Ісаакѵ Хуцаў, æмæ Јаковѵ Хуцаў? (Рац. 3, 6.)

27. Хуцаў мæрдтѵ Хуцаў нæ у, фæлæ æгæстѵ Хуцаў у. Æмæ афтæ, смах ідтæг рæдіут.

28. Ўцѵ чінѵдҥсѵдæснѵтæј јў кў феqўста сæ бѵцæў, æмæ кў базѵдта Јесо сѵн хорз дзўап кæј лæвæрдта ўј, ўæд бацѵді Умæ æмæ Је бафарста: амѵнддзінæдтæј стѵлдæр кæцѵ у?

29. Јесо ін захта дзўап: амѵнддзінæдтæј сеппæтæј стѵлдæр у ај: бајqус Ізраіл! Нæ Хіјцаў Хуцаў јўнæг Хіјцаў у;

30. Æмæ баўарз дæ Хіјцаў Хуцаўѵ дæ зæрдæ æппæтæј, æмæ дæ уд æгасæј, æмæ дæ зонд æгасæј, æмæ дæ тѵх æппæтæј: мæнæ, ўј у стѵлдæр амѵнддзінад. (Дѵккаг. 6, 4, 5.)

31. Дѵккаг дæр ўј хўзæн: баўарз дæ хæстæдҥсѵ, дæхæдæг дæхі кўд ўарзѵс, афтæ. Адонæј æндæр стѵлдæр амѵнддзінад нæј! (Лев. 19, 18.)

32. Чінѵдҥсѵдæснѵ Ін захта: хорз, Ахургæнæг! бæлвѵрд захтај Дѵ, Хуцаў јўнæг кæј у, ўј, æмæ Ўј једтæмæ æндæр кæј нæј, ўј;

33. Æмæ Ўј ўарзѵн æппæт зæрдæјæ, æмæ æгас зондæј, æмæ æгас удæј, æмæ тѵх æппæтæј, æмæ хæстæдҥсѵ дæр ўарзѵн, хіј хўзæн, стѵлдæр у јўулбасудзінæгтæ æмæ нѵвæндтæ аппæтæј.

34. Јесо кў федта, ўј зондҥсѵн дзўап кæј захта ўј, ўæд ѵн захта: Хуцаўѵ патцахадæј дард нæ дæ дѵ. Æмæ Је ўј фæстæ бафæрсѵн нічі ўал ўæндѵді.

35. Амѵдта ноднсѵдæр арҕўанѵ Јесо æмæ захта: чінѵдҥсѵдæснѵтæ кўд зæҕѵнц Чѵрѵстіје, Давідѵ фѵрт у зæҕгæ?

36. Цæмæјдæрідтæр Давід јехæдæг захта Сѵҕдæг Удæј: захта Хіјцаў Мæ Хіјцаўæн: бад Мæ рахіс фарсѵрдѵгæј, цалѵнмæ Дѵн дæ знæгтѵ дæ ќæхтѵ бѵн фæкæнон. (Псал. 109, 1.)

37. Æмæ афтæ, Давід јехæдæг хонv Уј Хіјцаў: ўæдæма је фvрт кўд у? Æмæ Јем бірæ адæм qўста адджсvнæj.
38. Æмæ сvн Је амvнддзінадv дзvрдта: ўæхі хізут чінvджсvдæснvтæj, дарђ дарæс дарvн æмæ адæмv нvхæстv кад агурvн,
39. Æмæ æмбvрдv æмæ хæрдv фvтцаг бvнатv бацахсvн ўарзджсvтæj.
40. Удон, ідæдзтv хæдзæрдтæ чі хæрv, æмæ цæстмæ бірæ чі кувv, рајсцvстv ўоззаў æфхæрд.
41. Æмæ æрбадті Јесо хæзнадонv комкоммæ, æмæ адæм хазнадонv мідæг æхца кўд æвæрдтоj, умæ касті. Qæздvджсvтæj бірætæ æвæрдтоj бірæ.
42. Æрцvді jў мæгўр ідæдз, æмæ цæвæрдта дуўæ лептv, ома кодрант. [1])
43. Јесо басідті Је ахургæнінæгтæм, æмæ сvн захта: æцæг ўн зæђvн, ацv мæгур ідæдз ус хæзнадонv цæвæрдта сеппæтæj фvлдæрдæр.
44. Цæмæjдæрідтæр сеппæт æвæрдтоj сæ ўолдаје, ўj та је мæђўрдзінадæj, цv јем уді æмæ цæмæj царді, ўj æппæт цæвæрдта.

СÆР 13.

1. Æмæ Уj арђўанæj ку рацæjцvді, ўæд Vн Је ахургæнінæгтæj jў захта: Ахургæнæг! акæс ма, цv хўзæн дуртæ æмæ цv хўзæн ађўстvтæ стv!
2. Јесо ін захта дзўаппæч: унvс ацv стvр ађўстvтæ? Адон jўўлдæр хæлд æрцæўдзvстv, афтæ-æмæ дзv дур дурvл нал баззајдзæні.
3. Æмæ Уj Зетіі-хохvл кў бадті, арђўанv комкоммæ, ўæд Æj фарстоj jўнæгæj Петр, æмæ Јаков, æмæ Јоанн, æмæ Андрej:
4. Зæђ нvн, кæд удзæні ўj, æмæ удон æппæт сæххæстўнv нvсан цў у?
5. Јесо сvн дзуаппæн бајдvдта дзурvн: ўæхі хізут, цæмæj ўæ мачі фæсаја.

[1]) Кодрант — ома капеччv æрдæг.

6. Цæмæjдæрiдтæр бiрæтæ æрцæўдзvстv Мæ номæj, æмæ дзурдзvстv: чvрvстi Æз дæн, æмæ бiрæтv фæсajдзvстv.

7. Æмæ кў феqусат æфсæдтv тvххæj æмæ хæстv ўацqўдтv тvххæj, ўæд ма фæтæрсут, цæмæjдæрiдтæр удонvл ссўн æмбæлv, фæлæ ўj кæрон нæма у.

8. Цæмæjдæрiдтæр сvстцvстv адæм адæмvл, æмæ патцахад патцахадvл, æмæ ранæjрæдтv зæхх дæр нўрriздзæнi, æмæ удзæнi стонг, æмæ змæстvтæ. Ўj фvдæбонтæн сæ рajдajен удзæнi.

9. Фæлæ смах ўæхiмæ кæсут; цæмæjдæрiдтæр ўæ кæндзvстv тæрхонгæнæнтæм, æмæ ўæ æмбvрдгæнæнтv нæмдзvстv, æмæ ўæ кæндзvстv хiцæўдтv æмæ патцæхтv размæ Мæн тvххæj, цæмæj æвдiсæн лæўат удон раз.

10. Æппæтv фvтцаг алv адæмæн Евангелiе qўамæ амvнд ўа.

11. Æмæ ўæ фvдæвзарæнмæ кў акæноj, ўæд раздæр мæт ма кæнут, цv зæ̆ат ўj тvххæj, æмæ qўдv дæр ма кæнут; фæлæ ўн ўцv сахатvл лæвæрд цv ўа, ўj jў дзурут; цæмæjдæрiдтæр смах нæ дзурдзvстут, фæлæ Сv̆дæг Уд.

12. Æмæ ратцæнi æфсvмæр æфсvмæрv æмæ фvд фvртv марvнмæ, æмæ сvстцvстv зæнæг сæ нvjардюvтvл, æмæ сæ амардзvстv.

13. Æмæ нæўарзон ўдзvстут æппæтæj Мæ номv тvххæj: фæлæ кæронмæ чi нvггæдзæкæна, ўj фервæздзæнi.

14. Æмæ лæўўн кæм нæ æмбæлv, ум кў фенат гæнvстонv æвзæрдзiнад, пехумпар Данiiл раздæр кæj захта (чi кæса æмбарæд), ўæд Jўдеi чi ўа, удон хæхтæм лiдзæнт.

15. Æмæ ўæлхæдзарvл чi ўа, ўj хæдзармæ ма æрцæўæд, æмæ ма бацæўæд, је хæдзарæj iстv рахæссvнмæ;

16. Æмæ бvдvрv чi ўа, ўj фæстæмæ ма раздæхæд, је дарæс рахæссvнмæ.

17. Мæгӯр сæ бон сѵвæрдҥсѵнтæн æмæ дзідзідардҥсѵтæн ӯцѵ бонтѵ.
18. Кувут, цæмæј ӯæ лідзѵн змæдҥсѵ ма æрцæӯа.
19. Цæмæјдæрідтæр ӯцѵ бонтѵ ахæм ӯнгæгдзінад удзæні, дунеі рајдіанæј, (Хуцаӯ кæј сфæлдѵста), нѵрмæдæр цѵ хӯзæн нæ уді, æмæ нæдæр удзæні.
20. Æмæ Хіјцаӯ кӯ нæ сцѵбѵркодтаід ӯцѵ бонтѵ, ӯæд јӯ удгојмаг дæр нæ фервастаід; фæлæ æвзæрстѵтѵ тѵххæј, Уј кæј сæвзæрста, фæцѵбѵркодта ӯцѵ бонтѵ.
21. Ӯæд ӯн ісчі кӯ зæҕа: мæнæ, Чѵрѵсті ам іс, кæнæ: мæнæ, ум іс; ма ӯæ урнæд.
22. Цæмæјдæрідтæр сѵстцѵстѵ мæнгчѵрѵстітæ, æмæ мæнгпæхумпартæ, æмæ равдісцѵстѵ нѵсæндтæ æмæ діссæгтæ, цæмæј фæсајој, кӯ бафæразој ӯæд, æвзæрстѵтѵ дæр.
23. Фæлæ смах ӯæхі qaqqæнут. Мæнæ, ӯн Æз јӯӯлдæр раздæр захтон.
24. Фæлæ ӯцѵ бонтѵ, ахæм ӯнгæгдзінадѵ фæстæ, хур баталѵнг удзæні, æмæ мæј дæр нæ ратцæн је рухс;
25. Æмæ сталѵтæ æрхаӯдзѵстѵ ӯоларвæј, æмæ ӯоларвон тѵхтæ сѵзмæлдзѵстѵ.
26. Ӯæд фендзѵстѵ адæјмадҥсѵ Фѵртѵ, æврæҕтѵл цæӯгæјæ стѵр тѵхімæ æмæ кадімæ.
27. Æмæ ӯæд Ӯј рарвітцæні Је Зæдтѵ, æмæ æрæмбѵрдкæндзæні Је æвзæрстѵтѵ цѵппар дѵмгæтæј, заххѵ кæронæј арвѵ кæронмæ.
28. Легвіі бæласæј рајсут бæрæг: умæн јæ ќабӯзтæ кӯ сфæлмæнвæјінц, æмæ сѵфтæртæ кӯ раӯадзѵнц; ӯæд зонут, сæрд хæстæг кæј у, ӯј.
29. Смах дæр афтæ, кӯ фенат удон сӯовгæјæ, ӯæд зонут кæј æрхæстæдҥсі æмæ дӯарѵ цур кæј іс, ӯј.
30. Æцæг ӯн зæҕѵн: ацѵ мѵккаг нæма аівҕӯјдзæні, адон æппæт цалѵнмæ сæххастој, ӯалѵнмæ.
31. Арв æмæ зæхх аівҕӯјдзѵстѵ; фæлæ Мæ дзѵрдтæ нæ аівҕӯјдзѵстѵ.

32. Æмæ ўцv бонv, кæнæ ўцv сахатv тvххæj нічі зонv, нæдæр ўоларвон Зæдтæ, нæдæр Фvрт, фæлæ æрмæст Фvд.

33. Цvрд лæўут, qæлдзæгут, æмæ кувут; цæмæjдæрідтæр нæ зонут, ўцv афон: ўj кæд нvллæўдзæні.

34. Ўjаў, ісчі, балцv ацæўгæjæ, æмæ jе хæдзар нvўадзгајæ, jе кусдзvтæн бар радта, æмæ алкæмæн дæр бæрæг qўдтаг, æмæ дўаргæсæн qæлдзæг у, зæвгæ, захта.

35. Ўjтvххæj qæлдзæг ут; цæмæjдæрідтæр нæ зонут, кæд æрцæўдзæні хæдзарv хіцаў, ізæрvгон, кæнæ æмбісæхсæв, кæнæ кæркўасæнv, кæнæ рајсом;

36. Цæмæj, æвіппајдv æрцæўгæjæ, ма ссара смах хўскæjæ.

37. Фæлæ ўн цv зæвvн, ўj æппæтæн зæвvн: qæлдзæг ут.

СÆР 14.

1. Дуўæ бонv фæстæ Пасха æмæ æнææнqізæндзvн бæрæгбон нvллæўvн æмбæлді. Æмæ саўдзvнтvхістæртæ æмæ чінvдзvдæснvтæ агўрдтој, цæмæj Je хінæj æрцахстајккој, æмæ Je амардтајккој;

2. Фæлæ дзvрдтој: бæрæгбонv нæ, цæмæj адæмv æхсæн змæст ма æрцўа.

3. Æмæ Уj Віфаніаі кў уді, qотvрдзvн Сімонv хæдзарv, æмæ хæрдvл кў бадті; ўæд æрцvді jў ус, свбдæг нардv æмæ зvнарв міронæj дзаг алабастvрv мігæнæн хæскæjæ, æмæ асаста мігæнæн, æмæ Ін æj Je сæрvл аўахта.

4. Jўæj-jўтæ та, qўрqўргæнгæjæ, сæкæрædзіjен дзvрдтој: цæмæн у ацv міронv сæфт?

5. Цæмæjдæрiдтæр ўj артæ-фондзссæдз дiнарæj фvлдæрvл аўojчvндæўдаiд, æмæ сæ бæjўæрстæўдаiд мæгўртæн. Æмæ сæ qўрqўр цvдi ўўл.

6. Фæлæ сvн Jесо захта: нvўадзут æj; цæмæн æj ўнгæгкæнут? ўj Мvн хорз qўдтаг бакодта.

7. Цæмæjдæрiдтæр мæгўртæ кæдтæрiдтæр смахiмæ стv, æмæ ўæ кў фенда, ўæд сvн бафæраздзvстут хорзкæнvн; фæлæ Æз jўўлдæр смахiмæ нæ дæн.

8. Уj цv фæрæста, ўj бакодта: раздæр бajсæрста Мæ бўарv банvгæнvнv тvххæj.

9. Æцæг ўн зæҕvн: кæмдæрiдтæр амvнд ўа ацv Евангелiе, æгас дунеi, ум, ўцv ус цv бакодта, ўj тvххæj дзvрд удзæнi, jе æрæмvсvнv тvххæj.

10. Æмæ Iскарiотаг Jуда, дуўадæс ахургæнiнæгтæj jў, ацvдi саўдзсvнтvхiстæртæм, цæмæj Jе радта удонæн.

11. Æмæ ўj кў феqўстоj удон, ўæд фæцiнкодтоj, æмæ iн нvпбастоj æвзiст æхца. Æмæ ўj агўрдта ахæм фадат, цæмæj Jе радта удонæн.

12. Æмæ æнææнqiзæндзсvн бæрæгбонv фvтцаг бонv, кў æргæвстоj пасхаi ўæрvччv, ўæд V'н Jе ахургæнiнæгтæ захтоj: кæм Дæ фæндv пасха хæрvн? мах ацæўдзvстæм æмæ jе сцæдтæкæндзvстæм.

13. Æмæ арвvста Jе ахургæнiнæгтæj дуўæi æмæ сvн захта ацæут сахармæ; æмæ ўл сæмбæлдзæнi лæг, донæj дзаг дурvнiмæ; æмæ умæн jе фæдvл бацæут.

14. Æмæ ўj кæдæм бацæўа, ўцv хæдзарv хiцаўæн зæҕут: Ахургæнæг захта: кæм i ўцv ўат, Мæ ахургæнiнæгтiмæ пасха кæм бахæрон?

15. Æмæ ўн уj фенvнкæндзæнi стvр арæст æмæ цæдтæ ўат; ум нvн сцæдтæкæнут махæн.

16. Jе ахургæнiнæгтæ ацvдvстv, æмæ бацvдvстv сахармæ, æмæ сvн Уj кўд захта, афтæ ссардтоj, æмæ сцæдтækодтоj пасха.

17. Æмæ кў баiзæрi, ўæд Jе дуўадæсiмæ æрцvдi,

18. Æмæ удон кӳ бадтvстv æмæ кӳ хордтоj, ӳæд Jесо захта: æцæг ӳн зæӈvн: смахæj jӳ, Мемæ чi хæрv, ӳj Мæ ратцæнi.

19. Удон æрæнкардvстv, æмæ Iн байдvдтоj дзурvн jӳгаj-jӳгаj: æз мijаг дæн? æмæ iннæ: æз мijаг дæн?

20. Уj сvн захта дзӳаппæн: дуӳадæсæj jӳ, Мемæ тæбæӈv чi стула, ӳj.

21. Фæлæ адæjмадӕv Фvрт цæӳv, Уj тvххæj кӳд фvст у, афтæ: фæлæ мæгӳр ӳцv лæдӕv бон, адæjмадӕv Фvртv чi радтцæнi; хӳздæр удаiд ӳцv адæjмагæн нæ рajгӳрvн.

22. Æмæ удон кӳ хордтоj, ӳæд Jесо рajста дзул, æмæ jе, арфæгæнгæjæ, асаста, æмæ радта удонæн, æмæ сvн захта: ajсут, хæрут; aj у Мæ бӳар.

23. Æмæ рajста нӳазæн, арфæгæнгæjæ, радта удонæн: æмæ дзv банvстоj сеппæтдæр.

24. Æмæ сvн захта: aj у Мæ туг ног ævдvстv бiрætv тvххæj калд.

25. Æцæг ун зæӈvн: Æз нал баназдзvнæн сæнæфсiрv бæласv дvрӈæj ӳцv бонмæ, цалvнмæ ног нӳазiнаг нӳазон смахiмæ Хуцаӳ патцахадv.

26. Æмæ сзарvдvстv, æмæ ацvдvстv Зетii-хохмæ.

27. Æмæ сvн захта Jесо: ӳæ æппæт фæрæдiйдзvстут Мæн тvххæj ацv æхсæвv; цæмæйдæрiдтæр фvст у: нvпбvрсцvнæн фæjаӳv, æмæ фvстæ нvххæлiӳудзvстv.

28. Мæ рajгасv фæстæ та ӳл сæмбæлдзvнæн Галiлеаi.

29. Петр Iн захта: сеппæтдæр кӳ фæрæдiоj, ӳæдтæр æз нæ.

30. Æмæ Iн Jесо захта: ацæг дvн зæӈvн: дv, нvр, ацv ахсæв, цалvнмæ ӳасæг дуӳæ хадтv сӳаса, ӳалvнмæ Мvл æртæ хадтv ævдiсæнбакæндзvнæ.

31. Фæлæ ӳj ноддӕv тvнгдæр дзурvн байдvдта: Демæ мæ амæлvн кӳ qæӳа, ӳæдтæр Дvл ævдiсæн нæ бакæндзvнæн. Æфтæ iн сеппæтдæр дзvрдтоj.

32. Æрцvдстv, Гефсіманіа чі хŭjнv, ŭцv qæŭмæ; æмæ Уj захта Jæ ахургæнінæгтæн: ам абадут, цалvнмæ Æз бакувон.

33. Æмæ акодта Jæмæ Петрv, Јаковv æмæ Joаннv, æмæ бajдvдта тæрсvн æмæ qvнцvмкæнvн.

34. Æмæ сvн захта: Мæ уд мæлæтv ŭнгæгкæнv, фæлæŭут ам, æмæ qæлдзæг ут.

35. Æмæ удонæj jŭ чvсvл ахіцæні, æрхæŭді зæхxvл, æмæ кŭвта, цæмæj, кæд сŭдзæні, ŭæд ajвђŭjед ацv сахат;

36. Æмæ дзvрдта: Авва, Мæ Фvд! æппæтдæр Дæ бон у; ajвђŭінкæн ацv нŭазæн Мæнæj; фæлæ Мæн кŭд фæндv афтæ нæ, фæлæ Дæŭ кŭд фæндv, æфтæ.

37. Раздæхті, æмæ сæ ссардта хŭскæje, æмæ Петрæн захта: Сімон! дv хŭссvс? дv нæ бафæрæстaj jŭ сахат qæлдзæг фæŭн?

38. Qæлдзæг ут, æмæ кувут, цæмæj фvдæвзарæнv ма бахаŭат. Уд qæлдзæг у, бŭар та æнæqарy у.

39. Æмæ ноџсvдæр ацvді, кŭвта æмæ дзvрдта ŭцv дзvрд.

40. Раздæхті сæм, æмæ сæ ноџсv ссардта хŭскæje; цæмæjдæрjдтæр удонæн сæ цæстvтæ æрŭоззаŭvстv æмæ Ін цv захтajккоj, ŭj нал зvдтоj.

41. Æмæ æрцvді æртvккаг хатт, æмæ сvн захта: смах нvрма хŭссут, æмæ æнцоj стут? Фæці: æрхæтцæ і сахат; мæнæ, адæjмаџсv Фvртv лæвæрдæŭv тæріђæдџсvнтv кухтæм.

42. Сvстут, цæŭæм; мæнæ, Мæ дæдтæг æрбаввахсі.

43. Æмæ ма Ŭj кŭ дзvрдта, ŭæд ŭajтађд æрцvді Јŭда, дуŭадæс ахургæнінæгтæj jŭ, æмæ jæмæ бірæ адæм цvрђæгтімæ æмæ міхтімæ саŭџсvнтvхістæртæj, чінvџсvдæснvтæj æмæ зæрæдтæj.

44. Æмæ сvн Jæ дæдтæг радта нvсан, зæђгæje: æз кæмæн аґакæнон, Ŭj у; æрцахсŭт Æj, æмæ Jæ, qaqqæнгæje, акæнут.

45. Æмæ кŭ æрцvді, ŭæд ŭцv сахатvл æрбацvді Умæ, æмæ Ін захта: Равві! Равві! æмæ Ін аґакодта.

46. Удон та сæвæрдтој Уўл сæ ќухтæ, æмæ Јæ æрцахстој.
47. Æмæ ум лæўдҥсѵтæј јў фелвæста јæ кард, нѵццафта саўдҥсѵнтѵхістæрѵ кусæдҥсѵ, æмæ ін ахаўнкодта јæ ɋус.
48. Ўæд сѵн Јесо захта: цѵма æвзæргæнæгмæ æрцѵдѵстут смах цѵрҕæгтімæ æмæ ɋілтімæ Мæн æрцахсѵнмæ.
49. Алæбон ўæмæ удтæн Æз арҕўанѵ, æмæ амѵдтон, æмæ Мæ смах нæ ахстат. Фæлæ сæххæст ўонт Фѵстѵтæ.
50. Ўæд Æј удон нѵўахтој, æмæ сеппæтдæр алѵҕдѵстѵ.
51. Æмæ Умæн Јæ фæдѵл цѵді јў лæппу, кæмæн јæ бæҕнæг бўар æмбæрст уді амбæрзæнæј; æмæ æвсæдтæ æрцахтој ўј.
52. Фæлæ ўј нѵўахта æмбæрзæн, æмæ удонæј бæҕнæгæј алѵҕді.
53. Æмæ æркодтој Јесоі саўдҥсѵнтѵхістæрмæ кæм æрæмбѵрдѵстѵ іннæ саўдҥсѵнтѵхістæртæ дæр сеппæт, æмæ зæрæдтæ, æмæ чінѵдҥсѵдæснѵтæ.
54. Петр дæрдцæфæј цѵді Умæн Јæ фæдѵл, саўдҥсѵнтѵхістæрѵ кæртѵ мідæгмæ; æмæ бадті кусдҥсѵтімæ æмæ јехі тавдта артмæ.
55. Саўдҥсѵнтѵхістæртæ та æмæ æмбѵрд æппæт агўрдтој Јесоіл æвдісæнад, цæмæј Јæ амарѵнмæ радтој, фæлæ нæ ардтој.
56. Цæмæјдæрідтæр Ѵл бірæтæ мæнгæвдісæн лæўўдѵстѵ, фæлæ сæ æвдісæнад æххæст нæ уді.
57. Æмæ Іл јўæј-јўтæ, сѵсткæје, мæнгæвдісæн бајдѵдтој, æмæ дзѵрдтој:
58. Мах феɋўстам, Ўј афтæ кўд дзѵрта: Æз фехалдзѵнæн ацѵ, ќухæј конд, арҕўанѵ, æмæ æртæ бонмæ скæндзѵнæн æндæр, æнæќухæј конд.
59. Фæлæ ацѵ æвдісæнад дæр та æҕҕæд нæ уді.
60. Ўæд саўдҥсѵнтѵхістæр нѵллæўўді астæўæј, æмæ бафарста Јесоі æмæ Ін захта: цæўлнæ істѵ дзўап дæдтѵс, удон Дѵл цѵ æвдісæн лæўўнц уўл?

61. Фæлæ Ўj æнцад лæўўди, æмæ ін ніцv дзўап лæвæрдта. Ноджсvдæр саўджсvнтvхістæр бафарста Ўj, æмæ Ін захта: Дv дæ цv Чvрvсті, Арфæгондv фvрт?

62. Јесо ін захта: Æз дæн; æмæ смах фендзvстут адæймаджсv Фvртv Хуцаўv тvхv рахісфарсvрдvгæj бадгæ, æмæ ўоларвон æврæђтvл æрцæўгæje.

63. Уæд саўджсvнтvхістæр аскўдтæкодта jæ дарæстæ æмæ захта: цæмæн ма нæ qæўv æвдісæнтæ?

64. Смах феqўстат Хуцаўv фаўн. Кўд ўæм кæсv ўj? Удон Æj сеппæтдæр мæлæтv аккаг скодтоj.

65. Æмæ Іл jўæj-jўтæ бajдvдтоj тутækæнvн, æмæ Ін Jæ цæском æмбæрстоj, æмæ Jæ надтоj, æмæ Ін дзvрдтоj: базон! Æмæ Ін кусджсvтæ надтоj Jæ æхсæрфæрстæ.

66. Æмæ Петр кæртv дæліje кў уди, ўæд æм æрцvдi саўджсvнтvхістæрv фæсцæўінтæj jў,

67. Æмæ Петрv jæхi артмæ тавгæ фенгæje, бакасті jæм, æмæ ін захта: дv дæр Назарejаг Јесоімæ удтæ.

68. Фæлæ Іл ўj æвдісæн бакодта, æмæ захта: дv цv дзурvс, ўj æз нæ зонvн æмæ нæ æмбарvн. Æмæ рацvдi раззаг кæртмæ, æмæ ўасæг сўасvдi.

69. Фæсцæўін ноджсv федта ўj, æмæ ум лæўджсvтæн дзурvн бajдvдта: aj дæр удонæj у.

70. Ўj Ін ноджсv æвдісæнбакодта. Jўчvсvл афонv фæстæ ум чі лæўўдvстv удон ноджсv дзурvн бajдvдтоj Петрæн: æцæг дv удонæj дæ, цæмæjдæрідтæр дv Галілejаг дæ æмæ бæрæг у дæ нvхас дæр.

71. Фæлæ ўj ардхæрvн æмæ сомvкæнvн бajдvдта: смах цv лæгæj зæђут, ўцv лæджсv æз нæ зонvн.

72. Æмæ ўцv сахатvл ўасæг сўасvдi дvккаг хатт. Æмæ æрæмvсvдi Петр Јесо ін цv дзvрд захта, ўj: цалvнмæ ўасæг сўаса дуўæ хаттv, ўj разæj æртæ хаттv æвдісæнбакæндзvнæ Мæнvл; æмæ бajдvдта кæўн.

САР 15.

1. Ўајтаɓд рајсомрадӕсѵ саўдӕсѵнтѵхістæртæ зæрæдтімæ æмæ чінѵдӕсѵдæснѵтімæ, æмæ æгас сінедріонімæ æппæтімæ сфæндкодтој, æмæ сбастој Јесоі, æмæ Јæ радтој Пілатмæ.

2. Пілат бафарста Ѵј: Јўдеаг Патцах дæ Дѵ? Ѵј ін захта дзўаппæн: дѵ зæɓѵс.

3. Æмæ саўдӕсѵнтѵхістæртæ зѵлѵнкодтој Ўј бірæ цæјдæртѵ тѵххæј.

4. Пілат Æј нодӕсѵдæр бафарста: Дѵ ніцѵ дзўап дæдтѵс? ўнѵс, цас Дæ зѵлѵнкæнѵнц.

5. Фæлæ ін Јесо уўлдæр ніцѵ дзўап радта, Пілатмæ діс кўд касті афтæ.

6. Æмæ сѵн ўј алѵ бæрæгбонмæ раўахта јў ахæстѵ, удон ўј кæј кўрдтој, ўј.

7. Ўæд чідæр, Варавва зæɓгæ, (јæ æмбæлтімæ змæстѵ афон лæг чі амардтој), ахæстонѵ уді.

8. Æмæ адæм бајдѵдтој qæркæнѵн æмæ курѵн Пілатæј, алѵхатт сѵн цѵ кодта, ўј тѵххæј.

9. Пілат сѵн захта дзўаппæн: фæндѵ ўæ цѵ, цæмæј ўн раўадзон Јўдеаг Патцахѵ?

10. Цæмæјдæрідтæр зѵдта, саўдӕсѵнтѵхістæртæ Јæ хæлæгæј кæј радтој, ўј.

11. Фæлæ саўдӕсѵнтѵхістæртæ сардѵдтој адæмѵ, цæмæј ракурој Варавваі.

12. Пілат сѵн нодӕсѵ дзўап дæткæје захта: ўодæ ўæ цѵ фæндѵ, æмæ, смах Јўдеаг Патцах кæј хонут, умæн цѵ бакæнон?

13. Удон нодӕсѵ сqæркодтој: дзўарѵл Æј бајтѵндз.

14. Пілат сѵн захта: Ўј цѵ æвзæр ракодта? Фæлæ удон тѵнгдæр qæркæнѵнбајдѵдтој: дзўарѵл Æј бајтѵндз.

15. Пілатѵ бафæндѵді адæмѵ зæрдæ балхæнѵн, æмæ аўахта Варавваі, Јесоі та нæмгæфæкодта, æмæ Јæ радта дзўарѵл бајтѵндзѵнмæ.

16. Æфсædтæ та бакодтој Ўј кæртѵ мідæгмæ, ома преторіамæ, æмæ æрæмбѵрдкодтој æгас полк.

17. Æмæ Іл скодтој сѵрх дарæс æмæ сбѵдтој сѵндзѵтæј худ, æмæ Іл æј нѵккодтој;
18. Æмæ ін саламтæ дзѵрдтој: цінкæн, Јўдеаг Патцах!
19. Æмæ Ін Јæ сæр лæдзæгæј надтој, æмæ тутæкодтој Ўўл, æмæ сæ зонгўтѵл нѵллæўгæје, кўвдтој умæн.
20. Æмæ Іл сæ фаг кў фæхўдтѵстѵ, ўæд раластој Умæј сѵрх дарæс, æмæ Іл скодтој Јæхі дарæс, æмæ Јæ акодтој бајтѵндзѵнмæ.
21. Æмæ бѵдѵрæј раздæхæг, Кірінеаг Сімонæн, Алѵксандр æмæ Руфѵ фѵдæн, ахæссѵнкæнѵн кодтој Ўј дзўар.
22. Æмæ Јæ æркодтој Голгофмæ, ома нѵхѵ бѵнатмæ.
23. Æмæ Ін нўазѵнкодтој сæн смірнаімæ; фæлæ Ўј нæ бакўмдта.
24. Æмæ Јæ дзўарѵл тѵндзд҄сѵтæ ўæрстој Јæ дарæстæ хæлттæ æппаргæје, кæј дзѵ цѵ фæўа.
25. Æртѵккæгæм сахат уді, æмæ Јæ бајтѵхтој дзўарѵл.
26. Æмæ Јæ зѵлѵндзінадѵ фѵст уді: Јўдеаг Патцах.
27. Уімæ дзўарѵл бајтѵхтој дуўæ æвзæргæнæд҄сѵ, јўѵ Јæ рахісфарсѵрдѵгæј, іннæі та Је галјўфарсѵрдѵгæј.
28. Æмæ сæххæсті Фѵстѵ дзѵрд: æвзæргæнд҄сѵтѵл Æј бахѵхтој. (Ісајаі 53, 12.)
29. Æмæ Ін Јæ разѵ цæўд҄сѵтæ æвзæр дзѵрдтој, сæ сæртæ тілгæјæ: hæј! арҕўанѵ халæг, æмæ јæ æртæ бонмæ амæјæг!
30. Фервæзѵнкæн Дæхæдæг Дæхі, æмæ дзўарæј рахіз.
31. Афтæ дæр саўд҄сѵнтѵхістæртæ, чінѵд҄сѵдæснѵтімæ худгæјæ сæкæрæдзіјæн дзѵрдтој: іннæтѵ ірвæзѵнкодта, фæлæ Јæхі фервæзѵнкæнѵн нæ фæразѵ?
32. Чѵрѵсті, Ізраілѵ Патцах, рахізæд нѵр дзўарæј, цæмæј мах фенæм, æмæ нæ баўрндзæні.

Æмæ Jæмæ дзўарvл тvђд чi удvстv, удон дæр V'н æвзæр дзvрдтоj.

33. Æхсæзæм сахатvл та баталvнджсi дуне æппæтvл, фарæстæм сахатv онг.

34. Фарæстæм сахатv сqæркодта Jесо тvнг, æмæ захта: Елоi! Елоi! ламма савахфанi? ома-Мæ Хуцаў! Мæ Хуцаў! цæмæн Мæ нvўахтаj Дv?

35. Æмæ ўм чi лæўўди, удонæj jўæj-jўтæ аj феqускæje захтоj: мæнæ Iлiамæ сiдv.

36. Jў та сæ азђордта æмæ баjдзагкодта скæлладсæрфæн дзмарije, æмæ jæ бакодта лæдзæгўл, æмæ Iн æj нўазvнæн лæвæрдта, дзургæjæ: фелæўут, фендзvстæм, кæдтæра Jæм Iлiа æрцæўдзæн раjсvнмæ.

37. Jесо та тvнг сqæркодта æмæ Jæ уд сiста.

38. Æмæ æмбæрзæн арђўанv мiдæг дуўæ дiхv фæцi, jæ сæрæj jæ бvнмæ.

39. Æмæ Jæ комкоммæ сæдæi хiцаў, кў федта Jесоi афтæ qæргæнгæjæ æмæ Jæ уд сiскæje, ўæд захта: æцæг ацv лæг Хуцаўv Фvрт уди.

40. Удvстv ум устvтæ дæр, æмæ Jæм дæрдцæфæj кастvстv: удон æхсæн уди Магдалiна Мариа, æмæ Мариа, кæстæр Jаковv мад æмæ Jociai, æмæ Саломiа,

41. Кæцvтæ, Уj Галiлеаi кў уди, ўæдтæр jæ фæдvл цvдvстv, æмæ Iн кўстоj, æмæ æндæртæ дæр бирæ, Уjiмæ jўмæ Jерусалiммæ чi æрцvдvстv.

42. Æмæ кў баiзæрi, (цæмæjдæрiдтæр ўæд уди маjрæмбон, ома сабатбонv разæj),

43. Ўæд æрцvди Арiмафеjаг Josiф, стvр тæрхонv кадджсvн лæг, кæцv jехæдæг дæр æнqæлмæкасті Хуцаўv патцахадмæ, баўондvди бацæўн Пiлатмæ, æмæ кўрдта Jесоi бўар.

44. Пiлатмæ дiсфæкасті Уj тађд кæj амарди, ўj, æмæ басiдті сæдæi хiцаўмæ, æмæ jæ бафарста: радjсv амарди цv Уj?

45. Æмæ кў базvдта сæдæi хiцаўæj, ўæд радта бўар Josiфæн.

46. Уj балхæдта кæдтаг, æмæ Jæ рajскæje батvхта кæдтагæj, æмæ Jæ цæвæрдта зæппадзv, кæцv уди ќæдзæхv мідæг ќахт, æмæ батvлдта дур інгæнv дўармæ.

47. Магдалінаг Маріам, æмæ Jociai Маріа та кастvстv, кæм Æj цæвæрдтоj, ўрдæм.

СÆР 16.

1. Сабатбон кў ајвђўдта, ўæд Магдалінаг Маріа æмæ Јаковv Маріа æмæ Саломіа балхæдтоj хорзсмагджсvнтæj, цæмæj ацæўоj, æмæ Jæ бajсæрдоj.

2. Æмæ іттæг раджсv, кўрijен je фvтцаг бон, æрцvдvстv інгæнмæ, хурскæсæн афонv.

3. Æмæ сæ кæрæдзijен дзvрдтоj: Чi нvн афæлдахдзæн дур інгæнv дўарæj?

4. Æмæ бакæскæje федтоj дур фæлдæхтæj; æмæ ўцv дур уди іттæг стvр.

5. Æмæ інгæнмæ бацæўгæje федтоj ум урс дарæсджсvн лæппуі рахісфарсvрдvгæj бадгæje, æмæ фæтарстvстv.

6. Æмæ сvн ўj захта: ма тæрсут. Смах дзўарvл тvђд Назарејаг Јесоі агурут; Уj рajгас, ам налі. Мæнæ, Ўj кæм æвæрд уди, ўцv бvнат.

7. Ацæут æмæ сæђут Jæ ахургæнінæгтæн æмæ Петрæн, Ўj ўл Галілеаі сæмбæлдзæн; ум Æj фендзvстут, Ўj ўн кўд захта афтæ.

8. Æмæ рацvдvстv æмæ азђордтоj інгæнæj; удон фæтарстvстv æмæ рvзстvстv, æмæ нікæмæн ніцv захтоj, кæj тарстvстv, ўjтvххæj.

9. Æмæ Јесо кў рajгасі ќўрijен jæ фvтцаг бон, ўæд раджсv Мађдалінæ Маріаммæ, авд хæjрæджсv кæмæj расvрдта, умæ фæзvнді.

10. Ўj ацvді æмæ феqусvнкодта ўімæ чі удvстv, удонæн, кæўджсvтæн æмæ ардіаггæнджсvтæн.

11. Фæлæ удон кў феqўстоj, Уj кæj рajгасі, æмæ jæ федта, ўæд сæ нæ баўрнvдта.

12. Ўj фæстæ æндæр хўзv раргомі Уj удонæj дуўæмæ фæндагўл, удон qæўмæ кў фæцæjцvдvстv, ўæд.
13. Æмæ удон кў раздæхтvстv, ўæд феqусvнкодтоj іннæтæн; фæлæ сæ удонæj дæр нæ баўрнvдта.
14. Стæj jўæндæс ахургæнінæдҗсv хæрдvл кў бадтvстv, ўæд сæм раргомі, æмæ сvн ўæjдзæфкодта сæ нæўрнvнv æмæ фvдзæрдæі тvххæj, чі Jæ федта рajгасæj, удонæj сæ кæj баўрнvдта, ўjтvххæj.
15. Æмæ сvн захта: цæут дуне æппæтvл æмæ амонут Евангеліе æгас дзvллæjен.
16. Кæj баўрна æмæ чі сарҕаўа, ўj фервæздзæні: фæлæ кæj нæ баўрна, умæн фvдтæрхон удзæні.
17. Ўрндҗсvтæн семæ цæўдзvстv ацv нvсæнттæ: Мæ номæj хæjрæдҗсvтv сурдзvстv; ног æвзæгтæj дзурдзvстv;
18. Кæлмvтæ ісцvстv; æмæ кæд істv марг баназоj, ўодтæр сæ ніцv qvгбадардзæні, сæ кухтæ ніздҗсvнтvл æрæвæрдзvстv, æмæ удон дзæбæх кæндзvстv.
19. Æмæ афтæ Хіjцаў удонімæ кў фæнvхæстækодта, ўæд ўj фæстæ ссvді ўоларвмæ, æмæ æрбадті Хуцаўæн Jæ рахісфарсvрдvгæj.
20. Удон та ацvдvстv, æмæ амvдтоj алv ранv, Хіjцаўv æххусv фæрцv, æмæ дзvрд фідаркодтоj, семдзу цv діссæгтæ кодтоj, удонæj. Амін.

ЛУКАЈЕ

СѵҕДÆГ ЕВАНГЕЛІЕ.

СÆР 1.

1. Бірætæ кў раjдѵдтоj фѵссѵн нæ æхсæн цѵ сæргом, ўцѵ qўдæгтѵ тѵххæj,
2. Æмæ нѵн кўд радзѵрдтоj ўj æппæтѵ фѵтцаг сæхуттæг сæхі цæстæj фенԉсѵтæ æмæ Дзѵрдѵ кусԉсѵтæ:
3. Ўæд мæнæн дæр мæ зæрдѵ бафтѵд, бæлвѵрдæj сбæрæԉсѵ фæстæ æппæт кæрæj кæроммæ фæдфæдѵ нѵффѵссѵн дæўмæ, кадԉсѵн Феофіл,
4. Цæмæj дѵ базонаj, ахўргонд кæўл удтæ, ўцѵ амѵндѵ бѵндзар.
5. Jўдеаг патцах Іродѵ бонтѵ, уди jў саўԉсѵн, Авіаі радæj, jæ ном Захарі, æмæ jæ ус Ааронѵ мѵккагæj, jæ ном Елісавед.
6. Удон сæ дуўæ дæр раст удѵстѵ Хуцаўѵ разѵ, Хіjцаўѵ амѵнддзінæдтæ æмæ æҕдæўтæ æппæт æнæаіппæj гæнгæjæ.
7. Удонæн нæ уди зæнæг, цæмæjдæрідтæр Елісавед æнæзæнæг уди, æмæ сæ дуўæ дæр іттæг зæрædтæ удѵстѵ.
8. Jўхадт, ўj jæ радѵ Хуцаўѵ разѵ кў кўста,
9. Ўæд æj халæj, саўԉсѵнтæн æҕдаў кўд уди афтæмæj, бацæўн qўді Хіjцаўѵ арҕўанмæ будсудзѵнмæ.
10. Æмæ бірæ адæм æгасæj æттіje кўвтоj будсудзѵнѵ афон.
11. Ўæд æм раргомі Хіjцаўѵ Зæд, будсудзæнѵ кўвæндонѵ рахіс фарсѵрдѵгæj лæўгæje.
12. Захар jæ кў федта, ўæд фæԉсіхі, æмæ дзѵ тас бацѵді.

13. Фælæ ін Зæд захта: ма тæрс, Захар; цæмæjдæрідтæр феqўсті дæ кўвд; æмæ дvн дæ ус Елісавед нvjардзæні фvрт, æмæ іл сæвæрдзvнæ ном: Joанн.

14. Æмæ дvн удзæні ціндзінад æмæ зæрдæрухсдзінад, æмæ jæ рajгўрvнv тvххæj бірæтæ фæцінкæндзvстv.

15. Цæмæjдæрідтæр ўj стvр удзæні Хіjцаўv разv, нæ нўаздзæні сæн æмæ æндæр карз нўазінаг, æмæ Сvŋдæг Удæj сæххæстўдзæні jæ мадv гўбvнv ўовгæje.

16. Æмæ Ізраілтv фvрттæj бірæтv раздæхцæні сæ Хіjцаў Хуцаўмæ.

17. Æмæ Jæ разæj цæўдзæні Іліаі удæj æмæ тvхæj, цæмæj раздæхvнкæна фvдæлтv зæрдæтæ сæ зæнæгмæ, æмæ хівæндтæн рæстvтv qўдvкæнvнv нvв, цæмæj бавдіса Хіjцаўмæ цæттæ адæмv.

18. Æмæ Захар захта Зæдæн: цæмæj базонон ај? цæмæjдæрідтæр æз зæронд дæн, æмæ мæ усæн jæ æзтæ аівŋўдтоj.

19. Зæд vн ззхта дзўап: æз дæн Гаврііл, Хуцаўv разv лæўæг, æмæ дæн дæўмæ æрвvст нvхаскæнvнмæ, æмæ дvн хорзўацqўд зæŋvнмæ.

20. Æмæ мæнæ, дv баæгомvг удзvнæ, æмæ дзурvн дæ бон нал удзæні ўцv бонмæ, цалvнмæ æрцæўоj мæ дзvрдтæ, сæ афонvл чі æрцæўдзvстv удон, дæў кæj нæ баўрнvдтоj ўjтvххæj.

21. Фæлæ адæм æнqæлмæ кастvстv Захармæ, æмæ діскодтоj, ўj арŋўанv кæj нvффæстіат і, ўўл.

22. Æмæ кў рацvді, ўæд сæм дзурvн нæ бафæрæста; ўæд удон бамбæрстоj, ўj арŋўанv діссаг кæj федта, ўj, æмæ сvн ўj нvсаннæj æмбарvнкодта, æмæ æгомvгæj баззаді.

23. Фæлæ jæ кусvнv бонтæ кў фестv, ўæд раздæхті jæ хæдзармæ.

24. Ўцv бонтv фæстæ jæ гўбvнv сæвзæрді jæ ус Елісаведæн, æмæ jæхі æмбæхста фонцз мæji, æмæ дзvрдта:

25. Афтæ мын бакодта Хіцаў ацы бонты, кæцытæм мæм Уј æркасті, цæмæј мæ фервæзынкæна адæмы æхсæн фідісæј.
26. Æмæ æхсæзæм мæјі ærвыст уді Хуцаўæј Зæд Гаврііл Галілејаг сахар Назарет хўнгæмæ,
27. Чызгмæ, кўрд чі уді мојен, Јосіфæн, Давіды хадзарæј; чызджы ном та уді Маріам.
28. Зæд бацуді умæ, æмæ ін захта: цінкæн, хорзлæваргонд! Хіцаў демæ; арфгонд дæ ды устытæ æхсæн.
29. Æмæ је ўј кў федта, ўæд фætарсті је дзырдтæј, æмæ қўдукодта, ај цы фæрсын у?
30. Æмæ ін Зæд захта: Ма тæрс, Маріам! цæмæјдæрідтæр Ды ссардтај хорзлæвардзінад Хуцаўы разы.
31. Æмæ мæнæ, дæ гўбынæ сæвзæрдзæні, æмæ нијардзынæ Фырт, æмæ Іл ном сæвæрдзынæ: Јесо.
32. Уј удзæні стыр, æмæ Бæрзондæ Фырт хўндзæні, æмæ Ін ратцæні Хіцаў Хуцаў Јæ фыд Давідæ бæрзондбадæн;
33. Æмæ патцахад кæндзæні Јаковы хæдзарыл мыккагмæ, æмæ Је цатцахадæн нæ удзæні кæрон.
34. Маріам та захта Зæдæн: кўд удзæні ај, æз мој кў нæ зонын, ўæд?
35. Зæд ын захта дзўап: Сыдæг Уд æрцæўдзæні дæўл, æмæ дæ Бæрзондæ тых æраўонкæндзæні, æмæ ўј тыххæј Сыдæг гўрд дæр Хуцаўы Фырт хўндзæні.
36. Мæнæ, Елісавед дæр, дæ хæстæг, æнæзæнæг кæј хонынц, умæн дæр сæвзæрді фырт је гўбынæ зæрондырдæм, æмæ іл æхсæз мæјі дæр цæўы.
37. Цæмæјдæрідтæр Хуцаўæн æдыхæј ніцы дзырд баззајдзæні.
38. Ўæд Маріам захта: мæнæ Хіцаўы цаҕар: фæўæд мын дæ дзырдмæгæскæ. Æмæ Зæд ацыді умæј.
39. Сыстаді Маріам ўцы бонты, æмæ таҕд ацыді хохбæстæм, Јўдај сахармæ,

40. Æмæ бацʏдi Захарʏ хæдзармæ, æмæ бафарста Елiсаведʏ.
41. Елiсавед кӯ феqӯста Маріамæй фæрсʏн; ӯæд јæ гӯбʏнʏ сʏвæллон стæлфʏдi, æмæ Елiсавед сʏдзаджсi Сʏɮдæг Удæй,
42. Æмæ сqæркодта стʏр qæрæй, æмæ захта: арфæгонд дæ дʏ устʏтʏ æхсæн, æмæ арфæгонд у дæ губʏнʏ дʏрɮ!
43. Æмæ мʏн кæцæй у, мæ Хiјцаӯʏ мад мæм кæй æрцʏдi, ӯј?
44. Цæмæйдæрiдтæр дæ фæрсʏнʏ дзʏрд мæ qустæм кӯ бахæтцæ, ӯæд мæ гӯбʏнʏ сʏвæллон цiнæй стæлфʏдi.
45. Æмæ тæхудiаг у кæй баӯрнʏдта, ӯј; умæнæмæ iл æрцæӯдзæнi, Хiјцаӯ ʏн кæй захта, ӯј.
46. Æмæ захта Маріам: стаӯʏ мæ уд Хiјцаӯʏ;
47. Æмæ сцiнкодта мæ уд мæ Iрвæзʏнгæнæг Хуцаӯʏ тʏххæј;
48. Кæј æркасті Ӯј јæ цаɮарʏ сабʏрдзiнадмæ; цæмæйдæрiдтæр мæ ардʏгæј фæстæмæ тæхудiагкæндзʏстʏ мʏккæгтæ æппæт;
49. Умæн-æмæ мʏн Тʏхджʏн стʏр кад скодта, æмæ сʏɮдæг у Јæ ном;
50. Æмæ јæ хорзæхдзiнад мʏккагæј мʏккагмæ Умæј тæрсджʏтæм.
51. Фенʏнкодта Јæ цонджʏ тʏх; нʏххæлiӯкодта qалтʏ сæ зæрдæi qӯдʏкæнʏнтæј;
52. Раппæрста тʏхджʏнтʏ бæрзондбадæнтæј, æмæ сбæрзондкодта сабʏртʏ.
53. Стонджʏтʏ сæххæсткодта хорздзiнæдтæј, qæздʏджʏтʏ та аӯахта ніцæјiмæ.
54. Аjста Iзраiлʏ, Јæ тæрʏнʏ, æрæмʏсʏд хорзæх,
55. Нæ фʏдæлтæн, Авраамæн æмæ јæ цотæн мʏккагмæ кӯд захта.
56. Маріам фæцi ӯjiмæ æртæ мæjмæ æввахс, æмæ раздæхті јæ хæдзармæ.
57. Елiсаведæн та æрхæтцæ јæ арʏнʏ афон, æмæ нʏјардта фʏрт.

58. Æмæ феqўстоj jæ сvхæгтæ æмæ jæ хæстæджсvтæ, Хіцаў vн стvр хорзæх кæj бакодта, ўj, æмæ цінкодтоj jемæ.

59. Æстæм бонv æрцvдvстv сvвæллонv сунæткæнvнмæ, æмæ сæ фæндvдi ўўл jæ фvдv ном, Захар, сæвæрvн.

60. Ўўл jæ мад захта: нæ; фæлæ іл сæвæрут Іоанн.

61. Æмæ ін захтоj: дæ мvккаджсv ацv номæj нічі хўнді.

62. Æмæ нvсæндтæj фарстоj jæ фvдv, цv ном сæвæрvн æj фæндv.

63, Уj ракўрдта фæjнæг, æмæ іл нvффvста: Іоанн ўæд jæ ном. Æмæ æппæтмæ діс фæкасті.

64. Æмæ ўцv сахатvл сvхæлдvстv jæ дзvх æмæ jе æвзаг, æмæ ўj баjдvдта дзурvн, æмæ Хуцаўæн арфæкæнvн.

65. Æмæ фæтарстvстv, сæ алфамблаj чі цардvстv, удон æппæт, æмæ дзvрдтоj Jўдеаг хох бæстæ æппæтv ацv qўдтаджсv тvххæj.

66. Æмæ jæ чі феqўста, удон æппæт бавæрдтоj ўj сæ sæрдæj æмæ дзvрдтоj: цv ўдзæні ацv сvвæллон? Æмæ Хуцаўv кúх уді ўjімæ.

67. Æмæ jæ фvд Захар сvдзаджсі Сvѣдæг Удæj, æмæ раjдvдта раздæрдзурvн, æмæ захта:

68. Арфæгонд у Ізраілтv Хjjцаў Хуцаў, Jæ адæммæ кæj æркассті, æмæ ін jæ фервæзvндзінад кæj сарæста;

69. Æмæ нvн сўахта фервæзvндзjнадv скá махæн Jæ тæрvн Давідv хæдзарv:

70. Кўд бамбарvнкодта, мvккагæj цv сvѣдæг пæхумпартæ удvстv, удонv дзvхæj,

71. Кæj фервæзvнкæндзæні мах нæ знæгтæj æмæ нæ æнæўарзджсvтæ æппæтv кúхтæj;

72. Скæндзæні хорзæхдзінад нæ фvдæлтæн, æмæ æрæмvсдзæні Jæ сvѣдæг æвдvст,

73. Сомv, ўj Авраамæн, нæ фvдæн цv сомvje расомvкодта махæн дæдтvнv тvххæj,

74. Нæ знæгтv ќухтæј фервæзvнv фæстæ, æдасæј кусvн Умæн, сvђдæгдзінадæј æмæ растдзінадæј,
75. Ўј разv нæ æгас цæрæнбонтv.
76. Дv дæр сvвæллон, Јўўлбæрзондv пæхумпар хўндзvнæ; цæмæјдæрідтæр дv разæј цæўдзvнæ Хіјцаўv цæскомv раз, Умæн Јæ фæндæгтæ сцæдтæкæнvнv тvххæј,
77. Бамбарvнкæнvнv тvххæј адæмæн сæ ірвæзvндзінад сæ тæріђæдтv нvпбарvнv кæј іс, ўј,
78. Нæ Хуцаўv хорззæрдіон хорзæхдзінадv фæрцv, кæцvјæ нæм æркасті ўоліје Хурæвзæрæн,
79. Срухскæнvнæн талvнд҄сv æмæ мæлæтv аўонv бадд҄сvтv, саразvнæн нæ ќæхтæ æнцојдзінадv фæндагўл.
80. Сvвæллон та рæзті æмæ фідаркодта удæј, æмæ уді æдзæрæг рæдтv, цалvнмæ Ізраілмæ разvнді, ўалvнмæ.

СÆР 2.

1, Ўцv бонтv рацvді Август Кесарæј дзvрд, дуне æппæт адæмv нvффvссvн.
2. Ўцv нvфvссvн фvтцаг уді, Квірін Сіріаі хіцаўад кў кодта, ўј рæстæд҄сv.
3. Æмæ јўўлдæр ацvдvстv сæхі нvфvссvнмæ, алчі јæхі сахармæ.
4. Ацvді афтæдæр Јосіф Галілеаі Назаретv сахарæј Јўдеамæ, Давідv сахармæ, Віфлеем чі хўінv, урдæм, Давідv хæдзарæј æмæ мvккагæј кæј уді ўјтvххæј,
5. Јехі нvфvссvнкæнvнмæ Маріам, јæ кўрд усімæ, кæцv уді сvвæрд҄сvн.
6. Æмæ удон ум кў ўдvстv, јæ нvјарvнv афон æрцvді умæн.
7. Æмæ нvјардта јæ јўнæггўрд Фvртv, æмæ Јæ батvхта, æмæ Јæ цæвæрдта кæвдæсv, умæнæмæ сvн ўазæгдонv бvнат нæ уді.
8. Ўцv бæстv бvдvрv удvстv фосгæстæ, æхсæв сæ фос чі qaqqæдтој.

9. Ўајтаҕд Хіјцаўv Зæд сæ разv балæўўді, æмæ сvл Хіјцаўv стvрад срухскодта; æмæ фæтарстvстv стvр тасæј.

10. Æмæ сvн Зæд захта: ма тæрсут; æз ўн qусvнкæнvн стvр ціндзінад, кæцv удзæні æппæт адæмæн.

11. Цæмæјдæрідтæр нvр рајгўрді смахæн Давідv сахарv Ірвæзvнгæнæг, кæцv у Чvрvсті Хіјцаў.

12. Æмæ ўн мæнæ нvсан: смах ссардзvстут сvвæллонv тvхтæј, кæвдæсv æвæрдæј.

13. Æмæ авіппајдv фæзvндvстv Зæдімæ бірæ ўоларвон æвсæдтæ, Хуцаўv стаўгæје æмæ заргæје:

14. Табу бæрзæндтv Хуцаўæн, æмæ зæххvл фарн, æмæ адæмæн хорзфæндон.

15. Зæдтæ удонæј ўоларвмæ кў ацvдvстv, ўæд фосгæстæ захтој сæ кæрæдзіјен: цæўæм Віфлееммæ, æмæ фенæм цv æрцvді ўм, ўј, цæјтvххæј нvн феqусvнкодта Хіјцаў, ўј.

16. Æмæ таҕд ацvдvстv, æмæ ссардтој Маріамv, æмæ Јосіфv, æмæ сvвæллонv кæвдæсv мідæг.

17. Æмæ кў федтој, ўæд радзvрдтој, ўцv сvвæллонv тvххæј сvн цv дзvрд уді, ўј.

18. Æмæ ај чі феqўстој, удон æппæт діскодтој, фосгæстæ сvн цv дзvрдтој, ўўл.

19. Фæлæ Маріам бавæрдта ацv дзvрдтæ æппæт, æмæ сæ дардта јæ зæрдvл.

20. Æмæ раздæхтvстv фосгæстæ, Хуцаўv стvргæнгæје æмæ стаўгæје, цv феqўстој æмæ цv федтој, удон æппæтv тvххæј, дзvрд сvн кўд уді афтæ.

21. Аст бонv кў аівҕуд, сvвæллонvл сунæт кæнvн кў амбæлді, ўæд Vл сæвæрдтој ном, Јесо, гўбvнv сæвзæрдv фvтцаг Vл Зæдæј æвæрд чі уді.

22. Æмæ сæ сvҕдæгкæнvнv бонтæ кў фестv, Моісеі æҕдаўмæ гæсгæ, ўæд Æј æрхастој Јерусаліммæ, цæмæј Је балæўўнкæној Хіјцаўv разv.

23. Хіјцаўv дінv фvст кўд у, цæмæј алv нæлгојмаг сvвæллон чі рајгўра, лæваргонд ўа Хіјцаўæн; (Рац. 13, 2.)

24. Æмæ цæмæј æрхæссој нѵвондæн дуўæ æхсінæдҥсѵ, кæнæ бæлонѵ дуўæ лæппѵнѵ, Хіјцаўѵ дінѵ кўд заҕд у.

25. Ўæд уді Јерусалімѵ јў лæг, јæ ном Сімеон. Ўј уді раст æмæ хæрзкадҥсѵн лæг, Ізраілѵ рæвдаўæнмæ æнqæлмæкæсæг; æмæ Сѵҕдæг Уд уді ўўл.

26. Умæн раздæр заҕд уді Сѵҕдæг Удæј, кўд мæлæт нæ фендзæні, цалѵнмæ Хіјцаў Чѵрѵстіі нæ фена, ўалѵнмæ.

27. Æмæ æрцѵді ўј Удѵ амѵндæј арҕўанмæ; æмæ нѵјардҥсѵтæ сæ сѵвæллон Јесоі кў æрхастој ўўл дінѵ æҕдаў сæххæсткæнѵнмæ;

28. Ўæд Æј ўј ајста јæ qæбѵсмæ, арфæракодта Хуцаўæн, æмæ захта:

29. Нѵр ўадзѵс, Хіјцаў, Дæ цаҕарѵ Дæ дзѵрдмæ гæскæ, фарнімæ;

30. Цæмæјдæрідтæр мæ цæстѵтæ федтој Дæ ірвæзѵндзінад,

31. Дѵ адæм æппæтѵ цæсгомѵ раз кæј сцæдтæкодтај, ўј,

32. Рухс, муртатѵтѵ срухскæнѵнæн, æмæ Дæ адæм Ізраілѵ кадæн.

33. Јосіф æмæ Јæ мад та діскодтој ўј тѵххæј заҕд дзѵрдтѵл.

34. Æмæ сѵн арфæракодта Сімеон, æмæ захта Је мад Маріамæн: мæнæ, Ај лæўўѵ фæкæлѵнæн æмæ сѵстѵнæн бірæтæн Ізраілѵ æмæ бѵцæўдзінадѵ нѵсанæн.

35. (Æмæ дæхіцæн дæр дæ удѵ ахіздзæні цѵрҕаг), цæмæј сæргом ўој бірæ зæрдæтѵ фæндтæ.

36. Æмæ дзѵ уді ум успæхумпар Анна, Фанўілѵ чѵзг, Асірѵ мѵккагæј, іттæг зæрондѵ онг чі фæцарді ахæм, јæ мојімæ чѵзгæј æрмæст авд азѵ чі фæці,

37. Цѵппар æмæ цѵппарѵссæдз азѵккон ідæдз, арҕўанæј чі нæ хіцæнкодта, æмæ комдаргæје æмæ кувгæје чі кўста Хуцаўæн æхсæвæј бонæј.

38. Уј дæр уцv афон бацvди, æмæ Хуцаўv стаўгæје дзvрдта Уј тvххæј, Јерусалімv фервæзvнмæ чі æнqæлмæкастvстv, удон æппæтæн.
39. Æмæ удон кў сæххæсткодтој æппæтдæр, Хуцаўv æвдаўмæ гæскæ; ўæд раздæхтvстv Галілеамæ, сæхі сахар Назаретмæ.
40. Сvвæллон та рæзvди, æмæ фідаркодта удæј, æмæ æххæсткодта зонvндзінадæј; æмæ Хуцаўv хорзлæвардзінад уди Ўўл.
41. Алv аз јў Умæн Јæ нvјарджvтæ цvдvстv Јерусаліммæ пасхај бæрæгбонмæ.
42. Æмæ Уј дуўадæс азvккон кў уди, ўæд æрцvдvстv удон, сæ æвдаўæј Јерусаліммæ бæрæгбонмæ.
43. Æмæ бæрæгбонv бонтæ кў фестv, æмæ кў раздæхтvстv, ўæд сvвæллон Јесо баззаді Јерусалімv; æмæ Јæ нæ æрqўдvкодтој Јосіф æмæ Јæ Мад;
44. Фæлæ æнqæл удvстv, іннæтімæ цæўv зæвгæ. Јў бонцаў кў ацvдvстv, ўæд Æј агурvн бајдvдтој сæ хæстæджvтæ æмæ сæ зонгæтімæ.
45. Æмæ Јæ кў нæ ссардтој, ўæд фæстæмæ Јерусаліммæ раздæхтvстv, Уј агургæје.
46. Æртæ бонv фæстæ Јæ ссардтој арвўанv, ахўргæнджvтv æхсæн бадгæје, удонмæ qускæје æмæ сæ фæрскæје.
47. Æмæ Јæм чі qўста, удон сеппæт діскодтој Умæн Јæ зонд æмæ Јæ дзўаппvтvл.
48. Æмæ Јæ кў федтој, ўæд діскодтој, æмæ Ін Јæ Мад захта: Мæ Фvрт! цv нvн бакодтај ај? Мæнæ, Дæ фvд æмæ Дæ æз стvр мæтімæ агўрдтам.
49. Уј сvн захта: цæмæн Мæ агўрдтат? æві нæ зvдтат смах, Мæн, Мæ Фvдv цv у, уўл лæўvн кæј qæўv, ўј?
50. Фæлæ удон нæ бамбæрстој, Уј сvн цv дзvрдтæ захта, удон.
51. Æмæ Уј ацvди удонімæ, æмæ æрцvди Назаретмæ; æмæ сvн коммæгæскæ уди. Æмæ Јæ мад ўцv дзvрдтæ јўўлдæр јæ зæрдvл дардта.

52. Јесо та хўздæрæј хўздæркодта зондзінадæј æмæ рæзæј æмæ ўарзондзінадæј Хуцаўмæ æмæ адæммæ.

СÆР 3.

1. Тівері Кесарѵ патцахадѵ фѵндтæсæм азѵ Понті Пілат Јўдетѵ бæстѵ хіцаўад кў кодта, Ірод Галілеаі цѵппæрæм хаји хіцаў кў уді, је æфсѵмæр Філіп Ітуреаі æмæ Трахоніаг бæстѵ цѵппæрæм хаји хіцаў кў уді, Лісані та Авілінѵ цѵппæрæм хаји хіцаў кў уді,

2. Саўдѭсѵнтѵхістæртѵ Анна æмæ Кајафѵ рæстæдѭсѵ, уді Хуцаўѵ дзѵрд Захарѵ фѵрт Јоаннмæ, æдзæрæг ранѵ.

3. Æмæ ўј зѵлді Јорданѵ алфамблај бæстæтæ æппæтѵл, тæріђædтѵ нѵпбарѵнæн фæсмондзінадѵ арђўдѵ амонѵнѵ тѵххæј.

4. Фѵст кўд у пехумпар Ісајаі дзѵрдтѵ чінѵдѭсѵ, афтæ чі зæђѵ: qæргæнæдѭсѵ qæлæс æдзæрæг бæстѵ: сцæдтæкæнут Хіјцаўæн фæндаг, æмæ Ін срастқæнут Јæ цæўæнтæ.

5. Алѵ адаг сѵдзаг ўæд, æмæ алѵ хох æмæ ќўбѵр нѵннѵллæгўæнт, зѵлѵнмѵлѵнтæ сраст удзѵстѵ, æмæ æнæлæђз фæндæгтæ слæђз удзѵстѵ;

6. Æмæ алѵ удгојмаг фендзæні Хуцаўѵ ірвæзѵндзінад. (Ісајаі 40, 3, 4, 5.)

7. Цѵ адæм јў æрцѵдѵстѵ Іоаннмæ арђаўнмæ, удонæн дзѵрдта: калмѵ зæнæг! чі ўн бацамѵдта æрцæўінаг фѵдæхдзінадæј лідзѵн?

8. Фæсмондзінадѵ аккаг дѵрђ æрхæссут, æмæ ўæхі мідæг ма qавут афтæ дзурѵн: махæн нæ фѵд Авраам у; цæмæјдæрідтæр ўн зæђѵн, кўд Хуцаўæн Је бон у ацѵ дуртæј Авраамæн зæнæг скæнѵн.

9. Фæрæт дæр бæласѵ бѵн лæўѵ: алѵ бæласѵ, хорз дѵрђ кæўл нæ æрзаја, ўј алѵгкæнѵнц, æмæ јæ артѵ æппарѵнц.

10. Æмæ јæ фарстој адæм: ўæдæ цѵ кæнæм?
11. Уј сѵн захта дзўап: дуўæ дарæсѵ кæмæн іс, ўј радтæд кæмæн нæј умæн; æмæ хæрінаг кæмæн іс, ўј дæр афтæ кæнæд.
12. Æрцѵдѵстѵ јем ɋалонісдҥсѵтæ дæр сарҕаўнмæ, æмæ ін захтој: ахургæнæг! мах цѵ кæнæм?
13. Уј сѵн радта дзўап: цѵ ўл æмбæлѵ, умæј ўолдај ма ісут.
14. Фарстој јæ æфсæдтонтæ дæр: мах та цѵ кæнæм? Æмæ сѵн затха: ма кæј æфхæрут, хахўр ма кæўл кæнут, æмæ ўн æҕҕæд ўæд ўæ улупа.
15. Æмæ адæм æнɋæлмæ кў кастѵстѵ, æмæ јўўлдæр ɋўдѵ кў кодтој сæхінѵмæрѵ Јоаннѵ тѵххæј: кæд ўј Чѵрѵсті у міјаг;
16. Ўæд Јоанн дзўап лæвæрдта æппæтæн: æз ўл арҕаўн донæј, фæлæ æрцæўѵ мæнæј тѵхдҥсѵндæр, кæмæн æз Јæ дзабѵрѵ бос сѵхалѵн аккаг дæр нæ дæн; Уј ўл арҕаўдзæні Сѵҕдæг Удæј æмæ артæј.
17. Умæн Јæ ќухѵ Јæ фѵјаг, æмæ Уј Јæ мус ссѵҕдæгкæндзæні, æмæ æрæмбѵрдкæндзæні мæнæў Јæ хордонмæ, ɋæмпѵтæ та æнæбахўскæ артæј басудцæні.
18. Андæр бірæ хорзўацɋўдтæ дæр дзѵрдта ўј адæмæн, æмæ сѵн амѵдта.
19. Фæлæ патцахадѵ цѵппæрæм хаjі хіцаў Ірод, Іродіадѵ, јæ æфсѵмæрѵ усѵ тѵххæј, æмæ æвзæр цѵ кодта удон æппæтѵ тѵххæј, умæј ўајдзæфгонд ўовгæје,
20. Бафтѵдта удон æппæтѵл ўј дæр, Јоаннѵ кæј бакодта талѵнг ахæстонѵ.
21. Æмæ адæм æппæт кў сарҕўдтој, æмæ Јесо дæр кў сарҕўдта æмæ кўвдта, ўæд фегомі арв,
22. Æмæ Іл æрцѵді Сѵҕдæг Уд бўардҥсѵн хўзѵ, бæлонѵ хўзæнæј, æмæ уді ўоларвæј дзургæ ɋæлæс: Дѵ дæ Мæ ўарзон Фѵрт; Дæўмæ іс Мæ хорзфæндон!

23. Јесо Је кўст кў бајдvта, ўæд уді дæсæмæ-ссæдз аздзvд, æмæ, кўд æнqæлўдvстv афтæмæј, уді Јосіфv фvрт, Јліі,
24. Матфатv, Левіі, Мелхіі, Іаннаі, Іосіфv,
25. Маттафіі, Амосv, Наумv, Еслімv, Наҕҕеі,
26. Маафv, Маттафіі, Семеіі, Јосіфv, Јўдаі,
27. Јоаннанv, Рісаі, Зоровавелv, Салафіелv, Ніріі,
28. Мелхіі, Аддv, Косамv, Елмодамv, Ірv,
29. Јосіаі, Еліезерv, Јорімv, Матфатv, Левіі,
30. Сімеонv, Јўдаі, Јосіфv, Јонанv, Еліакімv,
31. Мелеаі, Маінанv, Маттафаі, Нафанv, Давідv,
32. Јессеі, Овідv, Воозv, Салмонv, Наассонv.
33. Амінадавv, Арамv, Есромv, Фаресv, Јўдаі,
34. Јаковv, Ісаакv, Авраамv, Фараі, Нахорv,
35. Серухі, Рагавv, Фалекv, Еверv, Салінv,
36. Каінанv, Арфаксадv, Сімv, Нојі, Ламехv,
37. Мафусалv, Енохv, Јаредv, Малелеілv, Кајнанv,
38. Еносv, Сіфv, Адамv, Хуцаўv Фvрт.

СÆР 4.

1. Сvҕдæг Удæј æххæст овгæје, Јесо раздæхті Јорданæј, æмæ Јæ акодта Уд æдзæрæг бæстæм.
2. Ўм Æј дуўіссæдз бонv ќахта хæјрæг, æмæ ніцv хордта ўцv бонтv, фæлæ ўцv бонтæ кў аівҕўдтој, ўæд Vн фæстагмæ сvстондҥсv і.
3. Æмæ Ін захта хæјрæг: кæд Дv Хуцаўv Фvрт дæ; ўæд зæҕ ацv дурæн, цæмæј дзул феста.
4. Іесо ін захта дзўап: фvст у, адæјмаг æрмæст јўнæг дзулæј нæ цæрv, фæлæ Хуцаўv алv дзvрдæј. (Дvккагдін 8, 3.)
5. Æмæ Јæ скодта хæјрæг бæрзонд хохмæ, æмæ Ін фенvнкодта зæххон патцахæдтæ æппæт јў цæстv фæнvќўлдæн.
6. Æмæ Ін захта хæјрæг: æз Дvн ратцvнæн ацv патцахæдтæ æппæтvл бар æмæ сæ кад; цæ-

мæjдæрiдтæр ўцv бар мæнæн лæвæрд у, æмæ мæ кæмæн фæнда, умæн æj дæдтvн.

7. Æмæ афтæ, Дv кў бакувај мæнæн, ўæд jўўлдæр Дæў удзvстv.

8. Јесо iн захта дзўап: аqўдтv у Мæнæj, сajтан; фvст у: Дæ Хijцаў Хуцаўæн кув, æмæ jўнæг Умæн кус. (Дvккагд. 6, 13.)

9. Æмæ Jæ акодта Jерусалiммæ, æмæ Jæ нvллæўvнкодта арђўанv ўолхæдзарv, æмæ Iн захта: кæд Дv Хуцаўv Фvрт дæ, ўæд аппар Дæхi ардvгæj дæлæмæ.

10. Цæмæjдæрiдтæр фvст у: Jæ Зæдтæн фæдзæхсv Дæў баqаqqæнvн;

11. Æмæ Дæ сæ ќухтvл ахæсцvстv, цæмæj ма ақўрај дурvл Дæ ќах. (Псал. 90, 11, 12.)

12. Јесо захта умæн дзўап: зађд у: ма ќах Дæ Хijцаў Хуцаўv. (Дvккагдiнv 6, 16.)

13. Æмæ Jæ кў фæќахта, ўæд хæjрæг ахiцæнi Умæj æндæр рæстæдҗсv онг.

14. Æмæ раздæхти Јесо удæj тvхдҗсvнæj Галiлеамæ; æмæ ajqўсти Jæ кој алфамблај бæстæтvл.

15. Уj амvдта сæ нvхастv, æмæ уди æппæтæj кадҗсvнгонд.

16. Æмæ æрцvди Назаретмæ, кæм сqомvлi ўрдæм, æмæ бацvди, Jæ æђдаўæj, сабат бонv нvхасмæ, æмæ сvстад кæсvнмæ.

17. Радтоj Jæм пехумпар Iсaiai чiнvг, æмæ Уj рajгомкодта чiнvг, æмæ дзv ссардта jў ран, фvст кæм уди:

18. Хijцаўv Уд Мæнvл; цæмæjдæрiдтæр Мæ Уj бajсæрста, мæгўртæн хорзўацqўддзурvнæн, æмæ Мæ рарвvста зæрдæсæстvтv сдзæбæхкæнvнмæ, ахæстvтæн сæрiбардзiнад амонvнмæ, кўрмvтv скæсvнкæнvнмæ, qiамæтгæнҗсvтv сæрiбармæ аўадзvнмæ,

19. Хijцаўv æхсvзгон аз амонvнмæ. (Iсaiai 61, 1, 2.)

20. Æма батvхта чiнvг, æмæ jе радта кусæгмæ, æмæ æрбадтi, æмæ ўцv нvхасv цv адæм удvстv, удон сеппæтæн сæ цæстvтæ баззадvстv Ўўл.

21. Æмæ сын Уј райдыдта дзурын: ныр сæххæсті ацы фыст, смах кæј феqӯстат, ӯј.
22. Æмæ Ін сеппæт аӯл æвдісæн нылләеӯӯдысты, æмæ дискодтоj, Jæ дзыхæj цы хорзлæвардзінады дзырдтæ цыдысты удонул, æмæ дзырдтоj: аj Jociфы фырт нæӯ нæ?
23. Уj сын захта: haj-haj, смах Мын зæвдзыстут ацы æмбісонд: дæсны! дæхі сдзæбæхкæн; ам дæр, дæ фыдыбæсты, скæн Капернаумы цы уді, ӯј мах кӯд феqӯстам, афтæ.
24. Æмæ сын захта: æцæг ӯн зæвын: jӯ пехумпар дæр іст нæ вæјі jæ фыдыбæсты.
25. Æцæг ӯн зæвын: бірæ ідæдзтæ уді Ізраілы Іліаі бонты, арв æхкæд кӯ уді æртæ азы æмæ æхсæз мæјі, афтæ — æмæ стыр стонг ссі зæхх æппæтул;
26. Æмæ удонæj нікæмæ æрвыст уді Іліа, jӯ ідæдзы jеттæмæ Сідонаг Сарептмæ.
27. Бірæ qотырдзынтæ уді Ізраілы пехумпар Елісеі рæстæдзы дæр; æмæ удонæj, æрмæст Сіріаг Нееманы jеттæмæ, jӯдæр не ссывдæдзі.
28. Ӯj кӯ феqӯстоj, ӯæд нхасы чі удысты, удон сеппæт смæстыстыл;
29. Æмæ сыстадыстыл, æмæ Jæ сахарæj ратардтоj, æмæ Jæ скодтоj хохы сæрмæ, сæ сахар конд кæӯл уді ӯрдæм, цæмæj Jæ ӯрдыгæj раппароj;
30. Фæлæ Уj сæ æхсæнты ацыді æмæ фæаӯон.
31. Æмæ æрцыді Галілеаг сахар Капернаумæ, æмæ сын сабатбонты амыдта.
32. Æмæ діскодтоj Jæ амонынул, цæмæjдæріддæр Jæ дзырд уді бардзын дзырд.
33. Нхасы уді хæjрæгдзын лæг, æмæ ӯj стыр qæрæj сqæркодта:
34. Нывадз; цы Дæ qæӯы махæj, Назареаг J е с о? Ды æрцыдтæ мах фесафынмæ; æз Дæ зонын, чі дæ Ды, Хуцаӯы Сывдæг.
35. J е с о ін тызмæгæj захта: банцаj, æмæ рацу умæj; æмæ jе хæjрæг зæххул ныццавта нхасы æхсæн, æмæ рацыді умæj, æппындæр æj ніцы qыг бадаргæje.

36. Æмæ сеппæтѵ бацѵді тас, æмæ сæ кæрæдзіімæ дзѵрдтој: ај цѵ у цѵ, Ѵј бардҥсѵнæј æмæ тѵхæј унаффæ кў кæнѵ хæјрæдҥсѵтæн, æмæ удон кў рацæўнц?

37. Æмæ ајqўсті Јæ кој ўцѵ алфамблај бæстѵл.

38. Нѵхасæј кў рацѵді, ўæд бацѵді Сімонѵ хæдзармæ; æмæ Сімонæн јæ усѵ мад тæвднізæј рѵнчѵн уді, æмæ дзѵ ўј тѵххæј кўрдтој.

39. Ѵј јæм бацѵді, захта тæвднізæн, æмæ јæ ўј нѵўахта. Æмæ ўцѵ сахатѵл сѵстаді, æмæ сѵн кусѵн бајдѵдта.

40. Æмæ хурнѵгўлѵнѵ афонѵ алчідæр, рѵнчѵнтæ кæмæ уді алѵхѵзон нізтæј, удон сæ кодтој Умæ; æмæ сѵл Ѵј алкæўлдæр Јæ ќух æвæрдта, æмæ сæ дзæбæхкодта.

41. Цѵдѵстѵ хæјрæдҥсѵтæ дæр бірæтæј qæргæнгæјæ, æмæ дзургæје: Дѵ дæ Ч ѵ р ѵ с т і, Хуцаўѵ Фѵрт. Фæлæ сæ Ѵј нæ ўахта, Ѵј Ч ѵ р ѵ с т і кæј у, ўј кæј зонѵнц, ўј дзурѵн.

42. Æмæ кў сбоні, ўæд Ўј хæдзарæј рацæўгæје, ацѵді æдзæрæг ранмæ, æмæ Јæ адæм агўрдтој, æмæ Јæм кў æрцѵдѵстѵ, ўæд Јæ ўрæдтој, цæмæј удонæј ма ацæўа.

43. Фæлæ сѵн Ѵј захта: æндæр сахартѵ дæр ма Мæ qæўѵ Хуцаўѵ патцахадѵ хорзўацqўд дзурѵн; цæмæјдæрідтæр Æз ўјтѵххæј æрвѵст дæн.

44. Æмæ ма нодҥсѵдæр амѵдта Галілæаг нѵхастѵ.

СÆР 5.

1. Јўхат, адæм гўлвæндтæ кў кодтој Умæ, Хуцаўѵ дзѵрдмæ бајqусѵнмæ, æмæ Ѵј та Генісаретѵ цадѵ цур кў лæўўді,

2. Ўæд Ѵј ўцѵ цадѵ федта дуўæ бæлæҕѵ, æмæ удонæі кæфахсдҥсѵтæ рацæўгæ, æмæ сæ хѵзтæ æхскæ.

3. Æмæ бацѵді ўј бæлæҕмæ, Сімонѵ чі уді умæ, æмæ дзѵ кўрдта јўчѵсѵл донѵ бѵлæј мідæгдæр

бæлæђ батæрvн, æмæ æрбадті, æмæ амvдта адæмæн бæлæђæј.

4. Æмæ амонvнæј кў банцаді, ўæд Сімонæн захта: батæр бæлæђ арфмæ, æмæ ўæ хvзтæ баппарут кæф ахсvнмæ.

5. Сімон Vн захта дзўап: Амонæг! мах æгас æхсæв фæцархајдтам æмæ ніцv æрцахстам; фæлæ Дæ дзvрдæј баппардзvнæн хvз.

6. Æмæ ўј кў бакодтој, ўæд æрцахстој іттæг бірæ кæфтæ, сæ хvз кўд сќўді, афтæ.

7. Æмæ феqусvнкодтој сæ æмбалтæн, іннæ бæлæђv чі уді, удонæн, цæмæј сæм æрбацæўој, æмæ сvн бааqазкæноj æмæ æрцvдvстv æмæ дуўæ бæлæђv дæр бајдзагкодтој, дон сæ јæ бvнмæ ласvн кўд бајдvдта, афтæ.

8. Сімон Петр ўј кў федта, ўæд æрхаўді Јесоі ўордҥсvтæм, æмæ Ін захта: ацу мæнæј Хіјцаў! умæн-æмæ æз тæріђæддҥсvн лæг дæн.

9. Цæмæјдæрідтæр дзv тас бацvді æмæ јемæ чі удvстv удон сеппæтv дæр, ўјас бірæ кæфтv ахстæј, удон кæј æрцахстој;

10, Афтæдæр Јаковv æмæ Јоаннv, Зеведеј фvрттv, Сімонv æмбалтæ чі удvстv, удонv дæр. Æмæ захта Јесо Сімонæн: ма тæрс! нvрæј фæстæмæ ахсцvнæ лæђтv.

11. Æмæ раластој дуўæ бæлæђv сурмæ, нvўахтој æппæтдæр, æмæ ацvдvстv Јæ фæдvл.

12. Æмæ Јесо јў сахарv кў уді, ўæд Æм æрцvді јў лæг qотvрæј дзаг æмæ кў федта Јесоі, ўæд æрхаўді дæлгоммæ, æмæ Ін лæхстæгæнгæје захта: Хіјцаў! кў Дæ фæнда, ўæд дæ ќухv іс мæ ссvгдæгкæнvн.

13. Уј адарђкодта Јæ ќух, бавнæлдта јæм, æмæ ін захта: фæндv Мæ, ссvђдæг у. Æмæ ўцv сахатvл qотvр ахіцæні умæј.

14. Æмæ ін Уј бафæдзæхста, кўд нікæмæн зæђа, афтæ, фæлæ кўд ацæўа, æмæ јехі кўд фенvнкæна саўдҥсvнæн, æмæ нvвонд кўд æрхæсса, кæј ссvђдæдҥсі ўј тvххæј, Мојсеј кўд захта, удонæн æвдісæнv тvххæј.

15. Фæлæ фvлдæр ајqўсті Уј тvххæј ўацqўд, æмæ Јæм іттæг бірæ адæм цvдvстv qусvнмæ, æмæ Умæј сæ нізтæј дзæбæхкæнvнмæ.

16. Фæлæ јў Уј цvді æдзæрæг рæдтæм, æмæ јў кўвта.

17. Јў бон, Уј амvдта, æмæ ум кў бадтvстv фарісетæ æмæ дінамондзсvтæ, Галілеаі æмæ Јўдетv бæстæ æппæтæј, æмæ Јерусалімæј æрцæўдзсvтæ, æмæ Хіјцаўv тvх нізdзсvнтv дзæбæхкæнvнv кў зvнді;

18. Ўæд Æм чідæртæ æрхастој хўссæнvл ўонгмард лædзсv, æмæ архајдтој, цæмæј је бахæссој хæдзармæ, æмæ јæ Јесоі раз кўд æрæвæроj, ўўл.

19. Æмæ кў нæ ссардтој, кæўл æј бахастајгкој ўј, бірæ адæмv тvххæј, ўæд схvстvстv ўолхæдзармæ, æмæ је æрўахтој æдхўссæн астæўмæ Јесоі размæ.

20. Æмæ Уј кў федта удонæн сæ ўрнvндзінад, ўæд захта ўцv лæгæн: барст дvн стv дæ тæріђædтæ.

21. Чінvдзсvдæснvтæ æмæ фарісетæ бајдvдтој qўдvкæнvн, æмæ дзvрдтој: ај чі у чі, Хуцаўv чі фаўv? Јў Хуцаўv јеттæмæ кæј кухv іс тæрігædтæ нvпбарvн?

22. Јесо базvдта удонæн сæ зæрдæі qўдv, æмæ сvн дзўаппæн захта: цv qўдvкæнут смах ўæ зæрдæтv?

23. Цv æнцондæр у зæђvн: барст дvн стv дæ тæріђædтæ? æві зæђvн: сvст æмæ цу?

24. Фæлæ смах цæмæј зонат, адæјмадзсv Фvрт зæххvл бардзсvн кæј у тæріђædтæ нvпбарvн, ўј, (захта Уј ўонгмардæн:) дæўæн зæђvн: сvст, сіс дæ хўссæн, æмæ цæўгæ дæ хæдзармæ.

25. Æмæ ўј ўцv сахатvл сvстаді сæ разv, ајста, цæўл хўссvді ўј, æмæ ацvді јæ хæдзармæ, Хуцаўv стаўгæје.

26. Æмæ сеппæтv тас бацvді: æмæ стvдтој Хуцаўv, æмæ тасæј дзаг ўовгæје, дзvрдтој: дісcаг qўдтæгтæ федтам мах нvр.

27. Ўј фæстæ рацvді Јесо, æмæ федта qалонісæдҥсv, Леві хўјнгæ, qалонісvнv бvнатv бадгæ, æмæ ін захта: рацу Мæ фæдvл.

28. Æмæ ўј алцvдæр нvўахта, сvстаді, æмæ ацvді Је фæдvл.

29. Æмæ Ін скодта Леві јæ хæдзарv стvр хўнд, æмæ ўм уді бірæ qалонісдҥсvтæ æмæ æндæртæ дæр, кæцvтæ бадтvстv Ујімæ хæрдvл.

30. Чінvдҥсvдæснvтæ та æмæ фарісетæ ўајдзæфтæ кодтој, æмæ дзvрдтој Јæ ахургæнінæгтæн: смах qалонісдҥсvтімæ æмæ тæріҕæддҥсvнтімæ цæмæн хæрут æмæ нўазvт?

31. Фæлæ сvн Јесо захта дзўап: дзæбæхтv нæ qæўv леч́vр, фæлæ тæріҕæддҥсvнтv.

32. Æз æрцvдтæн рæстvтv фæсмонкæнvнмæ сідvнv тvххæј нæ, фæлæ тæріҕæддҥсvнтv.

33. Удон та Ін захтој: Јоаннеі ахургæнінæгтæ цæмæн арæх комдарvнц æмæ кувvнц, афтæдæр фарісетv ахургæнінæгтæ: Дæўонтæ та хæрvнц æмæ нўазvнц?

34. Ујсvн захта: чvндзхæсдҥсvтæн комбадарvнкæндзvстут мijаг, удонімæ сіахс кў ўа, ўæд?

35. Фæлæ æрцæўдзvстv бонтæ, удонæј сіахс іст кæд удзæні: æмæ ўæд ўцv бонтv комдардзvстv.

36. Æмæ сvн захта фæсномvгнvхас: нічі æвæрv æмп́узæн зæронд дарæсvл, ног дæрæсæј расќўнгæје; кæднæўæд ўј нўодҥсv дæр фехалдзæні, æмæ зæронд дарæсvл дæр ног æмп́узæн не сбадцæні.

37. Æмæ æнqізгæ сæн дæр нічі нvккæнv зæронд лалvмтv, кæднæўæд æнqізгæ сæн асќўндзæні лалvмтv, æмæ јехæдæг дæр акæлдзæні, æмæ лалvмтæ дæр фесæфтцvстv.

38. Фæлæ æнqізгæ сæн ног лалvмтv кæнvн qæўv; ўæд сæ дуўæ дæр баззајдзvстv.

39. Æмæ зæронд сæн нўазæдҥсv ўцv сахатvл нал бафæндцæні æнqізгæ сæн; цæмæјдæрідтæр афтæ зæҕдзæні: зæронд сæн хўздæр у.

СÆР 6.

1. Пасхајен је дүккаг бонү фæстæ, фүтцаг сабатү, фæцæјцүдi Үј түд хъмтүл, æмæ Јæ ахүргæнінæгтæ түдтој æфсіртæ, æмæ сæ, сæ ќухтæј æўўордгæје, хордтој.

2. Æмæ сүн фарісетæј чідæртæ захтој: сабат бонү кæнүн цү нæ фæтдҗсү, ўј цæмæн кæнут?

3. Јесо сүн захта дзўап: смах нæ бакастүстут нæ, Давід цү бакодта, кў сүстондҗсі јехæдæг æмæ јемæ чі удүстү удон дæр, ўæд?

4. Хуцаўү хæдзармæ кўд бацүдi, æмæ кўд рајста кувæндонү дзултæ, сæ бахæрүн кæмæн нікæўл æмбæлдi, æрмæст саўдҗсүнтү јеттæмæ, æмæ сæ кўд бахордта, æмæ јемæ ўовдҗсүтæн дæр кўд радта?

5. Æмæ сүн захта: адæјмадҗсү Фүрт сабатæн дæр Хіјцаў у.

6. Æмæ та æндæр сабатү дæр бацүдi нүхасмæ, æмæ амүдта. Ум уди, јæ рахіс ќух хўсќ кæмæн уди, ахæм лæг.

7. Æмæ Јæм чінүдҗсүдæснүтæ, æмæ фарісетæ qaqqædтој, кæдтæра та сабатү сдзæбæхкæнід, кæд Æм істү азүм ссарікко, æмæ Јæ фæзүлүнкæној.

8. Фæлæ Үј зүдта удон qўдүтæ æмæ јæ ќўх хўсќ кæмæн уди, ўцү лæгæн захта: сүст, æмæ æхсæнү æрбалæў; æмæ үј сүстаді, æмæ æрбалæўўді.

9. Ўæд сүн Јесо захта: Æз ўæ бафæрсон: сабат бонү цү кæнүн æмбæлү? хорз, æві æвзæр? Уд фервæзүнкæнүн, æві јæ фесафүн? Удон нүqqүсүстү.

10. Æмæ удон æппæтмæ бакасті, æмæ ўцү лæгæн захта: рајваз дæ ќух. Үј афтæ бакодта: æмæ јæ ќух сдзæбæхі јæ іннæ ќухү хўзæн.

11. Удон та мæстæј сæрра стү, æмæ сæ кæрædзіімæ дзүрдтој, цү бакæноj Јесоімæ, ўўл.

12. Ўцv бонтv ссvди Уј хохмæ кувvнмæ, æмæ фæци ум æгас æхсæв, Хуцаўæн кувгæје.

13. Æмæ кў сбоні, ўæд басідті Јæ ахургæнінæгтæм, æмæ удонæј дуўадæсv сæвзæрста, æмæ сvл сæвæрдта Апостолтæ:

14. Сімонv, кæўл сæвæрдта ном Петр, æмæ јæ æфсvмæрv, Андреі, Јаковv æмæ Јоаннv, Філіппv æмæ Варфоломеі,

15. Матфеі æмæ Фомаі, Алфеі-фvрт Јаковv Сімонv, Зілот чі хўнді, ўј.

16. Јаковv-фvрт Јўдаі æмæ Јскаріотаг Јўдаі, фæстагмæ Умæн Јæ радтæг чі ссі, ўј.

17. Æмæ æрцvді удонімæ, æмæ нvллæўўді фæз ранvл, æмæ Јæ бірæ ахургæнінæгтæ, æмæ бірæ адæм Јўдетv бæстæј æмæ Јерусалімæј, æмæ денџсvзмæ хæстæг бvнæдтæј Тірæј æмæ Сідонæј,

18. Умæ qусvнмæ чі æрцvдvстv, æмæ сæ нізтæј сдзæбæхкæнvнмæ, æмæ хæјрæдџсvтæј qiамæтгæнџсvтæ; æмæ дзæбæхкодтој.

19. Æмæ адæм æппæт агўрдтој, цæмæј Јæм бавнæлдтаікkој; цæмæјдæрідтæр тvх цvді Умæј, æмæ дзæбæхкодта æппæтv дæр.

20. Æмæ Уј Јæ ахургæнінæгтæм бакасті, æмæ дзўрvн бајдvдта: Тæхудіаг стут удæј мæгўртæ; цæмæјдæрідтæр смах у Хуцаўv патцахад.

21. Тæхудіаг стут нvр стонџсvтæ; цæмæјдæрідтæр бафсæддзvстут. Тæхудіаг стут нvр кæўџсvтæ; цæмæјдæрідтæр схуддзvстут.

22. Тæхудіаг стут смах, адæм ўæм кў фæфvдзæрдæўој, æмæ ўæ кў авзарој, æмæ ун ўæ фvдкој кў кæној, æмæ ун ўæ ном кў æгад кæној, æдзvт номаў, адæјмаџсv Фvртv тvххæј.

23. Сцінкæнут ўцv бонv æмæ зæрдæрухс ут; цæмæјдæрідтæр ўæ лæвар стvр у смахæн ўолæрвтv: пехумпартæн дæр афтæ кодтој сæ фvдæлтæ.

24. Фæлæ мæгўр ўæ бон, qæздvџсvтæ! цæмæјдæрідтæр смах рајстат ўæ рæвдаўндзінад.

25. Мæгӳр ӳæ бон, нvр æфсæстvтæ! цæмæйдæрідтæр сvстонг удзvстут. Мæгӳр ӳæ бон, нvр худдзvтæ! цæмæйдæрідтæр скæӳдзvстут æмæ сдзvназдзvстут.

26. Мæгӳр ӳæ бон, æппæт кӳ дзуроj смах тvххæj хорз! Цæмæйдæрідтæр афтæ кодтоj мæнгпехумпартімæ дæр сæ фvдæлтæ.

27. Фæлæ смахæн, qусдзvтæн, зæвvн: ӳарзут ӳæ знæгтv; хорзкæнут ӳæ æнæӳарздзvтæн,

28. Арфæкæнут ӳæ æлвітдзvтæн, æмæ кувут ӳæ æфхæрддзvтv тvххæj.

29. Дæ æхсæрvфарс дvн чі нvццæва, умæ бадар іннæ дæр; æмæ дvн чі іса дæ æдтаг дарæс, умæн дæ хæдон дæр ісvн ӳадз.

30. Кæмæндæрідтæр, чі дæ кура, умæн дæдт, æмæ дæ чі цv ajca, уj фæстæмæ ма кур.

31. Æмæ ӳæ ӳæхіцæн кӳд фæндv іннæтæj, афтæ смах дæр фæндæд удонæн.

32. Æмæ ӳæ ӳарздзvтv кӳ ӳарзат; ӳæд ун ӳj тvххæj цv бузнvгкад удзæні? цæмæйдæрідтæр тæрівæддзvнтæ дæр ӳарзvнц сæ ӳарздзvтv.

33. Æмæ хорз кӳ кæнат, смахæн хорз чі кæнvнц, удонæн, ӳæд ӳн ӳj тvххæj цv бузнvгкад удзæні? цæмæйдæрідтæр тæрівæддзvнтæ дæр кæнvнц афтæ.

34. Æмæ æфстаӳ кӳ дæдтат, фæстæмæ рajсvн кæмæj æнqæлстут удонæн, ӳæд ӳн ӳj тvххæj цv бузнvгкад удзæні? цæмæйдæрідтæр тæрівæддзvнтæ дæр дæдтvнц æфстаӳ тæрівæддзvнтæн, ӳjас та фæстæмæ цæмæj рajсоj, ӳjтvххæj.

35. Фæлæ смах ӳарзут ӳæ знæгтv, æмæ хорзкæнут, æмæ æфстаӳ дæдтут, ма цæмæ æнqæлмæгæскæje; æмæ ун стvр лæвар удзæні, æмæ удзvстут Бæрзондv фvрттæ: цæмæйдæрідтæр Уj хорзгæнæг у æбузнvгтæн дæр æмæ æвзæртæн дæр.

36. Æмæ афтæ, ут хорзгæнддзvтæ, ӳæ Фvд хорзгæнæг кӳд у, афтæ.

37. Фvдкој ма кæнут, æмæ ўн ўæ фvдкој ма чvндæўа; ма фаут, æмæ фаўд нæ удзvстут; барут, æмæ ўн барст удзæні.

38. Дæдтут, æмæ ўн лæвæрд удзæні: хорз барæнæј, æнќўстæј, æфсæрстæј, æмæ јæ сæрмæ дзагæј æрбакалдзvстv смахæн ўæ qæбvсv; цæмæјдæрідтæр цv хўзæн барæнæј барат, ўј хўзæнæј ўн сбарст удзæні.

39. Æмæ сvн захта фæсномvгнvхас дæр: кўрм кўрмv кæнvн фæразv мијаг? сæ дуўæ дæр ормv нæ нvххаўдзvстv нæ?

40. Ахургæнінаг јæ ахургæнæгæј ўолдæр нæ вæји; фæлæ кў сæххæст вæји, ўæд чідæрідтæр вæји јæ ахургæнæдҥсv хўзæн.

41. Цv кæсvс дæ æфсvмæрv цæстv тіхалæгмæ, дæхі цæстv та qæд нæ æмбарvс?

42. Кæнæ дæ бон кўд у дæ æфсvмæрæн зæҕvн: мæ æфсvмæр! æрдав, æз дvн дæ цæстæј тіхалæг рајсон, дæхæдæг дæхі цæстv qæд кў нæ унvс, ўæд? Цæстмæqус! рајс фvтцаг дæхі цæстæј qæд, æмæ ўæд фендзvнæ, дæ æфсvмæрv цæстæј тіхалæг кўд істæўv, ўј.

43. Нæј ахæм хорз бæлас, æвзæр дvрҕ кæўл заји; æмæ ахæм æвзæр бæлас дæр нæј, хорз дvрҕ кæўл заји.

44. Цæмæјдæрідтæр алv бæлас јæ дvрҕæј бæræг у; умæн-æмæ сvндзæј легві нæ æртvндæўдзæні, æмæ ќутæрæј сæнæфсір нæ æртvндæўдзæні.

45. Хорз адæјмаг јæ зæрдæі хæзнадонæј іcv хорз; æвзæр адæјмаг та је зæрдæі æвзæр хæзнадонæј іcv æвзæр: цæмæјдæрідтæр зæрдæј дзагæј дзурv дзvх.

46. Цv Мæм сідут: Хіјцаў! Хіјцаў! фæлæ ўн Æз кæј зæҕvн, ўј нæ кæнут?

47. Чідæрідтæр, Мæммæ чі цæўv, æмæ Мvн Мæ дзvрдтæм чі qусv, æмæ сæ æххæст чі кæнv, кæј хўзæн у, ўј, ўј ўн зæҕон.

48. Уј хæдзаргæнæг лæдҥсv хўзæн у, арф чі сќахта, æмæ ќæдзæхvл бvндур чі сæвæрдта;

æмæ дон кӳ раівvлді, æмæ кӳ нvццафта ӳцv хæдзарv, ӳæд æj фенќӳсvн нæ бафæрæста, ӳj ќæдзæхvл арæст кæj уді, ӳj тvххæj.

49. Фæлæ чі qусv, æмæ чі нæ æххæсткæнv, ӳj та сvдҗсvтvл æнæ бvндур хæдзар чі самадта, уцv лæдҗсv хӳзæн у, æмæ дон кӳ нvццафта хæдзарv, ӳæд фехæлді, æмæ уцv хæдзарv хæлд уді ідтæг тvнг.

СÆР 7.

1. Уj Jæ дзvрдтæ jӳӳлдæр кӳ фæці чі Jæм qӳста ӳцv адæмæн, ӳæд Капернаммæ бацvді.

2. Jӳ сædæі хіцаӳæн уді jæ ӳарзон кусæг мæлæтцаг рvнчvн.

3. Æмæ кӳ феqӳста J е с о і тvххæj, ӳæд Æм арвvста Jӳдетv хістæртv курvнмæ, цæмæj jем æрцæӳа, jе кусæдҗсv сдзæбæхкæнvнмæ.

4. Æмæ удон J е с о м æ æрцvдvстv, æмæ Дзv лæхстæ гæнгæjæ, кӳрдтоj, æмæ захтоj: уj ӳj аккаг у, цæмæj ін Дv ракæнај ацv хорзæх;

5. Умæн-æмæ ӳj ӳарзv нæ адæмv, æмæ нvн скодта æмбvрдгæнæн.

6. J е с о ацvді удонімæ. Æмæ ін jæ хæдзармæ дард кӳ нæ ӳал уді, ӳæд Æм сædæі хіцаӳ рарвvста jæ лvмæнтv зæӈvнмæ: ма фæллоj кæн, Хіjцаӳ! æз ӳj аккаг нæ дæн, цæмæj Дv мæ хæдзарv ќӳммæ æрбацæӳај.

7. Æмæ ӳjтvххæj мæхі дæр Дæӳмæ æрцæӳн аккаг нæ хӳдтон; фæлæ дзvрд зæӈ, æмæ мæ кусæг сдзæбæхудзæні.

8. Цæмæjдæрідтæр æз дæр іскæj ќухv оввæг лæг дæн, фæлæ мæ ќухvævсædтæ іс, æмæ jӳæн зæӈvн: ацу, æмæ ацæӳv; æмæ іннæмæн: æрцу, æмæ æрцæӳv; æмæ мæ кусæгæн: бакæн аj, æмæ jе бакæнv.

9. J е с о кӳ феqӳста ӳj, ӳæд Æм дісфæкасті, æмæ Jæ фæстæ цv адæм цvдvстv, удонмæ раз-

дæхті, æмæ сvн захта: сæҕvн ўн, Ізраілv дæр нæ ссардтон ахæм урнvндзінад.

10. Ўцv æрвvст лæгтæ раздæхтvстv хæдзармæ, æмæ ссардтој ўцv рvнчvн кусæдҗv дзæбæхæј.

11. Ўј фæстæ Јесо ацvді Наін хўнгæ сахармæ æмæ Јемæ цvдvстv Јæ ахургæнінæгтæј бірæтæ æмæ бірæ адæм дæр.

12. Æмæ Ўј сахарv дордтæм кў баввахсі, ўæд ум рацæјхастој јў мардv, јæ мадæн јўнæг фvрт чі уді, ахæмv, ўј та уді ідæдз; æмæ бірæ адæм цvді ўімæ сахарæј.

13. Хіјцаў кў федта ўј, ўæд vн фæтæріҕæдкодта, æмæ ін захта: ма ку.

14. Æмæ æрбацvді, æмæ бавнæлдта сvнтмæ; хæсдҗvтæ нvллæўўдvстv; æмæ Ўј захта: о, лæппу! дæўæн сæҕvн, сvст.

15. Мард раqілі, сбадті, æмæ дзурvн бајдvдта; æмæ јæ Јесо радта јæ мадмæ.

16. Æмæ сеппæтv тас бацvді, æмæ стvдтој Хуцаўv, æмæ дзvрдтој: стvр пехумпар сvстаді нехсæн, æмæ Хуцаў æркасті Јæ адæммæ.

17. Ахæм кој Дзv ајqўсті Јўдетv бæстæ æппæтvл æмæ ўј алфамблаі æппæтvл.

18. Æмæ Јоаннæн јæ ахўргæнінæгтæ феqусvнкодтој ўј æппæт.

19. Јоанн басідті јæ ахургæнінæгтæј дуўæмæ, æмæ сæ арвvста Јесомæ фæрсvнмæ: æрцæўн кæўл æмбæлv, ўј Дv дæ, æві æндæрмæ æнqæлмæ кæсæм?

20. Удон æрцvдvстv Јесомæ, æмæ Ін захтој: Арҕаўæг Јоанн нæ рарвvста Дæўмæ бафæрсvнмæ æрцæўн кæўл æмбæлv, ўј Дv дæ, æві æндæрмæ æнqæлмæ кæсæм?

21. Ўцv афон та Ўј сдзæбæхкодта бірæтv сæ нізтæј æмæ нæфæразондзінæдтæј æмæ æнæзæҕінаг удтæј, æмæ бірæ кўрмvтv скæсvнкодта сæ цæстvтæј.

22. Æмæ сvн Јесо дзўаппæн захта: цæўгæут æмæ зæҕут Јоаннæн, цv федтат æмæ цv феqўстат, ўј: кўрмvтæ унvнц, кўлvхтæ цæўнц, qотvр-

дҥсѵнтæ сѵҕдæгкæнѵнц, ќўрматæ qусѵнц, мæрдтæ æгаскæнѵнц, æмæ мæгўртæ хорзўацqўд qусѵнц.

23. Æмæ тæхудіаг у, Мæн тѵххæј чі нæ фæрæдіа, ўј.

24. Јоанн кæј рарвѵста, удон фæстæмæ кў аздæхтѵстѵ, ўæд бајдѵдта дзурѵн адæмæн Јоаннѵ тѵххæј: цѵ фенѵнмæ цѵдѵстут смах адзæрæгранмæ? ўадæј змæлд qæз унѵнмæ міјаг?

25. Ўодæ цѵ фенѵнмæ цѵдѵстут? фæлмæн дарæсѵ арæст лæдҥсѵ? Фæлæ рæссуҕд арæст чі вæјінц, æмæ мінасгæнгæје чі цæрѵнц, удон патцахѵ хæдзарѵ вæјінц.

26. Ўодæ цѵ фенѵнмæ цѵдѵстут смах? пехумпарѵ міјаг? Тæккæ, зæҕѵн ўн, пехумпарæј дæр стѵлдæрѵ.

27. Ај ўј у, кæј тѵххæј фѵст у: мæнæ, Æз æрвітѵн Мæ Зæдѵ Дæ цæскомѵ разæј, кæцѵ Дѵн Дæ разæј Дæ фæндаг сцæдтæкæндзæн. (Мал. 3. 1.)

28. Цæмæјдæрідтæр ўн зæҕѵн: устѵтæј гўрдтæј нæј јў пехумпар дæр Арҕаўæг Јоаннеје стѵлдæр; фæлæ Хуцаўѵ патцахадѵ кæстæр умæј стѵлдæр у.

39. Æмæ Јем цѵ адæм qўстој, удон сеппæт, æмæ qалонісдҥсѵтæ дæр стѵдтој Хуцаўѵ, сæхіўл сарҕаўгæје Јоаннѵ арҕўдæј.

30. Фарісетæ та æмæ дінамондҥсѵтæ аздæхтој сæхіцæј Хуцаўѵ фæндон, умæј сæхіўл нæ сарҕаўгæје.

31. Ўæд Хіјцаў захта: кæј æмхўзон скæнон ацѵ мѵккадҥсѵ адæмѵ? æмæ кæј хўзæн стѵ?

32. Удон ўндҥсѵ бадæг сѵвæллæдтѵ хўзæн стѵ, сæ кæрæдзімæ чі сідѵнц æмæ дзурѵнц: мах ўн ўадѵндзæј ўасѵдѵстæм æмæ смах нæ кафѵдѵстут; мах ўн ўнгæг зардҥсѵтæ зарѵдѵстæм, æмæ смах нæ кўдтат.

33. Цæмæјдæрідтæр æрцѵді Арҕаўæг Јоанн; дзул дæр нæ хæрѵ, сæн дæр нæ нўазѵ, æмæ смах дзурут: ўј хæјрæгдҥсѵн у.

34. Æрцѵді адæјмадҥсѵ Фѵрт: хæрѵ æмæ нўазѵ; æмæ смах дзурут: мæнæ лæг, хæрѵн æмæ нўа-

зvн чі ўарзv, qалонісдҥсvтv æмæ тæріҕæддҥсvнтv лvмæн.

35. Фæлæ стvрзонддзінад срасті јæ зæнæг æппæтæј.

36. Фарісетæј Јæ чідæр хўдта јæхімæ хæрvнмæ; æмæ Ўј бацvді фарісеі хæдзармæ, æмæ æрбадті.

37. Æмæ мæнæ, ўцv сахајраг тæріҕæддҥсvн ус, кў базvдта, Ўј фарісеі хæдзарv аходæн кæј хæрv, ўј, ўæд æрхæста алавастрv мігæнæн міронімæ;

38. Æмæ нvллæўўді Јæ ќæхтv цур фæстіјæ, æмæ, кæўн бајдагæје, јæ цæссvгтæј хўлvдзкодта Умæн Јæ ќæхтæ, æмæ, сæ сæрфта јæ дзvккутæј, æмæ Ін ńатæкодта Јæ ќæхтæн, æмæ сæ сæрста міронæј.

39. Ўј кў федта, чі Јæ бахўдта ўцv фарісе, ўæд је зæрдæі захта: пехумпар кў ўаід Ўј, ўæд зонід, чі æмæ Јем цавæр ус æвналv, цæмæјдæрідтæр ўј у тæріҕæддҥсvн.

40. Јесо аздæхті умæ, æмæ захта: Сімон! дæўæн Мæм цvдæр зæҕінаг іс. Ўј Ін захта: зæҕ, Ахургæнæг.

41. Јесо захта: јў æфстаўдæдтæгæн дуўæ хæсдҥсvнv уді: јў дзv дардта фондзссæдз дінаріі, іннæ та дæс-æмæ-дуўіссæдз.

42. Фæлæ сæ цæмæј бафvстајккој, ўј сæм кў нæ уді, ўæд сæ сæ дуўæјен дæр нvўахта. Нvр зæҕ, удонæј јæ фvлдæр чі баўарздзæні?

43. Сімон Vн захта дзўап: æнqæлдæн, фvлдæр кæмæн нvўахта, ўј. Ўј ін захта: раст стæрхонкодтај дv.

44. Æмæ усмæ аздæхкæје, захта Сімонæн: унvс ацv усv? Æз дæ хæдзармæ бацvдтæн, æмæ Мvн дv Мæ ќæхтæн дон дæр нæ радтај; фæлæ ај јæ цæссvгтæј схўлvдзкодта Мæ ќæхтv, æмæ сæ јæ дзvккутæј нvссæрфта.

45. Дv Мvн ńа дæр нæ акодтај; фæлæ ај æрбацæўнæј нvрмæ нæ æнцаі Мæ ќæхтæн ńатæкæнvнæј.

46. Дv Мvн Мæ сæр затіје дæр нæ бајсæрстај; фæлæ Мvн ај Мæ ќæхтæ дæр міронæј бајсæрста.

47. Æмæ дvн ўјтvххæј зæҕvн: барст vн стv јæ бірæ тæріҕæдтæ, бірæ кæј баўарста, ўј тvххæј; фæлæ чvсvл барст кæмæн вæјі, ўј чvсvл ўарзv.
48. Ўцv усæн та захта: барст дvн стv дæ тæріҕæдтæ.
49. Æмæ Јæмæ баддҥсvтæ сæхінvмæрv бајдvдтој дзурvн: ај чі у чі, тæріҕæдтæ дæр чі барv, ўј?
50. Ўј та захта ўцv усæн: дæ ўрнvнv фæрцv фервæстæ; цæўгæ фарнімæ.

СÆР 8.

1. Ўј фæстæ Ўј зvлді сахартvл æмæ qæўтvл, амvдта æмæ хорзўацqўд дзvрдта Хуцаўv патцахадv тvххæј, æмæ дуўадæс дæр Јемæ удvстv;
2. Æмæ јўќорд устvтæ дæр, æнæзæҕінаг удтæј æмæ нізтæј кæј сдзæбæхкодта, удон: Маріа Магдаліна хўјнæг, авд хæјрæдҥсv кæмæј рацvдvстv, ўј.
3. Æмæ Јоанна, Іродv хæдзармæ зілæг Хузv ус, æмæ Сусанна, æмæ бірæ æндæртæ дæр, кæцvтæ Ін кўстој Умæн сæ ісæј.
4. Æмæ бірæ адæм кў æрæмбvрдстv, æмæ Јем сехартæ æппæтæј кў цvдvстv: ўæд Ўј бајдvдта дзурvн фæсномvгнvхасæј:
5. Рацvді таўæг јæ мvккаг таўнмæ: æмæ ўј кў тvдта, ўæд јўæј-јў æрхаўді фæндадҥсv бvлvл, æмæ ќæхтv бvн фæці, æмæ јæ арвон мæрҕтæ сўіхтој.
6. Јўæј-јў та æрхаўді дурдҥсvн ран, æмæ кў сæвзæрді, ўæд бахусі, умæн-æмæ дзv нæ уді умæл.
7. Јўæј-јў та æрхаўді сvндзvтv æхсæн, æмæ сзадvстv сvндзvтæ, æмæ јæ сæ бvнv фæкодтој.
8. Јўæј-јў та æрхаўді хорз зæххvл, æмæ сæвзæрді, æмæ јæ æфсір уді фондзссæдз нæмvгдҥсvн. Ај зæҕгæје, сqæркодта: qусvнæн qустæ кæмæн іс, ўј qусæд!
9. Æмæ Јæ јæ ахургæнінæгтæ бафарстој: цvмæ цv ўа ацv фæсномvгнvхас?

10. Уј сvн захта: смахæн лæвæрд у Хуцаўv патцахадv сvсæгæдтæ зонvн; іннæтæн та фæсномvгнvхæстæј, афтæ — æмæ удон ўнгæје нæ ўнvнц, æмæ qускæје нæ æмбарvнц.

11. Мæнæ цv у ацv фæсномvгнvхас: мvккаг у Хуцаўv дзvрд:

12. Фæндадӕсv бvлvл чі æрхаўді, ўј та стv qусдӕсvтæ, кæцvтæм стæј хæјрæг æрцæўv æмæ сæ зæрдæје ахæссv дзvрд, цæмæј сæ ма баурна, æмæ ма фервæзој.

13. Дурдӕсvн ран чі æрхаўді, ўј, дзvрд чі феqусvнц æмæ је цінгæнгæје чі ісvнц, удон стv, фæлæ сvн ўідаг на вæјі, æмæ сæ афонæј ўрнv, фæлæ фvдæвзарæнv кў фæвæјінц, ўæд фæхіцæн вæјінц.

14. Сvндзvтv æхсæн чі æрхаўді, ўј дзvрдмæ чі qусvнц, удон стv, фæлæ, кў ацæўнц, ўæд мæткæнvнтæј, qæздзvгдзінадæј, зæххон адӕсvндзінæдтæј фæсаст вæјінц, æмæ дvрӈ нæ хæссvнц.

15. Хорз зæххvл чі æрхаўді, ўј та, дзvрд чі феqусvнц, æмæ јæ хорз æмæ сvӈдæг зæрдvл чі дарvнц, æмæ гæдзæкæнгæје дvрӈ чі хæссvнц, удон стv. (Аj зæӈгæјæ, Уј сqæркодта: qусvнæн qустæ кæмæн іс, ўј qусæд!)

16. Цvраӈ ссудзгæје, нічі јæ æмбæрзv мігæнæнæј нæдæр æј æвæрv сvнтæдӕсv бvнv, фæлæ је нvссадзv цvраӈдарæнv, цæмæј бацæўдӕсvтæ уноj рухс.

17. Цæмæјдæрідтæр æргом цv нæ сўа ахæм сусæг ніцv іс, нæдæр іс ахæм æмбæхст, бæлвvрд æмæ qæр цv нæ сўа.

18. Æмæ-афтæ бæрæгкæнут, кўд qусут, ўј: цæмæјдæрідтæр кæмæн іс, умæн лæвæрд удзæні; фæлæ кæмæн нæј, умæј іст удзæні, цv æнqæл у ўј дæр.

19. Æмæ Јæм æрцvдvстv Јæ мад æмæ Јæ æфсvмæртæ, æмæ Јæм хæстæг бацæўн нæ бафæрæстоj адæмæј.

20. Æмæ Iн феqусункодтоj: Дæ мад æмæ Дæ æфсумæртæ æдтиje лæўўнц, æмæ сæ Дæ фенун фæндун.
21. Уj сун дзўап захта: Мæ мад æмæ Мæ æфсумæртæ стун Хуцаўун дзурдмæ qусдзутæ æмæ je æххæстгæнджутæ.
22. Jў бон Уj Je ахургæнінæгтімæ бахусті бæлæвмæ, æмæ сун захта: ахізæм цадун ўцу фарсмæ, æмæ ахустустун.
23. Æмæ удон донул кў цудустун, ўæд Уj бафунæji. Цадул сустаді стур ўад, æмæ сæм дон калді улæнтæj, æмæ удону тас бацуді.
24. Æмæ Jæм бацудустун, суqал Æj кодтоj æмæ Iн захтоj: Амонæг! Амонæг! сæфæм. Уj сустаді, æмæ захта ўадæн æмæ дону улæнæн; æмæ банцадустун, æмæ ссі æнцад.
25. Ўæд сун Уj захта: кæм і ўæ ўрнундзінад? Удон та, тæрскæje æмæ дісгæнгæje, сæ кæрæдзіjен дзурдтоj: aj чі у, aj, донæн дæр æмæ ўадæн дæр чі унаффæкæну, æмæ удон Jæ коммæ кæмæн кæсунц?
26. Æмæ ахустустун Гадарінун бастæм, Галлілеаі комкоммæ чі у, ўрдæм.
27. Æмæ Уj сурмæ кў рахусті, ўæд Ул сæмбæлді сахарæj jў лæг, рагæj хæjрæгдзун чі уді, æмæ дарæс дæр чі нæ дардта, æмæ хæдзарун дæр чі нæ царді, фæлæ зæппæдзтун.
28. Уj Jесоі кў федта, ўæд сqæркодта, Jæ разун æрхаўді, æмæ qæрæj захта: цун Дæ qæўун мæнæj, Jесо, Бæрзонд Хуцаўун Фурт? лæхстæ Дун кæнун, qізæмарæj мæ ма мар.
29. Цæмæjдæрідтæр Jесо захта æнæзæвінаг удæн ўцу лæгæj рацæўн; умæн-æмæ jæ ўj рагæj фудæбонкæнункодта, афтæ — æмæ jў æj сбастоj рæхустæj æмæ qадамантæj, æмæ jў æj qaqqæдтоj; фæлæ jў ўj аскўдта jæ бæдтæнтæ, æмæ jў æj хæjрæг атардта æдзæрæгрæдтæм.
30. Jесо jæ бафарста: дæ ном цу у? ўj захта: легіон; умæн-æмæ дзу бірæ хæjрæджутæ бацудустун.

31. Æмæ удон кӯрдтоj Jесоjе, цæмæj сæ ма арвіта дæлзæхмæ.

32. Ум хæстæг, хохvл хvсті стvр хӯтv дзуг, æмæ Дзv хæjрæдҗvтæ кӯрдтоj, цæмæj сæ баӯадза удон мідæг бацæӯн. Уj сvн бар радта.

33. Хæjрæдҗvтæ, ӯцv лæгæj рацæӯгæje, бацvдvстv ӯцv хӯтv мідæг; æмæ ӯцv дзуг ќардіӯæj сæхі бакалдтоj цадмæ, æмæ фесæфтvстv.

34. Фæjаӯтæ, цv æрцvді, ӯj фенгæje аӯадvстv æмæ феqусvнкодтоj сахарv æмæ qæӯтv.

35. Æмæ рацvдvстv, цv æрцvді, ӯj фенvнмæ; æмæ Jесомæ æрцæӯгæjæ, федтоj, хæjрæдҗvтæ кæмæj рацvдvстv, ӯцv лæдҗv, Jесоі ќæхтv цvр бадгæ, æддарæс æмæ æдзонд; æмæ фæтарстvстv.

36. Æмæ хæjрæгдҗvнv сдзæбæхгæнгæ чі федтоj, удон сvн радзvрдтоj, кӯд здзæбæхі, ӯj.

37. Æмæ Ін лæхстæкодтоj Гадарінаг алфамблаі бæстæтv адæм æппæт, цæмæj ацæӯа удонæj; умæн-æмæ сæ стvр тас бацvді. Уj бахvсті бæлæҕмæ, æмæ фæстæмæ аздæхті.

38. Хæjрæдҗvтæ кæмæj рацvдvстv, ӯцv лæг Дзv кӯрдта, цæмæj Уjімæ ӯа, фæлæ jæ Jесо арвvста, æмæ ін захта:

39. Аздæх дæ хæдзармæ, æмæ феqусvнкæн, Хуцаӯ дvн цv ракодта, ӯj. Уj ацvді, æмæ дзvрдта æгас сахарv, Jесо ін цv бакодта, ӯj.

40. Æмæ Jесо кӯ раздæхті, ӯæд Æj адæм ajстоj, умæн-æмæ Jем сеппæтдæр æнqæлмæ кастvстv.

41. Æмæ Jаем, мæнæ, æрцvді jӯ лæг, Iаip зæҕгæ, нvхасv хіцаӯ, цæфтvді Jесоі ќæхтæм, æмæ Ін лæхстæкодта, цæмæj ін jæ хæдзармæ бацæӯа,

42. Умæн-æмæ ін уді jӯнæг чvзг, дуӯадæс азvккон, æмæ ӯj мæлæтцаг рvнчvн уді. Æмæ Уj кӯ цvді, ӯæд Æм адæм æфсæрстоj.

43. Æмæ jӯ ус, дуӯадæс азv тугнізæj чі фæсаці, æмæ jæ іс jӯӯлдæр чі бахардзкодта леӵvртæн, æмæ кæj нічі сдзæбæхкодта,

44. Уј Јæ чνлдνмνрдνгæj, бацνди, æмæ Ін Јæ дарæсν кæронмæ бавнæлдта: æмæ тæккæ ўцν сахатνл банцади јæ тугцæўн.
45. Æмæ Јесо захта: чі Мæм æрбавнæлдта? Æмæ јўўлдæр нæ, кў кодтој, ўæд Петр захта, æмæ ўјімæ ўовдҕсνтæ: Амонæг! адæм Дνл æмбνрд стν, æмæ Дæм æфсæрνнц, æмæ ма Дν зæϧνс: чі Мæм бавнæлдта?
46. Фæлæ Јесо захта: чідæр Мæм бавнæлдта; цæмæјдæрідтæр Æз бамбæрстон, тνх Мæ кæј рацνди, ўј.
47. Ўцν ус кў федта, кæј нæ фæсусæдҕсі, ўј, ўæд Æм різгæје бацνди, цæфтνди Јæ разν, æмæ Ін адæм æппæтν раз сæргомкодта, цæј тνххæј Јæм бавнæлдта, ўј, æмæ ўцν сахатνл дæр кўд сдзæбæхі, ўј.
48. Уј ін захта: ўæнд, чνзгај! дæ урнνндзінад дæ фервæзνнкодта, цæўгæ фарнімæ.
49. Æмæ ма ај цалνнмæ дзνрдта, афтæ јўчідæр æрцνди нνхасν хіцаўν хæдзарæј, æмæ ін захта: дæ чνзг амарді. Ахургæнæдҕсν ма ўал qνгдар.
50. Фæлæ Јесо ај кў феqўста, ўæд νн захта: ма тæрс, æрмæст дæ урнæд, æмæ фервæздзæні.
51. Æмæ хæдзармæ кў æрцνди, ўæд нікæј баўахта, Петрν, Јоаннν æмæ Јаковν, æмæ ўцν чνздҕсν фνдν, æмæ мадν једтæмæ.
52. Сæппæтдæр кўдтој æмæ æрдіагкодтој ўј тνххæј; фæлæ сνн Уј захта: ма кæут; ўј нæ амарді, фæлæ фνнæј у.
53. Æмæ Іл худνн бајдνдтој, ўј кæј амарді, ўј зонгæје.
54. Фæлæ Уј рарвνста сеппæтν æдтæмæ нνххæцνди ін јæ кухνл, æмæ ін захта: о чνзгај! сνст.
55. Æмæ јæм јæ уд баздæхті; æмæ ўј ўцν сахатνл сνстаді, æмæ ін Уј хæрінаг радтνнкодта.
56. Æмæ јæ нνјардҕсνтæ діскодтој. Фæлæ сνн Ўј унаффæбакодта, цæмæј макæмæн зæϧој, цν уді, ўј.

СÆР 9.

1. Æмæ дуўадæс ахургæнінæггæм басідті, æмæ сvн радта тvх æмæ бар хæјрæдҥсvтæ æппæтvл, æмæ алv нізæј дзæбæхкæнvнvл.
2. Æмæ сæ арвvста Хуцаўv патцахад амонvнмæ, æмæ рvнчvнтv дзæбæхкæнvнмæ.
3. Æмæ сvн захта: мацv хæссут фæндагмæ, нæдæр лæдзæг, нæдæр хордзен, нæдæр дзул, нæдæр æхца, æмæ ўн дуўæј фæлvст дарæс дæр ма ўæд.
4. Æмæ јў цv хæдзармæ бацæўат, ум јў нvллæут, æмæ та јў урдvгæј ацæут!
5. Æмæ ўæ кæм нæ рајсој, ўцv сахарæј рацæўгæје, æцæҕдут ўæ ќæхтv рvг, удонvл æвдісæнv тvххæј.
6. Удон ацvдvстv, æмæ зvлдvстv qæўтvл, хорзўацqўд дзургæје, æмæ алv ранv нізҥсvнтv дзæбæхкодтој.
7. Бæстv цvппæрæм хаји хіцаў Ірод, кў феqўста, Јесо цvтæ кодта, удон æппæт, ўæд гўрvсхокодта: цæмæјдæрідтæр јўтæ дзvрдтој: ај Јоанн мæрдтæј рајгасі.
8. Іннæтæ, Ілiа фæзvнді зæҕгæ, аннæтæ та: рагон пехумпартæј јў рајгасі.
9. Æмæ Ірод захта: Јоаннæн æз јæ сæр ракодтон; æмæ ўæдæ, æз ај кæј тvххæј qусvн, ўј чі ўа? æмæ Јæ фенvнмæ агўрдта.
10. Апостолтæ раздæхтvстv, æмæ Ін фæдзvрдтој, цv бакодтој, ўј, æмæ сæ Уј акодта Јемæ, æмæ ацvді хіцæнæј афтід ранмæ, Віфсаід хўнгæ сахармæ хæстæг.
11. Фæлæ адæм кў базvдтој, ўæд Јæ фæдvл ацvдvстv, æмæ сæ Уј рајста, æмæ сvн дзvрдта Хуцаўv патцахадv тvххæј, æмæ дзæбæхкæнvн кæј qўді, удон дзæбæхкодта.
12. Бон та ізæрvрдæм ќулкæнvнбајдvдта. Æмæ Јæм æрбацvдvстv дуўадæс, æмæ Ін захтој

адæмv аўадз, ацæўæнт æмгæрон qæўтæм æмæ бæстæтæм æхсæвіўатмæ, æмæ ссардзvстv хæрінаг; умæн-æмæ мах ам стæм æдзæрæг бæстv.

13. Фæлæ сvн Уј захта: смах сvн радтут хæрінаг. Удон V'н захтој: махмæ ф̧ондз дзулv æмæ дуўæ кæфv једтæмæ ніцv іс; кæд ацæўæм æмæ балхæнæм ајас адæм æппæтv тvххæј, ўј једтæмæ?

14. Цæмæјдæрідтæр ўцv адæм ф̧ондз мінv јас удvстv. Фæлæ Уј Јæ ахургæнінæгтæн захта: æрбадvн сæ кæнут рæнqvтæј дæс - æмæ - дуўіссæдзгæјдтæј.

15. Æмæ бакодтој афтæ, æмæ сеппæтvдæр æрбадvнкодтој.

16. Æмæ Уј рајста ўцv ф̧ондз дзулv æмæ дуўæ кæфv, скасті арвмæ, арфæ сvн ракодта, асаста сæ, æмæ сæ радта Јæ ахургæнінæгтæм, адæмæн бајўарvнæн.

17. Æмæ хордтој, æмæ бафсæстvстv сеппæтдæр; æмæ цv ўолдај ќæбæртæ баззаді, удонæј дуўадæс тæсчv бајдзагкодтој.

18. Јўхадт Уј хібар ран кў кўвта, Јæ ахургæнінæгтæ дæр Јæмæ ўовгæјæ, ўæд сæ Уј бафарста: кæўл Мæ хvнцvнц адæм?

19. Удон V'н захтој дзўаппæн: Арђаўæг Јоаннvл, чі Ііліаіл; іннæтæ та зæђvнц: рагон пехумпартæј, јў рајгасі, зæђгæ.

20. Уј та сæ бафарста: смах та Мæ кæўл хvнцут? Петр дзўап радта: Хуцаўv Чvрvстііл.

21. Фæлæ сvн Уј тvнг бафæдзæхста, цæмæј ма кæмæн зæђој ај тvххæј,

22. Зæђгæје, адæјмаџсv Фvртvл зæрæдтæј, саўџсvнтvхістæртæј æмæ чінvџсvдæснvтæј бірæ фvдæбонтæ бавзарvн, ægад фæўн, амælvн æмæ æртvккæгæм бонv рајгасўн æмбæлv.

23. Æппæтæн та захта: Мæ фæдvл цæўн кæј фæндv, ўј јæхіўл ævдісæн бакæнæд, æмæ алæбон ісæд јæ дзўар, æмæ Мæ фæдvл цæўæд;

24. Умæн-æмæ јæ удv бавæрvн кæј фæнда, ўј јæ фесафдзæні; фæлæ Мæн тvххæј јæ удv чі фесафа, ўј јæ фервæзvнкæндзæні.
25. Цæмæјдæрідтæр цv пајда у адæјмагæн, дуне јўўлдæр јæхі кў бакæна, фæлæ јæхі кў фесафа, кæнæ јæхіцæн зіан кў скæна?
26. Цæмæјдæрідтæр Мæнvл æмæ Мæ дзvрдтvл чі бавдісæн кæна, ўўл адæјмадҗv Фvрт дæр бавдісæнкæндзæні, Јæхі, Јæ Фvдv, æмæ Јæ сvђдæг Зæдтv стvрадv кў æрцæўа, ўæд.
27. Æмæ ўн æцæг зæђvн: ам чі лæўўнц, удонæј чідæртæ нæ бавзардзvстv мælæт, афтæмæј фендзvстv Хуцаўv патцахад.
28. Ацv дзvрдтv фæстæ, јў аст бонv кў ацvді, ўæд акодта Петрv, Јоаннv æмæ Јаковv, æмæ ссvді хохмæ бакувнмæ.
29. Æмæ кў кўвта, ўæд Јæ цæскомv хўз аівта, æмæ Јæ дарæс урс, æртівгæ ссі.
30. Æмæ мæнæ, нvхæстæкодтој Јæмæ дуўæ лæдҗv, кæцvтæ удvстv Мојсеј æмæ Іліа.
31. Разvндvстv стvрадæј, æмæ нvхæстæкодтој Јæ мælæтv, Јерусалімv Ілі сæххæсткæнvн кæј æмбæлv, ўј тvххæј.
32. Петр æмæ Јæмæ чі удvстv, удон бафvнæј стv, фæлæ кў сvqалvстv, ўæд V'н федтој Јæ стvрад, æмæ Јæмæ дуўæ лæдҗv лæўгæ.
33. Æмæ удон Умæј кў хіцæнкодтој, ўæд Петр захта Јесојæн: Амонæг! махæн ам хорз у; скæнæм æртæ халађудv, јў Дæўæн, јў Мојсејен, јў та Іліајен, цv дзvрдта, ўј нæ зонгæјæ.
34. Æмæ ўј ај кўд дзvрдта, афтæ фæзvнді æврађ, æмæ сvл æрбадті, æмæ фæтарстvстv, æврађv кў фæстv, ўæд.
35. Æмæ рајqўсті æврађæј qæр: Ај у Мæ ўарзон Фvрт; Умæ qусут.
36. Ацv дзvрд кў рајqўсті, ўæд Јесо баззаді јўнæгæј. Æмæ удон нvqqусvстv, æмæ нікæмæн ніцv захтој ўцv бонтv, цv федтој ўј тvххæј.
37. Дvккаг бон, хохæј кў æрцvдvстv, ўæд Јæ размæ рацvді бірæ адæм.

38. Авіппајдѵ ўцѵ адæмæј јў чідæр сqæркодта: Ахургæнæг! лæхстæ Дѵн кæнѵн, фæкæс мæ фѵртмæ; јўнæг мѵн у.

39. Æнæзæʒінаг уд æј ацахсѵ, æмæ ўј æвіппајдѵ сqæркæнѵ, æмæ јæ æргæвдѵ, афтæ-æмæ јæ комæј фѵнк калѵ; æмæ тѵхæј ахіцæн вæјі умæј, фѵдæбон ѵн кў фæкæнѵнкæнѵ, ўæд.

40. Æз лæхстækодтон Дæ ахургæнінæгтæн, цæмæј јæ асуроj, фæлæ удон нæ бафæрæстоj.

41. Јесо захта дзўаппæн: о, æнæурнæг æмæ æнўаг мѵккаг! кæдмæ удзѵнæн ўјемæ, æмæ ўн кæдмæ бардзѵнæн? æркæн ардæм дæ фѵртѵ.

42. Æмæ ма ўј кў фæцæјцѵді Умæ, афтæ јæ хæјрæг нѵццафта зæххѵл, æмæ јæ нæмѵн бајдѵдта; фæлæ Јесо бабаста ўцѵ æнæзæʒінаг удѵ, æмæ сдзæбæхкодта ўцѵ лæппуі, æмæ јæ радта јæ фѵдмæ.

43. Æмæ јўўлдæр дісқодтоj Хуцаўѵ стѵрадѵл. Æмæ æппæтмæ діс кў каст, Јесо цѵ кодта, удон æппæт, ўæд Уj захта Јæ ахургæнінæгтæн.

44. Бавæрут ацѵ дзѵрдтæ ўæ qустѵ: адæјмадҥсѵ Фѵрт лæвæрд удзæні адæмѵ ќухтæм.

45. Фæлæ удон нæ бамбæрстоj ацѵ дзѵрд, æмæ ўј уді сусæг удонæj, афтæ æмæ удонæj æнæ бамбаргæj баззаді; бафæрсѵн та Јæ ўцѵ дзѵрдѵ тѵххæј нæ ўæндѵдѵстѵ.

46. Æмæ сæ зæрдѵл æрлæўўді, удонæj хістæр чі у, ўj базонѵн.

47. Јесо базѵдта удонæн сæ зæрдѵфæнд, сіста сѵвæллонѵ, æмæ јæ æрлæўўнкодта Јæ разѵ,

48. Æмæ сѵн захта: ацѵ сѵвæллонѵ Мæ номæj чі рајста, ўj Мæн ісѵ; æмæ Мæн чі рајса, ўj Мæ рарвітæдҥсѵ ісѵ; цæмæjдæрідтæр ўæ æппæтæj кæстæр чі у, ўj хістæр удзæні.

49. Ўæд Јоанн захта: Амонæг! мах федтам, Дæ номæj хæјрæдҥсѵтѵ чі сѵрдта, ахæм лæдҥсѵ, æмæ јæ нæ ўахтам, ўj махімæ кæj нæ цæўѵ, ўj тѵххæj.

50. Јесо ін захта: ўадзут æj; цæмæjдæрідтæр ўјемæ бѵцæў чі нæ ўа, ўj ўæ фарс у.

51. Æмæ дунеје Јæ ахіцæнѵ бонтæ кў æрæвваxсѵстѵ, Ѵј сфæндкодта Јерусаліммæ ацæўн.

52. Æмæ Јæ разæј арвѵста мінæвæрттѵ, æмæ удон ацѵдѵстѵ, æмæ бацѵдѵстѵ Самаріаг qæўмæ, цæмæј Ін сцæдтæкæноj бѵнат.

53. Фæлæ Јæ ум нæ бўахтоj, Јерусаліммæ цæўæдҥсѵ хўзæн кæј уді, ўј тѵххæј.

54. Æмæ аj кў федтоj Јæ ахургæнінæгтæ, Јаков æмæ Јоанн, ўæд Ѵн захтоj: Хіjцаў! фæндѵ Дæ, цæмæј мах зæҕæм, ўоларвæј зѵнг кўд æрцæўа, æмæ сæ кўд фесафа, Іліа дæр кўд бакодта, афтæ?

55. Фæлæ сæм Ѵј фездæхті, нæ сæ бўахта, æмæ сѵн захта: цавæр удæј стут, ўј нæ зонут.

56. Цæмæјдæрідтæр адæјмадҥсѵ Фѵрт æрцѵді, адæмѵ удтѵ фесафѵнѵ тѵххæј нæ, фæлæ сæ фервæзѵнѵ тѵххæј. Æмæ ацѵдѵстѵ æндæр qæўмæ.

57. Æмæ удон фæндагўл кў удѵстѵ, ўæд Ѵн чідæр захта: Хіjцаў! æз дæр Дæ фæдѵл цæўн, Дѵ кæдæм цæўаj, ўрдæм.

58. Ј е с о Ін захта: рувæстæн іс ўормѵтæ, æмæ æрвон мæрҕтæн ахсдæдтæ; фæлæ адæјмадҥсѵ Фѵртæн, Јæ сæр кæм æрќулкæна ўјдæр нæј.

59. Æндæрæн та захта: рацу Мæ фæдѵл. Ўј Ін захта: Хіjцаў! фѵтцаг мæ аўадз ацæўн мæ фѵдѵ банѵгæнѵнмæ.

60. Фæлæ ін Ј е с о захта: ўадз мæрдтѵ сæ мæрдтѵ нѵгæнѵн; фæлæ дѵ та рацу, æмæ Хуцаўѵ патцахадѵ хорзўацqўд хæсс.

61. Ноднсѵ Ін æндæр чідæр захта: æз дæр Дæ фæдѵл цæўн, Хіjцаў! фæлæ мæ фѵтцаг аўадз, мæ бінонтæн хæрзбон зæҕѵнмæ.

62. Фæлæ ін Ј е с о захта: гутонѵл хæцкæје, фæстæмæ чі кæса, ўј Хуцаўѵ патцахадмæ æнqæлцаў нæў.

СÆР 10.

1. Ўј фæстæ Хіјцаў сæвзæрста нодҗсѵдæр æндæр дæс-æмæ-артіссæдз ахургæнінæгтѵ, æмæ сæ арвѵста дѵгæјдтæј Јæ разѵ алѵ сахармæ æмæ бæстæм, Јæхі цæўн кæдæм фæндѵді, урдæм.

2. Æмæ сѵн захта: хўмкæрдінаг бірæ іс, фæлæ хўмонтæ чѵсѵл стѵ; æмæ афтæ балæхстæкæнут кæрдінаг хўмѵ Хіјцаўæн, цæмæј рарвіта бірæ хўмонтѵ кæрдѵнмæ.

3. Цæўут; Æз ўæ æрвітѵн, ўæрѵччѵтѵ бірæҕтѵ æхсæнмæ кўд æрвѵстæўа, афтæ.

4. Ма хæссут мадæр дзæќул, мадæр хордзен, мадæр дзабѵртæ, æмæ фæндагўл салам макæмæн зæҕут.

5. Цѵ хæдзармæ јў бацæўат, ўм јў фѵтцаг зæҕут: фарн ацѵ хæдзарæн.

6. Æм ўм фарнѵ фѵрт кў ўа, ўæд ѵл фарн æрцæўдзæні: кў нæ дзѵ ўа, ўæд та ўæхімæ раздæхцæні.

7. Ўцѵ хæдзарѵ баззајут, хæрут æмæ нўазут, цѵ сæм ўа, ўј; цæмæјдæрідтæр фæллојгæнæг мѵздѵ аккаг у, јæ фæллојі тѵххæј; хæдзарæј хæдзармæ ма цæут.

8. Æмæ цѵ сахармæ бацæўат, ум ўæ кў ајсој, ўæд хæрут, цѵ ўн æрæвæрој, ўј.

9. Æмæ ум цѵ рѵнчѵнтæ ўа, удон дзæбæхкæнут, æмæ сѵн дзурут: æрæввахс ўæм іс Хуцаўѵ патцахад.

10. Фæлæ істѵ сахармæ кў бацæўат, æмæ ўæ кў нæ ајсој, ўæд ўнгмæ рацæут, æмæ зæҕут:

11. Ўæ сахарѵ нѵл цѵ рѵг нѵххæцѵді, ўј дæр ўл цæҕдæм фæстæмæ; фæлæ ўодтæр зонут, Хуцаўѵ патцаххад ўæм кæј æрæввахсі, ўј.

12. Зæҕѵн ўн: Содомæн ўцѵ бонѵ æнцондæр удзæні ўцѵ сахарæј.

13. Мæгўр дæ бон, Хоразін! мæгўр дæ бон, Віфсаіда! цæмæјдæрідтæр Тірѵ æмæ Сідонѵ кў

фæзvндajіккoj, смахмæ цv діссæгтæ фæзvндvстv удон, ўæд удон qicvн даргæjæ æмæ фæнvччv бадгæjæ, радҗcv фæфæсмонкодтajіккoj.

14. Фæлæ Тіраен æмæ Сідонæн дæр смахæj æнцондæр удзæні qajмæтv бон.

15. Æмæ дv дæр, Капернаум, арвv онг чі сбæрзонд дæ, зvндонv онг нvххаўдзvнæ.

16. Смахмæ чі qycv, ўj Мæммæ qycv, æмæ смах чі нæ pajcv, ўj Мæн дæр нæ іcv: Мæн та чі нæ іcv, ўj Мæн чі рarвvста, Уj дæр нæ іcv.

17. Дæс-æмæ-æртіссæдз ахургæнінадҗcv раздæхтvстv цінгæнгæ, æмæ Ін дзvрдтoj: Хіjцаў! хæjрæдҗcvтæ дæр нæ коммæкæсvнц Дæ номv тvххæj.

18. Ўj та захта: Æз ғедтон сajтанv ўоларвæj æрхаўгæ æрґvвдаў.

19. Мæнæ ўн дæдтvн бар нvллæўўн кæлмvтvл, æмæ маргдҗcvнvл, æмæ знадҗcv тvх æппæтvл; æмæ ўн qvг ніцv бадардзæні.

20. Фæлæ æнæзæӈінаг удтæ ўæ коммæ кæj кæсvнц, ўўл ма цінкæнут, фæлæ ўæ нæмтæ ўолæрвтv фvст кæj стv, ўj тvххæj цінкæнут.

21. Ўцv сахатv сцінкодта Jесо Jæ удæj, æмæ захта: стаўн Дæ, о Мæ Фvд, арвv æмæ зæххv Хіjцаў, Дv aj, дæснvтæj æмæ зондҗcvнтæj кæj бамбæхстaj, æмæ jæ cvвæллæдтæн кæj раргомкодтaj, ўj тvххæj. Тæккæ афтæ, Мæ Фvд! Цæмæjдæрідтæр афтæ уді Дæ хорзфæндон.

22. Æмæ раздæхті ахургæнінæгтæм, æмæ cvн захта: цvдæрідтæр Мvн лæвæрд у Мæ Фvдæj; æмæ Фvрт чі у, ўj нічі зонv, Фvдv jедтæмæ, æмæ Фvд чі у, ўj нічі зонv, Фvртv jедтæмæ, æмæ Фvртv сæргомкæнvн кæмæн бафæнда, ўj jедтæмæ.

23. Æмæ раздæхті ахургæнінæгтæм, æмæ cvн хібарæj захта: тæхудіаг стv, смах цv унут, ўj чі унv, ўцv цæстvтæ!

24. Цæмæjдæрідтæр ўн зæӈvн: бірæ пехумпартv æмæ патцæхтv фæндvді, смах цv унут ўj фенvн, фæлæ нæ федтoj, æмæ смах цv qусут, ўj феqycvн, фæлæ нæ феqўстoj.

25. Æмæ мæнæ, jў дінамонæг сvстаді, ќахта Jæ, æмæ Ін захта: Ахургæнæг! цv кæнvн мvл æмбæлv, æнусон цард мæхі цæмæj бакæнон, ўj тvххæj?

26. Уj ін захта: дінv цv фvст іс? кўд дзv кæсvс?

27. Уj Ін дзўап радта: баўарз дæ Хіjцаў Хуцаўv дæ зæрдæ æгасæj, æмæ дæ уд æгасæj, æмæ дæ хæстæдзсv дæр, дæхі хўзæн.

28. Jесо ін захта: раст захтаj! афтæ кæн, æмæ цæрдзvнæ.

29. Фæлæ ўj, jæхі цæмæj срастkодтаід, ўj jæ фæндvді, æмæ захта Jесоjæн, мæ хæстæг та чі у?

30. Аўл vн Jесо захта: jў чідæр лæг фæцæjцvді Jерусалімæj Jеріхонмæ, æмæ абvрдзсvтv кухv бафтvді, удон vн бајстоj jæ дарæстæ, бацæфтæ jæ кодтоj, æмæ ацvдvстv, æмæ jæ нvўахтоj чvсvл ма удæгасæj.

31. Jў чідæр саўдзсvн рацæjцvді ўцv фæндагўл, æмæ jæ федта, фæлæ іл аівђўдта.

32. Афтæдæр jў левіт уді ўцv ранv, бацvді jæм, федта jæ, æмæ іл аівђўдта.

33. Фæлæ jў чідæр Самаріаг, jæ цурv рацæjцæўгæjæ, бафтvді ўўл, федта jæ, æмæ фæтæрiђædкодта умæн.

34. Æмæ jæм бацvді, бабаста ін jæ цæфтæ, æмæ ін сvл аўахта зеті æмæ сæн; æмæ jæ сæвæрдта jæ хæссæнvл, æмæ jæ æркодта ўазæгдонмæ, æмæ jæм базvлді.

35. Дvккаг бонv кў цvді, ўæд сіста дуўæ дінарv, радта сæ ўазæгдонv хіцаўмæ, æмæ ін захта: базіл æм, æмæ іл кæд адонæj ўолдај істv бахардзкæнæj, ўæд, æз кў раздæхон, ўæд дvн сæ бафідцvнæн.

36. Кæцv уді, æнqæл дæ, ўцv æртæje jæ хæстæг, абvрдзсvтæ кæj æрцахстоj, умæн?

37. Уj Ін захта: aqaз vн чі бакодта ўj. Ўæд vн Jесо захта: ацу, æмæ дv дæр афтæ кæн.

38. Удон ацv фæндагvл кў цvдvстv, ўæд бацvді Jесо jў qæўмæ; ўм Æj jў чідæр ус, jæ ном Марфа кæмæн уді, ўj Jæ бакодта jæ хæдзармæ.

39. Умæн уді хо, Маріа хўнгæ, кæцv сбадтį Јесоі ќæхтv цур, æмæ Ін qўста Јæ дзvрдмæ.
40. Марфа та стvр аходæнv коj кодта, æмæ бацvді, æмæ захта: Хіjцаў! Дæў æвæтцæгæн ніцv мæт іс, мæ хо мæ jўнæгæj кусvнæн кæj нvўахта, ўj тvххæj? зæƀ vн, цæмæj мvн æххўс бакæна.
41. Јесо ін дзўаппæн захта: Марфа! Марфа! дv мæткæнvс æмæ тvхсvс бірæўл;
42. Фæлæ æрмæст jў qæўv. Маріа та хўздæр хај сæвзæрста, аіст дзv цv нæ удзæні, ўj.

СÆР 11.

1. Јўхадт Уj jў ранv кў кўвта, æмæ кў банцаді, ўæд Vн Јæ ахургæнінæгтæj jў захта: Хіjцаў! бацамон нvн кувvн, Јоанн jæ ахургæнінæгтæн кўд бацамvдта афтæ.
2. Уj сvн захта: кў куват, ўæд афтæ дзурут: мах Фvд, æрвтv ўоввæг! сvƀдæг ўæд Дæ ном; æрцæўæд Дæ патцахад; Дæ бар ўæд зæххvл дæр, ўоларвv кўд у, афтæ.
3. Нæ дзул нvн онvнæн дæдт махæн алæбон;
4. Æмæ нvн нvпбар нæ тæріƀædтæ, цæмæjдæрjдтæр мах дæр барæм нæ алv хæсджсvнæн; æмæ нæ ма бакæн фvдæвзарæнv, фæлæ нæ фервæзvнкæн фvдбvлvзæj.
5. Æмæ сvн захта: смахæj іскæмæн лvмæн кў ўа, æмæ jæм æмбісæхсæв кў æрцæўа, æмæ ін кў зæƀа: мæ лvмæн! радт мvн æртæ дзулv æфстаў.
6. Цæмæjдæрідтæр мæм мæ лvмæн фæндагæj æрбацvді, æмæ ін jæ разv цv æрæвæрон, ўj мæм нæj;
7. Æмæ jæм ўj мідæгæj кў радзура дзўап: qvг мæ ма дар, мæ дўар æхкæд у æмæ мæ сvвæллæдтæ стv мемæ хўссæнv; мæ ќухv нæj сvстvн æмæ дvн радтvн;
8. Кў нæ сvста, зæƀvн смахæн, æмæ ін кў нæ радта, лvмæндзінадмæ гæскæ, ўодтæр, кўнæ ўал

æj ўадза, ўæд сѵстдзæні, æмæ ін ратцæні, цас дзѵ кура ўјас.

9. Æз дæр ўн зæҕѵн: курут, æмæ ўн лæвæрд удзæні; агурут, æмæ ссардзѵстут; хојут æмæ ўн бајгомкæндзѵстѵ.

10. Цæмæјдæрідтæр алѵ курæг рајсѵ, æмæ алѵ агурæг ссарѵ, æмæ хојæгæн баігомкæнѵнц.

11. Смахæј цавæр фѵд ратцæні јæ фѵртæн дур, ўј дзѵ дзул кў кура ўæд? кæнæ дзѵ кæсаг кў кура, ўæд ѵн кæсаԥѵ бæстѵ калм ратцæні?

12. Кæнæ дзѵ ајк кў кура, ўæд ѵн ратцæні маргԥѵн.

13. Æмæ афтæ, кæд смах хінæјдзаг ўовгæје, зонут хæрзтæ дæдтѵн ўæ сѵвæллæдтæн: ўæд ўолдајдæр та ўоларвон Фѵд ратцæні Сѵҕдæг Ўдѵ, чі Дзѵ кура удонæн.

14. Јўхадт расѵрдта Ўј хæјрæԥѵ, æгомѵг чі уді ахæмæј; æмæ хæјрæг кў рацѵді, ўæд æгомѵг дзурѵн бајдѵдта; æмæ адæм діскодтој.

15. Јў-чідæртæ та сæ дзѵрдтој: Ўј сурѵ хæјрæԥѵтѵ вееlзевулѵ хæјрæԥѵтѵ æлдарѵ тѵхæј.

16. Фæлæ дзѵ іннæтæ та, ќахкæје кўрдтој ўоларвæј нѵсан.

17. Фæлæ сѵн Ўј базѵдта сæ зæрдѵфæнд, æмæ сѵн захта: алѵ патцахад јæхæдæг јæхі мідæг кў фæдіх ўа, ўæд федзæрæгўдзæні, æмæ хæдзар дæр јæхæдæг јæхі мідæг кў фæдіх ўа, ўæд фехæлдзæні.

18. Æмæ сајтан дæр кæд јæхæдæг јæхі мідæг фæхіцæні, ўæд ма јæ патцахад кўд фæлæўдзæні? Смах та зæҕут, цѵма Æз вееlæвулѵ тѵхæј сурѵн хæјрæԥѵтѵ.

19. Æмæ кæд Æз вееlзевулѵ тѵхæј сурѵн хæјрæԥѵтѵ, ўæд сæ ўæ фѵрттæ та кæј тѵхæј сурѵнц? Æмæ ўн ўј тѵххæј удон удзѵстѵ тæрхонгæнԥѵтæ.

20. Фæлæ кæд Æз Хуцаўѵ ќухæј сурѵн хæјрæԥѵтѵ, ўæд ўæм бæлвѵрд æрбаввахсі Хуцаўѵ патцахад.

21. Тvхдҥсvн ædгæрстæ кў qaqqænv јæ хæдзар, ўæд јæ іс ædас вæјі.
22. Фæлæ јæ јæхіцæј тvхдҥсvндæр кў æрбvрса, æмæ јæ басæдта, ўæд vн јæ гæрстæ јўўлдæр бајсцæні, јæ нvфс кæўл уді удон, æмæ ін јæ хотvхтæ бајўардзæні.
23. Мемæ чі нæ ўа, ўј Мæ нvхмæ лæўv; æмæ Мемæ æмбvрд чі нæ кæна, ўј хæліўкæнv.
24. Æнæзæҕінаг уд лæгæј кў рацæўv; ўæд æнæдон рæдтv зілv, æрvнцаін агурv æмæ кў нæ арv, ўæд ўј зæҕv: аздæхон мæ хæдзармæ, кæцæј рацvдтæн, ўрдæм.
25. Æмæ јæм кў бацæўv, ўæд æј ссарv марстæј æмæ арæстæј.
26. Ўæд ацæўv, æмæ æркæнv јæмæ јæхіцæј фvдтæр авд æндæр удv, æмæ бацæўнц ўрдæм, æмæ дзv цæрvнц. Æмæ ўцv лæгæн фvтцагонæј фæстагон фvдтæр вæјі.
27. Æмæ Уј ај кў дзvрдта, ўæд адæмv æхсæнæј јў ус qæргæнгæнгæјæ захта: тæхудіаг у, Дæў чі схаста ўцv гўбvн, æмæ Дv цv дзідзітæ дадтај удон!
28. Уј та захта: тæхудіаг стv, Хуцаўv дзvрд чі qусvнц, æмæ јæ чі æвæрvнц, удон!
29. Æмæ адæм бірæјæ кў æрæмбvрдvстv, ўæд Уј бајдvдта дзурvн: ўцv мvккаг хінæјдзаг у, ўј нvсан агурv: фæлæ ін нvсан лæвæрд нæ удзæні, пехумпар Јонаі нvсанv једтæмæ.
30. Цæмæјдæрідтæр Јона Ніневіæгтæн нvсанæн кўд уді, адæјмадҥсv фvрт дæр афтæ удзæні уцv мvккагæн.
31. Хурварсv æхсін нvллæўдзæні тæрхонvл ацv мvккадҥсv адæмімæ, æмæ сvн фvдтæрхон кæндзæні: цæмæјдæрідтæр ўј æрцvді зæххv кæронæј Соломонv стvрзонддзінад феqусvнмæ; фæлæ ам Соломонæј стvлдæр іс.
32. Ніневіæгтæ нvллæўдзvстv тæрхонvл ацv мvккадҥсімæ, æмæ сvн фvдтæрхон бакæндзvстv, цæмæјдæрідтæр удон фæфæсмонкодтој Јонаі амvндæј, фæлæ ам Јонаје стvлдæр іс.

33. Цvраҕ чі ссудзv, ўj јæ æмбæрст ранv нæ цæвæрv, нæдæр мігæнæнv бvн, фæлæ цvраҕдарæнvл, цæмæj мідæмæ бацæўдҥсvтæ рухс уноj.

34. Бўараен јæ рухсгæнæг цæст у, æмæ афтæ, дæ цæст сvҕдæг кў ўа, ўæд дæ бўар дæр æгасæj рухс удзæні, фæлæ ўj æвзæр кў ўа, ўæд дæ бўар дæр талvнг удзæні.

35. Æмæ афтæ, кæс, дæ мідæг цv рухс іс, ўj талvнг мijаг нæў.

36. Кæд дæ бўар јўўлдæр рухс у, æмæ јæ јў онг дæр талvнг нæ у; ўæд јўўлдæр рухс удзæні, цvма дæ рухсгæнæн рухс кæнv, ўjаў.

37. Уj аj кў дзvрдта, афтæ Јæ јў фарiсе ахўдта јæхімæ сіхор хæрvнмæ. Уj бацvді æмæ æрбадті.

38. Æмæ фарiсе дісфæкодта, Уj сіхорv размæ Јæ ќухтæ кæj нæ цæхсадта, ўj кў фæдта, ўæд.

39. Фæлæ ін Хijцаў захта: нvр смах, фарiсетæ, ќусv æмæ тæбæҕv æдтіје сvҕдæгкæнут, фæлæ ўæ хўлф мідæгæj дзаг у стіҕvнæj æмæ хінæj.

40. Æдvлvтæ! æдтагон чі сфæлдvста, мідæгкагон дæр ўj не скодта цv?

41. Ўj бæстv хорзæх дæдтут, цv ўæм іс, умæj; ўæд ўн јўўлдæр сvҕдæг удзæні.

42. Фæлæ мæгўр ўæ бон, фарiсетæ, дæсæм хаj біґнајæ, qvќvjæ, æмæ цæхæрадонv халсарæj кæj дæдтут, фæлæ Хуцаўv тæрхондзінадv тvххæj мæт кæj нæ кænут, умæн; аj кænvн æмбæлді, æмæ ўj нvўадзvн дæр нæ qўді.

43. Мæгўр ўæ бон, фарiсетæ, нvхæстv ўолје бадvн, æмæ адæмv æмбvрдтv саламґæ кæj ўарзут ўj тvххæj.

44. Мæгўр ўæ бон, чінvдҥсvдæснvтæ æмæ фарiсетæ, цæстмæqустæ, смах æмбæхст інгæнтаў стут, кæцvтvл цæўнц, æмæ ўj нæ зонvнц.

45. Аўл Vн дінамондҥсvтæj јў чідæр захта: Ахургæнæг! аj дзургæје, Дv мах дæр æфхæрvс.

46. Фæлæ Уj захта; мæгўр ўæ бон смахæн дæр, дінамондҥсvґæн, адæмvл зvнхæссæн æр-

ӈæмдтæ кæj æвæрут, фæлæ сæм ўæхўдтæг ўæ ќухv æнгўлдзæj дæр кæj нæ æвналут, ўj тvххæj.

47. Мæгўр ўæ бон, ўæ фvдæлтæ цv пехумпартv фæцахтоj удонæн зæппæдзтæ кæj амajўт, ўj тvххæj.

48. Умæj смах æвдiсæнлæўут ўæ фvдæлтv qўдтæгтvл, æмæ удонiмæ ўæхi æмхajкæнут; цæмæjдæрiдтæр удон фæцахтоj пехумпартv, смах та сvн зæппæдзтæ амajўт.

49. Ўj тvххæj Хуцаўv бiрæзонддзiнад дæр захта: арвiтцvнæн сæм пехумпартv æмæ мiнæвæрдтv, æмæ удонæj кæj амардзvстv, кæj та ратæрдзvстv;

50. Фiдтон ф̆æўæд ацv мvккагæн пехумпартv сеппæтv тvг, дунеi сфæлдiсæнæj нvрмæ кæj акалдтоj, ўj,

51. Авелv тугæj Захарii туӈсv онг, кувæндонæj арӈўанv æхсæн кæj амардтоj, ўj; haj-haj, зæӈvн смахæн, фæфiдтон удзæнi ацv мvккагæн.

52. Мæгўр ўæ бон, дiнамонӈсvтæн, зонддзiнадv дæӈæл кæj ajстат, æмæ jæм ўæхўдтæг дæр кæj нæ бацvдvстут, æмæ jæм бацæўн кæj фæндvдi, удон дæр кæj нæ бўахтат, ўj тvххæj.

53. Æмæ сvн Уj ај кў дзvрдта, ўæд V'л чiнvӈсvдæснvтæ æмæ фарiсетæ тvхӈсvнæj æмбvрдкæнvн бajдvдтоj, æмæ Дзv тvхæj дзўаппvтæ кўрдтоj бiрæ цæjдæртv тvххæj,

54. Агўрдтоj Jæм æмæ Iл зvлдvстv, цæмæj Iн Jæ дзvхæj iстv ацахсоj, æмæ Jæ ф̆æзvлvнкæноj.

СÆР 12.

1. Æмæ ќорд мiн адæмтæ кў æрæмбvрдстv, сæ кæрæдзii æнтvснæг кўд кодтоj афтæ, ўæд Уj рajдvдта дзурvн раздæр Jæ ахургæнiнæгтæн: ўæхi хiзут фарiсетv æнqiзæнæj, кæцv у цæстмæqусдзiнад.

2. Цv нæ сæргом ўа, ахæм æмбæхст нiцv iс, æмæ цv нæ базvндæўа, ахæм сусæгдзiнад нæj.

3. Ўј тvххæј талvндҥсv цv захтат, ўј рухсv феqустæўдзæні; æмæ qусv цv дзvрдтат хæдзарv мідæг, ўј ўолхæдзарæј раqæр удзæні.

4. Æмæ ўн зæҕvн смахæн, Мæ хæлæрдтæн: бўарv мардҥсvтæј ма тæрсут, ўј фæстæ умæј фvлдæр істv кæнvн чі нæ фæразv.

5. Фæлæ ўн зæгvн, кæмæј тæрсат: тæрсут амарvнv фæстæ гееніаі баппарvн јæ ќухv кæмæн іс, умæј: æцæг ўн зæҕvн, тæрсут умæј.

6. Фондз ц́іўv дуўæ ассаріаіл нæ ўојчvндæўv нæ? æмæ удонæј јўдæр рох нæў Хуцаўæј.

7. Смахæн та ўæ сæрv qўнтæ дæр јўўлдæр хvҕд vстv. Ўодæ ма тæрсут; смах бірæ ц́іўтæј зvнарҕдæр стут.

8. Æмæ ўн зæҕvн: алкæјдæр, æргомæј чі дзура Мæнvл адæмv раз, ўўл адæјмадҥсv Фvрт дæр æргом дзурдзæн Хуцаўv зæдтv раз.

9. Фæлæ Мvл æвдісæн чі бакæна адæмv раз, ўј æвдісæнгонд удзæні Хуцаўv зæдтv раз.

10. Æмæ алкæмæн, адæјмадҥсv Фvртvл æвзæр чі зæҕа, умæн барст удзæні; фæлæ Сvҕдæг Удvл фаўндзінад чі зæҕа, умæн барст нæ удзæні.

11. Æмæ ўæ нvхæстæм кў бакæноj хістæртæм æмæ хіцæўдтæм; ўæд мæт ма кæнут, кўд, кæнæ цv дзўап радтат, кæнæ цv зæҕат, уўл.

12. Умæн-æмæ ўн Сvҕдæг Уд бацамондзæні ўцv сахатvл, цv зæҕvн qæўv, ўј.

13. Адæмæј Ін јўчідæр захта: Ахургæнæг! зæҕ мæ æфсvмæрæн, цæмæј мемæ бvн бајўара, ўј.

14. Фæлæ Уј ўцv лæгæн захта: чі Мæ нvллæўнкондта смахæн тæрхонгæнæг, кæнæ смах ўарæг.

15. Афтæдæр сvн захта: кæсут, ўæхі qаqqæнут бірæ фосўарзvндзінадæј, цæмæјдæрідтæр лæдҥсv цард јæ бірæ ісv фæрцv нæј.

16. Æмæ сvн захта фæсномvгнvхас: ўј qæздvг лæгæн јæ бvдvрv æрзаді хор хорз;

17. Æмæ ўј qўдvкодта јæхінvмæрv: цv кæнон? мæ хор кæм æрæмбvрдкæнон, ўј мæм нæј.

18. Æмæ захта: цæj афтæ бакæнон: фехалон мæ хордæдтæ, æмæ стълдæртæ скæнон, æмæ ум æрæмбырдкæнон мæ хор æмæ мæ хорз jўўлдæр.

19. Æмæ мæ удæн зæɣон: мæ уд! бирæ хæрзтæ дын лæўы бирæ æзтæн, æнцоj у, хæр, нўаз, мінаскæн.

20. Фæлæ ін Хуцаў захта: æдылы! ацы æхсæв дын дæ уд ajсцысты, æмæ кæмæн баззajдзæні, ды кæj æрæмбырдкодтај, ўj?

21. Афтæ вæji, jæхіцæн хæзна чі æмбырдкæны, æмæ Хуцаўы тххæj чі нæ qæздыгкæны, ўjімæ.

22. Æмæ Jæ ахургæнінæгтæн захта: ўj тххæj ўн Æз зæɣын: ўæ уды тххæj мæт ма кæнут, цы хæрат, нæдæр ўæ бўары тххæj, цы дарат.

23. Уд хæрінагæj хістæр у, æмæ бўар дарæсæj.

24. Акæсут халæдтæм: удон нæ таўгæкæнынц, нæдæр кæрдынц; нæj удонæн нæдæр æвæрæндæдтæ, нæдæр хордæдтæ, æмæ сæ Хуцаў хæссы; смах та цас ўолдај хўздæр стут мæрɣтæj?

25. Æмæ смахæj мæткæныннæj jæхіцæн jæ асыл jў æрмæрін ўодтæр чі бафтаўдзæні?

26. Æмæ кæд jў чысыл скæныn дæр нæ фæразут, ўæд æндæры тххæj цы мæт кæнут?

27. Акæсут дідінджытæм, кўд рæзынц: нæ фæллојкæныnц, нæ ælвісынц; фæлæ ўн зæɣын: Соломон дæр jæ æгас стырады нæ арæста jæхі, удонæj алчі кўд арæст у, афтæ.

28. Кæд бындыр кæрдæджы, абон чі заjі, рajсом та арты æппæрст чі удзæні, Хуцаў афтæ фæлынды, ўæд ўолдajдæр та смах, чысылўрнджытæ.

29. Æмæ афтæ ма агурут, цы хæрат, кæнæ цы нўазат, ўj, æмæ мæт дæр ма кæнут;

30. Умæн-æмæ aj æппæт агурынц ацы дунеі адæм; смахæн та ўæ Фыд зоны, удон ўæ кæj qæўнц, ўj.

31. Ідтæгдæр агурут Хуцаўы патцахад, æмæ ўл адон æппæтдæр бафтдзысты.

32. Ма тæрс, чvсvл дзуг! цæмæйдæрідтæр ўæ Фvдv бафæндvді смахæн патцахад радтvн.
33. Ўойкæнут ўæ істæ, æмæ дæдтут хорзæх. Цæдтæкæнут ўæхіцæн, зæронд чі нæ кæнv, ахæм æвæрæндæдтæ, авідігæ хæзнадон ўолæрвтv, хуснæг кæдæм нæ хæтцæкæнv, æмæ рæмпæг кæм нæ хæрv.
34. Цæмæйдæрідтæр ўæ хæзна кæм іс, ум удзæнį ўæ зæрдæ дæр.
35. Ўонт ўæ рæдтæ ўæ астæўтvл баст, æмæ ўæ рўхсгæнæнтæ сvŋд;
36. Æмæ смах чvндзæхсæвæј сæ хіцаўv раздæхvнмæ æнqæлмæ чі кæсvнц, ўцv адæмv хўзæн удзvстут, цæмæј кў æрцæўа, æмæ кў бахоја, ўæд vн ўцv сахатvл бајгомкæноj.
37. Тæхудіаг стv ўцv цаŋартæ, кæцvтv, сæ хіцаў æрцæўгæје, ссардзæні qæлдзæгæј; æцæг ўн зæŋvн: ўј јæ астæў æрбабæтдзæні, æмæ сæ æрбадvнкæндзæні, æмæ сæм бацæўдзæні, æмæ сvн кастæріўог кæнvн бајдајдзæні.
38. Æмæ дvккаг qaqqæнvн афонv кў æрцæўа, æмæ æртvккаг qaqqæнvн афон дæр кў æрцæўа, æмæ сæ афтæ кў ссара, ўæд тæхудіаг стv ўцv цаŋартæ.
39. Смах зонут, хæдзарv хіцаў кў зонід, кæцv сахатvл æрбацæўдзæні хўснæг, ўæд qæлдзæг ўаід, æмæ јæ хæдзарv ќахvн нæ баўадзід.
40. Æмæ ўодæ смах дæр цæдтæ ут, цæмæйдæрідтæр, кæцv сахатvл нæ æнqæл ўат, ўцv сахатvл æрцæўдзæні адæјмаџсv Фvрт.
41. Ўæд Vн Петр захта: Хіјцаў! махæн дзурvс ацv фæсномvгнvхас, æві æппæтæн дæр?
42. Хіјцаў та захта: æўонкџсvн æмæ хорззонџсvн хæдзармæгæсæг чі, у, јæ хіцаў кæј нvллæўнќодта јæ цаŋартvл, цæмæј сvн афонvл ўара хорv барæн?
43. Тæхудіаг у ўцv цаŋар, јæ хіцаў кў æрцæўа, æмæ јæ афтæ гæнгæ кў ссара:
44. Æцæг ўн зæŋvн: јæ іс æппæт vн јæ æвџсід бакæндзæні.

45. Фæлæ ўцv цаӈар јæ зæрдv кў зæӈа: рæхчv нæ æрцæўдзæні мæ хіцаў, æмæ кусджсvтv æмæ фæсцæўінтv нæмvн кў бајдаја, хæрvн, æмæ нўазvн, æмæ расvгкæнvн:

46. Ўæд ўцv цаӈарæн јæ хіцаў æрцæўдзæні, кæцv бон æм æнqæлмæ нæ кæса, ўцv бонv, æмæ кæцv сахатv æнqæл нæ ўа, ўцv сахатv, æмæ јæ адуўæкæндзæні, æмæ јæ æнææўонкджсvнтімæ семхузонкæндзæні.

47. Æмæ ўцv цаӈар, јæ хіцаўv фæндон чі зvдта, æмæ цæдтæ чі нæ уді æмæ ін јæ фæндонмæ гæскæ чі нæ кодта, бірæ над удзæні.

48. Фæлæ чі нæ зvдта, æмæ афтæмæј æфхæрvнv аккаг чі бакўста, ўј ќадтæр над удзæні. Æмæ алкæмæјдæр, бірæ лæвæрд кæмæн у, умæј бірæ фæлӈўд удзæні; æмæ бірæ фæдзæхст кæмæн у, умæј фvлдæр іст удзæні.

49. Зvнг цæмæј æрцæўа зæхмæ, Æз ўј тvххæј æрцvдтæн: æмæ Мæ цvхўзæн фæндv, ўј цæмæј сцvрvн ўаід, ўј!

50. Арӈўдæј Мvн арӈаўн qæўv: æмæ Æз цас ўнгæгкæнvн, цалvнмæ ај сæххæст ўа!

51. Æнqæлстут мијаг, Æз зæххæн æнцојдзінад дæдтvнмæ æрцvдтæн? Нæ, зæӈvн ўн, фæлæ ўарvнæн.

52. Цæмæјдæрітæр нvрæј фæстæмæ фæндзгæјдтæ јў хæдзарv бајдајдзvстv хіцæнкæнvн, æртæ дуўæі нvхмæ; æмæ дуўæ æртæі нvхмæ.

53. Фvд јæ фvртv нvхмæ удзæні, æмæ фvрт јæ фvдv нvхмæ; мад јæ чvзджсv нvхмæ, æмæ чvзг јæ мадv нvхмæ, æфсін јæ чvндзv нvхмæ, æмæ чvндз јæ æфсінv нvхмæ.

54. Адæмæн дæр захта: саў міӈ хурнvгўлvнæј цæўгæ кў унут, ўæд ўцv сахатvл зæӈут: ќæвда удзæні, æмæ афтæ вæјі.

55. Æмæ хурварсæј дvмгæ кў дvмv, ўæд зæӈут: æнтæфбон удзæні, æмæ вæјі.

56. Цæстмæqустæ! зæххv æмæ арвv цæском æвзарvн кў зонут, ўæд ўцv афонv кўд нæ базондзvстут?

57. Ўодæ ўæхімæ гæскæ, цæј тѵххæј нæ зонут цæўл æрцæўн æмбæлѵ, ўј?

58. Дѵ, дæўл ɋастгæнæдзсімæ хіцæўдтæм кў цæўај; ўæд фæндагўл архај умæј дæхі ссæрібаркæнѵнѵл, цæмæј дæ ўј тæрхонгæнæгмæ ма бакæна, æмæ дæ тæрхонгæнæг ма радта ɋіамæткæнѵнгæнæгмæ; æмæ дæ ɋіамæткæнѵнгæнæг ма бакæна талѵнг ахæстдонѵ.

59. Зæɣѵн дѵн: нæ рацæўдзѵнæ ўрдѵгæј, цалѵнмæ ін нæ радтај фæстæг ќапек дæр.

СÆР 13.

1. Ўцѵ афонѵ чідæртæ æрцѵдѵстѵ, æмæ Ін радзѵрдтој, Пілат, сæ нѵвæндтімæ сæ туг кæмæн схæтцæкодта, ўцѵ Галілеегтѵ тѵххæј.

2. Јесо сѵн аўл захта афтæ: æнɋæлут мійаг, ўцѵ Галілеегтæ, Галілеегтæн сеппæтæј тæріɣæдзсѵндæр удѵстѵ, ахæм фѵдæбонѵ кæј фестѵ, ўј тѵххæј?

3. Нæ, зæɣѵн смахæн: фæлæ кў нæ фæфæсмонкæнат, ўæд ўеппæтдæр афтæ фесæфцѵстут.

4. Кæнæ, Сілоамѵ мæсѵг кæўл нѵккалді, æмæ кæј фæцахта, ўцѵ стæс лæдзѵ, Јерусалімѵ цæрдзѵтæ æппæтæј зѵлѵндæр удѵстѵ, æнɋæлут?

5. Нæ, зæɣѵн смахæн; фæлæ кў нæ фæфæсмонкæнат, ўæд ўеппæтдæр афтæ фесæфцѵстут.

6. Æмæ сѵн захта ацѵ фæсномѵгнѵхас: кæмæндæр уді јæ сæндонѵ леɣвіі саɣд бæлас, æмæ јæм æрцѵді дѵрɣ агурѵнмæ, фæлæ іл не ссардта.

7. Æмæ захта сæндонгæсæн: мæнæ æз æртѵккгаг аз цæўн ацѵ леɣвіі бæласѵл дѵрɣ агурѵнмæ, æмæ іл нæ арѵн; алѵг æј кæн: зæхх дæр ма хўмæтæдзѵ цæмæн ахсѵ?

8. Фæлæ ін ўј захта дзўап: хіцаў! нѵўадз ма јæ ацѵ аз дæр, цалѵнмæ ін æз јæ алфамблај сќахон, æмæ іл фадзѵс нѵккæнон;

9. Кæд ѵл дѵрҕ æрзаід міјаг; фæлæ іл кў нæ æрзаја, ўæд æј іннæ азѵ алѵгкæндзѵнæ.

10. Јў нѵхасѵ амѵдта Ўј сабат бонѵ;

11. Ум уді стæс азѵ æнæзæҕінаг удæј рѵн æфтѵд кæўл уді, ахæм ус: ўј кæдзтæ-мæдзтæ уді, æмæраст лæўѵн нæ фæрæста.

12. Ј е с о јæ федта, басідті јæм, æмæ ін захта: о, усај! дѵ ірвæзѵс дæ рѵнæј.

13. Æмæ іл æрæвæрдта Јæ ќухтæ, æмæ ўј ўцѵ сахатѵл арасті, æмæ Хуцаўѵ стаўн бајдѵдта.

14. Ўæд нѵхасѵ хіцаў смæсті Ј е с о сабат бонѵ ўј кæј сдзæбæхкодта, ўј тѵххæј, æмæ захта адæмæн: qўдтаг кæнѵнæн іс æхсæз бонѵ, ўцѵ бонтѵ цæўут ўæхі дзæбæхкæнѵнмæ, фæлæ сабат бонѵ мæ цæўут.

15. Хіјцаў ѵн захта дзўаппæн: цæстмæqус! смахæј чідæрідтæр нæ сѵўадзѵ нæ сабатбонѵ јæ галѵ, кæнæ јæ хæссæнѵ сæ кæвдæсæј, æмæ сæ нæ аласѵ нæ донмæ?

16. Ўодæ ацѵ Авраамѵ чѵздҥсѵ, сајтан стæс азѵ кæј сбаста, сўўоҕдкæнѵн нæ æмбæлді нæ сабат бонѵ јæ бæдтæнтæј?

17. Æмæ Ўј ај кў дзѵрдта, ўæд Јæмæ бѵцæўгæндҥсѵтæ сеппæтдæр æфсæрмѵкодтој, æмæ адæм æппæт цінкодтој Јæ хорз qўдтæгтѵ тѵххæј.

18. Ўј та сѵн захта: цæј хўзæн у Хуцаўѵ патцахад? æмæ јæ цæј хўзæн скæнон?

19. Ўј qѵύѵі нæмѵдҥсѵ хўзæн у, лæг кæј рајста, æмæ кæј нѵссахта јæ цæхæрадонѵ; æмæ срæсті, æмæ ссі стѵр бæлас, æмæ æрвон мæрҕтæ нѵмæхстѵстѵ јæ ќабузтѵ бѵн.

20. Нодҥсѵдæр захта: цæј хўзæн скæнон Хуцаўѵ патцахад?

21. Ўј æнqізæнѵ хўзæн у, ус кæј рајста, æмæ ссадѵ æртæ барæнѵ мідæг кæј цæвæрдта, цалѵнмæ јўлдæр сæнqіза, ўалѵнмæ.

22. Æмæ зѵлді сахартѵл æмæ qæўтѵл, æмæ амѵдта, Јæ фæндаг Јерусаліммæ даргæје.

23. Јўчідæр Vн захта: Хіјцаў! удvбæстæ ардҥсvтæ æцæг чvсvл стv? Уј та сvн захта:
24. Архајўт ўнгæг дордтvл бацæўн; цæмæјдæрідтæр, ўн зæҕvн, бірæтæ бацæўvнvл архајдзvстv æмæ нæ бафæраздзvстv.
25. Хæдзарv хіцаў кў сvста æмæ дордтæ кў сæхкæна; ўæд смах, æдтіје лæўгæје, дўарv хоін бајдајдзvстут, æмæ дзурдзvстут: Хіјцаў! Хіјцаў! бајгом нvн кæн дўар; фæлæ ўн Ўј, зæҕдзæні дзўап; нæ ўæ зонvн, кæцæј стут смах.
26. Ўæд дзурvн бајдајдзvстут: мах хордтам æмæ ностам Дæ разv, æмæ нvн нæ ўнгтvл амvдтај Дv.
27. Фæлæ ўј зæҕдзæн: зæҕvн ўн, нæ ўæ зонvн, кæцæј стут; ацæут Мæнæј мæнггæндҥсvтæ ўеппæт.
28. Ум удзæні кæўн æмæ дæндæгтv qvсqvс, Авраамv, æмæ Ісаакv, æмæ Јаковv, æмæ пехумпартæ æппæтv кў фенат Хуцаўv патцахадv, ўæхі та æдтæмæ сургæје, ўæд.
29. Æмæ æрцæўдзvстv хурскæсæнæј, æмæ хурнvгўлvнæј, æмæ цæгатфарсæј, æмæ хурварсæј, æмæ æрvнцајдзvстv Хуцаўv патцахадv.
30. Æмæ мæнæ іс фæстæгтæ, фvтцæгтæ чі удзvстv, æмæ фvтцæгтæ, фæстæгтæ чі удзvстv.
31. Ўцv бон æрцvдvстv јўчідæртæ фарісетæј, æмæ Ін захтој: ацу, æмæ дæхі ајс ардvгæј, цæмæјдæрідтæр Дæ Ірод марvнмæ qавv.
32. Æмæ сvн захта: ацæут, æмæ зæҕут ўцv рувасæн: мæнæ сурvн хæјрæдҥсvтv, æмæ дзæбæхкæнvн нізтæј абон æмæ рајсом, æмæ æртvккаг бонv фæўдзvнæн.
33. Фæлæ Мvл æмбалv цæўн, абон рајсом æмæ фæстаг бон, умæн-æмæ пехумпарæн јæ сæфт Јерусалімv једтæмæ нікў іс.
34. Јерусалім, Јерусалім, пехумпартv цæҕдæг, æмæ дæўмæ æрвvстvтv дуртæј марæг! цал хадтv Мæ фæндvді дæ qæбултv æрæмбvрдкæнvн, марҕ јæ лæппvнтv, јæ базvртv бvн кўд æрæмбvрдкæнv афтæ, æмæ смах нæ бафæндvді!

35. Мænæ, ўн ўæ хæдзар заји афтідæј. Зæҕvн ўн: цалvнмæ æрцæўа ахæм рæстæг, арфæҕонд дæ Хіјцаўv номæј цæўæг, зæҕгæ Мvн кў зæҕат, ўалvнмæ Мæ нал фендзvстут.

СÆР 14.

1. Јўхадт сабатбонv фарісетv хістæрv хæдзармæ бацvди хæрvнмæ; æмæ Јæм удон qaqqæдтој.
2. Æмæ, мæнæ, æрбалæўўди Јæ разv јў донніздзvн лæг.
3. Ўј тvххæј Јесо бафарста дінамонджvтv æмæ фарісетv: сабат бонv дзæбæхкæнvн фæтджv?
4. Удон нvqqусстv. Æмæ јæм бавнæлдта, сдзæбæх æј кодта, æмæ јæ аўахта.
5. Æмæ сvн захта: смахæј іскæмæн јæ хæссæн, кæнæ јæ гал кў нvххаўа цаји; ўæд æј ўцv сахатv нæ сласцæні сабатбонv дæр?
6. Æмæ Ін аўл дзўап дæдтvн нæ бафæрæстој.
7. Æмæ кў федта, ўазджvтæ хістæрv бvнат кæј агўрдтој, ўј, ўæд сvн захта фæсномvгнvхас:
8. Ісчі дæ чvндзæхсæвмæ кў бахона, ўæд хістæрv бvнатv ма сбад, цæмæј, умæј хўнд ўазджvтæј, ісчі дæўæј кадджvндæр ма ўа;
9. Æмæ дæў дæр æмæ ўј дæр чі бахўдта, ўј дæм ма бацæўа, æмæ дvн ма зæҕа: радт умæн дæ бvнат, æмæ ўæд дv, æфсæрмvгæнгæје, qўамæ сбадај фæстаг бvнатvл.
10. Фæлæ хўнд кў ўај; ўæд, æрцæўгæје, сбад фæстаг бvнатv, цæмæј дæ бахонæг бацæўа, æмæ дvн зæҕа: мæ лvмæн! ўолдæр сбад; ўæд дvн кад удзæні, демæ чі бадv, удонv раз.
11. Цæмæјдæрідтæр алчі, јæхі чі бæрзондкæнv, ўј фæнvллæг удзæні; фæлæ јæхі чі нvллæгкæнv, ўј сбæрзонд удзæні.
12. Æмæ Јæ чі бахўдта, умæн дæр захта: сіхор кæнæ æхсæвæр кў кæнæј; ўæд дæ лvмæнтv ма хон, мадæр дæ æфсvмæртv, мадæр дæ æрва-

дæлтv, мадæр qæздvг cvхæгтv, цæмæj дæ удон дæр іскў ма бахоноj, æмæ дvн æj ма бафідоj.

13. Фæлæ кў хонаj; ўæд хон мæгўртv, цæнкўлтv, ќўлvхтv, кўрмvтv:

14. Æмæ тæхудіаг удзvнæ, умæн-æмæ дvн удон бафідvн нæ бафæраздзvстv; цæмæjдæрідтæр дvн фvст удзæні рæстvтv мæрдтæj рajгacv бон.

15. Аj кў фeqўста, Уjімæ чі бадтvстv удонæj, jўчідæр, ўæд захта: тæхудіаг у, Хуцаўv патцахадv дзул чі бахæрдзæні, ўj!

16. Уj та ін захта: jў лæг скодта стvр æхсæвæр, æмæ хўдта бірæтv.

17. Æмæ æхсæвæрv афон кў нvллæўўді, ўæд арвvста jæ цаҕарv хўндтæн зæҕvнмæ: рацæут, цæмæjдæрідтæр цvдæрідтæр цæдтæ у.

18. Æмæ сеппæтдæр, цvма æмдзvрдбакодтоj ўjаў, æфсонкæнvн бajдvдтоj. Фvтцаг vн захта: æз хўм балхæдтон, æмæ qўамæ ацæўон, æмæ jæ фенон; курvн дæ, хатvр мvн бакæн.

19. Дvккаг vн захта: æз фондз цæдv галтæ балхæдтон, æмæ сæ фæлтæрvнмæ цæўн: курvн дæ, хатvр мvн бакæн.

20. Æртvккаг захта: æз ус æрхастон; æмæ ўj тvххæj мæ рæстæг нæў ацæўн.

21. Æмæ раздæхті ўцv цаҕар, æмæ захта jæ хіцаўæн. Ўæд хæдзарv хіцаў смæсті, æмæ jæ цаҕарæн захта: ацу таҕд ўнгтæм æмæ сахарv фісvнтæм, æмæ æркæн ардæм мæгўртv, цæнкўлтv, ќўлvхтv æмæ ќўрмvтv.

22. Æмæ цаҕар захта: хіцаў, дæ дзvрдмæ гæскæ сæххæсткодтон, фæлæ ма дзv нодҗvдæр бvнат іс.

23. Хіцаў захта jæ цаҕарæн: цæўгæ фæндæгтæм æмæ сахарv æдтæмæ, æмæ хон, æрцæўæнт, цæмæj бajдзаг ўа мæ хæдзар:

24. Цæмæjдæрідтæр ўн зæҕvн: ўцv хўндтvтæj нічі бахæрдзæні мæ æхсæвæр. (Цæмæjдæрідтæр хўндтvтæ бірæ стv, фæлæ æвзæрстvтæ чvсvл.)

25. Jæмæ цvді бірæ адæм; æмæ сæм Уj аздæхті æмæ сvн захта:

26. Ісчі Мæм кў æрцæўа, æмæ кў нæ бавдісæнкæна јæ фvдvл, æмæ јæ мадvл, æмæ јæ усvл, æмæ јæ зæнæгўл, æмæ јæ æфсvмæртvл, æмæ јæ хотvл, æмæ ўæлдајдæр јæ цардvл; ўæд ўј Мæ ахургæнінаг нæ уздæні.

27. Æмæ јæ дзўар чі нæ хæсса; æмæ Мæ фæдvл чі нæ цæўа, ўј Мæ ахўргæнінаг не сўдзæні.

28. Цæмæјдæрідтæр смахæј, мæсvг самаін кæј фæнда, ўј раздæр нæ сбадv нæ, æмæ нæ бахvнцv, цvмæ јæм сæххæсткæнvнv фаг хардз іс.

29. Цæмæј ін јæ бvндур кў æрæвæра, æмæ јæ фæўн кў нæ бафæраза; ўæд vл, чі јæм кæса, удон ма худој,

30. Æмæ ма дзуроj: ацv лæг амаін бајдvдта, æмæ самаін нæ бафæрæста?

31. Кæнæ цавæр патцах, æндæр патцахмæ, хæстмæ цæўгæјæ, нæ сбадцæні, æмæ раздæр нæ баунаффæкæндзæні, јæ бон удзæні цvмæ схæцvн дæс мінæј, ссæдз мінімæ јæм чі рацæўа, ўјімæ?

32. Кæд нæ, ўæд ма цалvнмæ ўј ўа дард, ўалvнмæ јæм арвітцæні мінæвæрдтv бафідаўнv тvххæј.

33. Смахæј дæр чідæрідтæр афтæ, æвдісæн чі нæ бакæна, цv ін іс удон æппæтvл, ўј Мæ ахургæнінаг не сўдзæні.

34. Цæхх хорз у, фæлæ цæхх јæ ад кў фесафа, ўæд æј цæмæј сарæстæўдзæні?

35. Ўј зæххæн дæр æмæ фадҥсvсæн дæр нал бæззv; æдтæмæ јæ акалvнц. Qустæ qусvнæн кæмæн іс, ўј qусæд!

СÆР 15.

1. Цvдvстv Јæм qалонісдҥсvтæ æмæ тæріҕæддҥсvнтæ сеппæт qусvнмæ.

2. Фарісетæ та Јæ æмæ чінvдҥсvдæснvтæ азvмдардтој, æмæ дзvрдтој: Ўј тæрігæддҥсvнтæ ісv, æмæ семæ хæрv.

3. Фæлæ сvн Ўј захта ацv фæсномvгнvхас:

4. Смахæj iскæмæн фондзссæдз фvсv кӳ ӳа, æмæ удонæj jӳ кӳ фесæфа, ӳæд ӳæ нӳдæс-æмæ-цvппарссæдзv чi нæ нvӳадцæнi æдзæрæг ранv, æмæ ӳцv сæфтv агурvнмæ чi нæ ацæӳдзæнi, цалvнмæ jæ ссара?

5. Æмæ jæ кӳ ссара,ӳæд æj æрхæсдзæнi jæ ӳохсккӳл цiнгæнгæjæ:

6. Æмæ jæ хæдзармæ кӳ æрцæӳа, ӳæд æрбахондзæн jæ æмгæрттv æмæ jæ сvхæгтv, æмæ сvн зæӻдзæнi: цiнкæнут мемæ, æз ссартон мæ сæфт фvсv.

7. Зæӻvн ӳн, кӳд ӳолæрвтv jӳ фæсмонгæнæг тæрiӽæдджсvнv тvххæj фvлдæр цiн удзæнi, цæмæj нудæс-æмæ-цvппарссæдз рæстvтv тvххæj, фæсмонкæнvн кæj нæ qæӳv.

8. Кæнæ цавæр ус, дæс драхмаi кæмæ ӳа, æмæ iн дзv jӳ драхма кӳ фесæфа, ӳæд нæ ссудцæнi цvраӻ, æмæ нæ бajдajдзæнi jæ ӳат мæрзvн, æмæ jæ лvстæг нæ агурдзæнi, цалvнмæ jæ ссара, ӳалvнмæ?

9. Æмæ jæ кӳ ссара, ӳæд æрæмбvрдкæндзæнi jæ æмгæрттv æмæ jæ сvхæгтv, æмæ сvн зæӻдзæнi: цiнкæнут мемæ, æз ссардтон мæ сæфт драхмаi.

10. Тæккæ афтæ, зæӻvн смахæн, вæji цiн Хуцаӳv Зædтæм jӳ фæсмонгæнæг тæрiӽæдджсvнv тvххæj дæр.

11. Ноджсvдæр захта: jӳ лæгæн уди дуӳæ фvртv;

12. Æмæ удонæj кæстæр захта jæ фvдæн: о, мæ фvд! радт мvн, нæ iсæj мæм цv цæӳv, ӳj. Æмæ сvн сæ фvд бajӳæрста сæ iс.

13. Jӳ ќорд бонтv фæстæ кæстæр фvрт бамбvрдкодта jæ хаj jӳӳлдæр, æмæ ацvди дард бæстæм, æмæ ум фесафта jæ iс, æнӳаг цардæj.

14. Æмæ ӳj jӳӳлдæр, цv jæм уди, ӳj, кӳ бахордта, ӳæд ӳцv бæстv стvр стонг аз æрцvди, æмæ бajдvдта qӳагкæнvн.

15. Æмæ ацvди, æмæ бацvди ӳцv бæстv jӳ цæрæгмæ, æмæ jæ ӳj арвvста jæ бvдvрмæ хӳтv хiзvнмæ.

16. Æмæ ўј цінкодта, хўтv холлагæј јæ гўбvн бафсадvнv тvххæј, фæлæ ін ўјдæр нічі лæвæрдта.
17. Æмæ јæхі кў æрæмбæрста, ўæд захта: мæ фvдмæ цас æххўрстvтæ іс, дзулæј сæ ўолдај кæмæн заји, æз та стонгæј мæлvн!
18. Сvстон, цæўон мæ фvдмæ, æмæ ін зæҕон: мæ фvд! æз тæріҕæд ракодтон арвv æваст æмæ дæ разv,
19. Æмæ дæ фvрт хўјнvн аккаг дæр нал дæн; ајс мæ дæ æххўрстvтv хvҕдvл ўодтæр.
20. Сvстаді, æмæ ацvді јæ фvдмæ. Æмæ ма ўј дард кў уді, ўæд æј федта јæ фvд, æмæ ін тæріҕæдфæкодта; æмæ јæм азҕордта, нvттvхсті јæ æфцæдҕсv, æмæ ін ґатæкодта.
21. Јæ фvрт та ін захта: о, мæ фvд! æз тæріҕæд ракодтон арвv æваст æмæ дæ разv, æмæ дæ фvрт хўјнvн аккаг дæр нал дæн.
22. Фæлæ јæ фvд захта јæ цаҕартæн: æрхæссут хўздæр дарæстæ, æмæ јæ сфæлvндзут, æмæ ін бакæнут јæ ќухvл ќухдарæн, æмæ јæ ќæхтvл дзабvртæ.
23. Æмæ æрбакæнут хæскæ родv, æмæ јæ аргæвдут; хæрvн æмæ цінкæнvн баідајæм!
24. Цæмæјдæрідтæр, мæ ацv фvрт уді мард, æмæ сvгасі; сæфт уді æмæ фæзvнді. Æмæ цінкæнvн бајдvдтој.
25. Јæ хістæр фvрт та уді бvдvрv; æмæ ўрдvгæј раздæхкæјæ, јæ хæдзармæ кў æрбавваксі, ўæд феqўста зарvн æмæ qазvн.
26. Æмæ кусдҕсvтæј јўмæ басідті, æмæ јæ бафарста: ај цv у?
27. Ўј ін захта: дæ æфсvмæр æрцvді; æмæ дæ фvд аргæвста хæскæ род, дзæбæхæј јæ кæј федта, ўј тvххæј.
28. Ўј смæсті, æмæ мідæмæ дæр нал цvді. Јæ фvд æм рацvді, æмæ јæм сідті.
29. Фæлæ ўј јæ фvдæн захта дзўап: мæнæ дvн æз цал азv кусvн, æмæ дvн дæ јў дзvрдvл дæр нæ ахvстæн; фæлæ мvн дv јў сæнvк дæр нікў радтај, мæ æмгæрттімæ фæqазvнv тvххæј.

30. Фæлæ дæм ацv фvрт, qахбайтімæ јæ іс чі нvххæлjўкодта, ўj кў æрцvді, ўæд дv аргæвстај ўj тvххæj хæскæ род.

31. Ўj та ін захта: мæ фvрт! дv кæдтæрідтæр мемæ дæ, æмæ мæнон jўўлдæр дæў у.

32. Фæлæ дæ ацv æфсvмæр, мард кæj уді, æмæ кæj сvгасі, æмæ сæфт кæj уді, æмæ фæзvнді, ўj тvххæj qазvн æмæ цінкæнvн æмбæлді.

СÆР 16.

1. Æмæ Jæ ахургæнінæгтæн дæр захта: jў лæг уді qæздvг, æмæ умæн уді jæ хæдзармæ зілæг, кæj ін банvмvхтоj, дæ іс дvн хæлjўкæнv зæʁгæ:

2. Басідті jæм, æмæ ін захта: æз цvтæ qусvн дæўæj? радт мvн хvʁд, дæ æвдҕсід цv уді удонvл; цæмæjдæрідтæр дv амæj фæстæмæ мæ хæдзармæ зілæг нал удзvнæ.

3. Ўæд ўцv хæдзармæ зілæг jæхінvмæрv захта: цv кæнон? мæ хіцаў іcv мæнæj jæ хæдзармæ зілvндзінад: зæхх ќахvн нæ фæрæзvн, мæгўргўрцæўн æфсæрмvкæнvн;

4. Цæj æмæ афтæ бакæнон, ісмæ зілæг кў нæ ўал он, ўæд мæ сæ хæдзæрдтæм цæмæj ісоj ўj тvххæj:

5. Æмæ æрбасідті jæ хіцаўv хæсдарҕсvтæм jўгæjдтæj, æмæ фvтцагæн захта: дv мæ хіцаўæj цас дарvс?

6. Ўj ін захта: зетіі фондзссæдз барæнv. Æмæ ін захта ајс дæ хæсv чінvг, æмæ сбад, æмæ нvффvс: дæс-æмæ-дуўjссæдз.

7. Стæj іннæjæн захта: дv та цас дарvс? Ўj ін дзўап радта: мæнæўv фондзссæдз барæнv. Æмæ ін захта: ајс дæ хæсv чінvг, æмæ нvффvс: цvппарссæдз.

8. Æмæ ўцv æнææўæнк хæдзармæ зілæдҕсv

растvдта јæ хіцаў, зонддҥсvн мі кæј бакодта, ўј тvххæј; цæмæјдæрідтæр нvрv рæстæдҥсv фvрттæ зонддҥсvндæр стv рухсv фvрттæј сæ мvккадҥсv æхсæн.

9. Æмæ ун Æз дæр зæҕvн: скæнут ўæхіцæн лvмæнтæ хæрам qæздvгадæј, цæмæј, кў фæмæгўр ўат, ўæд ўæ удон бакæноj сæ æнусон цæрæнбvнатмæ.

10. Чvсvлvл æўæнкдҥсvн, біраеіл дæр æўæнкдҥсvн у; фæлæ чvсvлvл æнææўæнк, біраеіл дæр æнæўæнк у.

11. Æмæ, афтæ, кæд смах хæрам qæзгадvл нæ удvстут æўæнкдҥсvн; ўæд ўл раст qæздvгадvл чі баўæндзæні?

12. Æмæ кæд іскæј qæздvгадvл нæ удvстут æўæнкдҥсvн, ўæд ўн ўæхіон чі ратцæні?

13. Нікæцv кусæг бафæраздзæні кусvн дуўæ хіцæўæн: цæмæјдæрідтæр he јўv нæ баўарздзæні, іннæі та ўарздзæні; he јўæн јўзæрдіўон удзæні, æмæ іннæмæн та зівæгкæндзæні. Хуцаўæн æмæ маммонæн[1]) кусvн нæ бафæраздзvсттут.

14. Адон æппæт феqўстој фарісетæ дæр, æвзістўарздҥсvтæ чі удvстv, æмæ Іл худтvстv.

15. Уј сvн захта: смах ўæхі æвдісут растæј адæмv раз; фæлæ ўн Хуцаў ўæ зæрдæтæ зонv: цæмæјдæрідтæр адæмv разv бæрзонд цv у, ўј æвзæр у Хуцаўv разv.

16. Дін æмæ пæхумпартæ Јоаннv онг удvстv; ацv афонæј та Хуцаўv патцахдзінадv хорзўацqўд хаст у, æмæ јæм алчі зvнæј цæўv.

17. Фæлæ арв æмæ зæх тагдтæр фесæфтцvстv, дінæј јўнæг хахх фесæфvнæј.

18. Јæ ус чі раўадза, æмæ æндæр ус чі ракура, ўј хæтv; æмæ чі ракура мојје раўаҕд ус, ўј дæр хæтv.

19. Јў qæздvг лæг уді, фæлvста јæхі порфірæј

[1]) Маммонæ — ома qæздvгдзінад.

æмæ віссонæј, æмæ алæбон мінаскодта парахаттæј.

20. Уді јў мæҕўр лæг дæр, Лазар зæҕгæ, кæцѵ лæўўді фæлдæхтæј qæздѵдҥсѵ кæртѵ qæдгæмдтæј;

21. Æмæ јæ фæндѵді бафсæдѵн, ўцѵ qæздѵдҥсѵ фѵнгæј цѵ муртæ хаўдѵстѵ, удонæј; æмæ ін кўјтæ јæ qæдгæмдтæ стæрдтој.

22. Амарді мæгўр, æмæ јæ Зæдтæ ахастој Авраамѵ qæбусмæ. Qæздѵг дæр амарді, æмæ јæ банѵгæдтој.

23. Æмæ зѵндонѵ, qіамæтѵ ўовгæје, скасті, æмæ дæрдцæфæј федта Авраамѵ, æмæ јæ qæбѵсѵ Лазарѵ.

24. Æмæ сqæргæнгæјæ захта: о, фѵдæл Авраам! фæтæріҕæд мѵн кæн, æмæ мæм Лазарѵ рарвіт, цæмæј стула јæ ќухѵ алҕ донѵ, æмæ мѵн баўазалкæна мæ æвзаг; цæмæјдæрідтæр æз фѵдæбонкæнѵн ацѵ цæхæрѵ.

25. Фæлæ ін Авраам захта: мæ qæбул! æрqўдѵкæн, дѵ дæ цæрæнбонѵ хæрстæ кæј федтај, Лазар та æвзæр кæј федта, ўј; нѵр ам рæвдѵд у, дѵ та фѵдæбонкæнѵс.

26. Ўј јæдтæмæ дæр смахæј мах æхсæн іс стѵр адаг, афтæ — æмæ іскæј кў фæнда ардѵгæј смахмæ ацæўн, ўæд нæ бафæраздзæні; ўрдѵгæј махмæ дæр нæ цæўнц.

27. Ўæд ўј захта: ўæдæ Дѵн лæхстæкæнѵн, мæ фѵд, мæ фѵдѵ хæдзармæ јæ арвіт;

28. Цæмæјдæрідтæр мѵн іс фондз æфсѵмæрѵ; ўј сѵн бамбарѵкæнæд, цæмæј удон дæр ацѵ фѵдæбонѵ бѵнатмæ ма æрцæўој.

29. Авраам ѵн захта: удонмæ іс Мосе æмæ пæхумпартæ; удонмæ qусæнт.

30. Ўј ін захта: нæ, ма фѵд Авраам! фæлæ мæрдтæј ісчі кў ацæўа удонмæ, ўæд фæфæсмонкæндзѵстѵ.

31. Ўæд ѵн Авраам захта: кæд Моісеј æмæ пæхумпартæм нæ qусѵнц, ўæд сæм мæрдтæј ісчі кў рајгасўа, ўæдтæр сæ нæ баўрндзæні.

СÆР 17.

1. Јæ ахургæнінæгтæн дæр захта Јесо: рæдvддзінæдтæн æнæ æрцæўгæ нæј; фæлæ мæгўр ўј бон, удон кæмæј æрцæўнц.
2. Хўздæр vн удаід, кўроі фvд vн јæ бæрзæіл кў æрцаўхтајккој, æмæ јæ денџсvзv кў цæппæрстајккој ўæд, ацv чvсvлтæј іскæј фæрæдіінкæнvнv бæстv.
3. Ўæхімæ кæсут. Дæ æфсvмæр дvн істv тæріђæд кў ракæна, ўæд vн јў ўајдзæф бакæн; æмæ фæсмон кў фæкæна, ўæд vн нvпбар.
4. Æмæ дvн бон авд хадтv кў ратæріђædкæна, æмæ авд хадтv кў раздæха, æмæ кў зæђа: фæсмонкæ нvн; ўæд нvпбар.
5. Æмæ апостолтæ Хіјцаўæн захтој: фæфvлдæр нvн кæн нæ ўрнvндзінад.
6. Хіјцаў захта: смахмæ qvцvј нæмvџсv јас ўрнvндзінад кў ўаід, æмæ кў зæђіккат ацv леђвіі бæласæн: фелвæс, æмæ нvссæдз денџсvзv; ўæд ўæм ўј бајqўстаід.
7. Смахæј іскæмæн гутонгæнæг кæнæ фæјаў цађар кў ўа, æмæ ўј бvдvрæј кў æрцæўа, ўæд vн чі зæђдзæні: тађд рацу, æмæ фvнгўл æрбад?
8. Фæлæ ін афтæ нæ зæђдзæні нæ: сцæдтæ мvн кæн æхсæвæр, дæ рон æрбабæдт, æмæ мvн кус, цалvнмæ æз хæрон æмæ нўазон; æмæ ўј фæстæ дv дæр хæр æмæ нўаз?
9. Бузнvг міјаг дзv фæўдзæні ўцv цађарæј, јæ дзvрд vн кæј сæххæсткодта ўј тvххæј? æнqæл нæ дæн.
10. Смах дæр афтæ, цv унаффæ ўн ўа, ўј кў сæххæсткæнат, ўæд дзурут: мах ніцæј арђ цађартæ стæм; умæн-æмæ нvл цv æмбæлді, ўј скодтам.
11. Јерусаліммæ цæўгæјæ, ўј фæцæјцvді Самаріај æмæ Галілеај æхсæн.
12. Æмæ јў qæўмæ кў бацæјцvді, ўæд Vл сæмбæлді дæс qотvрџсvн лæџсv, кæцvтæ нvллæўўдvстv дард,

13. Æмæ тънг qæрæj дзърдтоj: Амонæг Jесо! тæрiђæд нън бакæн.
14. Уj сæ кŭ федта, ўæд сън захта: ацæут, æмæ ўæхi фæнънкæнут саўджънтæн. Æмæ удон фæндагўл кŭ цъдъстъ, ўæд ссъђдæгъстъ.
15. Удонæj jŭ кŭ федта, кæj сдзæбæхi ўj, ўæд раздæхтi тънг qæлæсæj Хуцаўъ стаўгæjæ,
16. Æмæ дæлгоммæ æрхаўдi Jæ ќæхтæм, бузнъг Дзъ ўовгæjæ; æмæ ўj уди Самарiаг.
17. Уæд Jесо захта: дæс кŭ ссъђдæгъстъ, ўодæ фараст кæм встъ?
18. Удон цæўлнæ раздæхтъстъ Хуцаўæн буз радтънмæ, ацъ æндæрон мъккаггонъ jедтæмæ?
19. Æмæ iн захта: сът, æмæ цу; дæ ўрнън дæ фервæзънкодта.
20. Æмæ Jæ бафарстоj фарiсетæ: кæд æрцæўдзæнi Хуцаўъ патцахад? Уj сън дўап радта: Хуцаўъ патцахад æргомæj нæ æрцæўдзæнi;
21. Æмæ нæ зæђдзъстъ: мæнæ ўj ам iс, кæнæ ортæ ўм iс. Цæмæjдæрiдтæр Хуцаўъ патцахад ўæ хŭлфъ iс.
22. Jæ ахургæнiнæгтæн дæр захта: ахæм бонтæ æрцæўдзъстъ, кŭ ўæ бафæнда адæjмаджъ Фъртъ бонтæj æрмæст jŭ фенън, æмæ нæ фендзъстут.
23. Æмæ ўн зæђдзъстъ: мæнæ ам, кæнæ ортæ ум iс; ма цæут, æмæ ма сурут.
24. Цæмæjдæрiдтæр арвъ æрґъвд ферґiвгæjæ, jŭ кæронæj iннæ кæронмæ кŭд фæрухскæнъ, адæjмаджъ Фърт дæр Jæ бонъ афтæ удзæнi.
25. Фæлæ Jл фътцаг бiрæ фæфъдæбонкæнън æмбæлъ, æмæ æппæрст ўън ацъ мъккагæj.
26. Æмæ Ноji бонтъ кŭд уди, афтæ удзæнi адæjмаджъ Фъртъ бонтъ дæр:
27. Хордтоj, ностоj, ус хастоj, моймæ цъдъстъ ўцъ бонмæ, цалънмæ Ноj бацъдi наўъ, æмæ æрцъдi донæj qajмæт, æмæ æппæтъ фесæфта.
28. Лотъ бонтъ дæр кŭд уди афтæ: хордтоj, ностоj, ælхæдтоj, ўojкодтоj, сахтоj, амадтоj;

29. Фælæ Лот цv бонv рацvдi Содомæj, нvккалдта арвæj цæхæрv æмæ сондонv ўарvн, æмæ æппæтvдæр фесæфта.
30. Адæjмадджсv Фvрт цv бон фæзvна, ўцv бонv дæр удзæнi афтæ.
31. Ўцv бонv ўолхæдзарvл чi ўа, æмæ jæ дзаўматv хæдзарv кæмæн ўоj, ўj ма рахизæд удон хæссvнмæ, æмæ бvдvрv чi ўа, ўj дæр фæстæмæ ма раздæхæд.
32. Ўæ зæрдvл дарут Лотv усv.
33. Jæ удv чi qaqqæна, ўj jæ фесафтцæнi; фæлæ jæ чi фессафа, ўj jæ сvгаскæндзæнi.
34. Зæвvн ўн: ўцv æхсæвv дуўæ удзvстv jў ўатvл; jў аконд удзæнi, іннæ та баззajдзæнi.
35. Дуўæ jўмæ кўроjі сдзvстv, jў аконд удзæнi, іннæ та баззajдзæнi;
36. Дуўæ удзvстv бvдvрv, jў аконд удзæнi, іннæ та баззajдзæнi.
37. Ўўл V'н захтоj: кæм Хijцаў? Уj сvн захта: холv кæм ўа, ўм æрæмбvрдўдзvстv цæргæстæ дæр.

СÆР 18.

1. Захта сvн фæсномvгнvхас дæр ма, кæдтæрiдтæр кувvн кæj æмбæлv, æмæ зæрдæ сædтvн кæj нæ qæўv, ўj тvххæj,
2. Зæвгæjæ: jў сахарv уди jў тæрхонv лæг, Хуцаўæj чi нæ тарстi, æмæ адæмæj æфсæрмv чi нæ кодта.
3. Ўцv сахарv уди jў iдæдз ус дæр, æмæ jæм jў цvдi, æмæ iн дзvрдта: фервæзvн мæ кæн мæ qæстджсvнæj.
4. Фæлæ jæм ўj бирæ афонтv нæ qўста. Фæлæ ўj фæстæ захта jæхæдæг jæхiнvмæрv: кæд æз Хуцаўæj дæр нæ тæрсvн, æмæ адæмæj дæр æфсæрмv нæ кæнvн;
5. Ўædтæр мæ ацv iдæдз ус æнцоj кæj нæ ўадзv, ўj тvххæj iн баaqазкæнон, кæд мæм нал цæўiд, æмæ мæ qvг нал дарiд.

6. Æмæ захта Хіjцаў: qусут, зvлvн тæрхонгæнæг цv зæɣv.
7. Хуцаў та кўд нæ баaqазкæндзæн Jæ æвзæрстvтæн, æхсæвæj бонæj Jæм чі дзvназvнц, кæд сvн æрæгмæ aqазкæнv ўодтæр?
8. Зæɣvн ўн: таɣд сvн баaqазкæндзæні удонæн. Фæлæ адæjмадӕсv Фvрт æрцæўгæjæ, ссардзæні зæххvл ўрнvндзінад?
9. Афтæ дæр ма jўæj-jўтæн, сæ растдзінадæj нvфсдӕсvн чі удvстv, æмæ іннæтv чі ніцæўл хvхтоj, захта ацv фæсномvгнvхас:
10. Дуўæ лæдӕсv æрбацvдvстv арɣўанмæ кувvнмæ: jў фарісеj, іннæ та qалонісæг.
11. Фарісеj нvллæўўді, æмæ кўвта jæхæдæг jæхінvмæрv афтæ: Хуцаў! бузнvг Дæ дæн, æз іннæ адæмаў кæj нæ дæн, стіɣæг, тvхгæнæг, хæтаг, кæнæ ацv qалонісæдӕсv хўзæн.
12. Кўрі дуўæ хадтv комдарvн; дæдтvн дæсæм хај, цv арvн, удон æппæтæj.
13. Qалонісæг та дард лæўўді, æмæ jæ цæстvтæj ўоларвмæ скæсvн дæр нæ ўæндvді; фæлæ jæ ріў хојгæjæ дзvрдта: о, Хуцаў! хорзгæнæг у мæнæн, тæріɣæддӕсvнæн!
14. Зæɣvн ўн смахæн, кўд ај ацvді jæ хæдзармæ умæj растдæрæj: чідæрідтæр, jæхæдæг jæхі чі бæрзондкæна, ўj фæнvллæгўдзæні; фæлæ jæхі чі нvллæгкæна, ўj сбæрзондўдзæні.
15. Сvвæллæдтv дæр Æм кодтоj, цæмæj сæм Уj бавнæлтаід; Jæ ахургæнінæгтæ та ај кў федтоj, ўæд сæ урæдтоj.
16. Фæлæ сæм Jесо басідті, æмæ сvн захта: ўадзут сvвæллæдтv Мæммæ цæўн æмæ сæ ма уромут; цæмæjдæрідтæр æхæмтv у Хуцаўv патцахад.
17. Æцæг ўн зæɣvн: Хуцаўv патцахад чі нæ ајса сvвæллонаў, ўj ўрдæм нæ бацæўдзæні.
18. Æмæ Jæ хістæртæj чідæр бафарста: хорз Ахургæнæг! цv бакæнон æз, æнусон цард цæмæj ссарон, ўj тvххæj?

19. Јесо ін захта: цæмæн Мæ хонус хорз? хорз нічі у, æрмæст јўнæг Хуцаўу јæдтæмæ.

20. Ду амондзінæдтæ зонус: хæтаг ма у, ма мар, ма радав, мæнгæвдісæн ма нуллæў, цутдзсун дар дæ фуду æмæ дæ маду.

21. Ўј та ін захта: адон јўўлдæр бавæрдтон æз мæ сувæллонæј нурмæ.

22. Ўј кў феqўста Јесо, ўæд ун захта: јў qўаг ма дæ: цу дæм іс, удон јўўлдæр аўојкæн, æмæ сæ бајўар мæгўртæн; æмæ дун ўæд удзæні хæзна ўолæрвту, æмæ æрцу, æмæ Мæ фæдул цу.

23. Ўј ај кў феqўста, ўæд фенќарді, умæнæмæ ідтæг qæздуг уді.

24. Јесо, ўј кæј фенќарді ўј кў федта, ўæд захта: цæј зун у, qæздугад кæмæн іс, умæн Хуцаўу патцахадмæ бацæўн!

25. Цæмæјдæрідтæр теўајен судзінu бунu алæсун æнцондæр у, qæздугæн Хуцаўу патцахадмæ бацæўнæј.

26. Чі Јæм qўста, удон захтој: ўæдæ ма удубæстæ чі ссардзæні?

27. Фæлæ Уј захта: адæмæн æнæфæразон цу у, ўј Хуцаўæн æнцон у.

28. Петр та захта: мæнæ мах цудæрідтæр нуўахтам, æмæ Дæ фæстæ рацудустæм.

29. Уј сун захта: æцæг ўн зæвун: ахæм нічі у, чі нуўахтаід јæ хæдзар, кæнæ јæ нујардзсутu, кæнæ јæ æфсумæртu, кæнæ јæ хотu, кæнæ јæ усу, кæнæ јæ зæнæг Хуцаўу патцахадu туххæј,

30. Æмæ чі нæ ајстаід бірæ фулдæр ацу цардул, æмæ фæстагон афону æнæ фовгæ цардул дæр.

31. Асідті Јæ дуўадæс ахургæнінæгтæм, æмæ сун захта: мæнæ мах ссæўдзустæм Іерусаліммæ, æмæ сæххæст удзæні пæхумпартu фуст јўўлдæр адæјмадзу Фуртu туххæј.

32. Цæмæјдæрідтæр Æј ратцvстv муртаттv-
тæм, æмæ Ін æвзæр фæдзурдзvстv, æмæ Јæ
бафхæрдзvстv, æмæ Іл тутæ фæкæндзvстv.
33. Æмæ Јæ нæмдзvстv, æмæ Јæ амардзv-
стv; æмæ æртvккæгæм бон рајгасўдзæні.
34. Фæлæ удон амæј ніцv бамбæрстој; ўцv
дзvрдтæ удонæн сусæг удvстv, æмæ сvн цv
дзvрдта удон нæ æмбæрстој.
35. Æмæ Уј Јеріхонмæ кў баввахсі; ўæд јў
кўрм, фæндагўл бадгæ, кўрдта хорзæх.
36. Æмæ, адæм јæ цуртv кæј цæўнц, ўј
феqускæјæ, бафарста: ај цv у?
37. Умæн захтој: Назареаг Јесо æрцæўv.
38. Ўæд ўј сqæркодта: Јесо, Давідv фvрт!
тæріђæд мvн бакæн.
39. Разæј цæўдҥсvтæ урæдтој ўј, цæмæј бан-
цаја; фæлæ ўј тvнгдæр qæркодта: Давідv фvрт!
тæріђæд мvн бакæн.
40. Јесо нvлæўўді, æмæ јæ Јæхімæ æркæ-
нvнкодта; æмæ Јæм кў æрбацvді, ўæд æј ба-
фарста:
41. Цv дæ qæўv Мæнæј? Ўј захта: Хіјцаў!
цæмæј ракæсон.
42. Јесо ін захта: ракæс; дæ ўрнvн дæ
фервæзvнкодта.
43. Æмæ ўј ўцv сахатvл ракасті, æмæ Јæ
фæдvл ацvді, Хуцаўv стаўгæјæ; æмæ адæм
сеппæт ај кў федтој, ўæд стvдтој Хуцаўv.

СÆР 19.

1. Стæј Јесо бацvді Јеріхонмæ, æмæ фæ-
цæјцvді ўўлтv.
2. Ум чідæр, јæ ном Закхе зæђгæ, qалоніс-
дҥсvтv хістæр æмæ qæздvг лæг,
3. Агўрдта Јесоі фенvн, цæмæј Јæ базона,
Уј чі у; фæлæ ін нæ æнтvсті адæмæј, цvбvр
лæг кæј уді, ўј тvххæј.

4. Æмæ азђордта разæј, æмæ схѵсті бæласѵл, цæмæј Јæ фена, умæн-æмæ Јæ ўцѵ бæласѵ цуртѵ цæўн qўді.

5. Јесо ўцѵ ранмæ кў æрхæтцæі, ўæд скаст, æмæ јæ федта, æмæ ін захта: Закхе! æрхіз тађд, абон Мæ дæ хæдзармæ бацæўн фæндѵ.

6. Æмæ ўј тађд æрхѵст, æмæ Јæ цінгæнгæјæ бакодта.

7. Æмæ ај чі федта, удон æппæт Æј азѵмдарѵн бајдѵдтој, æмæ дзѵрдтој: Уј тæріђæдђсѵн лæгмæ бацѵді.

8. Закхе сѵстад, æмæ захта Хіјцаўæн: Хіјцаў! мæ ісæн јæ æмбіс ратцѵнæн мæгўртæн, æмæ кæд іскæј істѵ qѵг бадардтон, ўæд цѵппар ахæмæј бафідцѵнæн.

9. Јесо ін захта: нѵр æрцѵді ірвæзѵндзінад ацѵ хæдзарæн, умæн-æмæ ўј дæр Авраамѵ фѵрт у.

10. Цæмæјдæрідтæр адæјмадђсѵ Фѵрт æрцѵді сæфтѵ æгурѵнмæ æмæ ірвæзѵнкæнѵнмæ.

11. Æмæ удон ацѵ дзѵрдтæ кў qўстој, ўæд сѵн æрхаста јў фæсномѵгнѵхас: цæмæјдæрідтæр Уј Јерусаліммæ хæстæг уді, æмæ удон Хуцаўѵ патцахадæн тађд разѵнѵн æнqæлўдѵстѵ.

12. Æмæ афтæ захта: јў зонгæ мѵккагæј ју лæг ацѵді дард бæстæм, цæмæј јæхіцæн патцахад ссара æмæ раздæха.

13. Æмæ басідті јæ дæс цађармæ, æмæ сѵн радта дæс мінаі [1]), æмæ сѵн захта: пајда сæ кæнут, цалѵнмæ æз раздæхон, ўалѵнмæ.

14. Фæлæ јæм сахајрæгтæ хæрам удѵстѵ, æмæ ін јæ фæстæ арвѵстој мінæвæрдтѵ, æмæ ін захтој: ўј нѵн патцахад цæмæј кæна, ўј нæ нæ фæндѵ.

15. Æмæ ўј кў раздæхті, патцахад ссаргæјæ, ўæд æрсідѵнкодта јæхімæ, æвзіст кæмæн радта, ўцѵ цађартѵ, цæмæј базона, чі цѵ пајда скодта, ўј.

---

[1]) Дæс дђсіранкај æвзіст.

16. Æрцvді фvтцаг, æмæ ін захта: хіцаў! дæ міна спајдакодта дæс мінаі.
17. Æмæ ін захта: хорз, хорз цаҕар, дv чvсvлvл æўæнкдҥсvн кæј удтæ, ўј тvххæј ајс дæ ќухv дæс сахарv.
18. Æрцvді дvккаг, æмæ захта: хіцаў! дæ міна спајдакодта фондз мінај.
19. Умæн дæр захта: дv дæр у фондз сахарv хіцаў.
20. Æртvккаг æрцvді, æмæ захта: хіцаў! мæнæ дæ міна, æз кæлмæрзæнv тvхтæј кæј бавæрдтон.
21. Цæмæјдæрідтæр æз дæўæј тарстæн, умæнæмæ дv карз лæг дæ; ісvс, кæм нæ цæвæрдтај ўрдvгæј, æмæ кæрдvс, кæм нæ бајтvдтај, ум.
22. Хіјцаў vн захта: дæхі дзvрдтæј дvн тæрхонскæндзvнæн, хінæјдзаг цаҕар! æз карз лæг кæј дæн, ісvн, кæм нæ цæвæрдтон ўрдvгæј, æмæ кæрдvн, кæм нæ бајтvдтон ум, кæд ўј зvдтај.
23. Ўæд цæўлнæ радтај мæ æвзіст пајдаіл, цæмæј јæ æз, æрцæўгæјæ, пајдаімæ рајстаін?
24. Æмæ захта јæ разv лæўдҥсvтæн: рајсут умæј міна, æмæ јæ радтут дæс мінаі кæмæн іс, умæн.
25. Æмæ ін захтој: хіцаў! умæ дæс мінаі іс.
26. Фæлæ сvн Ўј захта: зæҕvн ўн, кўд кæмæ ўа, умæн лæвæрдўдзæні; фæлæ кæмæ нæ ўа, умæј іст удзæні, цv јæм іс, ўј дæр.
27. Фæлæ мæ знæгтv, кæј нæ бафæндvді, цæмæј сvн æз патцах удаін, æркæнут ардæм, æмæ сæ мæ разv фæцæҕдут.
28. Ај кў захта, ўæд ацvді разvрдæм, Јерусаліммæ цæўгæјæ.
29. Æмæ кў æрбаввахсі Віффаҕіамæ æмæ Віфаніамæ, Зетіі дvрҕv хох чі хўнді, умæ, ўæд арвvста Јæ ахургæнінæгтæј дуўæі,
30. Æмæ сvн захта: ацæут ўæ комкоммæ цv qæў іс, урдæм: æмæ јæм кў бацæўат, ўæд дзv

ссардзvстут баст ќælæўv, адæмæj кæўл нікўма нічі сбадті, сўадзут æj, æмæ jæ æркæнут.

31. Æмæ ўæ ісчі кў бафæрса: цæмæн æj ўадзут? ўæд vн афтæ зæвут: ўj Хjjцаўv qæўv.

32. Æрвvстvтæ ацvдvстv, æмæ сvн Уj кўд захта, афтæ ссардтоj.

33. Æмæ удон кў ўахтоj ќælæўv, ўæд сvн jæ хіцæўдтæ захтоj: ќælæўv цæмæн ўовдкæнут?

34. Удон сvн дзўап радтоj: ўj qæўv Хijцаўv.

35. Æмæ jæ æркодтоj Jесомæ, æмæ сæвæрдтоj ўцv ќælæўл сæ дарæстæ, æмæ іл Jесоі сбадvнкодтоj.

36. Æмæ Уj кў фæцæjцvді, ўæд тvдтоj фæндагўл сæ дарæстæ.

37. Фælæ Уj кў æрхæстæдјсі Зетіі дvрвv хохv æрўajæнмæ, ўæд бірæ ахургæнінæгтæ бajдvдтоj цінгæнгæjæ qæрæj Хуцаўv стаўн, цv діссæгтæ федтоj, удон æппæтv тvххæj,

38. Æмæ дзvрдтоj: арфæгонд у Патцах, Хijцаўv номæj æрцæўæг! фарн æрвтvл, æмæ стvрад ўоллагонтv!

39. Ум адæмv æхсæнæj jўчідæр фарісетæj захтоj Умæн: Ахургæнæг! банцаінкæн Дæ ахургæнінæгтv.

40. Фælæ сvн Уj дзўаппæн захта: зæвvн ўн: удон кў банцajоj, ўæд дуртæ сqæркæндзvстv.

41. Æмæ кў æрбаввахсі сахармæ, ўæд умæ кæскæjæ, скўдта ўj тvххæj,

42. Æмæ захта: æjдјсіді, дv дæ ацv бон ўодтæр кў базоніс, дæ æнцojадæн хорз цv у, ўj! Фælæ ўj нvр æмбахст у дæ цæстvтæj;

43. Цæмæjдæрідтæр дvл æрцæўдзvстv ахæм бонтæ, кæд дvл дæ знæгтæ дæ алфамблај æрбаќахдзvстv, æмæ дvл æрбатvхсцvстv, æмæ дæ алvрдvгæj сўўнгæгкæндзvстv.

44. Æмæ дæ фехалдзvстv, фæцæвдцvстv дvн дæ зæнæдјсv дæ мідæг, æмæ дæ дур дурvл нæ нvўадццvстv, дv дæ басгарvнv афон кæj нæ базvдтај, ўj тvххæj.

45. Æмæ бацvдi арҕўанмæ, æмæ бajдvдта сурvн ўрдvгæj ум ўojгæнджvтv æмæ æлхæнджvтv,
46. Зæҕгæjæ cvн: фvст y: Мæ хæдзар y кувvнv хæдзар; смах та jæ скодтат абvрджvтv лæгæт. (Icaiaj 56, 6. Jep. 7, 11.)
47. Æмæ амvдта алæбон арҕўанv. Саўджvнтvхістæртæ, чінvджvдæснvтæ æмæ адæмv хістæртæ та Jæ агўрдтоj фесафvнмæ,
48. Фæлæ нæ ардтоj, цv Ін бакодтаіккоj ўj: умæн-æмæ адæм æппæт æнæфæцухæj qустоj Умæ.

С Æ Р 20.

1. Ўцv бонтæj jўv, Уj арҕўанv кў амvдта адæмæн, æмæ cvн хорзўацqўдтæ кў хаста, ўæд Æм æрбvрстоj саўджvнтvхістæртæ æмæ чінvджvдæснvтæ зæрæдтімæ,
2. Æмæ Ін захтоj: цæj барæj кæнvс дv aj, кæнæ дvн чі радта ацv бар?
3. Уj cvн захта дзўап; Æз дæр ўæ jўæj бафæрсдзvнæн, æмæ Мvн зæҕут:
4. Іоаннv арҕўд ўоларвæj уді, æві адæмæj?
5. Удон qўдvкодтоj сæ кæрæдзіімæ, æмæ дзvрдтоj: ўоларвæj кў зæҕæм, ўæд нvн зæҕдзæні: ўодæ ўæ цæўлнæ баўрнvдта?
6. Адæмæj та, кў зæҕæм; ўæд нæ адæм сеппæт дуртæj амардзvстv; умæн-æмæ удон ўрнv, Joанн пæхумпар кæj y, ўj.
7. Æмæ захтоj: нæ зонæм, кæцæj y.
8. Jесо cvн захта; ўодæ ун Æз дæр нæ зæҕдзvнæн, адон цæj барæj кæнvн, ўj.
9. Æмæ адæммæ бajдvдта дзурvн ацv фæсномvгнvхас: jў лæг нvццарæста сæндон, æмæ jæ радта сæндонгæстæм, æмæ jæхæдæг ацvді дарҕ æмҕўдмæ.
10. Æмæ jæ афонv арвvста сæндонгæстæм jæ цаҕарv, цæмæj ін удон радтоj дvрҕ jæ сæндонæj; фæлæ сæндонгæстæ фæнадтоj ўj, æмæ jæ арвvстоj афтідæj.

11. Нодҥсvдæр арвvста æндæр цаҕарv; фæлæ удон ўј дæр фæнадтој, æмæ јæ фелҕvстој, æмæ јæ арвvстој афтідæј.

12. Æмæ æртvккадҥсv дæр та арвvста; фæлæ удон ўјдæр та тугæрхæмдтæ фæкодтој, æмæ јæ атардтој.

13. Ўæд сæндонvхіцаў захта: цv кæнон? Арвітон мæ ўарзон фvртv; ўј кў феној, ўæд кæд фефсæрмv ўаіккој.

14. Фæлæ сæндонгæстæ ўј кў федтој, ўæд qўдvкодтој сæ кæрæдзіімæ, æмæ захтој; ај јæ бvндар у; цом, амарæм æј, æмæ јæ бvн мах баўдзæні.

15. Æмæ јæ ракодтој сæндонv æдтæмæ, æмæ јæ амардтој. Цv бакæндзæні удонімæ сæндонv хіцаў?

16. Æрцæўдзæн æмæ фесафцæні ўцv сæндонгæстv, æмæ сæндон ратцæні æндæртæн. Ўј чі феqўста удон захтој: Хуцаў бахізæд!

17. Фæлæ Уј бакасті удонмæ, æмæ сvн захта: цv у ацv фvст: амајдҥсvтæ цv дур æппæрстој, тæккæ ўј фісvнæн јæ сæр ссі? (Псал. 117, 22.)

18. Ўцv дурvл чі æрхаўа, ўј нvммурўдзæні; ўј та кæўл æрхаўа, ўј нvццæлкандзæні.

19. Æмæ ўцv афонv саўдҥсvнтvхістæртæ æмæ чінvдҥсvдæснvтæ агўрдтој Уј æрцахсvнмæ: фæлæ адæмæј тарстvстv; цæмæјдæрідтæр бамбæрстој, удонvл кæј захта ўцv фæсномvгнvхас, ўј.

20. Æмæ Јæм qаqqæдтој, æмæ Јæм арвvстој хінæјдзаг лæгтv, цæмæј удон сæхўдтæг, цvма рæстvтæ стv ўј æфсон скæној, æмæ Јæ æрцахсој істv дзvрдæј, æмæ јæ афтæмæј радтој хістæртæм æмæ хіцаўv ќухv.

21. Æмæ Јæ удон бафарстој: Ахургæнæг! мах зонæм, дv раст кæј дзурvс, æмæ кæј амонvс æмæ qадҥсvдæр кæј нікæј кæнvс, фæлæ Хуцаўv фæндаг кæј амонvс, ўј.

22. Махæн Кесарæн qалон дæдтvн æмбæлv, æві нæ?

23. Уј та сѵн бамбæрста сæ хіндзінад, æмæ сѵн захта: цæмæн Мæ ќахут?
24. Равдісут Мæм дінарі, кæј нѵв ѵл іс æмæ кæј фѵст? Удон дзўаппæн захтој: Кесарѵ.
25. Уј сѵн захта: ўодæ дæдтут Кесарон Кесарæн, Хуцаўон та Хуцаўæн.
26. Æмæ Јæ нæ бафæрæстој адæмѵ разѵ дзѵрдæј æрцахсѵн, æмæ qæ дзўаппѵл фæдіскæнгæјæ, нѵqqусѵстѵ.
27. Ўæд Æм æрцѵдѵстѵ јў чідæртæ саддўкетæј, мæрдтѵ рајгас кæј нæ ўрнѵ, удонæј, æмæ јæ бафарстој:
28. Ахургæнæг! Моісеј нѵффѵста махæн: іскæмæн јæ æфсѵмæр кў амæла æнæ зæнæгæј; ўæд ѵн јæ усѵ јæ æфсѵмæр скæнæд, æмæ јæ æфсѵмæрæн мѵккаг скæнæд;
29. Уді авд æфсѵмæрѵ: хістæр æрхаста ус, æмæ æнæ зæнæгæј амарді.
30. Ўцѵ усѵ скодта дѵккаг дæр, æмæ ўј дæр æнæзæнæгæј амарді.
31. Æртѵккаг дæр та јæ скодта, æмæ авд септæт дæр афтæ, æмæ амардѵстѵ зæнæг нæ нўўадзгæјæ.
32. Септæтѵ фæстæ амарді ус дæр.
33. Афтæмæј, мæрдтѵ рајгасѵ фæстæ ўј удонæј кæј ус удзæні? Цæмæјдæрідтæр ўј авдæн дæр ус уді.
34. Јесо сѵн дзўаппæн захта: ацѵ рæстæдѭсѵ зæнæг ус хæссѵнц æмæ мојмæ цæўнц;
35. Фæлæ ўцѵ афонмæ ахæтцæі æмæ мæрдтѵ рајгасѵ аккаг чі сўој, удон ус дæр нæ хæсцѵстѵ, мојмæ дæр нæ цæўдзѵстѵ.
36. Мæлгæ дæр нал кæндзѵстѵ; умæн-æмæ Зæдтѵ æмхўзон стѵ, æмæ Хуцаўѵ фѵрттæ стѵ, мæрдтæј сѵгасѵ фѵрттæ ўовгæјæ.
37. Мæрдтæ кæј сѵгасўдзѵстѵ, ўј Моісеј дæр фенѵнкодта, ќутæрѵ цур кў хўдта Хіјцаўѵ Авраамѵ Хуцаў, æмæ Ісаакѵ Хуцаў, æмæ Јаковѵ Хуцаў, ўæд.

38. Хуцаў та мæрдтѵ Хуцаў нæ у, фæлæ æгæстѵ Хуцаў. Цæмæйдæрідтæр Умæн йўўлдæр æгас стѵ.

39. Аўл ѵн чінѵдѭсѵдæснѵтæй чідæртæ захтой: Ахургæнæг! Дѵ хорз захтай.

40. Æмæ Јæ ніцæмæй ўал фæрсѵн ўæндѵдѵстѵ. Уј та сѵн захта:

41. Кўд зæҕѵнц, Чѵрѵсті Давідѵ фѵрт у зæҕгæ?

42. Афтæмæй Давід јæхæдæг псаломтѵ чінѵдѭсѵ захта: Хіцаў захта мæ Хійцаўæн! бад Мæ рахіс-фарсѵрдѵгæй,

43. Цалѵнмæ Дѵн дæ знæгтѵ Дæ ќæхтѵ бѵн фæкæнон, ўалѵнмæ. (Псал. 109, 1.)

44. Æмæ Јæ афтæ Давід хонѵ Ўј јæ Хійцаў; ўодæ ма јæ фѵрт кўд у?

45. Æмæ адæм æппæт кў qўстой, ўæд Уј Јæ ахургæнінæгтæн захта:

46. Ўæхі хізут чінѵдѭсѵдæснѵтæй, дарҕ дарæсѵ цæўн æмæ саламтæ адæмѵ æмбѵрдтѵ, æмæ нѵхæстѵ ўæлје бадѵн, æмæ мінæстѵ разæй æрѵнцаін, чі ўарзѵнц, удонæй,

47. Ідæдзтѵ хæдзæрдтæ чі хæрѵнц, æмæ цæстмæгæскæ бірæ чі кувѵнц. Удон умæй ўолдай æфхæрд фæўдзѵстѵ.

СÆР 21.

1. Бакаст æмæ федта qѵздѵдѭсѵтѵ, сæ лæвæрдтæ хæзнадонѵ æвæргæ.

2. Федта дзѵ јў мæгўр ідæдз усѵ дæр, дуўæ лептаі, цæвæргæ;

3. Æмæ захта: æцæг ўн зæҕѵн ацѵ мæгўр ідæдз ус сеппæтæй фѵлдæр цæвæрдта:

4. Цæмæйдæрідтæр удон сеппæтдæр сæ ўолдаје цæвæрдтой Хуцаўæн, ўј та јæ qўагдѭсѵнæй цæвæрдта, цѵ јæм уді æмæ цæмæй царді ўј, йўўлдæр.

5. Æмæ јўчідæртæ арҕўанѵ тѵххæй кў дзѵрдтой, цѵтдѭсѵн дуртæй æмæ мігæнæнтæй арæст у зæҕгæ, ўæд Уј захта:

6. Æрцæўдзvстv ахæм бонтæ, ам цv унут удонæj кæд дур дурvл дæр нал баззajдзæнi; jўўлдæр хæлд удзæнi.

7. Æмæ Jæ бафарстoj: Ахургæнæг! кæд удзæнi aj? æмæ адон аппæтv æрцæўнv нvсан цавæр у?

8. Уj захта: ўæхi хiзут, цæмæj ўæ ма фæрæдiiнкæноj; цæмæjдæрiдтæр бiрæтæ æрцæўдзvстv Мæ номæj, æмæ дзурдзvстv, æз Уj дæн; æмæ ўцv афон хæстæг у. Ма ацæут удон фæдvл.

9. Хæстvтv æмæ змæстvтv хабар кў феqусат, ўæд ма фæтæрсут. Цæмæjдæрiдтæр фvтцаджvдæр ўўл æрцæўн æмбæлv; фæлæ ўцv сахатvл фæўн нæма удзæнi.

10. Уæд сvн захта; сvстцvстv адæм адæмvл, æмæ патцахад патцахадvл;

11. Ранæj-рæдтv удзæнi зæххv стvр æнкўст, æмæ стонг, æмæ емvнæ, æмæ тæстæ, æмæ стvр нvсæнттæ арвæj.

12. Фæлæ ўн удон æппæтv фvтцаг ўæхiмæ бавналдзvстv, æмæ ўæ сурдзvстv, æмæ ўæ дæтцvстv адæмv æмбvрдтæм æмæ талvнгдæдтæм, æмæ ўæ кæндзvстv патцахтv æмæ хiстæртv рæзтæм Мæ номv тvххæj.

13. Аj ўн удзæнi æвдiсæнv тvххæj.

14. Æмæ афтæ, ўæ зæрдvл дарут, раздæр ўæ дзўап сцæдтæкæнvн кæj нæ qæўv, ўj.

15. Цæмæjдæрiдтæр ўн Æз ратцvнæн æвзаг æмæ бiрæзондзiнад, jæ нvхмæ дзурvн æмæ jæ разv лæўvн кæмæн нæ бафæраздзvстv ўjæмæ бvцæўгæнджvтæ æппæт.

16. Рард дæр удзvстут ўæ нvjарджvтæj, æмæ ўæ æфсvмæртæj, æмæ ўæ хæстæджvтæj, æмæ ўæ лvмæнтæj, æмæ ўæ jўæj-jўтv амардзvстv.

17. Æмæ нæўарзон удзvстут æппæтæj Мæ номv тvххæj.

18. Фæлæ ўæ сæрvqўн дæр нæ фесæфтцæнi.

19. Ўæ барондзiнадæj iрвæзvнкæнут ўæ удтæ.

20. Jерусалiм кў фенат jæ алvфарс æфсæдтæj тvхстæj: ўæд базонут jæ qæўат фæўн кæj æрхæстæг iс, ўj.

21. Ўæд Jўдеі чі ўа, ўј хæхтæм лідзæд; æмæ сахарv чі ўа, ўј умæј æдтæмæ рацæўæд; æмæ јæ алфамблај чі ўа, ўј јæм ма ўал бацæўæд.
22. Умæн-æмæ ін ўцv бонтæ јæ ракæнттv мастісæн бонтæ стv; цæмæј сæххæстўој фvстvтæ æппæт.
23. Фæлæ мæгўр сæ бон сvвæрджсvнтæн æмæ дзідзі дарджсvтæн ўцv бонтv; цæмæјдæрідтæр стvр мæгурдзінад удзæні зæххvл æмæ фvдæхдзінад ацv адæмvл.
24. Æмæ цаŋд фæўдзvстv цvрŋаджсv комæј, æмæ хаст фæўдзvстv алv адæммæ; æмæ Jерусалім ссæст удзæні муртаттvтæј, цалvнмæ муртаттvтæн сæ афон фæўа, ўалvнмæ.
25. Æмæ нvсæнттæ удзæні хурvл æмæ мæјіл, æмæ сталvтvл, зæххvл та адæмv æнќарддзінад æмæ тvхстдзінад; æмæ денджсvз сqæркæндзæні, æмæ сvзмæстўдзæні.
26. Адæм мæт-мардкæндзvстv тасæј, æмæ дунеіл цv æнæамондзінæдтæ цæўа, удонмæ æнqæлмæкæсvнæј; цæмæјдæрідтæр ўоларвон тvхтæ сæнќўсцvстv.
27. Æмæ ўæд фендзvстv адæјмаджсv Фvртv æврæŋтvл тvхімæ æмæ стvр кадімæ æрцæўгæјæ.
28. Æмæ ај æххæсткæнvн кў бајдаја, ўæд сqілут æмæ ўолæмæ ўæ сæртæ сісут, умæн-æмæ хæстæг кæнv ўæ ірвæзvндзінад.
29. Æмæ сvн фæсномvгнvхас захта: бакæсут леŋвіі бæласмæ æмæ бæлæстæ æппæтмæ.
30. Удон сvфтæртæ кæнvн кў бајдаінц, ўæд ўј ўнгæјæ, зонут ўæхўдтæг, сæрд хæстæг кæј у, ўј.
31. Смах дæр афтæ, ўј æххæстгæнгæјæ кў фенат, ўæд зонут, Хуцаўv цатцахад хæстæг кæј у, ўј.
32. Æцæг ўн зæŋvн: ацv мvккаг нæ ма аівŋўјдзæні, афтæ удон æппæт сўдзvстv.
33. Арв æмæ зæхх аівŋўјдзvстv, фæлæ Мæ дзvрдтæ нæ аівŋўјдзvстv.
34. Qaqqæнут ўæхімæ, цæмæј ўæ зæрдæтæ фvræфсæстæј æмæ расvгкæнvнæј, æмæ цардv

мæтæj ма ўоззаўкæноj, æмæ ўæ ўцv бон æвіппаjдæj ма æрijафа.

35. Цæмæjдæрідтæр ўj ӳvсvмаў æрцахсцæні зæххv кæрæдтvл цæрдӕvтæ æппæтv.

36. Æмæ афтæ, qæлдзæг ут алv афонv, æмæ кувут, цæмæj ўæхі ферваезvн аккаг ўат ўцv æрцæўінаг æнæамонддзінæдтæ æппæтæj, æмæ балæўат адæjмадӕv Фvртv разv.

37. Бонvгон Уj амvдта арҕўанv, æхсæв та jў ацvді, æмæ jў фæці Зетіі дvрҕv хохvл.

38. Æмæ адæм æппæт цvдvстv рajсомæj арҕўанмæ, Умæ qусvнмæ.

СÆР 22.

1. Æрæввахсі æнææнqізæнтv бæрæгбон, Пасха чі хўjнv.

2. Æмæ саўдӕvнтvхістæртæ æмæ чінvдӕvдæснvтæ агўрдтоj Уj фесафvнмæ, умæн-æмæ тарстvстv адæмæj.

3. Æмæ бацvді сajтан Jўда, Іскаріот чі хўнді, æмæ Jæ дуўадæс ахургæнінæгтv хvҕдv чі уді, ўj мідæг.

4. Æмæ ацvді ўj, æмæ дзvрдта саўдӕvнтvхістæртімæ æмæ хіцæўдтімæ, кўд Æj радта удонæн, ўj тvххæj.

5. Удон ф̆æцінкодтоj, æмæ ін æхца радтvн сфæндкодтоj.

6. Ўj сvн зæрдæсæвæрдта, æмæ агўрдта хорз фадат, цæмæj сvн Æj радтаід адæмv сусæгæj.

7. Нvллæўўді æнææнqізæнбон, Пасхаі ўæрvччv æргæвдvн кў амбæлді, ўæд.

8. Æмæ арвvста Jесо Петрv æмæ Joаннv æмæ сvн захта: ацæут, æмæ нvн сцæдтæкæнут пасха хæрvнæн.

9. Удон та Ін захтоj: кæм нvн зæҕvс сцæдтækæнvн?

10. Уј сvн захта: тæккæ сахармæ кӳ бацæӳат, ӳæд ӳл сæмбæлдзæні læг, дурvнv дон хæскæјæ; ацæут ӳј фæстæ, ӳј цv хæдзармæ бацæӳа, урдæм;
11. Æмæ хæдзарv хіцаӳæн зæӈут: Ахургæнæг дvн зæӈv: Æз Мæ ахургæнінæгтімæ пасха кæм бахæрон, ӳцv ӳат кæм і?
12. Æмæ ӳн ӳј фенvнкæндзæні стvр арæст ӳат; ум сцæдтæкæнут.
13. Удон ацvдvстv æмæ, Уј кӳд захта, ˹афтæ ссардтој, æмæ пасха сцæдтækодтој.
14. Æмæ сахат кӳ æрхæстæдӕсі; ӳæд Уј æрбадті, æмæ Јæмæ Јæ дуӳадæс Апостолv дæр.
15. Æмæ сvн захта: іттæг Мæ фæндv ӳемæ ацv пасха бахарvн Мæ фvдæбонv размæ.
16. Цæмæјдæрідтæр ӳн зæӈvн, кӳд нал бахæрдзvнæн ӳј, цалvнмæ сæххæст ӳа Хуцаӳv патцахад.
17. Æмæ сіста нӳазæн, бузн уді, æмæ захта: ајсут æј, æмæ јæ бајӳарут ӳæ кæрæдзіјæн.
18. Цæмæјдæрідтæр ӳн зæӈvн, кӳд нал баназдзvнæн сæнæвсірv дvрӈæј, цалvнмæ нæ æрцӳа Хуцаӳv патцахад.
19. Æмæ сіста дзул, бузн уді, асаста јæ æмæ сvн æј раткæјæ, захта: ај у Мæ бӳар, кæцv смах тvххæј лæвæрд у; ај кæнут Мæ æрæмvсvнv тvххæј.
20. Афтæ дæр нӳазæн рајста æхсæвæрv фæстæ, æмæ захта: ацv нӳазæн у ног æвдvст Мæ тугæј, кæцv смах тvххæј кæлv.
21. Æмæ, мæнæ, Мæ дæдтæдӕсv кух Мемæ фvнгӳл іс.
22. Фæлæ адæјмадӕсv Фvрт цæӳv, раздæр кӳд нvсангонд уді афтæ; фæлæ мæгӳр ӳцv лæдӕсv бон, чі Јæ радта.
23. Æмæ удон сæкæрæдзіі фæрсvн бајдvдтој: удонæј ај чі бакæна, ӳј чі ӳаід.
24. Бvцæӳ дæр уді сæ æхсæнv, удоннæј хістæр qӳамæ чі ӳа, ӳӳл.
25. Уј та сvн захта: патцахтæ адæмvл хіцаӳдзінадкæнvнц, æмæ удонvл хістæрадгæндӕсvтæ хорзгæндӕсvтæ хӳјнvнц.

26. Смах та афтæ нæ: фæлæ смахæj стълдæр чi у, ўj кæстæраў ўæд; æмæ хiстæрадгæнæг кусæгаў.

27. Цæмæjдæрiдтæр хiстæр чi у: бадæг, æвi кæстæрiўоггæнæг? чi бадъ ўj нæ у нæ? фæлæ Æз ўæ æхсæнъ кæстæрiўоггæнæгаў дæн.

28. Фæлæ смах фестут Мемæ Мæ фъдæбонтъ;

29. Æмæ Æз фæдзæхсън смахæн, Мæнæн Мæ Фъд кўд бафæдзæхста афтæ, патцахад.

30. Цæмæj хæрат æмæ нўазат Мæ фънгўл Мæ патцахадъ æмæ сбадат ўоллаг бънæдтъл Iзраiлъ дуўадæс мъккагæн тæрхонæн.

31. Æмæ захта Хijцаў: Сiмон! Сiмон! мæнæ, сajтан кўрдта, цæмæj ўæ бajтаўа, мæнæўаў.

32. Фæлæ Æз кўвтон дæў тъххæj, цæмæj ма фæqўаг ўа дæ ўрнъндзiнад: æмæ дъ, iскў раздæхкæjæ, нъффiдаркæн дæ æфсъмæртъ.

33. Ўj Iн дзўап радта: Хijцаў! æз цæдтæ дæн Демæ талънгдоммæ цæўн æмæ мæлæтмæ дæр.

34. Фæлæ iн Ўj захта: зæҕън дън, Петр! ўасæг нæ ма нъўасцæн ацъ æхсæв, афтæ Мъл дъ æртæ хадтъ бавдiсæнкæндзънæ, æз Æj нæ зонън, зæҕгæ.

35. Æмæ сън захта: Æз ўæ кў æрвъстон æнæ дзæќул, æмæ æнæ хордзæн, æмæ æнæ дзабъртæ, ўæд iстæмæj qўаг удъстут мijаг? Удон дзўап радтоj: ниццæмæj.

36. Ўæд сън Ўj захта: нър та дзæќул кæмæн iс, ўj jæ ajсæд, афтæдæр хордзæн; фæлæ кæмæн нæj ўj jæ дарæс аўojкæнæд, æмæ балхæнæд кард.

37. Цæмæjдæрiдтæр ўн зæҕън, кўд qўамæ сæххæст ўа Мæнъл ацъ фъст дæр: æвзæргæнджътъл дæр хъҕд фæци. Цæмæjдæрiдтæр Мæн тъххæj заҕд цъ у, ўj фæўнмæ æрцæўъ. (Icaiai 53, 12.)

38. Удон захтоj: Хijцаў! мæнæ ам дуўæ кардъ iс. Ўj сън захта: æҕҕæд у.

39. Æмæ рацъдi, æмæ ацъдi, Jæ æҕдаўæj, Зетii дърҏъ хохмæ. Jæ ахургæнiнæгтæ дæр Jæ фæдъл цъдъстъ.

40. Æмæ бvнатмæ кŭ æрцvдvстv, ŭæд сvн Уj захта: кувут, цæмæj ма бафтат фvдæвзарæнv.

41. Æмæ Jæхæдæг та ацvдi удонæj дурv æхстv бæрц, æмæ Jæ орджvтvл цæфтvдi, æмæ кŭвта,

42. Дзургæje: о, мæ Фvд! æjджсiди, Дæŭ кŭ бафæндiд ацv нŭазæн Мæнvл аівђŭjнкæнvн! Фæлæ Мæ фæнд нæ, фæлæ Дæ фæнд фæŭæд.

43. Æмæ Jæм арцvдi Зæд ŭоларвæj, æмæ Jæ фiдаркодта.

44. Æмæ Jæхiмiдæг стvхст ŭовгæjæ, зæрдiагдæрæj кŭвта; æмæ Jæ хiд уди туджv æртæхтаŭ, зæхмæ чi кæлv.

45. Кувнæj кŭ сvстаді, ŭæд æрцvдi Jæ ахŭргæнiнæгтæм, æмæ сæ ссардта æнќардæj фvнеje.

46. Æмæ сvн захта: сvстут, æмæ кувут, цæмæj ма бафтат фvдæвзарæнv.

47. Æмæ ма Уj ај кŭд дзvрдта, афтæ фæзvндvстv адæм, сæ фvтцаг та цvдi дуŭадæс ахургæнiнæгтæj jŭ, Jŭда чi хŭнді, æмæ ŭj бацvдi Jесомæ аńакæнvнмæ. Умæн-æмæ сvн радта нvсæнæн, æз кæмæн аńакæнон, ŭj у зæђгæ.

48. Jесо iн захта: Jŭда! ńакæнvнæj дæдтvс цv адæjмаджv Фvртv?

49. Jæмæ чi уди, удон та кŭ федтоj, цæмæ цæŭv qŭдтаг, ŭæд захтоj: Хijцаŭ! цæвæм цv кардæj?

50. Æмæ удонæj jŭ нvццафта саŭджvнтvхiстæрv цађарv кардæj æмæ iн jæ рахiс qус ахаŭнкодта.

51. Ўæд Jесо захта: нvŭадзут, æђђæд у. Бавнæлдта jæ qусмæ, æмæ jæ сдзæбæхкодта.

52. Саŭджvнтvхiстæртæн та æмæ æрђŭанv хiцæŭдтæн, Ўŭл чi æрæмбvрдvстv, захта Jесо: цvма æвзæргæнæгмæ ралæбурдтат смах кæрдтiмæ æмæ qiлтiмæ Мæн æрцахсvнмæ.

53. Алæбондæр удтæн Æз смахiмæ арђŭанv, æмæ Мæм смах нiкŭ бавнæлдтат; фæлæ нvр у ŭæ рæстæг æмæ талvнджv тvх.

54. Ærцахстоj Jæ, æмæ Jæ акодтоj саўджvнтvхiстæртv хæдзармæ. Петр та цvдi сæ фæдvл дæрдцæф.

55. Æмæ удон арт кў скодтоj кæртv астæўv, æмæ jўмæ кў сбадтvстv, ўæд Петр дæр сбадтi удон æхсæн.

56. Jў кусæгус, ўj артv цур бадгæ кў федта, æмæ jæм лvстæг кў бакастi, ўæд захта: aj дæр Уjiмæ уди.

57. Фæлæ Iл ўj æвдiсæнбакодта, æмæ захта: æз Æj нæ зонvн.

58. Jў чvсvл фæстæдæр æj федта æндæр, æмæ iн захта; дv дæр удонæj дæ. Фæлæ Петр захта ўцv лæгæн: нæ дæн.

59. Jў сахатv jасv фæстæ ноджvдæр чiдæр тvнг нvллæўўдi, æмæ дзvрдта: бæлвvрд aj дæр Уjiмæ уди, умæн-æмæ Галiлеаг у.

60. Фæлæ Петр захта ўцv лæгæн: дv цv дзурvс, ўj нæ зонvн. Æмæ ма ўj кўд дзvрдта, тæккæ ўцv сахатvл ўасæг сўасvдi.

61. Ўæд Хiйцаў раздæхти, æмæ бакастi Петрмæ, æмæ Петрæн jæ сæрдvл æрлæўўдi Хiйцаўv дзvрд, Ўj iн кæj захта: ўасæг нæма сўасцæнi, афтæ Мvл æртæ хадтv бавдiсæнкæндзvнæ.

62. Æмæ рацvдi æдтæмæ, æмæ ўнгæгæj скўдта.

63. Jесоiл цv адæм хæцvдvстv, удон Æj æлвvстоj, æмæ Jæ надтоj;

64. Æмæ iн Jæ цæстvтvл нvххæцкæjæ, Jæ æхсæрvфæрстæ цафтоj, æмæ фарстоj: базон чi Дæ нvццафта?

65. Æмæ Iн бiрæ æндæр алvвvдтæ дзvрдтоj.

66. Æмæ кў сбоні, ўæд æрæмбvрдvстv адæмv хiстæртæ, саўджvнтvхiстæртæ æмæ чiнvджvдæснvтæ, æмæ Jæ бакодтоj сæ стvр тæрхондонмæ,

67. Æмæ Jæ бафарстоj: зæвn нvн, Дv Чvрvсти дæ? Уj сvн захта: Æз ўн кў зæвon, ўæд ўæ нæ баўрндзæнi.

68. Фарскæ та ўæ кў бакæнон, ўæд Мvн дзўап нæ ратцvстут, æмæ Мæ нæ аўадцvстут.
69. Нvрæj фæстæмæ адæjмадҗсv Фvрт æрбадцæні Хуцаўv тvхv рахіс фарс.
70. Æмæ сеппæт захтоj: ўодæ Дv Хуцаўv Фvрт дæ? Уj сvн дзўап радта: смах зæҕут, Æз ўj кæj дæн, ўj.
71. Удон захтоj: цv æвдісæн ма нæ qæўv? Цæмæjдæрідтæр мах нæхўдтæг феqўстам Jæхі дзvхæj.

СÆР 23.

1. Æмæ удон сеппæт æмгулфæj сvстадvстv æмæ Jæ акодтоj Пілатмæ.
2. Æмæ Jæ зvлvнкæнvн бajдvдтоj, дзургæje: мах базvдтам, Уj адæмv фvдæҕдаў кæj кæнv, æмæ Кесарæн qалон дæдтvн кæj нæ ўадзv, Jæхі Чvрvсті Патцах хонгæjæ.
3. Пілат Æj бафарста: Дv Jўдетv Патцах дæ? Уj ін дзўаппæн захта: дv зæҕvс.
4. Пілат захта саўдҗсvнтvхістæртæн æмæ адæмæн: æз ацv лæгмæ ніцv аххос арvн.
5. Фæлæ удон тvнгæj дзvрдтоj: Уj адæмv змæнтv, jæ амvндæjæ Jўдеаj бæстv æппæтv, сўанг Галілеаje ацv бæстv онг.
6. Пілат Галілеаі коj кў феqўста, ўæд сæ бафарста: Уj Галілеаг у цv?
7. Æмæ кў базvдта, Уj Іродv бæстаг кæj у ўj ўæд Æj арвvста Іродмæ, ўцv афонv Jерусалімv чі уді умæ.
8. Ірод Jесоі кў федта, ўæд ідтæг фæцінкодта; умæн-æмæ jæ рагæj фæндvді Уj фенvн, ўj тvххæj-æмæ бірæ феqўста Уj тvххæj æмæ Дзv істv діссаг фенvнмæ æнqæлмæкасті.
9. Æмæ Jæ фарста бірæ цæмæjдæртv; фæлæ ін Уj ніцv дзўап лæвæрдта.
10. Саўдҗсvнтvхістæртæ та æмæ чінvдҗсvдæснvтæ лæўўдvстv, æмæ Jæ тvнг зvлvнкодтоj.

11. Фælæ Jæ Iрод jæ æфсædтонтiмæ фефхæрдта, алvфvд V'н фædзvрдта, скодта Iл урс дарæс, æмæ Jæ фæстæмæ Пiлатмæ арвvста.
12. Æмæ ўцv бон Пiлат æмæ Iрод слvмæнvстv кæрædзiiмæ; цæмæjдæрiдтæр фvтцаг сæ кæрædзiiмæ знаг удvстv.
13. Пiлат та басiдтi саўднсvнтvхiстæртæм æмæ хiцæўдтæм æмæ адæммæ,
14. Æмæ сvн захта: смах æркодтат мæммæ ацv лæднсv, æдæмv цvма фvдæбдаў кæнv, æмæ Jæ мæнæ æз ўæ разv фæфарстон, æмæ Jæ æнæаххосæj ссардтон, смах Æj цæмæj аххоснсvн кæнут, умæj;
15. Iрод дæр афтæ: цæмæjдæрiдтæр Æj æз умæ арвvстон; æмæ Jæм нiцv разvнди мæлæтv аккагæj.
16. Цæj бафхæрон Æj, æмæ Jæ аўадзон.
17. Умæн та бæрæгбонv тvххæj jў ахæстv аўадзvн qўдi.
18. Фælæ адæм сеппæт qæркæнvн бajдvдтoj: Умæн мæлæт! Варавваi та нvн ўадзгæ акæн.
19. Варавва уди талvнбахæстонv, сахарv змæнтvнv æмæ лæгмарvнv тvххæj.
20. Пiлат дvккаг хадт захта jæ фæндон J e c o i аўадзvнv тvххæj.
21. Фælæ удон qæркодтoj: бajтvндз Æj, бajтvндз Æj!
22. Ўj сvн æртvккаг хадт захта: цv æвзæр ракодта Уj? æз Æм æмарvнv аккагæj нiцv ссардтон. Цæj бафхæрон Æj, æмæ Jæ аўадзон.
23. Фælæ удон тvнг кўрдтoj, дзўарvл тvбд цæмæj ўа, ўj; æмæ фæўолахiзi сæ qæр удонæн æмæ саўднсvнтvхiстæртæн.
24. Æмæ Пiлат ахiцæнкодта, кўд кўрдтoj, афтæ.
25. Æмæ сvн аўахта змæстv æмæ лæгмарvнv тvххæj ахæстонv чi уди, æмæ удон кæi кўрдтoj, ўj; J e c o i та сvн радта сæ кухмæ.
26. Æмæ Jæ кў акодтoj, ўæд æрцахстoj бvдvræj цæўæг чiдæр Кiрiнеаг Сiмонv, сæвæрдтoj ўўл дзўар, цæмæj хастаiд J e c o i фædvл.

27. Æмæ Jæ фæстæ цvдvстv бірæ адæм æмæ устvтæ, кæцvтæ кўдтоj æмæ æрдiагкодтоj Уj тvххæj.
28. Jесо раздæхтi удонмæ, æмæ сvн захта: Jерусамiмv чvздҕсvтæ! ма кæут Мæн тvххæj, фæлæ кæут ўæхi тvххæj æмæ ўæ зæнæдҕсv тvххæj.
29. Цæмæjдæрiдтæр æрцæўнц бонтæ, кæд зæҕдзvстv: тæхудiаг стv æнæзæнæгтæ, æмæ чi нæ нvjардтоj, уцv гўбvнтæ, æмæ чi нæ хастоj, ўцv дзiдзiтæ!
30. Ўæд дзурvн бajдajдзvстv хæхтæн: æрхаут махvл, æмæ ўобæўдтæн: бамбæрзут нæ!
31. Цæмæjдæрiдтæр кæд цæх бæласæн афтæ кæнvнц, ўæд хўсќæн та цv удзæнi?
32. Кодтоj Уjiмæ мæлæтмæ дуўæ æвзæргæнæдҕсv дæр.
33. Æмæ кў æрцvдvстv нvхv бvнат хўнгæ ранмæ; ўæд ўм дзўарvл бajтvхтоj Уj дæр æмæ æвзæргæндҕсvтv дæр, jўv Jæ рахiс фарс, iннæj та Jæ галiў фарс.
34. Æмæ Jесо дзvрдта: Мæ фvд! нvпбар сvн, умæн-æмæ цv кæнvнц, ўj нæ зонvнц. Æмæ Iн ўæрстоj Jæ дарæс, хæлттæ цæҕдгæjæ.
35. Æмæ лæўўдvстv адæм, æмæ кастvстv; худтvстv удонiмæ хiцæўдтæ дæр, æмæ дзvрдтоj: iннæтv iрвæзvнкодта: Jæхæдæг Jæхi фервæзvнкæнæд, Уj кæд Чvрvстi у Хуцаўv æвзæрст.
36. Æфсæдтонтæ дæр афтæ æвзæр дзvрдтоj Умæн, æмæ Jæм бvцvдvстv, æмæ Jæм бахастоj дзvмарi,
37. Æмæ Iн дзvрдтоj: кæд Дv Jудетv Патцах дæ, ўæд Дæхi фервæзvнкæн.
38. Æмæ Jæ сæрмæ фvст уди Бердзенаг, Ромаг æмæ Евреаг æвзагæj: Аj у Jўдеаг Патцах.
39. Тvҕд æвзæргæндҕсvтæj Iн jў æвзæр дзvрдта æмæ Iн захта: кæд Дv Чvрvстi дæ; ўæд фервæзvнкæн Дæхi дæр æмæ мах дæр.
40. Фæлæ jæ iннæ ўрæдта, æмæ iн дзvрдта: дv Хўцаўæj нæ тæрсvс цv, дæхiул дæр ахæм тæрхон кў iс?

41. Мах раст тæрхонгонд стæм, умæн-æмæ мах, нæ ракæнттæм гæскæ цу аккаг стæм, ӳј райстам; фæлæ Ӳј ніцу æвзæр ракодта.

42. Æмæ захта Јесојæн: æрæмус мæ, Хіјцаӳ! Дæ патцахадмæ кӳ æрцæӳај ӳæд.

43. Æмæ ін Јесо захта: æцæг дун зæӷун, нурідæгæн дæр удзунæ Мемæ дзæнæту.

44. Уді бону æхсæзæм сахатмæ æввахс; æмæ ссі талунг зæхх æгасул фæрæстæм сахату онг.

45. Æмæ баталундісі хур, æмæ арӷӳану æмбæрзæн јæ астæӳл адіхі.

46. Јесо сqæркодта стур qæрæј, æмæ захта: о, Мæ Фуд! Дæ кухтæм дæдтун Мæ уд. Æмæ, ај зæӷгæје, сіста Јæ уд.

47. Сæдæі хістæр кӳ федта, цу æрцуді, ӳј, ӳæд суструдта Хуцаӳу, æмæ захта: бæлвурд ацу лæг раст уді.

48. Æмæ адæм æппæт, јæ фенунмæ чі æрцудусту, кӳ федтој цу æрцуді ӳј, ӳæд фæстæмæ цудусту, æмæ сæ ріӳ хостој.

49. Æмæ Јæ зонгæтæ сеппæт, æмæ Јæ фæдул цу устутæ цудусту Галілеаје удон дæрдцæфæј лæӳӳдусту, æмæ Јæм кастусту.

50. Ӳæд чідæр, јæ ном Јосіф хӳнгæ, тæрхону бадæг хорз æмæ раст лæг,

51. (Удонæн сæ фæнду, æмæ сæ qӳдтадісу чі нæ уді), Арімафеје, Јӳдеаг сахарæј, Хуцаӳу патцахадмæ æнqæлмæгæсæг,

52. Арцуді Пілатмæ, æмæ дзу кӳрдта Јесоі бӳар.

53. Æмæ јæ райста, æмæ јæ батухта кæдтагæј, æмæ цæвæрдта кæдзæху кахт зæппадзу, æвæрд кæм нічі ма нікӳ уді.

54. Ӳцу бон уді мајрæмбон, æмæ сабат ралæӳӳдаід.

55. Јесојен Галілеаје Јæ фæстæ цу устутæ æрцудусту, удон дæр ацудусту, æмæ федтој зæппадз, æмæ дзу Јесоі бӳар кӳд æвæрдтој, ӳј.

56. Æмæ раздæхтvстv, æмæ сцæдтæкодтој хорзсмаггæнæнтæ æмæ сæрдæнтæ, æмæ сабат бонv баззадvстv æнцоје, амондзінадмæ гæскæ.

СÆР 24.

1. Ќўріі фvтцаг бонv, ідтæг радҥсv, удон, цv хорзсмаггæнæнтæ сцæдтæкодтој, удон ахастој, æмæ ацvдvстv зæппадзмæ æмæ ма семæ æндæртæ дæр.

2. Фæлæ ссардтој дурv інгæнæј фæлдæхтæј.

3. Æмæ јæм бацvдvстv, фæлæ дзv Хіјцаў Јесоі бўар не ссардтој.

4. Æмæ удон ўј тvххæј кў qўдvкодтој, ўæд сæм æрбалæўўдvстv дуўæ лæдҥсv, æрттівгæ дарæстv арæст.

5. Æмæ удонv тас кў бацvді, æмæ зæхмæ кў кастvстv, ўæд сvн захтој: æгасv мæрдтімæ цv агурут?

6. Уј ам нæј: Уј рајгасі: æрæмvсут, Уј ўн, Галілеаі ма кў уді, ўæд кўд дзvрдта,

7. Æдæјмадҥсv Фvртvл æмбæлv тæріҕæддҥсvн лæгтv ќухтæм радтvн, æмæ дзўарvл бајтvндзvн, æмæ æртvккæгæм бон рајгасўн.

8. Æмæ удон æрæмvсvдvстv Јæ дзvрдтæ;

9. Æмæ інгæнæј кў раздæхтvстv, ўæд феqусvнкодтој адон јўўлдæр јўæндæсæн æмæ іннæтæн æппæтæн.

10. Удон удvстv Магдалінаг Маріа, æмæ Јоанна, æмæ Маріа, Јаковv мад, æмæ ма удонімæ æндæртæ дæр, кæцvтæ захтој ај тvххæј Апостолтæн.

11. Æмæ сæм фæкастvстv удон дзvрдтæ дзæҕæл, æмæ сvл нæ баўўæндvдvстv.

12. Фæлæ Петр сvстаді, аўаді зæппадзмæ, бакасті јæм, æмæ дзv федта æрмæст мæрдзæгтæ лæўгæјæ, æмæ фæстæмæ ацvді, дісгæнгæјæ јехінvмæрv, цv æрцvді ўўл.

13. Ўцv бон удонæj дуўæ фæцæjцvдvстv jў qæўмæ, Jерусалімæj æртіссæдз ўсмv цад чі у, æмæ Еммаус чі хўjнv, ўрдæм;
14. Æмæ сæкæрæдзіімæ нvхæстæкодтоj, цv æрцvдi, удон æппæтvл.
15. Æмæ удон сæ кæрæдзіімæ нvхæстæ æмæ qўдv кў кодтоj, ўæд сæм Jесо Jехæдæг дæр æрцvдi, æмæ ацvдi семæ.
16. Фæлæ сæ цæстvтæ ахст удvстv, æмæ Jæ нæ базvдтоj.
17. Уj сvн захта: аj цæj тvххæj, цæўгæцæўн нvхæстæкæнут кæрæдзіімæ, æмæ æнкард цæj тvххæj стут?
18. Удонæj jў, Клеопа хўнгæ, захта умæн дзўаппæн: аў, Jерусаліммæ чі æрцvдvстv удонæj jўнæг дv нæ зонvс ўм, ацv бонтv цv æрцvдi, удон?
19. Æмæ сvн захта: цv? Удон Vн захтоj: Назаретаг Jесоіл цv æрцvдi, пехумпар чі уди, тvхджсvн qўдтагæj æмæ дзvрдæj Хуцаўv æмæ адæм æппæтv разv;
20. Кўд Æj радтоj саўджсvнтvхістæртæ æмæ нæ хіцæўдтæ мæлæтмæ, æмæ Jæ дзўарvл кўд бajтvхтоj.
21. Мах та Дзv нvфс уди, Уj Ізраілv чі фервæзvнкæндзæн, ўj у сæвгæ: æфтæмæj нvр æртvккæгæм бон у, aj кў æрцvдi ўодæj;
22. Фæлæ устvтæj чідæртæ та нvл діс бафтvдтоj; удон раджv інгæнv удvстv.
23. Æмæ ін не ссардтоj Jæ бўар, æмæ æрцvдvстv, æмæ дзvрдтоj, Зæдтv дæр федтам сæвгæ, кæцvтæ сvн захтоj, Уj æгас у, сæвгæ.
24. Æмæ махæj чідæртæ ацvдvстv сæппадзмæ, æмæ устvтæ кўд захтоj, афтæ федтоj; фæлæ Ін Jæхі нæ федтоj.
25. Ўæд сvн Уj захта: о, æнæзæндтæ æмæ зæрдæўоззæўттæ, пæхумпартæ раздæр кæj захтоj удон æппæт кæj нæ ўрнvнц!
26. Афтæ нæ æмбæлді нæ Чvрvстііл фæфvдæбонкæнvн, æмæ Jæ стvрадмæ бацæўн?

27. Æмæ баjдvдта Мojсejæ æмæ пæхумпартæ æппæтæj, æмæ сvн сæргомкодта удонæн, Jæхi тvххæj фvстvтv цv уди, удон æппæт.
28. Æмæ кӳ æрбаввахсvстv, удон цv qæӳмæ цvдvстv, умæ, ӳæд Ӳj Jæхi дардтæр цæӳæг скодта.
29. Фæлæ Jæ удон урæдтоj, æмæ Iн дзvрдтоj: баззаj махiмæ, умæн-æмæ бон iзæрvрдæм æрќӳлкодта. Æмæ Ӳj бацvдi, æмæ удонiмæ баззаді.
30. Æмæ Ӳj удонiмæ фvнгӳл кӳ бадтi, ӳæд сiста дзул, æрфæракодта, асаста jæ æмæ сvн радта.
31. Ӳæд бajгомvстv удонæн сæ цæстvтæ, æмæ Jæ базvдтоj. Фæлæ сvн Ӳj фæтарi.
32. Æмæ удон сæ кæрæдзijæн захтоj: нæ зæрдæ нæ хӳлфv нæ сvƀдi нæ, Ӳj фæндагӳл немæ кӳ дзvрдта, æмæ нvн фvстvтæ кӳ æргомкодта, ӳæд?
33. Æмæ сvстадvстv ӳцv сахатvл, æмæ Jерусалiммæ раздæхтvстv, æмæ ссардтоj jӳæндæсv jӳмæ, æмæ семæ чi удvстv удонv,
34. Кæцvтæ дзvрдтоj: Хiйцаӳ бæлвvрд райгасi зæƀгæ, æмæ разvнди Сiмонмæ.
35. Æмæ удон дзvрдтоj, фæндагӳл цv ƒедтоj, ӳj æмæ Jæ дзул асæдтvнæj кӳд баззvдтоj, ӳj.
36. Æмæ удон aj кӳд дзvрдтоj, Jесо Jæхæдæг афтæ балæӳӳдi сæ астæӳ, æмæ сvн захта: ƒарн смахæн.
37. Удон ƒæджсiхстv, æмæ ƒæтарстvстv, æмæ ƒенqæлдтоj, уд iстv ӳнvнц.
38. Фæлæ сvн Ӳj захта: цæмæн тæрсут, æмæ ахæм qӳдvтæ цæj тvххæj цæӳнц ӳæ зæрдæтv?
39. Фенут Мæ ќухтæ æмæ Мæ ќæхтæ; aj Æз Мæхæдæг дæн; бавналут Мæм, æмæ Мæ басгарут; цæмæjдæрiдтæр удæн фvд æмæ стджvтæ нæj, Мæн кӳд унут, афтæ.
40. Æмæ aj кӳ захта, ӳæд сvн фенvнкодта Jæ ќухтæ æмæ Jæ ќæхтæ.
41. Фæлæ ма сæ ноджv фvрцiнæj кӳ нæ ӳрнvдта, æмæ дiс кӳ кодтоj; ӳæд сvн Ӳj захта; iстv хæрiнаг мijаг ӳæм iс ам?
42. Удон Vн радтоj фiзонæггонд кæфv хаj æмæ мvдv фæзƀæр.

43. Æмæ сæ рајста, æмæ сæ цурv хордта.
44. Æмæ сvн захта: мæнæ ўј, Æз ўн цæј тvххæј захтон, смахімæ ма кў удтæн ўæд, кўд сæххæстўн æмбæлv Моісеј дінv, пæхўмпартv æмæ псаломтv Мæн тvххæј фvстvтæ æппæтvл.
45. Ўæд сvн бајгомкодта сæ зонд фvстvтv бамбарvнv тvххæј.
46. Æмæ сvн захта; афтæ фvст у, æмæ афтæ æмбæлді Чvрvстііл фæфvдæбонкæнvн, æмæ мæрдтæј рајгасўн æртvккæгæм бон,
47. Æмæ амонvн Уј номv тvххæј фæсмондзінад æмæ тæріђædтv нvпбарvндзінад адæм æппæтv æхсæн, Јерусалімæј рајдајгæје.
48. Смах та аўл æвдісæн стут.
49. Æмæ мæнæ, Æз рарвітцvнæн смахмæ Мæ Фvдv Зæрдæævæрдv; смах лæўут Јерусалім сахарv, цалvнмæ ўн лæвæрд ўа ўоліје тvх.
50. Æмæ сæ ракодта сахарæј ædтæмæ Віфаніаі онг, æмæ скодта Јæ кухтæ ўолæмæ, æмæ сvн арфæракодта.
51. Æмæ сvн арфæ кў кодта, ўæд сæ ахіцæні, æмæ ацvді ўоларвмæ.
52. Удон Vн бакўвдтој, æмæ раздæхтvстv Јерусаліммæ стvр цінімæ.
53. Æмæ удvстv кædтæрідтæр арђўанv, Хуцаўv стаўгæјæ æмæ Ін арфæгæнгæјæ. Амін.

ЈОАННЕЈЕ

СѴ҂ДÆГ ЕВАНГЕЛІЕ.

СÆР 1.

1. Фѵтцагæј уді Дзѵрд, æмæ Дзѵрд уді Хуцаўмæ, æмæ Дзѵрд уді Хуцаў.

2. Уј уді фѵтцагæј Хуцаўмæ.

3. Јўўлдæр Умæј сѵстѵ, æмæ æнæ Уј онѵн ніцѵ рајдѵдта, цѵ сѵстѵ удонæј.

4. Умæ уді цард, æмæ цард уді адæмѵ рухс.

5. Æмæ рухс талѵнд҄ѡсѵ рухскæнѵ, æмæ іл талѵнг нæ æрбатѵхсті.

6. Хуцаўæј æрвѵст лæг уді, јæ ном Іоанн.

7. Уј æрцѵді æвдісæндзінадѵ тѵххæј, цæмæј æвдісæнлæўўа рухсѵ тѵххæј, цæмæј æппæтѵ баўрна умæј.

8. Уј рухс нæ уді, фæлæ æрвѵст уді, цæмæј æвдісæнлæўўа рухсѵ тѵххæј.

9. Уді æцæг рухс, кæцѵ алѵ лæд҄ѡсѵ, дунемæ æрцæўæд҄ѡсѵ, рухскæнѵ.

10. Дунеі уді, æмæ дуне Умæј ссі, æмæ Јæ дуне нæ базѵдта.

11. Јехіонтæм æрцѵді, æмæ Јæ јехіонтæ нæ ајстој.

12. Фæлæ Јæ чі ајста, удонæн, Јæ номѵл ўрнд҄ѡсѵтæн, Хуцаўѵ фѵрттæ онѵнѵ бар радта,

13. Кæцѵтæ нæ тугæј, нæдæр бўарѵ фæндонæј, нæдæр лæд҄ѡсѵ фæндонæј, фæлæ Хуцаўæј рајгўрдѵстѵ.

14. Æмæ Дзvрд бўардҥсvн ссі, æмæ царді махімæ хорзлæвардзінад æмæ æцæгдзінадæј дзагæј; æмæ Ін мах федтам Јæ стvрад, кўд Фvдæј јўнæгўрдv стvрад.

15. Јоанн Уј тvххæј æвдісæн лæўўv, æмæ qæрæј зæҕv: Aј Уј у, æз кæмæј захтон, мæ фæстæ чі æрцæўv, Уј мæ разæј фæці, ўј тvххæј—æмæ Уј мæнæј фvтцадҥсvдæр уді.

16. Æмæ Јæ æххæстдзінадæј мах неппæт рајстам хорзлæвардзінад хорзлæвардзінадvл.

17. Цæмæјдæрідтæр æҕдаў Моісеі ќўхæј лæвæрд у, хорзлæвардзінад æмæ æцæгдзінад та Јесо Чvрvстіје лæвæрд стv.

18. Хуцаўv нікў нічі федта: јўнæггўрд Фvрт, Јæ Фvдv qæбvсv ўоввæг, Уј Јæ раргомкодта.

19. Æмæ мæнæ Јоаннv æвдісæндзінад, Јўдетv јæм кў рарвvстој Јерусалімæј саўдҥсvнтv æмæ левіттv бафæрсvнмæ: чі дæ дv?

20. Уј раргомкодта, æмæ сvн раст æргомæј захта: æз Чvрvсті нæ дæн.

21. Æмæ јæ бафарстој: ўодæ чі дæ? Іліа дæ? ўј захта: нæ дæн. Пæхумпар дæ? ўј сvн дзўап захта: нæ дæн.

22. Удон vн захтој: ўодæ чі дæ? цv дзўап радтæм нæ рарвітдҥсvтæн: дv дæхæдæг дæхіцæј цv зæҕvс?

23. Ўј сvн захта: æз дæн æдзæрæгранv qæргæнæдҥсv qæлæс: срасткæнут фæндаг Хіјцаўæн, пæхумпар Ісаіа кўд захта, афтæ. (Ісаіаі 40, 3.)

24. Æрвvстvтæ та удvстv фарісетæј;

25. Æмæ јæ удон бафарстој: ўодæ дv цæмæн арҕаўс, кæд нæ Чvрvсті дæ, нæ Іліа, нæ пæхумпар?

26. Јоанн сvн дзўаппæн захта: æз донv арҕаўн; фæлæ ўæ æхсæн чідæр лæўv, смах кæј нæ зонут.

27. Ўј мæ фæстæ чі цæўv, ўј у, фæлæ мæ фvтцаг чі фæці, Æз Умæн Јæ дзабvрv бос сvхалvн аккагдæр нæ дæн.

28. Aj уді Віфаварv, Jорданv цур, Joанн кæм арӈўдта, ум.

29. Дvккаг бонv Joанн федта Jесоі, јæхімæ æрбацæўгæ, æмæ захта: мæнæ Хуцаўv Ўæрvкк, Jæхіўл дунеј тæріӈæд чі іcv Уj;

30. Aj Уj у, æз кæj тvххæj захтон: мæ фæстæ цæўv лæг, мæнæj чі фæраздæрі, умæн-æмæ Уj мæнæj фvтцадҗvдæр уді.

31. Æз Æj нæ зvдтон: фæлæ донv арӈаўнмæ ўj тvххæj æрцvдтæн, цæмæj Уj раргомўа Iзраілæн.

32. Æмæ Joанн æвдісæнлæўўді, æмæ дзvрдта: æз федтон Удv, ўоларвæj ɛæлонаў æрцæjцæўгæ, æмæ Ўўл æрцæjбадгæ.

33. Æз Æj нæ зvдтон; фæлæ мæ донæj арӈаўнмæ Чі рарвvста, Уj мvн захта: Удv æрцæўгæ æмæ æрбадгæ кæўл фенај, Cvӈдæг Удæj арӈаўæг Ўj у.

34. Æмæ æз федтон, æмæ æвдісæннvллæўўдтæн, Ўj Хуцаўv Фvрт кæj у ўўл.

35. Дvккаг бонv ноднcvдæр лæўўдvстv Joанн æмæ јæ ахургæнінæгтæj дуўæ,

36. Æмæ Jесоі æрцæjцæўгæjæ кў федта, ўæд захта: мæнæ, Хуцаўv Ўæрvкк.

37. Умæj ацv дзvрдтæ кў феqўстоj, ўæд дуўæ ахургæнінæдҗv ацvдvстv Jесоі федvл.

38. Jесо раздæхті, æмæ сæ кў федта Jæ фæдvл цæўгæ, ўæд сvн захта: цv ўæ qæўv? Удон Vн захтоj: Равві! (ома ахургæнæг!) кæм цæрvс?

39. Захта сvн: рацæут, æмæ фендзvстут. Удон ацvдvстv æмæ федтоj, кæм царді ўj, æмæ ўцv бон Умæ фестv. Уді дæсæм сахатмæ æввахс.

40. Ўцv дуўæjæ, Joаннæj Jесоі тvххæj чі феqўстоj, æмæ Jæ фæдvл чі ацvдvстv, jў уді Андрej, Сімон Петреі æфсvмæр.

41. Ўj фvтцадҗvдæр ссардта јæ æфсvмæр Сімонv, æмæ ін захта: мах ссардтам Мессіаі, ома Чvрvстіі.

42. Æмæ jæ æркодта Jecoмæ. Jeco та умæ кў бакасті, ўæд vн захта: дv Сімон, Јонаі фvрт дæ; дæ ном фæўæд Кіфа, ома дур (Петр).

43. Дvккаг бонv Jeco Галілеамæ ацæўн сфæндкодта, æмæ ссардта Філіппv, æмæ ін захта: рацу Мæ фæдvл.

44. Філіпп та уді Віфсаідајæ, Андрej æмæ Петрімæ jў сахарæj.

45. Філіпп ссардта Нафанаілv, æмæ ін захта: мах ссардтам Уj, Moicei дінv æмæ пæхумпартæ кæj тvххæj фvстоj, Jecoi, Јосіфv фvртv, Назаретæj.

46. Фæлæ ін Нафанаіл захта: Назаретæj істv хорз рацæўдзæні цv? Філіпп vн захта: рацу, æмæ фен.

47. Jeco Нафанаілv Јæхімæ æрбацæjцæўгæ кў федта, ўæд ўj тvххæj захта: мæнæ раст Ізраілаг, хіндзінад кæмæ нæj.

48. Нафанаіл Vн захта: Дv мæ цæмæj зонvс? Jeco ін дзўап захта: Філіппv бадзvрдv размæ дæ Æз федтон, дv леҕвіі бæласv бvн кў удтæ, ўæд.

49. Нафанаіл Vн захта дзўап: Равві! Дv дæ Хуцаўv Фvрт, Дv дæ Ізраілv Патцах.

50. Jeco ін дзўап захта: дæў ўрнv ўj тvххæj, Æз дvн кæj захтон: Æз дæ федтон леҕвіі бæласv бvн; амæj фvлдæр фендзvнæ.

51. Æмæ ін захта: æцæг, æцæг сæҕvн смахæн: нvрæj фæстæмæ ўндзvстут арв гомæj, æмæ Хуцаўv Зæдтv ссæўгæ æмæ æрцæўгæ адæjмадvс Фvртмæ.

СÆР 2.

1. Æртvккаг бонv уді чvндзæхсæв Галілеаг Канаі, æмæ Jecoi мад дæр ўм уді.

2. Хўнд удvстv Jeco æмæ Јæ ахургæнінæгтæ дæр чvндзæхсæвмæ.

3. Æмæ сæнæј кў сqатдҥсvнстv; ўæд Јесојæн Јæ мад захта: сæн сæм налі.

4. Јесо ін захта: Мæн æмæ дæў цv qўдтадҥсі, усај? нvрма Мæ сахат нæма æрхæтцæі.

5. Јæ мад захта кусдҥсvтæн: Ўј ўн цv зæҕа, ўј бакæнут.

6. Ум та уді æвæрд æхсæз донхæссæн дурvнv, Јўдетv сvҕдæгкæнvнv æҕдаўæј, кæцvтv цvді фæјнæ дуўæ, кæнæ фæјнæ æртæ барæнv.

7. Јесо сvн захта: бајдзагкæнут мігæнæнтæ донæј. Æмæ сæ бајдзагкодтој сæ бvлтæм.

8. Нvр сæвгæнут æмæ јæ хæрд æмæ ностv æфсінмæ ахæссут. Æмæ ахастој.

9. Æмæ хæрд æмæ ностv æфсін донv, сæн чі фестаді, ўј ад кў федта, (ўј та нæ зvдта, кæцæј у ацv сæн, зvдтој јæ æрмæст кусдҥсvтæ, донæј мігæнæнтæ чі баідзагкодтој, удон): ўæд хæрд æмæ ностv æфсін æрбасідті сіахсмæ,

10. Æмæ ін захта: алv лæг раздæр хорз сæн дæдтv, æмæ сæ фаг кў баназvнц, ўæд та æвзæрдæр; дv та хўздæр сæн бавæрдтај нvрмæ.

11. Ўј скодта Јесо дісæгтæн сæ рајдајæн Галілеаг Канаі, æмæ раргомкодта Јæ стvрад; æмæ Іл баўрнvдтој Јæ ахургæнінæгтæ.

12. Ўј фæстæ æрцvді Уј Капернауммæ, Јæхæдæг æмæ Јæ мад, æмæ Јæ æфсvмæртæ, æмæ Јæ ахургæнінæгтæ, æмæ ум фестv јў ќорд бонтv.

13. Æрæввахсі Јўдетv Пасха, æмæ Јесо æрцvді Јерусаліммæ;

14. Æмæ арҕўанv федта галтæ, фvстæ æмæ бæлæдтæ ўојгæнгæ, æмæ æхца івдҥсvтv бадгæ.

15. Æмæ сінæгтæј јехс скодта, æмæ сеппæтv ратардта арҕўанæј, æмæ фvстv дæр, æмæ галтv дæр; æмæ æхца івдҥсvтæн сæ æхца нvххæлјўкодта, æмæ сvн сæ фvнгтæ афæлдæхта.

16. Æмæ бæлæдтv ўојгæндҥсvтæн захта: адон ардvгæј ајсут, æмæ Мæ Фvдv хæдзар ма кæнут базаргæнæн хæдзар.

17. Ўæд Jæ ахўргæнінæгтæ æрæмvсvдvстv чінvдҕсv фvст дзvрдтæ: дæ хæдзарvл мæткæнvн Мæ хæрv. (Псал. 68, 10.)

18. Ўўл V'н Jўдетæ захтоj: цv нvсанæj нæ баўрнvнкæндзvнæ Дv, афтæ кæнvнv бар Дvн кæj іс ўўл?

19. Jесо сvн захта дзўаппæн: фехалут ацv арҕўаӈ, æмæ jæ Æз æртæ бонмæ самajдзvнæн.

20. Ўўл V'н Jўдетæ захтоj: ацv арҕўан æхсæз æмæ дуўjссæдз азv амадтоj, æмæ jæ Дv æртæ бонмæ самajдзvнæ?

21. Уj та сvн дзvрдта Jæ бўарv арҕўанæj.

22. Æмæ Уj мæрдтæj кў pairacі, ўæд Jæ ахургæнінæгтæ æрæмvсvдvстv, Уj аj кæj дзvрдта ўj, æмæ сæ баўрнvдта фvст, æмæ сvн Jесо цv дзvрд захта, ўj.

23. Æмæ Уj Пасхаі бæрæгбонv Jерусалімv кў уді, ўæд бірæ адæм, Уj цv дісæгтæ кодта, ўj кў федтоj, ўæд сæ баўрнvдта Jæ ном.

24. Фæлæ сvл Jесо Jæхі тvххæj нæ æўæндvді, сеппæтv кæj зvдта, ўj тvххæj,

25. Æмæ Jæ ӄæўгæ дæр нæ кодта, цæмæj ісчі æвдісæнлæўўа лæдҕсv тvххæj; цæмæjдæрідтæр Уj Jæхæдæг зvдта, лæдҕсv цv іс, ўj.

СÆР 3.

1. Фарісетæм уді jўчідæр, jæ ном Нікодім, Jўдæтv хіцæўдтæj jў.

2. Ўj æрцvді Jесомæ æхсæвvгон, æмæ Ін захта: Равві! мах зонæм, Дv Хуцаўæj æрцæўгæ Ахургæнæг кæj дæ, ўj; цæмæjдæрідтæр, Дv цv хўзæн діссæгтæ кæнvс, ўj хўзæн кæнvн нічі бафæраздзæні, Хуцаў jæмæ кў нæ ўа, ўæд.

3. Jесо ін дзўаппæн захта: æцæг зæҕvн дæўæн: ног гўрд чі нæ ракæна, ўj Хуцаўv патцахадv фенvн нæ бафæраздзæні.

4. Нікодім Vн захта: лæг, зæронд ўовгæјæ, дvккаг хадт кўд рајгўрдзæні? дvккаг хадт јæ мадv гўбvнv бацæўн бафæраздзæні мијаг, æмæ рајгўрvн?

5. Јесо ін захта дзўаппæн: æцæг, æцæг зæ-ŋvн дæўæн: донæј æмæ Удæј чі нæ рајгўра, ўј Хуцаўv патцахадмæ бацæўн нæ бафæраздзæні.

6. Бўарæј гўрд у бўар; Удæј гўрд та у Уд.

7. Æз дvн цv захтон, ўўл ма дискæн: дvккаг хадт рајгўрvн ўл æмбæлv.

8. Уд, кæмæј фæндv, ум улæфv, æмæ ін јæ qæлæс qvсvс, фæлæ јæ нæ зонvс, кæцæј цæўv, æмæ кæдæм ацæўv: афтæ вæји удæј гўрдтæ æппæтімæ.

9. Нікодім Vн захта дзўаппæн: кўд удзæні ај?

10. Јесо ін дзўап радта: дv Ізраілv ахургæнæг кў дæ, ўæд ај дæр нæ зонvс?

11. Æцæг, æцæг зæŋvн дæўæн: Мах, цv зонæм, ўј дзурæм, æмæ, цv федтам, æвдісæн ўўл лæўæм; фæлæ смах Нæ æвдісæндзінад нæ ісут.

12. Кæд ўн æз зæххон qўдтаг захтон, æмæ ўæ кæд ўј нæ ўрнv, ўæд ўн ўоларвон qўдтаг кў зæ-ŋон, ўæд ўæ ўј кўд баўрндзæні?

13. Нічі ссvді ўоларвмæ æрмæст ўоларвæј æрцæўæг, адæјмадҥсv Фvртv јæдтæмæ, ўоларвv чі іс.

14. Æмæ Моісеј кўд сіста ўолæмæ æдзæрæгранv калмv; афтæ ўолæмæ сіст фæўн æмбæлv адæјмадҥсv Фvртvл дæр.

15. Цæмæј Уўл ўрндҥсvтæ ма фесæфој, фæлæ сvн ўа æнусон цард.

16. Цæмæјдæрідтæр Хуцаў афтæ баўарста дунеі, æмæ Јæ јўнæггўрд Фvртv дæр радта умæн, цæмæј Ўј кæј ўрна, ўј ма фесæфа, фæлæ ін ўа æнусон цард.

17. Цæмæјдæрідтæр Хуцаў нæ рарвvста Јæ Фvртv дунемæ тæрхонкæнvнмæ, фæлæ цæмæј дуне Уј фæрцv фервæза.

18. Уj кæj ўрнv, ўj тæрхонv нæ бахаўдзæні, фæлæ Уj кæj нæ ўрнv, умæн тæрхонгонд дæр ма фæці, умæн-æмæ Уj нæ баўрнvдта Хуцаўv jўнæггўрд Фvрт.

19. Тæрхон та ўj у, æмæ рухс дунемæ æрцvдi; фæлæ адæм рухсæj талvнг фvлдæр баўарстоj; ўj тvххæj æмæ сæ qудтæгтæ зvлvн удvстv.

20. Цæмæjдæрідтæр æвзæр qўдтаггæнæг чідæрідтæр нæ ўарзv рухс, æмæ нæ цæўv рухсмæ, цæмæj jæ qўдтæгтæ ма раргом ўоj, умæн-æмæ удон æвзæр стv.

21. Фæлæ растдзінад чі кæнv, ўj рухсмæ цæўv, цæмæj jæ qудтæгтæ æргом ўоj, умæн-æмæ удон Хуцаўмæ гæскæ конд стv.

22. Ўj фæстæ æрцvдi Jесо Jæ ахургæнінæгтімæ Jўдетv бæстæм, æмæ ум царді удонімæ, æмæ арӡўдта.

23. Joанн та арӡўдта Енонv, Саліммæ хæстæг, ўм дон бjрæ кæj уді, ўj тvххæj; æмæ урдæм цvдvстv, æмæ арӡўдтоj;

24. Цæмæjдæрідтæр Joанн талvнг æхæстдонv конд нæ ма уді.

25. Ўæд Joаннv ахўргæнінæгтæ сбvцæўстv Jўдетімæ cvӡдæгкæнvнv тvххæj.

26. Æмæ æрцvдvстv Joанмæ, æмæ ін захтоj: Равві! демæ Iорданv чі уді, æмæ дv æвдісæн кæj тvххæj лæўўдтæ, Уj дæр арӡаўv, æмæ Jæм jўўлдæр цæўнц.

27. Iоанн cvн дзўаппæн захта: лæг jæхæдæг jæхімæ рajcvн ніцv фæразv, ўоларвæj ін лæверд кў нæ ўа, ўæд.

28. Смах мvн æвдісæнæн стут, æз кæj захтон: æз Чvрvсті нæ дæн, фæлæ æз Jæ разv ærвvст дæн.

29. Чvзг кўрд кæмæн іс, уj у сіахс; сіахсv лvмæн та, лæўгæjæ æмæ сіахсмæ qускæjæ, цінкæнv, сіахсv qæлæсмæ. Æмæ Мæ ацv цінддзінад сæххæсті.

30. Уўл рæзvн æмбæлv, мæнvл та ќадтæркæнvн.

31. Ўолије æрцæўæг æппæтæj ўолдæр у; фæлæ зæххæj чi у, ўj зæххон у, æмæ дзурv кўд зæххæj ўовæг; ўоларвæj æрцæўæг æппæтæj ўолдæр у.

32. Æмæ ўj цv федта, æмæ цv феqуста, ўj тvххæj æвдiсæнлæўv; æмæ iн Jæ æвдiсæндзiнад нiчi iсv.

33. Jæ æвдiсæндзiнад чi ајста, ўj умæj нvммухўркодта, Хуцаў æцæҕ кæj у, ўj.

34. Цæмæjдæрiдтæр Хуцаў кæj рарвvста, ўj Хуцаўv дзvрдтæ дзурv; умæн-æмæ Хуцаў Удv барæнæj нæ дæдтv.

35. Фvд ўарзv Фvртv, æмæ Iн æппæтдæр Jæ кухv радта.

36. Фvрт кæj ўрнv, умæн æнусмæ цард iс; фæлæ Фvрт кæj нæ ўрнv, ўj нæ фендзæнi цард, фæлæ iл iс Хуцаўv фvдæхдзiнад.

С Æ Р 4.

1. Æмæ Jесо кў базvдта, фарiсетæм кæj бахæтцæ iс ўацqўд, Уj Joаннæj фvлдæр ахургæнiннæгтæ кæj ардта, æмæ фvлдæрдæр кæj арҕўдта;

2. (Jесо Jæхæдæг нæ арҕўдта, фæлæ Jæ ахўргæнiнæгтæ;)

3. Ўæд нvўахта Jўдеi, æмæ ацvдi фæстæмæ Галiлеамæ.

4. Æмæ Jæ ацæўн qўдi Самарiаiл.

5. Æмæ автæ æрцvдi Уj Самарiаг сахармæ, Сiхар хўнгæ, Jаков jæ фvрт Josiфæн цv зæхх радта, умæ хæстæг.

6. Ум уди Jаковv ćај. Jæсо, фæндагўл бафæллајгæjæ æрбадтi ўцv ćаji цур; уди æхсæзæм сахатмæ æввахс.

7. Самарiаje арцvдi jў ус, дон сæвгæнvнмæ. Jесо iн захта: дон Мvн баназvнкæн.

8. (Цæмæjдæрiдтæр Jæ ахургæнiнæгтæ ацvдvстv сахармæ хæрiнаг æлхæнvнмæ.)

9. Самаріаг ус V'н захта: Дv, Jўдеаг ўовгæјæ мæнæј, Самаріагæј, кўд курvс дон? умæн-æмæ Jўдеегтæ Самаріегтvл нæ æрвæссvнц.

10. Jесо ін захта дзўаппæн: дv кў зvдтаіс Хуцаўv læвар, æмæ дæўæн, дон Мvн баназvнкæн чі зæвv, Уј, ўæд дæхæдæг ракўрдтаіс Умæј, æмæ дvн Уј радтаід цардv дон.

11. Ус V'н захта: Хіјцаў! Дæўмæ æвгæнæн дæр нæј, цаj та арф у: ўæд Дæм цардv дон кæцæј іс?

12. Дv нæ фvд Јаковæј, махæн ацv цаj чі радта, æмæ дзv јæхæдæг дæр, јæ фvрттæ дæр æмæ јæ фос дæр кæцæј ностој, умæј стvлдæр дæ мијаг?

13. Jесо ін дзўаппæн захта: чідæрідтæр, ацv донæј чі нўаза, ўј та сдојнvўдзæні.

14. Фæлæ Æз кæј радтон, ўцv донæј чі нўаза, ўј мvккагмæ дæр не сдојнvўдзæні; фæлæ ін Æз цv дон радтон, ўј умæн сўўдзæні æнусмæ цардмæ цаўгæ сўадонv дон.

15. Ўцv ус V'н захта: Хіјцаў! радт мvн ўцv дон, дојнv кўд нал кæнон, æмæ дон æвгæнvнмæ ардæм кўд нал цæўон, афтæ.

16. Jесо ін захта: ацу, дæ мојмæ басід, æмæ ардæм æрцу.

17. Ус V'н захта дзўап: мој мvн нæј. Jесо ін захта: мој дvн кæј нæј, ўј æцæг захтај.

18. Цæмæјдæрідтæр дvн уді фондз мојі, æмæ дvн нvр чі іс, ўјдæр дæ мој нæў; ўј дv æцæг захтај.

19. Ўцv ус V'н захта: Хіјцаў! Дv пæхумпар кæј дæ, ўј ўнvн.

20. Нæ фvдæлтæ ацv хохvл кўвтој; смах та зæвут: кувvн кæм æмбæлv, ўцv бvнат Јеруса-лімv іс.

21. Jесо ін захта: баўрнæд дæ Мæнæј, кўд æрцæўv ахæм афон, æмæ нæдæр ацv хохvл, нæдæр Јерусалімv кувдзvстv Фvдæн.

22. Смах нæ зонут, цæмæн кувўт; мах та зонæм, цæмæн кувæм: умæн æмæ ірвæзvндзінад Јўдетæј у.

23. Фæлæ æрцæйдзæн ахæм афон, æмæ цæйгæ дæр мæ æркодта, кæд æцæг кувджvтæ кувдзvстv Фvдæн удæj æмæ æцæгдзінадæj, умæн-æмæ Хуцаў агўрv Jæхіцæн ахæм кўвджvтv.

24. Хуцаў уд у: æмæ Умæн кувджvтvл кувvн æмбæлv удæj æмæ æцæгдзінадæj.

25. Ўцv ус V'н захта: Мессіа, ома Чvрvсті, кæj æрцæйдзæні, ўj зонvн; Уj кў æрцæўа, ўæд нvн æппæтдæр сæргомкæндзæні.

26. Jесо ін захта: ўj Æз дæн, демæ чі дзурv.

27. Ўцv афонv æрцvдvстv Jæ ахургæнінæгтæ, æмæ сæм дісфæкасті, Уj усімæ кæj нvхæстæкодта, ўj; фæлæ Ін jўдæр нæ захта: цv дзv курvс, кæнæ цæj тvххæj нvхæстæкæнvс ўjімæ.

28. Ўæд ўцv ус нvўахта jæ донхæссæн, æмæ ацvді сахармæ, æмæ захта адæмæн:

29. Рацæут, æмæ фенут, æз цv ракодтон, удон æппæт мvн чі захта, ўцv лæджv; цvмæ Уj Чvрvсті нæў?

30. Удон рацvдvстv сахарæj, æмæ ацvдvстv Умæ.

31. Ўæд Æj Jæ ахўргæнінæгтæ кўрдтоj, æмæ Ін захтоj; Равві! бахæр.

32. Фæлæ сvн Уj захта: Мæммæ, смах кæj нæ зонут, ахæм хæрінаг іс.

33. Ўj тvххæj Jæ ахургæнінæгтæ дзvрдтоj сæхі мідæг: ісчі Ін мijаг æрхаста цvмæ хæрінаг?

34. Jесо сvн захта: Мæ хæрінаг, Мæ рарвітæджv фæндон кæнvн æмæ Jæ qўдтаг сæххæсткæнvн у.

35. Смах нæ зæŋут нæ, ноджvдæр ма цvппар мæjі, æмæ стæj хўмгæрдæн удзæні? Æз та ўн зæŋvн: акæсут ўæ цæстvтæj æмæ фенут хўмтæ, удон кўд сбурvстv, æмæ кæрдvнмæ кўд сцæдтæстv.

36. Кæрдæг іcv jæ мvзд, æмæ æрæмбvрдкæнv дvрŋ æнусон цардмæ, афтæ-æмæ таўæг дæр, æмæ кæрдæг дæр jўмæ цінкæндзvстv.

37. Ўj тvххæj æмæ ўj дvмæгўл бæлвvрд у ацv дзvрд: jў таўv, іннæ та кæрдv.

38. Æз ўæ арвѵстон ўj кæрдѵнмæ, фæллоj кæўл нæ фæкодтат: æндæртæ фæфæллоjкодтоj, смах та сѵн сæ фæллоji бацѵдѵстут.

39. Æмæ ўцѵ Самаріегтæj бірætѵ баўрнѵдта Уj, ўцѵ усѵ дзѵрдмæ гæскæ, афтæ æвдісæн кў нѵлæўўдi, — цѵдæрідтæр фæкодтон, Уj мѵн удон jўўлдæр захта зæвгæ, ўæд.

40. Æмæ ўj тѵххæj умæ Самаріегтæ кў æрцѵдѵстѵ, ўæд Дзѵ кўрдтоj, цæмæj сæм фæўа: æмæ Уj фæцi ум дуўæ бонѵ.

41. Æмæ нодѭсѵ Уj фѵлдæрѵ баўрнѵдта Jæ дзѵрдмæ гæскæ.

42. Ўцѵ усæн та дзѵрдтоj: мах нѵр канд дæ дзѵрдѵ тѵххæj нæ ўрнѵ, цæмæjдæрідтæр нæхўдтæг феqўстам æмæ базѵдтам, Уj æцæг дунеi Ірвæзѵнгæнæг Чѵрѵсті кæj у, ўj.

43. Дуўæ бонѵ фæстæ Уj урдѵгæj рацѵдi, æмæ ацѵдi Галілеамæ.

44. Цæмæjдæрідтæр J е с о Jæхædæг æвдісæнлæўўдi, пæхумпарæн jæ фѵдѵ бæстѵ кад кæj нæj, ўўл.

45. Уj Галілеамæ кў æрцѵдi: ўæд Æj Галілеагтæ ajстоj, бæрæгбонѵ Jерусалімѵ цѵ кодта, удон jўўлдæр кæj федтоj, ўj тѵххæj; цæмæjдæрідтæр удон дæр бæрæгбонѵ удѵстѵ ум.

46. Æмæ афтæ, J е с о нодѭсѵдæр та æрцѵдi Галілеаг Канамæ, дон сæн кæм фестѵнкодта, урдæм. Кацернаумѵ уди jўчідæр патцахѵ разѵ лæўўæг лæг, jæ фѵрт рѵнчѵн кæмæн уди.

47. Уj кў фєqуста, J е с о Judeaje Галілеамæ кæj æрцѵдi, ўj, ўæд Æм æрцѵдi, æмæ Дзѵ кўрдта, цæмæj æрцæўа, æмæ ін сдзæбæхкæна jæ фѵртѵ, мælæтцаг чi уди, ўj.

48. J е с о ін захта: смах нæ баўрндзæн, кў нæ фенат нѵсæндтæ æмæ діссæгтæ ўæд.

49. Патцахѵ разѵ лæўæг V'н захта: Хіjцаў! æрцу, цалѵнмæ мæ фѵрт нæ ма амарді.

50. J е с о ін захта: ацу, дæ фѵрт дзæбæх у. Уj баўрнѵдта, J е с о ін цѵ дзѵрд захта ўj, æмæ ацѵдi.

51. Фæндагўл ѵл сæмбалдѵстѵ јæ кусдѥсѵтæ, æмæ ін захтој: дæ фѵрт дзæбæх у.
52. Ӯј сæ бафарста: кæцѵ сахатæј фенцојдæрі? Захтој ін: знонæј æвдæм сахатѵл нѵўахта тæвдніз.
53. Умæј јæ фѵд базѵдта, ўј уді тæккæ ўцѵ сахат, кæцѵі ін Јесо захта: дæ фѵрт дзæбæх у. Æмæ јæ баўрнѵдта јæхі дæр æмæ јæ бінонтæ æппæтѵ дæр.
54. Ај дѵккаг діссаг скодта Јесо, Јўдеаје Галілеамæ раздзæхгæјæ.

СÆР 5.

1. Ај фæстæ Јўдеаг бæрæгбон уді, æмæ æрцѵді Јесо Јерусаліммæ.
2. Æмæ Јерусалімѵ іс фѵстѵ дордтѵ разѵ најен, Евреагаў Віфезда[1]) хўнгæ, кæмæн уді фондз æмбæрст баўајæнѵ.
3. Удон мідæг садтѵстѵ ідтæг бірæ рѵнчѵнтæ, кўрмѵтæ, ќўлѵхтæ, хўсч́ѵтæ, донѵ сѵзмæлѵнмæ æнqæлмæ чі касті удон.
4. Цæмæјдæрідтæр Хіјцаўѵ Зæд јў хадтæј-хадт æрцѵді најенмæ, æмæ јў сѵзмæста дон; æмæ јў фѵтцаг чі нѵххѵсті, донѵ сѵзмæнтѵнѵ фæстæ, ўј јў сдзæбæхі, цѵдæрідтæр нізæј јў удаід рѵнчѵн, умæј.
5. Ум уді, стæс-æмæ-ссæдз азѵ рѵнчѵн чі уді, јў ахæм лæг.
6. Јесо кў федта ўј æвтѵдæј, æмæ кў базѵдта ўј рагæј кæј сæјі ўј, ўæд ѵн захта: дзæбæх цæмæј ўај, ўј дæ фæндѵ?
7. Рѵнчѵн ѵн захта: бæргæ мæ фæндѵ, Хіјцаў! фæлæ мѵн ахæм лæг нæј, чі мæ аўадза најенѵ, дон кў сѵзмæлѵ ўæд; цалѵнмæ æз æрцæўн најенмæ, ўалѵнмæ æндæр нѵххізѵ мæ фѵтцаг.
8. Јесо ін захта: сѵст, сіс дæ хўссæнгæрстæ, æмæ цу.

[1]) хорзæхѵ бѵнат.

9. Æмæ ўj тæккæ ўцv сахатvл сдзæбæхi, сiста jæ хўссæнгæрстæ, æмæ ацvдi. Aj уди сабатбонv.
10. Ўj тvххæj Jўдетæ дзvрдтоj, чi сдзæбæхi, умæн: абон сабат у; нæ дvл æмбæлv хўссæнгæрстæ сiсvн.
11. Уj сvн дзўап радта: Чi мæ сдзæбæхкодта, Уj мvн захта: сiс дæ хўссæнгæрстæ, æмæ цу.
12. Бафарстоj jæ: ўцv лæг чi у, чi дvн захта: сiс дæ хўссæнгæрстæ, æмæ цу?
13. Чi сдзæбæхi, ўj нæ зvдта, ўj чi у; цæмæйдæрiдтæр Jесо фæаўон, ўцv ранv цv адæм уди, удон æхсæн.
14. Ўj фæстæ Jесо сæмбæлди ўўл арђўанv, æмæ iн захта: he, нvр сдзæбæх дæ; æмæ ўодæ тæрiђæд ма кæн, цæмæj дvл iстv æвзæрдæр ма сæмбæла.
15. Ўцv лæг ацvдi, æмæ захта Jўдетæн, чi jæ сдзæбæхкодта, Уj Jесо кæj у, ўj.
16. Æмæ Jўдеегтæ сурvнбajдvдтоj Jесоi, æмæ Jæ амарvнмæ агўрдтоj, Уj сабатv ахæм qўдтæгтæ кæj кодта, ўj тvххæj.
17. Jесо та сvн дзvрдта: Мæ Фvд нvрмæ кæнv, æмæ Æз дæр кæнvн.
18. Æмæ Jæ iдтæгдæр агўрдтоj Jўдеегтæ амарvнмæ, Уj сабатv кæj саста канд ўj тvххæj нæ, фæлæ Хуцаўv дæр Jæ Фvд кæj хўдта, æмæ Jæхi Хуцаўv æмхўзон кæj кодта, ўj тvххæj.
19. Аўл сvн Jесо захта: æцæг, æцæг зæђvн смахæн: Фvрт Jæхæдæг Jæхiцæj нiцv фæразv кæнvн Фvдv кæнгæ кў нæ фена, ўæд: умæн-æмæ Уj цv кæнv, ўj Фvрт дæр кæнv.
20. Цæмæйдæрiдтæр Фvд ўарзv Фvртv, æмæ ўнvнкæнv, Jæхæдæг цv кæнv, удон jўўл; æмæ Iн фенvнкæндзæн адонæj стvлдæр qўдтæгтæ дæр, смах дiс кўд фæкæнат афтæ.
21. Цæмæйдæрiдтæр Фvд кўд сvстvнкæнv мæрдтv æмæ сæ сvгаскæнv, Фvрт дæр афтæ сvгаскæнv, кæj Jæ фендv, ўj.
22. Цæмæйдæрiдтæр Фvд тæрхон дæр нiкæмæн кæнv, фæлæ алv тæрхондзiнад радта Фvртæн;

23. Цæмæј æппæт каддҥсѵн дарој Фѵртѵ, Фѵдѵ кўд каддҥсѵн дарѵнц афтæ. Каддҥсѵн чі нæ дарѵ Фѵртѵ, ўј Јæ рарвітæг Фѵдѵ дæр каддҥсѵн нæ дарѵ.
24. Æцæг, æцæг зæҕѵн смахæн: Мæ дзѵрдмæ чі ɋусѵ, æмæ Мæн чі рарвѵста, Уј кæј ўрнѵ, умæн æнусмæ цард іс; æмæ іл тæрхон нæ æмбæлѵ, фæлæ ўј мæлæтæј цардмæ ахѵсті.
25. Æцæг, æцæг зæҕѵн смахæн: æрцæўѵ афон, æмæ нѵр дæр у, æмæ мæрдтæ феɋусцѵстѵ Хуцаўѵ Фѵртѵ ɋæлæс, æмæ, феɋускæје, сѵгас удзѵстѵ
26. Цæмæјдæрідтæр Фѵдæн Јæхіцæн Јæхі мідæг цард кўд іс; афтæ Фѵртæн дæр радта, цæмæј Ін Јæхіцæн Јæхі мідæг цард ўа.
27. Æмæ Ін тæрхонкæнæн дæр бар радта, Уј адæјмадҥсѵ Фѵрт кæј у, ўј тѵххæј.
28. Аўл діс ма кæнут: цæмæјдæрідтæр æрцæўѵ афон, кæцѵі, інгæнтѵ чі стѵ, удон сеппæт фæɋусцѵстѵ Хуцаўѵ Фѵртѵ ɋæлæс,
29. Æмæ хорзгæндҥсѵтæ рацæўдзѵстѵ цардѵ рајгасæн, æвзæргæндҥсѵтæ та фѵдтæрхонѵ рајгасæн.
30. Æз Мæхæдæг Мæхіцæј ніцѵ кæнѵн фæразѵн. Кўд ɋусѵн, афтæ тæрхонкæнѵн; æмæ Мæ тæрхон раст у: цæмæјдæрідтæр Æз Мæхі фæндон нæ агурѵн, фæлæ Мæ рарвітæг Фѵдѵ фæндон агурѵн.
31. Æз кæд Мæхæдæг Мæхі тѵххæј æвдісæнлæўѵн, ўæд Мæ æвдісæндзінад æцæг нæ у.
32. Іс æндæр, Мæн тѵххæј æвдісæн чі лæўѵ, æмæ Æз зонѵн, æцæг кæј у ўцѵ æвдісæндзінад, Уј æвдісæн кæмæј лæўѵ Мæн тѵххæј.
33. Смах æрвѵстат Јоаннмæ; æмæ ўј æцæгдзінадѵ тѵххæј æвдісæн нѵллæўўді.
34. Фæлæ Æз лæгæј нæ ісѵн æвдісæндзінад; æрмæст ај дзурѵн ўј тѵххæј, цæмæј смах фервæзат.
35. Уј уді судзгæ æмæ æрттівгæ рухсгæнæн; смах та фæндѵді чѵсѵл афон ўј рухсѵ цур цінкæнѵн.
36. Мæнæн та іс Јоаннæј стѵлдæр æвдісæндзінад: цæмæјдæрідтæр Мѵн, Мæ Фѵд цѵ ɋўдтæгтæ радта сæххæсткæнѵнæн, ўцѵ ɋўдтæгтæ сæхўдтæг,

Æз кæj кæнvн, æвдісæн лæўўнц Мæн тvххæj, Мæн Фvд кæj рарвvста, ўj тvххæj.

37. Мæ рарвітæг Фvд дæр Jæхæдæг æвдісæн нvллæўўді Мæн тvххæj. Смах та Ін Jæ qæлæс дæр нікў феqўстат, æмæ Ін Jæ цæском дæр нæ федтат.

38. Æмæ Ін Jæ дзvрд дæр ўæхімæ нæ дарут, ўj тvххæj æмæ ўæ, Уj кæj рарвvста, Уj нæ ўрнv.

39. Сбæрæгкæнут фvстvтv: цæмæjдæрідтæр смах ўæхўдтæг æнqæлут удонv фæрцv æнусон цард ссарvн; удон та æвдісæн лæўўнц Мæн тvххæj.

40. Фæлæ смах нæ фæндv Мæммæ æрбацæўн цард ссарvнv тvххæj.

41. Æз нæ ісvн кад адæмæj:

42. Фæлæ ўæ зонvн; смахмæ нæj Хуцаўv ўарзондзінад.

43. Æз æрцvдтæн Мæ фvдv номæj, æмæ Мæ нæ ісут; фæлæ æндæр ісчі кў æрцæўа jæхі номæj, ўæд æj ajстцvстут.

44. Смах кўд баўрна, ўæ кæрæдзіjе кад кў ісут ўæд, фæлæ jўнæг Хуцаўæj цv кад іс, ўj нæ агурут?

45. Ўj æнqæл ма ут, æмæ ўæ Æз Мæ Фvдv разv зvлvнкæндзvнæн: смахæн іс зvлvнгæнæг Moicej, смах нvфсджvн кæмæj стут.

46. Цæмæjдæрідтæр смах Moicej, кў ўрнід, ўæд ўæ Æз дæр баўрнvдтаін; умæн-æмæ уj фvста Мæн тvххæj.

47. Æмæ ўæ кæд ўj фvстvтæ нæ ўрнvнц, ўæд ўæ кўд баўрндзvстv Мæ дзvрдтæ.

СÆР 6.

1. Ўj фæстæ ацvді Jесо Галілеаг денджvзv ўцv фарсмæ, Тіверіадv алфамблajмæ.

2. Jæ фæдvл цvдvстv бірæ адæм, Уj рvнчvнтvл цv діссæгтæ æвдvста, ўj кæj федтоj, ўj тvххæj.

3. Jесо ссvді хохмæ æмæ ум баззаді Jæ ахўргæнінæгтімæ.

4. Јўдеаг бæрæгбон Пасха дæр æрæввахсі.
5. Јесо ракастi, æмæ Јæм, бірæ адæм кæј æрбацæўv, ўј фенгæјæ, захта Філіппæн: дзул кæм балхæнæм удон бафсадvнv тvххæј?
6. Аj дзvрдта, ўј æвзаргæјæ; цæмæјдæрідтæр Јæхæдæг зvдта, цv кæнvн Æj фæндvді, ўј.
7. Філіпп Vн дзўап радта: удонæн дуўæ фондзссæдз дінарі арђ дзул дæр фаг нæ удзæні, алкæјдæр сæ фæјнæ чvсvл цæмæј фæўа умæн.
8. Јæ ахургæнінæгтæј јў, Андрej, Сімон Петрv æфсvмæр, захта Умæн:
9. Ам јў лæппумæ іс фондз хорvн кæрдзvнv, æмæ дуўæ кæсадѫсv; удон цv фаг стv ўјас бірæ адæмæн?
10. Јесо захта: зæђут сvн, æрбадæнт. Ўцv ран уді кæрдæгдѫсvн. Æмæ афтæ æрбадтvстv адæм фондз мінv хvђдмæ æввахс.
11. Јесо рајста кæрдзvнтæ, скўвта, æмæ бајўæрста Јæ ахургæнінæгтæн, Јæ ахургæнінæгтæ та, чі бадтvстv удонæн, кæсæгтv дæр афтæ, кæј цас qўді.
12. Æмæ кў бафсæстvстv; ўæд Јæ ахургæнінæгтæн захта: æрæмбvрдкæнут цv ќæбæртæ баззадvстv удон, кўд ніцv сæ фесæфа афтæ.
13. Æмæ æрæмбvрдкодтој æмæ бајдзагкодтој дуўадæс тæсчv ќæбæртæј, ўцv фондз хорvнкæрдзvнæј чі бахордтој, удон ўолдæјдтæј.
14. Ўæд адæм, Јесо цv діссаг скодта ўј чі федтој, удон захтој: аj тæккæ ўцv пæхумпар у, дунемæ æрцæўн кæул æмбæлv.
15. Јесо кў базvдта, æрцæўн сæ кæј фæндv, æмæ Јæ æвіппајдv акæнvн семæ, цæмæј Јæ патцах скæноj, ўæд ма ссvді фæстæмæ хохмæ јўнæгæј.
16. Æмæ кў баізæрі, ўæд Јæ ахургæнінæгтæ æрцvдvстv денджvзмæ,
17. Æмæ бæлæђмæ бацæўгæјæ, ахvстvстv денджvзv ўцv фарсмæ, Капернаummæ. Талvнгкæнvн бајдvдта, фæлæ сæм Јесо нікў зvнді.
18. Стvр ўад ссстаді, æмæ денджvз улæнтækодта.

19. Кў аівҕўдтоj фондз-æмæ-ссæдз кæнæ дæс-æмæ-ссæдз стадіаj[1]) jас, ўæд федтоj денд҄сvзvл цæўгæ, æмæ бæлæҕмæ æввахсгæнгæ Jесоі, æмæ фæтáрстvстv.

20. Фæлæ сvн Уj захта: аj Æз дæн, ма тæрсут.

21. Удон фæндvді Уj бæлæҕмæ аjсvн; фæлæ бæлæҕ æвіппаjдv бvлvл банцаді, кæдæм цvдvстv, ум.

22. Дvккаг бон денд҄сvзv ўцv фарс чі лæўўдvстv, ўцv адæм ум jў бæлæҕv jедтæмæ нæ федтоj, Jæ ахургæнінæгтæ кæм бацvдvстv, Jесо та бæлæҕv Jæ ахургæнінæгтімæ кæj нæ бацvді, фæлæ Jæ ахургæнінæгтæ jўнæгæj кæj ахvстvстv, ўj.

23. Афтæмæj Тіверіадæj æрцvдvстv æндæр наўтæ, дзул кæм бахордтоj, Хіjцаўv арфæкæнvнv фæстæ, ўцv ранмæ хæстæг.

24. Æмæ афтæ адæм кў федтоj, Jесо ум кæj налі, æмæ Jæ ахургæнінæгтæ кæj нал стv, ўæд сбадтvстv наўтv, æмæ æрцvдvстv Капернауммæ, Jесоі агурvнмæ.

25. Æмæ Jæ денд҄сvзv ўцv фарс кў ссардтоj, ўæд Vн захтоj: Равві! ардæм кæд арцvдтæ?

26. Jесо сvн дзўаппæн захта: æцæг, æцæг ўн зæҕvн: смах, діссаг кæj федтат, ўj тvххæj нæ, фæлæ кæрдзvн кæj бахордтат, æмæ кæj бафсæстvстут, ўj тvххæj Мæ агурут.

27. Æмбіjгæ хæрінад҄сv тvххæj ма мæткæнут, фæлæ мæткæнут æнусон цардv цv хæрінаг удзæні, адæjмад҄сv Фvрт ўн кæj ратцæні, ўj тvххæj; цæмæjдæрідтæр Уўл Jæ мvхўр бафтvдта Фvд, Хуцаў.

28. Ўодæ цv кæнæм, зæҕгæ Ін захтоj: Хуцаўv qўдтæгтæ цæмæj кæнæм, ўj тvххæj?

29. Jесо сvн захта дзўаппæн: мæнæ, Хуцаўv qўдтаг ўj у, цæмæj ўæ ўрна, Уj кæj рарвvста, Уj.

[1]) æлмæрін.

30. Ўўл Vн захтој: цавæр нvсан нvн ратцvнæ, цæмæј мах фенæм, æмæ Дvл баўæндæм? Дv цv кæнvс?

31. Нæ фvдæлтæ хордтој манна æдзæрæгранv, чінvдѭсv фvст кўд у: ўоларвæј сvн радта дзул хæрvнæн. (Псал 77, 24.)

32. Јесо та сvн захта: æцæг, æцæг ўн зæɣvн: ўоларвæј ўн дзул Моісеј нæ радта, фæлæ ўн Мæ Фvд дæдтv смахæн æцæг дзул ўоларвæј.

33. Цæмæјдæрідтæр Хуцаўv дзул ўј у, ўоларвæј чі æрцæўv, æмæ дунејен цард чі дæдтv.

34. Ўўл Vн захтој: Хіјцаў! дæдт нvн кæдтæрідтæр ахæм дзул.

35. Јесо та зvн захта: Æз дæн цардv дзул: Мæммæ æрцæўæг стонг нæ кæндзæн, æмæ Æз кæј ўрнон, ўј дојнv цікў кæндзæн.

36. Фæлæ ўн Æз захтон, ўнгæ Мæ фæкодтат, фæлæ ўæ ўодтæр нæ ўрнv.

37. Мæнæн Мæ Фvд цv дæдтv, ўј јўўлдæр Мæммæ æрцæўдзæні; æмæ Мæммæ æрцæўæдѭсv æдтæмæ нæ асурдзvнæн.

38. Цæмæјдæрідтæр Æз ўоларвæј Мæ фæндон кæнvн нæ, фæлæ Мæ рарвітæг Фvдv фæндон кæнvнvнv тvххæј æрцvдтæн.

39. Мæ рарвітæг Фvдv фæндон та ўј у, цæмæј, Уј Мæнæн кæј радта, удонæј мацv фесафон, фæлæ удон æппæт рајгасој фæстаг бонv.

40. Мæ рарвітæг Фvдv фæндон ўј у, цæмæј алкæмæн, Фvртv чі унv, æмæ Уј кæј ўрнv, умæн ўа æнусон цард, æмæ Јæ Æз рајгаскæндзvнæн фæстаг бонv.

41. Æмæ Іл бузтæкæнvн бајдvдтој Уўл Јўдетæ, Æз ўоларвæј æрцæўæг дзул дæн, зæɣгæ кæј захта, ўј тvххæј.

42. Æмæ дзvрдтој: ај Јосіфv фvрт, Јесо, нæ у нæ, Јæ фvдv æмæ Јæ мадv мах кæмæн зонæм? Афтæмæј кўд зæɣv: Æз ўоларвæј æрцvдтæн зæɣгæ?

43. Јесо сvн захта дзўап: ўæхі мідæг бузтæ ма кæнут.

44. Мæммæ æрцæўн нічі фæразv, Мæ рарвітæг Фvд æј кў нæ æркæна ўæд; æмæ јæ Æз рајгаскæндзvнæн фæстаг бон.

45. Пæхумпартæм фvст у: æмæ æппæтæн амvнд удзæні Хуцаўæј. Фvдæј феqусæг, æмæ Умæј ахургонд, æрцæўv Мæммæ. (Icaiai 54, 13.)

46. Аj ўј мијаг нæ у, æмæ ісчі федта Фvдv, Хуцаўæј чі у, ўј једтæмæ; Уј федта Фvдv.

47. Æцæг, æцæг зæвvн смахæн: Æз кæј ўрнон, умæн æнусон цард іс.

48. Æз дæн цардv дзул.

49. Ўæ фvдæлтæ хордтој æдзæрæгбæстv манна, æмæ амардvстv.

50. Фæлæ ўоларвæј цæўæг дзул ахæм у, æмæ умæј чі хæра, ўј нæ амæлдзæні.

51. Æз цæргæ дзул дæн, ўоларвæј æрцæўгæ: ацv дзул чі бахæра, ўј мvккагмæ цæрдзæні; Æз цv дзул радтон, ўј та Мæ бўар у, Æз дунеј цардv тvххæј кæј ратцvнæн.

52. Ўæд Јўдетæ сбvцæўстv сæхі мідæг, æмæ дзvрдтој: Уј нvн кўд бафæраздзæн Јæ бўар хæрvнæн радтvн?

53. Јесо та зvн захта: ацæг, ацæг зæвvн смахæн: адæјмадҳсv Фvртv бўар кў нæ хæрат, æмæ Ін Јæ туг кў нæ нўазат; ўæд ўæ мідæг цард нæ удзæні.

54. Мæ бўар чі хæра, æмæ Мæ туг чі нўаза, умæн æнусмæ цард іс; æмæ Јæ Æз рајгаскæндзvнæн фæстаг бон.

55. Цæмæјдæрідтæр Мæ бўар æцæг хæрінаг у, æмæ Мæ туг æцæг нўазінаг.

56. Мæ бўар чі хæрv, æмæ Мæ туг чі нўазv, ўј Мемæ іс, æмæ Æз дæр ујімæ дæн.

57. Мæн кўд рарвvста цæргæ Фvд, æмæ Æз дæр цæрvн Фvдæј: Мæн чі хæрv, ўј дæр афтæ цæрдзæні Мемæ.

58. Тæккæ аj у ўоларвæј æрцæўгæ дзул. Ўæ фvдæлтæ манна кўд хордтој, æмæ амардvстv афтæ нæ: ацv дзул чі хæра, ўј мvккагмæ цæрдзæні.

59. Aj дзvрдта Уj нvхасv Капернаумv кӳ амvдта, ӳæд.
60. Jæ ахургæнінæгтæj бірæтæ aj кӳ феqӳстоj, ӳæд дзvрдтоj: цv діссаг дзvрдтæ стv адон! чі фæразv aj qусvн.
61. Фæлæ Jесо Jæхæдæг зонгæjæ, Jæ ахургæнінæгтæ аӳл бузтæ кæj кæнvнц, ӳj, захта удонæн: aj ӳæ рæдіін кæнv?
62. Ӳæдæ цv удзæні, адæjмадӽсv Фvртv фvтцаг кæм уді, урдæм ссæӳгæ кӳ фенат, ӳæд?
63. Уд æгаскæнv, фæлæ бӳар чvсvл aqаздæр нæ вæjі. Æз ӳн цv дзvрдтæ зæӈvн, удон стv уд æмæ цард.
64. Фæлæ смахæj чідæртæ æнæӳрнӽсvтæ стv. Цæмæjдæрідтæр Jесо фvтцагæjдæр зvдта, æнæ ӳрнӽсvтæ чі стv, удон, æмæ Jæ чі ратцæні ӳj.
65. Æмæ захта: ӳj тvххæj ӳн дзvрдтон, нічі фæразv Мæммæ æрцæӳн, Мæ Фvдæj ін лæвæрд кӳ нæ ӳа ӳj, ӳæд.
66. Ацv афонæj Jæ ахургæнінæгтæj бірæтæ ахіцæнçтv Умæj, æмæ нал цvдvстv Jемæ.
67. Ӳæд Jесо дуӳадæсæн захта: смах дæр Мæнæj ацæӳн фæндv мійаг.
68. Сімон Петр захта Умæн дзӳап: Хіjцаӳ! кæмæ æцæӳæм мах? Дæӳмæ іс æнусмæ цардv дзvрдтæ.
69. Æмæ мах баӳрнvдта æмæ базvдтам, Дv Чvрvсті, цæргæ Хуцаӳv Фvрт кæj дæ, ӳj.
70. Jесо сvн дзӳап радта: дуӳадæсv ӳæ нæ сæвзæрстон нæ Æз? фæлæ смахæj jӳ хæjрæг у.
71. Aj захта Уj Іскаріотаг Јуда Сімонv фvртv тvххæj: цæмæjдæрідтæр ӳj, Jæ дуӳадæс ахургæнінæгтæj jӳ ӳовгæjæ, ӳj фæстæ Jæ радта.

СÆР 7.

1. Ӳj фæстæ Jесо зvлді Галілеаі: цæмæjдæрідтæр Jӳдеаі зілvн Æj нæ фæндvді, Jӳдетæ Jæ амарvнмæ кæj агӳрдтоj, ӳj тvххæj.

2. Æрæввахсі Јўдетѵ бæрæгбон: халаҕўдтæ аразѵн.
3. Ўæд Ѵн Јæ æфсѵмæртæ захтој: ацу ардѵгæј, æмæ Јўдетѵ бæстæм бацу, цæмæј Дæ ахургæнінæгтæ дæр, Дѵ цѵ qўдтæгтæ кæнѵс, удон феној.
4. Цæмæјдæрідтæр сусæгæј нічі ніцѵ кæнѵ, æмæ цæмæј зонгæ ўа, ўўл зілѵ. Кæд Дѵ ахæм qўдтæгтæ кæнѵс; ўæд раргомкæн Дæхі дунејен.
5. Цæмæјдæрідтæр Јæ æфсѵмæртѵ дæр нæ ўрнѵдта Ј.
6. Аўл сѵн Јесо захта: Мæ афон нѵрма нæ ма æрцѵді, смахæн та кæдтæрідтæр іс афон.
7. Смах дуне нæ ўарзѵн нæ фæразѵ; Мæн та нæ ўарзѵ. Æз æвдісæн кæј лæўўн, умæн јæ qўдтæгтæ æвзæр кæј стѵ, ўј тѵххæј.
8. Смах ацæўдзѵстут бæрæгбонмæ; фæлæ Æз нæ ма цæўн ацѵ бæрæгбонмæ, умæн æмæ Мæ афон нæма æрхæстæдҥсі.
9. Ај захта удонæн, æмæ Галілеаі баззаді.
10. Фæлæ Јæ æфсѵмæртæ бæрæгбонмæ кў æрцѵдѵстѵ; ўæд Ј дæр бæрæгбонмæ æрцѵді, æргомæј нæ, фæлæ цѵма сусæгæј.
11. Јўдетæ Јæ агўрдтој бæрæгбонѵ, æмæ дзѵрдтој: кæмі Ј?
12. Æмæ адæмѵ æхсæн бірæ којтæ уді Ј тѵххæј: јўтæ дзѵрдтој: Ј хорз у; іннæтæ та дзѵрдтој: нæ, фæлæ фæлівѵ адæмѵ.
13. Фæлæ æргомæј Ј тѵххæј нічі дзѵрдта, Јўдетæј тæрскæје.
14. Бæрæгбонæн јæ æмбісѵ бацѵді Јесо арҕўанмæ, æмæ амѵдта.
15. Æмæ Јўдетæ діс кодтој, дзургæјæ: Ј чінгўтæ кўд зонѵ, æнæ ахўрæј?
16. Јесо сѵн дзўаппæн захта: Мæ амѵнддзінад Мæн нæ у, фæлæ Мæ рарвітæдҥсѵ.
17. Ј фæндонкæнѵн кæј фæндѵ, ўј базондзæні, Хуцаўæј у Мæ амѵнд, æві Мæхæдæг Мæхіцæј дзурѵн.

18. Јæхæдæг јæхіцæј чі дзурv, јæхіцæн кад агурv; фæлæ јæ рарвітæгæн кад чі агурv, Ўј æцæг у, æмæ Умæ зvлvндзінад нæј.

19. Moicej ўн дін нæ радта, нæ? æмæ смахæј нічі цæрv дінмæ гæскæ. Цæмæн Мæ агурут амарvнмæ?

20. Адæм V'н захтој дзўап: хæјрæгднсvн дæ цv? чі Дæ агурv амарvнмæ?

21. Jeco, нvхæстæкæнгæјæ, захта: јў qўдтаг скодтон Æз, æмæ ўеппætдæр діскæнут.

22. Moicej ўн радта сунæт (кæд ўј Moiceje нæ уді, фæлæ фvдæлтæј ўæдтæр); æмæ смах сабатбонv сунæткæнут лæднсv.

23. Кæд сабатбонv сунæт рајсv лæг, цæмæј Moicei дін хæлд ма ўа: ўæд Мæммæ хæрам цæј тvххæј стут, Æз сабатбонv лæг кæј сдзæбæхкодтоң, ўўл?

24. Ўндмæгæскæ ма тæрхонкæнут, фæлæ раст тæрхонæј тæрхонкæнут.

25. Ум Јерусалімæгтæј јў чідæртæ дзvрдтој: амарvнмæ кæј агурvнц, ај ўј нæ у, нæ?

26. Мæнæ Уј æргомæј дзурv, æмæ Ін ніцv зæңvнц: кæд хіцæўдтæ баўрнvдта мијаг, Уј бæлвvрд Чvрvсті кæј у, ўј?

27. Фæлæ Јæ мах зонæм, кæцæј у ўј; Чvрvсті та кў æрцæўа, ўæд нічі зондзæні, кæцæј у, ўј.

28. Ўæд Jeco сqæркодта арңўанv, амонгæјæ æмæ дзургæјæ: Мæн дæр зонут, æмæ кæцæј дæн, ўј дæр зонут: æмæ Æз Мæхæдæг Мæхіцæј нæ æрцvдтæн, фæлæ Мæ рарвітæг, смах кæј нæ зонут, Уј æцæг у;

29. Æз Æј зонvн, умæн-æмæ Æз Умæј дæн, æмæ Мæ Уј рарвvста.

30. Æмæ Јæ æрцахсvнмæ агўрдтој, фæлæ Јæм јæ ќўхæј дæр нічі бавнæлдта; умæн-æмæ Јæ сахат нæ ма æрхæтцæі.

31. Адæмæј та бірæтv баўрнvдта Уј; æмæ дзvрдтој: Чvрvсті кў æрцæўа, ўæд Уј, Ај цv нvсæнтæ скодта, удонæј фvлдæр скæндзæні цv?

32. Фарiсетæ феqўстоj Уj тvххæj ацv коjтæ адæмv æхсæн, æмæ фарiсетæ æмæ саўдзсvнтvхiстæртæ арвvстоj сæ кусдзсvтv, Уj æрцахсvнмæ.

33. Jесо та сvн захта: бiрæ нал фæўдзvнæн смахiмæ, æмæ Мæ рарвiтæгмæ æцæўдзvнæн.

34. Агурдзvстут Мæ, æмæ Мæ не ссардзvстут; æмæ Æз кæм удзvнæн, ўрдæм смах нæ бафæраздзvстут æрцæўн.

35. Ўæд Jўдетæ сæ кæрæдзijен дзvрдтоj: кæдæм цæўнмæ qавv, мах Æj кўд нæ ссарæм афтæ? Елiнтv чi нvххæлiўстv удонмæ цæўн æмæ сvн амонvн, кæд мijаг qавv?

36. Цv дзvрдтæ стv ацv дзvрдтæ, Уj кæj захта удон: агурдзvстут Мæ, æмæ Мæ не ссардзvстут; æмæ Æз кæм он, ўрдæм смах æрцæўн нæ бафæраздзvстут?

37. Бæрæгбонv стvр фæстаг бонv лæўўди Jесо æмæ qæрæj захта: дojнv кæмæн у, ўj Мæммæ æрцæўæд, æмæ баназæд.

38. Æз кæj ўрнvн, умæн, фvст кўд у, jæ гўбvнæj цæргæ донv фўрдтæ рацæўдзvстv. (Icaiai 12, 3. Iоiлi 3, 18.)

39. Аj захта Уj Удv тvххæj, Jæ ўрнджvтæ рajсiнаг кæj удvстv: цæмæjдæрiдтæр сvл Сvђдæг Уд нæ ма уди, Jесо кадджvнгонд кæj нæ ма ссi ўj тvххæj.

40. Адæмæj бiрæтæ ацv дзvрдтæ феqускæjæ, захтоj: Уj бæлвvрд пæхумпар у.

41. Iннæтæ дзvрдтоj: Чvрvсти у. Фæлæ jўæjjўтæ та дзvрдтоj: æмæ Галiлеаjе æрцæўдзæнi цv Чvрvсти?

42. Фvст нæ у нæ чiнvджv: Чvрvсти, Давiдv цотæj кæj æрцæўдзæн, æмæ Вiфлеемæj, Давiд кæцæj уди, ўцv бæстæj?

43. Амæ афтæмæj Уj тvххæj qæлæба ссi адæмv æхсæн.

44. Удонæj Jæ чiдæртæ æрцахсvнмæ qавvдvстv, фæлæ Jæм нiчi бавнæлдта.

45. Æмæ афтæ кўсдҥсѵтæ раздæхтѵстѵ саўдҥсѵнтѵхістæртæм æмæ фарісетæм, æмæ сѵн удон захтој: цæўлнæ Јæ æркодтат?
46. Кусдҥсѵтæ дзўап радтој: ацѵ лæгаў, лæг æппѵндæр нікў дзѵрдта.
47. Фарісетæ сѵн захтој: смах дæр фæрæдѵдѵстут цѵ?
48. Хістæрæј кæнæ фарісетæј іскæј мijаг баўрнѵдта.
49. Фæлæ ацѵ адæм, дін нæзонæг, налат у.
50. Нікодім, æхсæвѵ Јæм чі æрцѵді, ўј удонæј ўовгæјæ, захта удонæн:
51. Нæ дін афхæрѵ мijаг лæдҥсѵ, фѵтцаг æм кў нæ бајqусој, æмæ кўнæ базоној, цѵ кæнѵ ўј, ўæд.
52. Аўл ѵн захтој: дѵ дæр Галілеаг ма у? Бацагур æмæ фендзѵнæ, Галілеаје пæхумпар кæј нікў æрцѵді, ўј.
53. Æмæ јўўлдæр ацѵдѵстѵ сæ хæдзæрдтæм.

СÆР 8.

1. Јесо та ссѵді Зетіі дѵрђѵ хохмæ.
2. Фæлæ рајсомѵ фæстæмæ æрцѵді арђўанмæ, æмæ адæм јўўлдæр цѵдѵстѵ Умæ. Уј æрбадт, æмæ сѵн амѵдта.
3. Ўм Æм чінѵдҥсѵдæснѵтæ æмæ фарісетæ æркодтој хæткæје æрцахст усѵ, æмæ јæ астæўæј нѵллæўнгæнгæјæ,
4. Захтој Умæн: Ахургæнæг! ацѵ ус ахст фæці тæккæ хæтѵндзінадгæнгæје.
5. Моісеј та нѵн дінѵ бафæдзæхста ахæмтѵ дуртæј марѵн: Дѵ цѵ зæђдзѵнæ?
6. Ај дзѵрдтој Уј ќахкæјæ, цæмæј Јæм істѵ ссарој фæзѵлѵнкæнѵмæ. Фæлæ Јесо зæхмæ æргўбѵргæнгæјæ, Јæ æнгўлдзæј зæххѵл фѵста, æмæ сæм Јæ qус нæ дардта.
7. Æмæ Јæ æнæбанцајгæјæ кў фарстој; ўæд Уј скасті, æмæ сѵн захта: смахæј æнæтæріђæд чі у, ўј іл фѵтцадҥсѵдæр нѵццæвæд дур.

8. Æмæ та, нодзсvдæр æргўбvргæнгæjæ, фvста зæххvл.

9. Удон ўj кў феqўстоj, ўæд, сæ намvсæj фефсæрмvгонд ўовгæje, сæ кæрæдзii фæстæ цæўн бajдvдтоj, хiстæртæj кæстæртv онг; æмæ базаді Jесо jўнæгæj, æмæ ўцv ус, астæўæj лæўгæjæ.

10. Jесо кў скасті, æмæ ўцv усv jедтæмæ кў нікæj ўал федта, ўæд vн захта: о усај! дæ нvмудзджсvтæ кæм vстv? Нічі дæ фæзvлvнкодта?

11. Ўj дзўап захта: нічі, Хіjцаў! Jесо ін захта: Æз дæр дæ нæ зvлvнкæнvн. Ацу, æмæ тæріўæд ма ўал кæн.

12. Нодзсvдæр дзvрдта Jесо адæммæ, æмæ сvн захта: Æз дунеі рухс дæн; Мæ фæдvл чі рацæўа, ўj талvнджv нæ цæўдзæні, фæлæ jæм цардv руxс удзæні.

13. Ўæд Vн фасісетæ захтоj: Дv Дæхædæг Дæхі тvххæj æвдісænлæўvс, Дæ æвдісændзінад æцæг нæў.

14. Jесо сvн дзўаппæн захта: Æз Мæхædæг Мæхі тvххæj æвдісæн кў лæўўон, ўæдтæр Мæ æвдісændзінад æцæг у; ўj тvххæj æмæ Æз зонvн кæцæj æрцvдтæн, æмæ кæдæм цæўн: смах та нæ зонут, Æз кæцæj дæн, æмæ кæдæм цæўн.

15. Смах тæрхонкæнут бўармæгæскæ; Æз нікæмæн тæрхонкæнvн.

16. Æмæ кæд тæрхонкæнvн, ўодтæр Мæ тæрхон раст у, умæн-æмæ Æз jў нæ дæн, фæлæ стæм Æз æмæ Мæ рарвітæг Фvд.

17. Æмæ ўæ дінv дæр фvст кў іс: дуўæ лæдзv æвдісændзінад æцæг кæj у, ўj. (Дvккагдін. 19, 15.)

18. Æз Мæхædæг Мæхі тvххæj æвдісæн лæўvн, æмæ æвдісæн лæўv Мæн тvххæj Мæ рарвітæг Фvд дæр.

19. Ўæд Vн захтоj: Дæ Фvд кæм іс? Jесо сvн дзўап радта: смах нædæр Мæн зонут, нædæр Мæ Фvдv; Мæн кў зоніккат, ўæд Мæ Фvдv дæр зоніккат.

20. Ацѵ дзѵрдтæ дзѵрдта Јесо хæзнадонѵ цур, арђўанѵ кў амѵдта ўæд; æмæ Јæ нічі æрцахста, умæн-æмæ Јæ сахат нæ ма æрцѵді.

21. Нодҥсѵдæр та сѵн захта Јесо: Æз цæўн, æмæ Мæ агурдзѵстут; æмæ ўæ тæріђæдтѵ амæлдзѵстут. Æз кæдæм цæўн, ўрдæм смах æрцæўн нæ бафæраздзѵстут.

22. Ўм Јўдетæ дзѵрдтој: Јæхі амардзæні міјаг, афтæ кў зæђѵ: Æз кæдæм цæўн, ўрдæм смах нæ бафæраздзѵстут æрцæўн?

23. Уј сѵн захта: смах дæллагонтæј стут, Æз та ўоллагонтæј дæн; смах ацѵ дунеје стут; Æз та ацѵ дунеје нæ дæн.

24. Æз дæр ўн ўј тѵххæј захтон: смах амæлдзѵстут ўæ тæріђæдтѵ зæђгæ: цæмæјдæрідтæр, кў нæ ўæ баўрна смах, ај Æз кæј дæн ўј: ўæд ўæ тæріђæдтѵ амæлдзѵстут.

25. Ўæд Ѵн захтој: чі дæ Дѵ? Јесо сѵн захта: Æз дæн фѵтцагæј овæг, кўд ўн зæђѵн афтæ.

26. Бірæ Мæм іс смах тѵххæј дзурінаг, æмæ којкæнінаг: фæлæ Мæ рарвітæг æцæг у, æмæ Æз, Умæј цѵ феqўстон, дунејен ўј дзурѵн.

27. Æмæ Уј удонæн јæ Фѵдѵ тѵххæј кæј дзѵрдта, ўј нæ бамбæрстој.

28. Æмæ сѵн захта Јесо: адæјмадҥсѵ Фѵртѵ ўолæмæ кў сбæрзондкæнат, ўæд базондзѵстут, ај Æз кæј дæн ўј, æмæ Æз, Мæхіцæј кæј ніцѵ кæнѵн ўј; фæлæ Мѵн Мæ Фѵд кўд бацамѵдта, афтæ дзурѵн.

29. Мæ рарвітæг Мемæ іс. Мæ Фѵд Мæ јўнæгæј нæ нѵўахта, умæн-æмæ Æз кæдтæрідтæр Уј фæндон кæнѵн.

30. Уј ај кў дзѵрдта, ўæд бірæтѵ баўрнѵдта.

31. Ўæд Јесо захта, цѵ Јўдетѵ баўрнѵдта, удонæн: Мæ дзѵрдѵл кў лæўат, ўæд бæлвѵрд Мæ ахургæнінæгтæ удзѵстут.

32. Æмæ æцæгдзінад базондзѵстут, æмæ ўæ æцæгдзінад сæрібар скæндзæні.

33. Дзўап V'н захтоj: мах Авраамv мvккаг кў стæм, æмæ цаҕартæ кў нікў нікæмæн удvстæм; ўæд Дv кўд зæҕvс: сæрібар сўдзvстут?

34. Jесо сvн захта дзўап: æцæг, æцæг зæҕvн смахæн: чідæрідтæр, тæріҕæд чі кæнv, ўj тæріҕæдv цаҕар у.

35. Фæлæ цаҕар мvккагмæ нæ заjі хæдзарv; фvрт лæўv мvккагмæ.

36. Æмæ ўæ, афтæ, Фvрт кў ссæрібаркæна, ўæд бæлвvрд сæрібар удзvстут.

37. Смах Авраамv мvккаг кæj стут, ўj зонvн: фæлæ Мæн агурут амарvнмæ, Мæ дзvрд ўæм кæj нæ qарv ўj тvххæj.

38. Æз Мæ Фvдмæ цv федтон, ўj дзурvн; смах та, ўæ фvдмæ цv федтат, ўj кæнут.

39. Захтоj Ін дзўап: нæ фvд у Авраам. Jесо сvн захта: смах Авраамv зæнæг кў ўajккат, ўæд Авраамv qўдтæгтæ кæніккат.

40. Фæлæ нvр агурут амарvнмæ Мæн, лæдзv, Хуцаўæj цv æцæг феqўста, ўj ўн зæҕæдзv: Авраам афтæ нæ кодта.

41. Смах кæнут ўæ фvдv qўдтæгтæ. Аўл V'н захтоj: мах хæтvндзінадæj нæ рajгўрдvстæм; jў Фvд нvн іс, Хуцаў.

42. Jесо сvн захта: Хуцаў ўæ Фvд кў ўаід; ўæд Мæн дæр ўарстаіккат, умæн-æмæ Æз Хуцаўæj рацvдтæн, æмæ æрцvдтæн: цæмæjдæрідтæр Æз Мæхæдæг Мæхіцæj нæ æрцvдтæн, фæлæ Мæ Уj рарвvста.

43. Мæ дзvрдтæ Мvн цæj тvххæj нæ æмбарут? Ўj тvххæj æмæ Мæ дзvрд qусvн нæ фæразут.

44. Ўæ фvд хæjрæг у; æмæ ўæ ўæ фvдv фvдфæндтæ сæххæсткæнvн фæндv. Ўj фvтцагæj лæгмарæг уді, æмæ æцæгдзінадv нæ фæлæўўді; цæмæjдæрідтæр умæ æцæгдзінад нæj. Ўj мæнг кў дзурv, ўæд jехіон дзурv; цæмæjдæрідтæр ўj мæнг у æмæ мæнгдзінадv фvд.

45. Фæлæ Æз æцæг кæj зæҕvн: ўj тvххæj Мvл нæ æўондут.

46. Смахæј Мæн мæнгдзінадѵ чі базѵлѵнкæндзæні? Фæлæ кæд Æз æцæг дзурѵн, ўæд ўæ цæйлнæ ўрнѵн?

47. Хуцаўæј чі у, ўј Хуцаўѵ дзѵрдтæм qусѵ; смах та, Хуцаўæј кæј не стут, ўј тѵххæј нæ qусут.

48. Аўл Ѵн Јўдетæ дзўап радтој æмæ захтој: Дѵ Самаріаг кæј дæ, æмæ Дæ хўлфѵ хæјрæг кæј іс, ўј раст нæ зæɣæм нæ мах?

49. Јесо сѵн дзўаппæн захта: хæјрæг Мæм нæј, фæлæ Æз Мæ Фѵдѵ цѵтдҗсѵн дарѵн, смах та Мæ æгад кæнут.

50. Ўовгæјæ, Æз Мæхі кад нæ агурѵн: фæлæ іс Агурæг æмæ Тæрхонгæнæг.

51. Æцæг, æцæг заɣѵн смахæн: Мæ дзѵрд чі сæххæсткæна, ўј мѵккагмæ мæлæт нæ фендзæні.

52. Јўдæтæ Ін захтој: нѵр базѵдтам мах, хæјрæг Дæм кæј іс, ўј. Авраам амарді æмæ пæхумпартæ дæр, Дѵ та зæɣѵс: Мæ дзѵрд чі сæххæсткæна, ўј мѵккагмæ мæлæт нæ фендзæні.

53. Дѵ нæ фѵд Авраамæј стѵрдæр дæ мійаг, ўј амарді, æмæ пæхумпартæ дæр амардѵстѵ? Дѵ Дæхæдæг Дæхіцæј цѵ æнqæлѵс?

54. Јесо сѵн дзўап захта: кæд Æз Мæхæдæг Мæхі стаўн, ўæд Мæ кад ніцѵ у. Мæн кадҗсѵнкæнѵ Мæ Фѵд, смах, нæ Хуцаў у зæɣгæ, Кæмæј зæɣут.

55. Æмæ Јæ смах нæ баззѵдтат; Æз та Јæ зонѵн; æмæ кў зæɣон, нæ Јæ зонѵн зæɣгæ, ўæд смах хўзæн мæнгдзурæг удзѵнæн. Фæлæ Јæ Æз зонѵн, æмæ Ін æххæсткæнѵн Јæ дзѵрд.

56. Ўæ фѵд Авраамæн æхсѵзгон уді Мæ бон фенѵн; æмæ јæ федта, æмæ фæцінкодта.

57. Ўўл Ѵн Јўдетæ захтој: Дæўл дæс-æмæдујіссæдз азѵ дæр кў нæ ма цæўѵ; ўæд Дѵ федтај Авраамѵ?

58. Јесо сѵн захта: æцæг, æцæг зæɣѵн смахæн: Авраам кў нæ ма уді, Æз дæн.

59. Ўæд дуртæ сістоj, æмæ сæ Ўўл нvццæвvнмæ qавvдvстv; фæлæ Jесо фæаўоні æмæ арҕўанæj рацvді, сæ æхсæнv рацæўгæjæ, æмæ дардтæр ацvді.

СÆР 9.

1. Æмæ фæцæjцæўгæjæ федта æрдзæj кўрмлæдҥсv.
2. Jæ ахургæнінæгтæ Jæ бафарстоj: Равві! чі ракодта тæріҕæд, аj, æві jæ нvjардҥсvтæ, кўрм кæj рajгўрді ўj тvххæj?
3. Jесо сvн дзўап радта: нæдæр аj ракодта тæріҕæд, нæдæр jæ нvjардҥсvтæ, фæлæ іл Хуцаўv qўдтæгтæ цæмæj сæргомоj, аj ўj тvххæj у.
4. Мæнvл Мæ рарвітæдҥсv qўдтæгтæ кæнvн æмбæлv, цалvнмæ бон у ўалvнмæ; æрцæўv æхсæв, æмæ ўæд кæнvн нічі ўал бафæраздзæн.
5. Цалvнмæ Æз дунеі дæн, ўалvнмæ дунеі рухс дæн.
6. Аj кў захта, ўæд атукодта зæхмæ, æмæ туjе сvдҥсvт сvзмæста, æмæ умæj кўрмæн jæ цæстvтæ баjсæрста.
7. Æмæ ін захта: ацу, æмæ дæхі цæхс Сілоамv нæjенv (кæцv хўjнv-æрвvст). Уj ацvді, jæхі цæхсадта, æмæ æрцvді ўнгæjæ.
8. Ўм jæ сvхæгтæ æмæ jæ фvтцаг кўрмæj чі федтоj, удон дзvрдтоj: аj, чі бадті, æмæ хорзæх чі кўрдта, ўj нæ у нæ?
9. Jўæj-jўтæ дзvрдтоj: аj ўj у; аннæтæ та: ўj хўзæн у. Jехæдæг та дзvрдта: аj æз дæн.
10. Ўæд æj фарстоj: дæ цæстvтæ кўд скастvстv?
11. Ўj сvн дзўаппæн захта: Jесо чі хўjнv, ўцv лæг сvзмæста зæхх, æмæ мvн мæ цæстvтæ баjсæрста, æмæ мvн захта: ацу Сілоамv наjенмæ, æмæ дæхі цæхс. Æз ацvдтæн, мæхі цæхсадтон æмæ скастæн.
12. Ўæд vн захтоj: Ўj кæм іс? Ўj сvн дзўап радта: нæ зонvн.

13. Кўрм чі уді, ўј акодтој фарісетæм.

14. Јесо сvдҥсvт кў сvзмæста, æмæ ін јæ цæстvтæ кў скæсvнкодта, ўæд уді сабат.

15. Фарісетæ дæр æј бафарстој, кўд скасті. Ўј та сvн захта; сvдҥсvтv змæст мvн мæ цæстvтvл æрæвæрдта, æмæ æз мæхі цæхсадтон, æмæ унvн.

16. Ўæд фарісетæј јўæј-јўтæ дзvрдтој: ацv лæг Хуцаўæј нæў, умæн-æмæ сабатv нæ qaqqæнv. Іннæтæ дзvрдтој: тæріҕæддҥсvн лæг ахæм діссæгтæ кæнvн кўд бафæраздзæні? Æмæ сæ кæрæдзіі мідæг сбvцæўстv.

17. Нодҥсvдæр та захтој кўрмæн: дv цv зæҕvс Умæј, дæ цæстvтæј дæ кæј скæсvнкодта ўј тvххæј? Ўј захта: Уј пæхумпар у.

18. Ўæд Јўдетv ўрнгæ дæр нал кодта, ўј кўрм кæј уді, æмæ кæј скасті ўј, цалvнмæ, чі ракасті ўј нvјардҥсvтæм басідтvстv.

19. Æмæ сæ бафарстој: ај ўæ фvрт у, кўрмæј рајгурді кæмæј зæҕут ўј? Ўодæ нvр кўд унv?

20. Јæ нvјардҥсvтæ сvн захтој дзўап: мах, ај нæ фvрт кæј у, æмæ кўрмæј кæј рајгўрді, ўј зонæм;

21. Фæлæ нvр кўд унv, æмæ ін јæ цæстvтæ чі скæсvнкодта, ўј нæ зонæм. Ўј јехæдæг азтæј æххæст у, јæхі ін бафæрсут; јæхæдæг јæхі тvххæј зæҕæд.

22. Афтæ заҕтој јæ нvјардҥсvтæ, умæн-æмæ тарстvстv Јўдетæј; цæмæјдæрідтæр Јўдетæ сфæндкодтој, Уј Чvрvстііл чі бахvнца, ўј æмбvрдтæј ахіцæнкæнvн.

23. Æмæ ўј тvххæј јæ нvјардҥсvтæ захтој: јæхæдæг азтæј æххæст у, јæхі ін бафæрсут.

24. Æмæ афтæмæј дvккаг хадт басідтvстv, кўрм чі уді, ўцv лæгмæ, æмæ ін захтој: Хуцаўæн кад радт: мах зонæм, ўцv лæг тæріҕæддҥсvн кæј у, ўј.

25. Ўј сvн дзўаппæн захта: Ўј тæріҕæддҥсvн у, ўј æз нæ зонvн! æрмæст јў ўј зонvн, æз кўрм кæј удтæн, æмæ нvр кæј унvн.

26. Нод҄сvдæр та јæ бафарстој: цv дvн скодта Ўј? кўд дvн скæсvнкодта дæ цæстvтæ?
27. Дзўап сvн радта: æз ўн зæҕгæ дæр кў кодтон, æмæ мæм смах нæ бајqўстат; цv ма ўæ фæндv феqусvн? æві смах дæр фæндv Јæ ахургæнінæгтæ сўўн?
28. Удон та јæ бафхæрдтој, æмæ ін захтој: дv дæ Јæ ахургæнінаг; мах та Моісеі ахургæнінæгтæ стæм.
29. Моісеімæ Хуцаў кæј дзvрдта, ўј мах зонæм; Уј кæцæј у ўј та нæ зонæм.
30. Чі ракасті ўцv лæг сvн захта дзўаппæн: діссагдæр ўј у, смах, Уј кæцæј у, ўј кæј нæ зонут, фæлæ мvн Уј мæ цæстvтæ скæсvнкодта.
31. Фæлæ мах, Хуцаў тæріҕæдд҄сvнтæм кæј нæ qусv, ўј зонæм; фæлæ Хуцаўv кадд҄сvн чі дарv, æмæ Ін Јæ фæндон чі кæнv, умæ qусv.
32. Дунеі рајдајенæј дæр нікў феqўстæўді, цæмæј æрдзæј кўрмæн ісчі јæ цæстvтæ скæсvнкодтаід.
33. Уј Хуцаўæј кў на ўаід, ўæд ніцv ахæм кæнvн фæрæстаід.
34. Дзўаппæн vн захтој: дv æгасæјдæр тæріҕæдv кў рајгўрдтæ, ўæд нæ дv ахўркæнvс? æмæ јæ æдтæмæ ратардтој.
35. Јесо, ўј æдтæмæ кæј расvрдтој, ўј кў феqўста, æмæ јæ кў ссардта, ўæд vн захта: дæў Хуцаўv Фvрт ўрнv?
36. Ўј дзўаппæн захта: чі у Уј, Хіјцаў, цæмæј мæ ўрна Уј?
37. Јесо ін захта: ўнгæ дæр Æј фæкодтај, æмæ Демæ дзургæ дæр кæнv.
38. Ўј Ін захта: ўрнv мæ, Хіјцаў! æмæ Ін бакўвта.
39. Æмæ захта Јесо: тæрхонкæнvнмæ æрцvдтæн Æз ацv дунејен, цæмæј чі нæ ўнv, удон ўној, æмæ чі ўнvнц, удон та бакўрмој.
40. Ај кў феqўстој, Јæмæ чі уді ўцv фарісетæј ў чідæртæ, ўæд Vн захтој: æмæ мах дæр кўрм стæм?

41. Jесо сvн захта: смах кӳрм кӳ удаіккат, ӳæд ӳæм тæріӈæд нæ удаід: фæлæ, мах ӳнæм зæӈгæ кæj зæӈут, ӳj тvххæj ӳл тæріӈæд заji.

СÆР 10.

1. Æцæг, æцæг зæӈvн смахæн: фvстv кæртмæ jæ дӳарæj чі нæ бацæӳv, фæлæ jæм æндæр ранæj чі бахізv, ӳj хӳснæг æмæ æвзæргæнæг у.

2. Jæ дӳарæj jæм чі бацæӳv, ӳj та фvстv фæjаӳ у.

3. Умæн дӳаргæс дӳар бакæнv, æмæ фvстæ jæ коммæ кæсvнц, æмæ ӳj фvстæм сæ номæj дзурv, æмæ сæ ракæнv хізvнмæ.

4. Æмæ jæ фvстv кӳ ракæнv, ӳæд ӳj сæ разæj цæӳv; фvстæ та jæ фæдvл цæӳнц, jæ qæлæс vн кæj зонvнц, ӳj тvххæj.

5. Æнæахӳрv фæдvл та нæ цæӳнц, фæлæ лідзvнц умæj, умæн-æмæ æнæахӳрv qæлæс нæ зонvнц.

6. Ацv фæсномvгнvхас захта Jесо: фæлæ удон, цv сvн дзvрдта, ӳj нæ бамбæрстоj.

7. Æмæ сvн афтæ Jесо захта ноӈсvдæр: æцæг, æцæг зæӈvн смахæн: Æз дæн фvстæн дӳар.

8. Мæ фvтцаг цасдæр æрцvдvстv, удон jӳӳлдæр хӳснæӈсvтæ æмæ æвзæргæнӈсvтæ стv; фæлæ сæм фvстæ нæ бajqӳстоj.

9. Æз дæн дӳар: Мæнvл чі бацæӳа, ӳj фервæздзæні, æмæ бацæӳдзæн, æмæ рацæӳдзæн, æмæ хізæн ссардзæні.

10. Хӳснæг æрмæст ӳj тvххæj æрцæӳv, цæмæj адава, амара, æмæ фæсафа. Æз та ӳj тvххæj æрцvдтæн, цæмæj сvн цард ӳа, æмæ сvн ӳолдæjтæj ӳа.

11. Æз хорз фæjаӳ дæн: хорз фæjаӳ Jæ уд æрхæссv jæ фvстv сæрvл.

12. Æххўрст лæг та, фæjaў чi нæў, æмæ фvстæ дæр jæхi кæмæн не стv, бiрæђ æрцæўгæ кў фенv, ўæд нvўадзv фvстv, æмæ алiдзv, æмæ бiрæђ скæфv фvстv, æмæ сæ нvххæлiўкæнv.

13. Æмæ аххўрст лæг лiдзv, ўj æххўрст кæj у, æмæ jæ фvстv мæт кæj нæ кæнv, ўj тvххæj.

14. Æз дæн хорз фæjaў, æмæ Мæхiонтv зонvн, æмæ Мæ Мæхiонтæ дæр зонvнц.

15. Мæн Мæ Фvд кўд зонv, Æз дæр афтæ зонvн Мæ Фvдv; æмæ Мæ сæр хæссvн фvстv сæрvл.

16. Ацv кæртæj чi не стv, Мæнæн ахæм æндæр фvстæ дæр iс; æмæ удон дæр æркæнvн qæўv Мæнæн: æмæ удон фeqусцvстv Мæ дзvрд, æмæ удзæнi jў дзуг æмæ jў Фæjaў.

17. Мæ Фvд Мæ умæн ўарзv, æмæ Æз дæдтvн Мæ цард, цæмæj jæ фæстæмæ рajсон.

18. Нiчi iсv ўj Мæнæj, фæлæ jæ Æз Мæхæдæг дæдтvн. Мæ кuхv iс ўj радтvн дæр, æмæ jæ фæстæмæ рajсvн дæр. Ацv амvнддзiнад рajстон Æз Мæ Фvдæj.

19. Ацv дзvрдтv тvххæj та Jўдетæ фæбvцæўстv ноцсvдæр сæ кæрæдзii мiдæг.

20. Удонæj бiрæтæ дзvрдтоj: Уj хæjрæгдцсvн у, æмæ кæнv æррадзiнад: цv Jæм qусут?

21. Iннæтæ та дзvрдтоj: адон хæjрæгдцсvнv нvхæстæ не стv; хæjрæг кўрмæн jæ цæстvтæ скæсvнкæнvн фæразv мijаг?

22. Æрхæтцæi сногкæнvнv бæрæгбон Jерусалiмv, æмæ уди зvмæг.

23. Æмæ рацубацукодта Jесо арђўанv, Соломонv тvрђv.

24. Ўм Vл æрæмбvрстv Jўдетæ, æмæ Iн дзvрдтоj: кæдмæ нæ дарaj Дv гўрvсхojæ? Кæд Дv Чvрvсти дæ, ўæд нvн раст зæђ.

25. Jесо сvн дзўап радта: Æз ўн захтон, æмæ ўæ нæ ўрнv; Æз Мæ Фvдv номæj цv qудтæгтæ кæнvн, удон Мæн тvххæj æвдiсæнлæўўнц.

26. Фæлæ смах нæ ўрнv; цæмæjдæрiдтæр смах Мæ фvстæj не стут, Æз ўн кўд захтон.

27. Мæ фvстæ Мæ дзvрдмæ qycvнц, æмæ сæ Æз зонvн, æмæ удон Мæ фæдvл цæўнц.
28. Æмæ Æз дæдтvн удонæн æнусон цард, æмæ нæ фесæфтцvстv мvккагмæ, æмæ сæ нічі аскæфцæні Мæ кухæj.
29. Мæ Фvд, удон Мæнæн чі радта, æппæтæj стvлдæр у; æмæ сæ нічі бафæрадзæні аскæфvн удон Мæ Фvдv кухæj.
30. Æз æмæ Мæ Фvд jў стæм.
31. Ўм Judетæ нодзcvдæр фелвæстоj дуртæ Ўj амарvнмæ.
32. Jесо сvн дзўап радта: бірæ хорз qўдтæгтæ ўн фенvнкодтон Æз Мæ Фvдæj; æмæ Мæ удонæj кæцvj тvххæj qавут дуртæj марvн?
33. Judетæ Ін захтоj дзўап: хорз qўдтадзcv тvххæj Дæ нæ qавæм амарvн, фæлæ Хуцаўv фаўнv тvххæj, æмæ Дv, лæг ўовгæje, Дæхі Хуцаў кæj кæнvс, ўj тvххæj.
34. Jесо сvн захта дзўаппæн: ўæ дінv фvст нæj цv: æз захтон: смах хуцаўтæ стут? (Псал.81, 6.)
35. Кæд Ўj хўдта хуцаўтæ удон, кæмæ уді Хуцаўv дзvрд, æмæ нæ фехæлдзæні Фvст;
36. Ўæд Фvд кæj ссvђдæгкодта, æмæ рарвvста дунемæ, умæн зæђут міjаг, Дv Хуцаўv фаўс, Æз Хуцаўv Фvрт дæн зæђгæ, кæj захтон, ўj тvххæj?
37. Кæд Æз Мæ Фvдv qўдтæгтæ нæ кæнvн, ўæд Мvл ма баўæндут.
38. Фæлæ кæд кæнvн: ўæд ўæ, кæд Æз нæ ўрнvн, ўодтæр ўæ Мæ qўдтæгтæj ўрнæд, цæмæj базонат æмæ ўæ баўрна, Мæ Фvд Мемæ кæj іс, æмæ Æз Уjімæ кæj дæн, ўj.
39. Ўæд Æj нодзcvдæр æрцахсvнмæ qавvдvстv, фæлæ Уj фервæсті сæ кухтæj.
40. Æмæ та Jорданæн jæ іннæ фарсмæ ацvді, Joанн фvтцаг кæм арђўдта ўцv бvнатмæ, æмæ баззаді ум.
41. Бірæтæ Jæм æрцvдvстv, æмæ дзvрдтоj: Joанн jў діссаг дæр не скодта, фæлæ Уj тvххæj цv захта Joанн, удон æцæг удvстv.
42. Æмæ ум бірæтv баўрнvдта Уj.

СÆР 11.

1. Уді рvнчvн чідæр, Лазар зæҕгæ, Віфаніајæ, јæ хотæ, Маріа æмæ Марфа кæм цардvстv ўцv qæўv.
2. Маріа та, јæ æфсvмæр Лазар рvнчvн кæмæн уді, ўј уді, Хіјцаўv міронæј чі бајсæрста, æмæ Ін Јæ ќæхтæ јæ дзvккутæј чі нvссæрфта, ўј.
3. Ўцv хотæ арвvстој Јесојен зæҕvнмæ: Хіјцаў! мæнæ, Дv кæј ўарзvс, ўј рvнчvн у.
4. Јесо ўј кў феqўста, ўæд захта: ацv ніз мæлæтмæ нæ у, фæлæ у Хуцаўv кадæн, цæмæј ўј фæрцv скаддзvн ўа Хуцаўv Фvрт.
5. Јесо та ўарста Марфај, æмæ јæ хоји, æмæ Лазарv дæр.
6. Æмæ ін јæ рvнчvн кў феqўста, ўæд ма баззаді дуўæ бонv, кæм уді ум.
7. Ўј фестæ захта Јæ ахургæнінæгтæн: цом ноддзvдæр Јўдеамæ.
8. Ахургæнінæгтæ Ін захтој: Равві! Јўдетæ Дæ æрæддзvдæрма кў агўрдтој дуртæј амарvнмæ, ўæд та ноддзv урдæм цæўс?
9. Јесо дзўап радта: дуўадæс сахатv нæ у нæ бон? бонvгон чі цæўv, ўј нæ кælv, ацv дунеі рухс кæј унv, ўј тvххæј.
10. Фæлæ æхсæвvгон чі цæўv, ўј кælv, јемæ рухс кæј нæј, ўј тvххæј.
11. Аj зæҕгæјæ сvн, стæј захта: нæ лvмæн Лазар бафvнæјі; æмæ јæм Æз цæўн рајqалкæнvнмæ.
12. Јæ ахургæнінæгтæ Ін захтој: кæд бафvнæјі, ўæд сдзæбæхўдзæні.
13. Јесо сvн захта, кæј амарді ўј тvххæј, удон та афтæ æнqæл удvстv, Уј хўмæтæддзv фvнv тvххæј дзурv.
14. Ўæд сvн Јесо раст захта: Лазар амарді.
15. Æмæ цінкæнvн смах тvххæј, Æз ум кæј нæ удтæн, цæмæј смах баўрна; фæлæ цом умæ.

16. Ўæд Фома, æндæр номæj Дідім[1]) чі хўнді, ўj захта ахургæнінæгтæн: цом мах дæр, jемæ амælæм.

17. Jесо кў æрцvді, ўæд æj цvппæрæм бон інгæнv ўовгæjæ ссардта.

18. Віфаніа та Jерусаліммæ хæстæг уді фvнтдæс стадіаі бæрц.

19. Æмæ Jўдетæj бірæтæ æрцvдvстv Марфа æмæ Маріамæ тæфæрфæсмæ сæ æфсvмæрv тvххæj.

20. Марфа, Jесо кæj æрцæўv, ўj кў феqўста, ўæд Jæ размæ рацvді; Маріа та бадті сæ хæдзарv.

21. Ўæд Марфа захта Jесоjен: Хіjцаў! Дv ам кў удаіс, ўæд мæ æфсvмæр нæ амардаід.

22. Фælæ нvрдæр, зонvн, Дv Хуцаўæj цv курај, ўj Дvн Хуцаў ратцæні.

23. Jесо ін захта: дæ æфсvмæр рajгасўдзæні.

24. Марфа Ін захта: фæстаг бонv, рajгасўнv афонv, кæj рajгасўдзæні, ўj зонvн.

25. Jесо ін захта: Æз рajгасдзінад æмæ цард дæн; Æз кæj ўрнон, уj кў амæла, ўодтæр рajгасўдзæні;

26. Æмæ алv цæрæг æмæ Мæнvл ўрнæг, мvккагмæ дæр нæ амælдзæні. Ўрнv дæ aj?

27. Ўj Ін захта: афтæ Хіjцаў! мæн ўрнv, Дv Чvрvсті, Хуцаўv Фvрт, дунемæ æрцæўінаг чі у, Уj кæj дæ, ўj.

28. Aj зæвгæjæ, ацvді, æмæ сусæгæj басідті jæ хо Маріаммæ, æмæ ін захта: Ахургæнæг ам і, æмæ дæм сідv.

29. Ўj кўдтæр aj феqўста, афтæ таѳд сvстаді, æмæ ацvді Умæ.

30. (Jесо та нæ ма бацvді qæўмæ, фælæ Іл, Марфа цv ранv сæмбælді, ўм ма уді.)

31. Ўіjмæ цv Jўдетæ удvстv хæдзарv тæфæрфæсмæ, удон кў федтоj, Маріа таѳд кæj сvстаді æмæ ацvді, ўj, ўæд jæ фæдvл ацvдvстv, ўолмæрдмæ кæўнмæ цæўv, æнqælгæ.

---

[1]) Фаззон.

32. Маріа та, Jecо кæм уді, ўрдæм кў æрцvді æмæ Jæ кў федта ўæд V'н цæвтvді Jæ ќæхтæм, æмæ Ін захта: Хіjцаў! Дv ам кў удаіс, ўæд мæ æфсvмæр нæ амардаід.

33. Jecо кў федта ўj кæўгæ, æмæ jемæ цv Jўдетæ æрцvдvстv удон дæр кæўгæ, ўæд Jехіцæн дæр Jæ зæрдæ сvўнгæдћсі, æмæ скæўнqælvстæ іс,

34. Æмæ захта: кæм æj цæвæрдтат? Захтоj Ін: Хіjцаў! рацу, æмæ фен.

35. Jecоjен Jæ цæссvгтæ æркалдvстv.

36. Ўæд Jўдетæ дзvрдтоj: акæсут ма, кўд æj ўарста!

37. Сæ jўæj-jўтæ та дзvрдтоj: aj, кўрмæн jæ цæстvтæ чі скæсvнкодта, нæ бафæрæстаід, ўj дæр кўд нæ амардаід, ўj?

38. Jecо та, нодћсvдæр jæ зæрдæjæ ўнгæг ўовгæjæ, æрцvді інгæнмæ. Ўj уді лæгæт, æмæ jæ ўолæ дур æвæрд уді.

39. Jecо захта: сісут дур. Мардv хо, Марфа, захта: Хіjцаў! смагкæнv, умæн-æмæ цvппар бонv іс, інгæнv кæдæj іс, ўодæj нvрмæ.

40. Jecо ін захта: нæ дvн захтон нæ, кў дæ ўрна, ўæд Хуцаўv кад фендзvнæ?

41. Æмæ раістоj дур, мард кæм уді ўцv лæгæтæj. Jecо та Jæ цæстvтæj ўоларвмæ скасті, æмæ захта: Мæ Фvд! бузнvг Дæ дæн, кæj Мæм бajqўстaj, ўj тvххæj.

42. Æз зонгæ дæр кодтон, Дv Мæм кæдтæріdтæр кæj бajqусцvнæ ўj; фæлæ aj захтон, ам цv адæм лæўvнц, удон тvххæj, Дv Мæ кæj рарвvстaj, ўj сæ цæмæj баўрна ўj тvххæj.

43. Aj кў захта, ўæд стvр qælæсæj сдзvрдта: Лазаре! æдтæмæ рацу.

44. Æмæ рацvді мард, jæ ќухтæ æмæ jæ ќæхтæ мæрдзæгтæj тvхт ўовгæjæ, æмæ jæ цæском баст уді кæлмæрзæнæj. Jecо сvн захта: сvхалут æj, æмæ цæўа.

45. Ўæд Jўдетæj бірæтæ, Маріамæ чі æрцvдvстv, æмæ Jecо цv скодта, ўj чі федта, удон баўрнvдта Уj.

46. Сæ іннæтæ та ацvдvстv фарісетæм, æмæ сvн Jесо цv скодта, ўj захтоj.
47. Ўæд саўдзсvнтvхістæртæ æмæ фарісетæ æрæмбvрдкодтоj адæмv, æмæ дзvрдтоj: цv кæнæм? ацv лæг бірæ діссæгтæ кæнv.
48. Афтæмæj Jæ кў нvўадзæм, ўæд Уj баўрндзæні æппæтv, æмæ æрцæўдзvстv Ромæгтæ, æмæ нvн бajсцvстv нæ бæстv дæр æмæ нæ адæмv дæр.
49. Удонæj jў, Каіафа сæвгæ, ўцv аз саўдзсvнтæн хістæрæн чі уді, ўj сvн захта: смах ніцv зонут;
50. Нæдæр æрqўдvкæндзvстут, адæм æппæтv фесæфvнv бæстv, jў лæг кў амæла, махæн ўj хўздæр кæj у, ўj.
51. Аj jехіцæj нæ захта, фæлæ ўцv азv саўдзсvнтvхістæр ўовгæjæ, раздæр захта, Jесоіл адæмv тvххæj амæлvн кæj æмбæлv, ўj;
52. Æмæ æрмæст адæмv тvххæj нæ, фæлæ Хуцаўv хæліўгонд фvрттv дæр цæмæj jўмæ æрæмбvрдкæна, ўj тvххæj.
53. Ўцv бонæj фæстæмæ Іл амарvн сфæнд кодтоj.
54. Ўj тvххæj Jесо æргомæj нал цvді Jўдæтv æхсæн, фæлæ ўрдvгæj ацvді æдзæрæг ранмæ хæстæг бæстæм, Ефраім хўнгæ сахармæ, æмæ ўм баззаді Jæ ахургæнінæгтімæ.
55. Æрæввахсі Jўдетv Пасха, æмæ ўцv бæстæ æппæтæj бірæтæ æрцvдvстv Jерусаліммæ, сæхі ссvвдæгкæнvнмæ.
56. Ўæд агўрдтоj Jесоі, æмæ, арвўанv лæўгæjæ, сæ кæрæдзіjен дзvрдтоj: кўд æнqæлстут? Нæ æрцæўдзæні Уj бæрæгбонмæ?
57. Саўдзсvнтvхістæртæ та æмæ фарісетæ унаффæбакодтоj, Уj кæм ўа, ўj ісчі кў базона, ўæд сvн кўд феqусvнкæна, цæмæj Jæ æрцахсоj.

СÆР 12.

1. Пасхajæ æхсæз бонv раздæр æрцvді Jесо Віфаніамæ, мард Лазар кæм уді, мæрдтæj кæj рajгаскодта Уj.

2. Ўм V'н сцædтækодтоj æхсæвæр, æмæ Iн Марфа кæстæріогкодта, Лазар та Уjiмæ бадджvтæj jў уді.

3. Маріа та æрхаста нардv cvђдæг, æмæ зvнарђ міронv jў джіранка, æмæ Jecoi ќæхтæ бajсæрста, æмæ сæ jæ дзvккутæj нvссæрфта; æмæ хæдзар бajдзаджсі міронv хорз смагæj.

4. Ўæд Jæ ахургæнінæгтæj jў, Сімонv фvрт Jўда Іскаріотаг, ўj фæстæ Jæ чі радта, ўj захта:

5. Цæj тvххæj ўojгонд нæ уді ацv мірон æртæ фондзссæдз дінаріil æмæ мæгўртæн лæвæрд?

6. Æмæ ўj мæгўртv мæт кæj кодта, ўj тvххæj нæ захта, фæлæ ќæрнvх уді. Умæ уді æхцаj лађз, æмæ дзv цv æвæрдтоj, ўj хаста.

7. Jecо та захта: нvўадзут æj! ўj aj бæвæрдта Мæ банvгæнæн бонмæ.

8. Цæмæjдæрідтæр мæгўртæ кæдтæрідтæр ўемæ стv, Æз та jўўлдæр ўемæ нæ удзvнæн.

9. Jўдетæj бірæтæ базvдтоj, Уj ўм кæj іс ўj; æмæ æрцvдvстv æрмæст Jecoi тvххæj нæ, фæлæ Лазарv фенvнмæ дæр, мæрдтæj кæj рajгаскодта ўj.

10. Саўджvнтvхістæртæ та сфæндкодтоj амарvн Лазарv дæр;

11. Умæн-æмæ ўj тvххæj Jўдетæj бірæтæ цvдvстv, æмæ сæ Jecо баўрнvдта.

12. Дvккаг бонv бæрæгбонмæ чі æрцvдvстv, ўцv бірæ адæм кў феqўстоj, Jecо Jерусаліммæ кæj æрцæўv ўj,

13. Ўæд рajстоj зазv ќаліўтæ, Jæ размæ рацvдvстv, æмæ зарvдvстv: Осанна! арфæгонд дæ Хіjцаўv номæj æрцæўæг, Ізраілv Патцах!

14. Jecо та ссардта æнæсарђ æвæрд хæссæнv, æмæ іл сбадті, фvст кўд у афтæ:

15. Ма тæрс, Сіонv чvзг! мæнæ дæ Патцах æрцæўv дæўмæ æнæсарђ æвæрд хæссæнvл. (Зах. 9. 9.)

16. Jæ ахўргæнінæгтæ фvтцагæj нæ бамбæрстоj ўj; фæлæ, кў скадджvн і Jecо, ўæд æрæ-

мvсvдvстv, Уј тvххæј афтæ фvст кæј уді, æмæ Ін афтæ кæј бакодтој.

17. Јемæ фvтцаг цv адæм удvстv, удон æвдісæнлæўўдvстv, Уј інгæнæј кæј расідті Лазармæ, æмæ јæ мæрдтæј кæј рајгаскодта ўўл.

18. Æмæ ўј тvххæј рацvдvстv Умæн Јæ размæ адæм, умæн-æмæ феqўстој, ўцv діссаг кæј скодта ўј.

19. Фарісетæ та сæ кæрæдзіі мідæг дзvрдтој: унут, кæј ўн ніцv æнтvсv? дуне јўўлдæр Јæ фæдvл цæўv.

20. Бæрæгбонv кувvнмæ æрцæўдҥсvтæј јўæј-јўтæ удvстv Еллінæгтæ.

21. Удон бацvдvстv Філіппмæ, Галілеаг Віфсаідајæ чі уді ўмæ, кўрдтој дзv æмæ ін захтој: хіцаў! мах фæндv Јесоі фенvн.

22. Філіпп ацvді, æмæ захта ўј Андрејен; æмæ стæј Філіпп æмæ Андреј захтој ўј тvххæј Јесојен.

23. Јесо та сvн дзўаппæн захта: æрхæтцæ і адæјмадҥсv Фvртv скаддҥсvнкæнvнv сахат.

24. Æцæг, æцæг зæҕvн смахæн: мæнæўv нæмvг, зæххvл æрхаўгæјæ, кў нæ амæла, ўæд јўнæгæј баззајдзæні: фæлæ кў амæла, ўæд бірæ дvрҕ æрхæсцæні.

25. Јæ удv чі ўарзv, ўј јæ фесафцæц, фæлæ јæ удv чі нæ ўарзv ацv дунеі, ўј јæ бавæрдзæні æнусон цардмæ.

26. Мæнæн чі кусv, ўј Мæ фæстæ рацæўæд; æмæ Æз кæм ўон, ум Мæ кусæг дæр удзæні. Æмæ Мæнæн чі кусv, ўј Мæ Фvд сцvтдҥсvнкæндзæні.

27. Нvр мæ уд сvўнгæдҥсі; æмæ цv зæҕон Æз? О, Мæ Фvд! фервæзvн Мæ кæн ацv сахатæј! Фæлæ Æз цæўгæ дæр ацv сахатv тvххæј æркодтон.

28. О, Мæ Фvд! скаддҥсvнкæн Дæ ном. Ўæд ўоларвæј æрqўсті qæр: скаддҥсvн æј кодтон, æмæ јæ нодҥсvдæр скаддҥсvнкæндзvнæн.

29. Ўм цv адæм лæўўдvстv, æмæ aj чi феqўстоj, удон дзvрдтоj: aj арвv нæррvн у. Фæлæ іннæтæ та захтоj: Зæд Æм дзvрдта.

30. Аўл Jесо захта: ацv qæр Мæн тvххæj нæ уди, фæлæ адæмv тvххæj.

31. Нvр ацv дунеjен тæрхон іс; нvр ацv дунеі ælдарv æдтæмæ асvрдæўдзæні.

32. Æмæ Æз зæххæj сіст кў ўон, ўæд æппæтv Мæхірдvгæj фæкæндзvнæн.

33. Ацv дзvрдæj сvн Уj æмбарvнкодта, цавæр мæлæтæj амæлдзæні, ўj.

34. Адæм Vн захтоj дзўаппæн: мах феqўстам дінæj, Чvрvсті qўамæ ўа æнусмæ; ўæд Дv кўд дзурvс: адæjмаджv Фvртvл ўолæмæ сіст ўоввvн æмбæлv? чі у адæjмаджv Фvрт?

35. Ўæд сvн Jесо захта: jў чvсvл афон ма іс рухс ўjемæ; цæўгæут, цалvнмæ рухс іс, цæмæj ўæ талvнг ма æрvjафа; талvнджv цæўæг та нæ зонv, кædæм цæўv, ўj.

36. Цалvнмæ рухс іс ўjемæ, ўалvнмæ ўæ ўрнæд рухс, цæмæj рухсv фvрттæ ўат. Аj кў захта, ўæд Jесо ахіцæні æмæ удонæj бамбæхсті.

37. Ўjас діссæгтæ скодта Jесо сæ разv; æмæ сæ ўодтæр нæ ўрнvдта Уj.

38. Цæмæj сæххæст ўа пæхумпар Іcаіаі дзvрд: Хіjцаў! кæj баўрнvдта, махæj цv феqўстоj, ўj? æмæ кæмæ раргомі Хіjцаўv рахіс кух? (Іcаіаі 53, 1.)

39. Ўj тvххæj сæ нæ баўрнvдта, кўд ноджvдæр захта Іcаіа:

40. Ацv адæм бакўрмкодтоj сæ цæстvтæ, æмæ нvтдуркодтоj сæ зæрдæ, цæмæj нæ уноj сæ цæстvтæj, æмæ нæ æмбароj сæ зæрдæjæ, æмæ ма раздæхоj, цæмæj сæ Æз сдзæбæхкæнон. (Іcаіа 6, 10.)

41. Аj Іcаіа захта, Умæн Jæ стvрад кў федта, æмæ Уj тvххæj кў дзvрдта, ўæд.

42. Фæлæ хіцæўдтæj дæр бірæтv баўрндта Уj, фæлæ фарісетv тvххæj нæ æргомкодтоj ўj, цæмæj сæ æмбvрдгæнæнæj ма асуроj.

43. Цæмæјдæрідтæр фѵлдæр баўарстој лæдҥсѵ кад Хуцаўѵ кадæј.
44. Јесо та сqæркодта, æмæ захта: Æз кæј ўрнѵн, ўј Æз нæ ўрнѵн, фæлæ Мæн чі рарвѵста, ўј ўрнѵ ўј.
45. Æмæ Мæн чі унѵ, ўј унѵ Мæ рарвітæдҥсѵ.
46. Æз рухс æрцѵдтæн дунемæ, цæмæј чідæрідтæр, Æз кæј ўрнон, ўј талѵндҥсѵ ма баззаја.
47. Æмæ Мæ дзѵрдтæ чі феqуса, æмæ кæј нæ баўрној, умæн Æз тæрхон нæ кæнѵн: цæмæјдæрідтæр Æз дунејен тæрхонкæнѵнмæ нæ æрцѵдтæн, фæлæ дунеі фервæзѵнкæнѵнмæ.
48. Мæн чі ніцæмæ дара, æмæ Мæ дзѵрдтæ чі нæ кома, умæн јæхіцæн тæрхонгæнæг іс: Æз цѵ дзѵрд дзѵрдтон, ўј јæ тæрхонкæндзæн фæстаг бонѵ.
49. Цæмæјдæрідтæр Æз Мæхіцæј нæ дзѵрдтон: фæлæ Мæ рарвітæг Фѵд, Уј Мѵн радта амѵнддзінад, цѵ зæҕон, æмæ цѵ дзурон.
50. Æмæ Æз зонѵн, Јæ амѵнддзінад æнæфæўовгæ цард кæј у, ўј. Æмæ афтæ, Æз цѵдæрідтæр дзурѵн, Мæ Фѵд Мѵн кўд захта, афтæ.

СÆР 13.

1. Пасхаі бæрæгбонѵ размæ, Јесо зѵдта, ацѵ дунеје Јæ ацæўнѵ сахат кæј æрхæтцæ іс, ўј, æмæ раргомкодта qўдтагæј јехіонтѵ, ацѵ дунæі чі стѵ, удон кæј баўарста, æмæ сæ фæстадҥсѵ фæстæгмæ кæј баўарста, ўј.
2. Æмæ æхсæвæрѵ афон, хæјрæг Іскаріотаг Јўдајен Сімонѵ фѵртæн јæ зæрдæі, Уј радтѵн æрæфтѵдта,
3. Јесо зѵдта Јæ Фѵд Ѵн јўўлдæр кæј радта Јæ ќухѵ, æмæ Уј Хуцаўæј кæј æрцѵді, æмæ Хуцаўмæ кæј цæўѵ, ўј,
4. Ўæд сѵстаді æхсæвæрæј, раласта Јæ ўоллаг дарæс, æмæ ќухсæрфæн рајста, æмæ јæ Је астæўл æрбабаста.

5. Стæj нvккодта дон qўвђанv, æмæ Jæ ахургæнінæгтv ќæхтæ æхсvн бajдvдта, æмæ сæ сæрфта, Jæ астæўл цv ќухмæрзæн баст уді, умæj.

6. Бацvді Сімон Петрмæ, æмæ Ін ўj захта: Хіjцаў! Дæўæн та кўд цæхсvнкæнон мæ ќæхтæ?

7. Jесо ін дзўаппæн захта: Æз цv кæнvн, ўj Дv нæ зонvс нvр, фæлæ jæ фæстæдæр бамбардзvнæ.

8. Петр Ін захта: мvккагмæ дæр мvн нæ цæхсцvнæ мæ ќæхтæ. Jесо ін дзўаппæн захта: кў нæ дæ цæхсон, ўæд дvн Мемæ хаj нæj.

9. Сімон Петр Ін захта: Хіjцаў æрмæст мæ ќæхтæ нæ, фæлæ мæ ќухтæ дæр æмæ мæ сæр дæр.

10. Jесо ін захта: æхсадæн æрмæст jæ ќæхтæ æхсvн qæўv, ўj тvххæj æмæ jўўлдæр сvђдæг у; смах дæр сvђдæг стут, фæлæ ўеппæт нæ.

11. Цæмæjдæрідтæр Jæ дæдтæднcv зvдта, æмæ ўеппæт сvђдæг не стут, ўj тvххæj захта.

12. Сæ ќæхтæ сvн кў цæхсадта, æмæ Jæ дарæс кў скодта, ўæд та æрvнцад, æмæ сvн захта: Æз ўн цv бакодтон, ўj зонут?

13. Смах Мæ хонут Ахургæнæг æмæ Хіjцаў; æмæ ўj раст зæђут, цæмæjдæрідтæр Æз тæккæ ўj дæн.

14. Æмæ афтæ, кæд Æз, Ахўргæнæг æмæ Хіjцаў ўовгæjæ, цæхсадтон смахæн ўæ ќæхтæ, ўæд смах дæр qўамæ ўæ кæрæдзіі ќæхтæ æхсат.

15. Цæмæjдæрідтæр ўн Æз радтон нvв, Æз ўн цv бакодтон, афтæ цæмæj кæнат, ўj тvххæj.

16. Æцæг, æцæг зæђvн смахæн: цађар jæ æлдарæj стvлдæр нæ у, æмæ мінæвар jæ рарвітæгæj стvлдæр нæ у.

17. Кæд аj зонут смах, æмæ jæ кæд æххæст кæнут, ўæд тæхудіаг стут.

18. Смах ўеппæтv тvххæj нæ зæђvн: Æз зонvн, кæцvтv сæвзæрстон. Фæлæ сæххæст ўæд Фvст: Мемæ дзул чі хордта, ўj сіста Мæнvл jæ ќах. (Псал. 40, 10.)

19. Нvр ўн зæҕvн смахæн, цалvнмæ ўј сæххæст ўа ўалvнмæ, цæмæј, ўј кў сўа, ўæд ўæ баўрна, ај Æз кæј дæн, ўј.
20. Æцæг, æцæг зæҕvн смахæн: Æз кæј рарвітон, ўј чі ајса, ўј Мæн ісv; Мæн та чі ајса, ўј Мæ рарвітæдҥсv ісv.
21. Ај кў захта, ўæд Јесо удæј сўўнгæдҥсі, æмæ бавдісæнкодта, æмæ захта: æцæг, æцæг зæҕvн смахæн; смахæј Мæ јў ратцæні.
22. Ўæд Јæ ахургæнінæгтæ сæ кæрæдзімæ кастvстv, æмæ нæ æмбæрстој, кæј тvххæј захта Уј.
23. Æмæ Јæ ахургæнінæгтæј јў, Јесо кæј ўарста, ўј æнцаді Јесоі ріўv раз;
24. Умæн Сімон Петр нvсанæј бамбарvнкодта, цæмæј Јæ бафæрса, чі у ўј, кæј тvххæј захта ај?
25. Æмæ ўј Јесоі ріўvл банцаді, æмæ Ін захта: Хіјцаў! ўј чі у?
26. Јесо ін захта: Æз ќæбæр стулгæје кæмæн радтон ўј. Æмæ стvлдта ќæбæр, æмæ јæ радта Іскаріотаг Јудајен, Сімонv фvртæн.
27. Æмæ дзv ўцv ќæбæрv фестæ бацvді сајтан. Ўæд vн Јесо захта: цv кæнvс, ўј таҕдтæр кæн.
28. Фæлæ Јемæ баддҥсvтæј нічі бамбæрста, цæј дvмæг мæ ін захта умæн, ўј.
29. Фæлæ Јўдамæ æхцаі лаҕз кæј уді, ўј тvххæј сæ јўæј-јўтæ афтæ æнqæлўдvстv, кæд Јесо захта умæн: бæрæгбонмæ цv qæўv, ўј нvн балхæн, кæнæ мæгўртæн істv цæмæј радта, ўј.
30. Ўј ќæбæр рајста, æмæ ўајтаҕд рацvді; æмæ уді æхсæв.
31. Ўј кў рацvді, ўæд Јесо захта: нvр скаддҥсvн і адæјмадҥсv Фvрт, æмæ Хуцаў скаддҥсvн і Ујімæ.
32. Кæд Хуцаў скаддҥсvн і Ујімæ, ўæд Æј Хуцаў дæр скаддҥсvнкæндзæн Јæхіцæј, æмæ Јæ таҕд скаддҥсvнкæндзæні.
33. Мæ сvвæллæдтæ! Æз бірæ нал фæўдзvнæн смахімæ. Агурдзvстут Мæ, æмæ Æз Јўдетæн кўд захтон, Æз кæдæм цæўvн, смах ўрдæм æрцæўvн нæ бафæраздзvстут; афтæ смахæн дæр зæҕvн нvр.

34. Ног амvнддзінад дædтvн смахæн, цæмæj ўæ кæрædзii ўарзат; Æз ўæ куд баўарстон, смах дæр ўæ кæрædзii афтæ ўарзут.

35. Умæj ўæ базондзvстv jўўлдæр, смах Мæ ахургæнінæгтæ кæj стут, ўæ кæрædзii кў ўарзат, ўæд.

36. Сімон Петр Ін захта: Хіjцаў! Дv кædæм цæўvс? Jесо ін дзўапп радта: Æз кædæм цæўvн, ўрдæм цæўvн Мæ фædvл дv нvр нæ бафæраздзvнæ, фælæ стæj рацæўдзvнæ Мæ фædvл.

37. Петр Ін захта: Хіjцаў! цæўлнæ фæразvн нvр æз Дæ фædvл ацæўvн? Æз мæ сæр дæр æрхæсцvнæн Дæў тvххæj.

38. Jесо ін дзўап радта: дæ сæр æрхæсцvнæ Мæн тvххæj? Æцæг, æцæг зæɣvн дæўæн: ўасæг нæ ма сўасцæні, афтæ Мvл æвдісæнбакæндзvнæ æртæ хадтv.

СÆР 14.

1. Ўæ зæрдæ ўнгæг ма кæнæд; ўрнæд ўæ Хуцаў, æмæ Мæнvл дæр ўрнут.

2. Мæ Фvдv хæдзарv цæрæн бvўædтæ бірæ іс. Æмæ афтæ кў нæ удаід, ўæд ўн Æз захтаін: Æз смахæн бvнат сцædтækæнvнмæ цæўvн.

3. Æмæ кў ацæўон æмæ ўн бvнат кў сцædтækæнон, ўæд ўæм ноɲсv æрцæўдзvнæн, æмæ ўæ Мæхімæ акæндзvнæн, цæмæj Æз кæм ўон, смах дæр ум ўат.

4. Æмæ Æз кædæм цæўvн, смах ўj зонут, æмæ ін jæ фæндаг дæр зонут.

5. Фома Ін захта: Хіjцаў! нæ зонæм кædæм цæўvс; æмæ кўд базондзvстæм ўцv фæндаг?

6. Jесо ін захта: Æз дæн фæндаг æмæ æцæгад æмæ цард; Мæ Фvдмæ нічі æрцæўдзæні, æрмæст Мæ фæрцv jедтæмæ.

7. Смах кў зоніккат Мæн, ўæд Мæ Фvдv дæр зоніккат. Æмæ Jæ нvрæj фæстæмæ зонут, æмæ Jæ ўнгæ дæр фækодтат.

8. Філіпп Ін захта: Хіјцаў! фенvн нvн кæн Дæ Фvдv, æмæ нvн ўј æвђæд удзæні.

9. Jесо ін захта: ўјас афон дæн смахімæ, æмæ Мæ Дv нæ ма зонvс, Філіпп? Мæн фенæг Мæ Фvдv дæр федта; ўодæ ма дv кўд зæвс: Дæ Фvдv нvн фенvнкæн?

10. Дæў нæ ўрнv, Æз Мæ Фvдімæ кæј дæн, æмæ Мæ Фvд Мемæ, ўј; Æз ўн цv дзvрдтæ дзурvн, удон Мæхіцæј нæ дзурvн; фæлæ Мæ Фvд, Мемæ чі іс, Уј qўдтæгтæ кæнv;

11. Ўрнæд ўæ, Æз Мæ Фvдімæ кæј дæн, æмæ Мæ Фvд Мемæ, ўј; кæд афтæ нæ, ўæд та ўæ ўрнæд Мæнæј Мæ qўдтæгтæм гæскæ.

12. Æцæг, æцæг ўн зæвvн: Æз кæј ўрнон, ўј, Æз цv qўдтæгтæ кæнvн, удон скæндзæні, æмæ удонæј фvлдæр скæндзæні; умæн-æмæ Æз Мæ Фvдмæ цæўvн;

13. Æмæ цvдæрідтæр ракурат Мæ номæј, ўј ўн скæндзvнæн, цæмæј скадџvн ўа Фvд Јæ Фvртæј.

14. Істv кў ракурат Мæ номæј, ўæд ўн æј Æз скæндзvнæн.

15. Кæд Мæ ўарзут, ўæд Мæ амvнддзінæдтæ сæххæсткæнут.

16. Æмæ Æз балæхстækæндзvнæн Мæ Фvдæн æмæ ўн ратцæні æндæр Рæвдаўæдџv, æмæ Уј смахімæ удзæні мvккагмæ,

17. Æцæгадv Удv, дуне ајсvн кæј нæ фæразv, умæн-æмæ Јæ нæ унv, æмæ Је нæ зонv; смах та Јæ зонут, цæмæјдæрідтæр Уј смахімæ іс, æмæ ўемæ удзæні.

18. Сідзæрæј ўæ нæ нvўадцvнæн; æрцæўдзvнæн ўæм.

19. Јў чvсvл ма: æмæ Мæ дуне нал фендзæні; смах та Мæ фендзvстут; цæмæјдæрідтæр Æз цæрvн, æмæ смах дæр цæрдзvстут.

20. Ўцv бонv смах базондзvстут, Æз мæ Фvдімæ кæј дæн, æмæ смах Мемæ кæј стут, Æз та ўемæ кæј дæн, ўј.

21. Мæ амvндздзінæдтæ кæмæ іс, æмæ сæ чі æххæсткæнv, ўj Мæ ўарзv; æмæ Мæн чі ўарзv, ўj Мæ Фvд баўарздзæні; æмæ jæ Æз дæр баўарздзvнæн, æмæ ін Мæхі раргом кæндзvнæн.

22. Jўда (Іскаріотаг нæ) захта Умæн: Хіjцаў! цæj тvххæj Дæ фæндv Дæхі дунеjен нæ, фæлæ махæн фенvнкæнvн?

23. Jесо ін захта дзўап: чі Мæ ўарзv, ўj Мæ дзvрд сæххæсткæндзæні; æмæ jæ мæ Фvд баўарздзæні, æмæ jæм Мах æрцæўдзvстæм, æмæ jæм æрбvнаткæндзvстæм.

24. Мæн чі нæ ўарзv, ўj Мæ дзvрдтæ нæ æххæсткæнv: æмæ смах цv дзvрд qусут, ўj Мæн нæ у, фæлæ Мæ рарвітæг Фvдv.

25. Аj захтон Æз смахæн, цалvнмæ ўемæ дæн.

26. Фæлæ Рæвдаўæг, Сvғдæг Уд, Мæ Фvд кæj рарвітцæні Мæ номæj, Уj ўæ сахўркæндзæні æппæтvл, æмæ ўн æрæмvсvнкæндзæні, Æз ўн цv дзvрдтон, удон jўўлдæр.

27. Æнцоjдзінад ўн ўадзvн; Мæ æнцоjдзінад ўн дæдтvн; дуне кўд дæдтv, Æз афтæ нæ дæдтvн. Ўгæг ма кæнæд ўæ зæрдæ, æмæ ма тæрсут.

28. Смах феqўстат, Æз ўн цv захтон, ўj: цæўvн смахæj, æмæ æрцæўдзvнæн смахмæ. Смах Мæ кў ўарзіккат, ўæд сцінкæніккат, Æз афтæ кæj захтон: цæўvн Мæ Фvдмæ; цæмæjдæрідтæр Мæ Фvд Мæнæj стvлдæр у.

29. Æмæ ўн, мæнæ, Æз захтон ўўл раздæр, цалvнмæ æрцvді ўj, ўалvнмæ, цæмæj, ўj кў сўа, ўæд ўæ баўрна.

30. Бірæ дзурінаг Мvн налі смахімæ, цæмæjдæрідтæр ацv дунеі ælдар æрцæўv, æмæ ін Мæммæ ніцv іс.

31. Фæлæ дуне цæмæj зона, Æз Мæ Фvдv кæj ўарзvн, æмæ мvн Уj кўд бафæдзæхста афтæ кæj кæнvн, ўj: сvстут, æрдvгæj ацæўæм.

СÆР 15.

1. Æз дæн æцæг сæнæфсірv бæлас, Мæ Фvд та сæндонгæнæг.
2. Мæ ќаліўтæј дvрђ кæўл нæ æрзаји, ўј Уј алvгкæнv; фæлæ дvрђ кæўл заји, ўј ссvђдæгкæнv, цæмæј іл фvлдæр дvрђ æрзаја.
3. Смах сvгдæггонд фестут, Æз ўн цv дзvрд бацамvдтон, ўј фæрцv.
4. Ут Мемæ, æмæ Æз ўемæ. Ќабуз јæхæдæг јæхіцæј дvрђ ўадзvн кўд нæ фæразv, бæласvл кў нæ ўа, ўæд, смах дæр афтæ, Мемæ кў нæ ўат, ўæд.
5. Æз дæн бæлас, смах та ќабузтæ; Мемæ чі іс, æмæ Æз дæр кæјімæ ўон, ўј бірæ дvрђ æрхæсцæн; цæмæјдæрідтæр æнæ Мæн кæнvн ніцv фæразут.
6. Мемæ чі нæ ўа, ўј æдтæмæ æппæрст удзæні, ќабузаў, æмæ бахусўдзæні; æмæ ахæм ќабузтv æмбvрдкæнvнц æмæ са артvл калvнц, æмæ судзvнц.
7. Смах Мемæ кў ўат, æмæ Мæ дзvрдтæ ўемæ кў ўој, ўæд ўæ цvдæрідтæр бафæнда, ўј ракурут, æмæ ўн лæвæрд удзæні;
8. Смах бірæ дvрђ кў æрхæссат æмæ Мæ ахургæнінæгтæ кў ўат, ўæд умæј скадџvнўдзæні Мæ Фvд.
9. Мæ Фvд Мæ кўд баўарста, Æз дæр ўæ афтæ баўарстон; Мæ ўарзондзінадv лæўут.
10. Мæ амvнддзінæдтæ кў сæххæсткæнат, ўæд Мæ ўарзондзінадv удзvстут, Æз дæр кўд сæххæсткодтон Мæ Фvдv амvнддзінæдтæ, æмæ Јæ ўарзондзінадv кўд дæн, афтæ.
11. Ај ўн Æз захтон, цæмæј Мæ ціндзінад ўемæ ўа, æмæ ўæ ціндзінад æххæст ўа.
12. Ај у Мæ амvнддзінад, цæмæј смах ўæ кæрæдзіі ўарзат, Æз ўæ кўд баўарстон афтæ.
13. Ісчі јæ сæр јæ лvмæнтv тvххæј кў æрхæсса, ўæд умæј стvлдæр ўарзондзінад нæј.

14. Æз ўн цv фædзæхсvн, ўj кў cæххæстткæнат, ўæд смах Мæ лvмæнтæ стут.

15. Æз ўæ цаŋартæ нал хонvн; цæмæjдæрідтæр цаŋар jæ ælдар цv кæнv, ўj нæ зонv; фælæ ўæ Æз хонvн Мæ лvмæнтæ, умæн-æмæ Мæ Фvдæj цv фæqўстон ўj ўн jўўлдæр захтон.

16. Смах Мæ нæ cæвзæрстат, фælæ, ўæ Æз cæвзæрстон, æмæ ўæ нvллæўнкодтон, цæмæj смах цæўат, æмæ дvрŋ æрхæссат, æмæ ўæ дvрŋ кæдтæрідтæр ўа, цæмæj цvдæрідтæр ракурат Мæ Фvдæj Мæ номæj, ўj ўн радта.

17. Аj ўн амонvн смахæн, цæмæj ўæ кæрædзіі ўарзат.

18. Дуне ўæ кў нæ ўарза, ўæд Мæн смахæj раздæр кæj нæ бўарста, ўj зонут.

19. Смах дунеје кў ўаіккат, ўæд дуне jехіонтv ўарзід; смах та дунеје кæj не стут, фælæ ўæ Æз дунеје кæj cæвзæрстон, ўj тvххæj ўæ нæ ўарзv дуне.

20. Æз ўн цv дзvрд захтон ўj ўæ зæрдvл дарут: цаŋар jæ ælдарæj стvлдæр нæ у. Кæд Мæн cvрдтоj, ўæд смах дæр сурдзvстv; Мæ дзvрд кæд cæххæсткодтоj, ўæд ўæ дзvрд дæр æххæст кæндзvстv.

21. Фælæ ўн адон æппæт бакæндзvстv Мæ номv тvххæj, умæн-æмæ Мæ рарвітæджv нæ зонvнц.

22. Æз сæм кў нæ æрцvдаін, æмæ cvн кў нæ дзvрдтаін; ўæд сæм тæріŋæд нæ удаід, нvр та cvн сæ тæріŋædæj срастгæнæн налі.

23. Мæн чі нæ ўарзv, ўj Мæ Фvдv дæр нæ ўарзv.

24. Æз сехсæнv кў нæ кодтаін, æндæр іскæj кúхv чі нæ бафтvд, ахæм qўдтæгтæ, ўæд сæм тæріŋæд нæ удаід; фælæ нvр ўнгæ дæр фækодтоj, æмæ схæрамстv Мæммæ дæр æмæ Мæ Фvдмæ дæр.

25. Фælæ cæххæст ўæд сæ дінv фvст дзvрд: хўмæтæджv Мæм схæрамстv. (Псал. 68, 5.)

26. Æмæ Рæвдаўæг кў æрцæўа, Æз Мæ Фvдæj кæj рарвітцvнæн, æцæгадv Уд, Фvдæj чі цæўv; ўæд Уj æвдісæн лæўдзæні Мæн тvххæj.

27. Æмæ смах дæр æвдісæнлæўдзvстут, смах фvтцагæj нvрмæ дæр Мемæ кæj стут, ўj тvххæj.

СÆР 16.

1. Аj ўн захтон, цæмæj смах ма фæрæдіат.
2. Расурдзvстv ўæ нvхæстæj; æмæ ахæм афон дæр æрцæўv, æмæ смах чі амара, ўj, цvма умæj Хуцаўæн кусv, æнqæл удзæні.
3. Афтæ ўн кæндзvстv, умæн-æмæ нæдæр Мæ Фvдv базvдтоj, нæдæр Мæн.
4. Фæлæ ўн Æз аj ўj тvххæj захтон, цæмæj смах, ўцv афон кў æрцæўа ўæд æрæмvсат, Æз ўн аj кæj дзvрдтон, ўj; фvтцаг та ўн, ўемæ кæj удтæн, аj ўj тvххæj нæ захтон.
5. Нvр та Мæ рарвітæгмæ цæўн, æмæ Мæ смахæj нічі фæрсv, кæдæм цæўvс?
6. Фæлæ ўн аj кæj захтон, умæj ўæ зæрдæ ўнгæгдзінадæj баjдзаҥсі.
7. Фæлæ ўн Æз æцæг зæҕvн: Æз цæмæj ацæўон, ўj смахæн хўздæр у; цæмæjдæрідтæр Æз кў нæ ацæўон, ўæд ўæм Рæвдаўæг нæ æрцæўдзæні; фæлæ кў ацæўон, ўæд Æj рарвітцvнæн смахмæ.
8. Æмæ Уj кў æрцæўа, ўæд дунеі базvлvнкæндзæні тæріҕæдv, æмæ растдзінадv, æмæ тæрхондзінадv тvххæj.
9. Тæріҕæдv тvххæj, Æз æj кæj нæ ўрнvн умæн;
10. Растдзінадv тvххæj, Æз Мæ Фvдмæ кæj цæўvн, æмæ Мæ кæj нал фендзvстут умæн;
11. Тæрхонv тvххæj та, ацv дунеі æлдар фvдæфхæрд кæj, у, умæн.
12. Ноҥсv Мæм бірæ іс смахæн зæҕінаг, фæлæ смах нvр ўj бамбарvн нæ бафæраздзvстут.
13. Æмæ Уj, æцæгадv Уд, кў æрцæўа, ўæд ўн Уj бацамондзæн алv æцæгад: цæмæjдæрідтæр Jæхіцæj нæ дзурдзæні, фæлæ цv феqуса, ўj дзурдзæн, æмæ ўн цv æрцæўдзæні, ўj бамбvрvнкæндзæн.

14. Уj Мæн скадджvнкæндзæн, умæн-æмæ Мæнонæj ajсцæн, æмæ феqусvнкæндзæн смахæн.
15. Мæ Фvдæн цv ic, ўj jўўл Мæн у; ўj тvххæj Æз захтон,Мæнонæj ajсцæні,æмæ ўнфеqусvнкæндзæні.
16. Таŋд Мæ нал фендзvстут, æмæ та Мæ нодҗсv таŋд фендзvстут; цæмæjдæрідтæр Æз Мæ Фvдмæ цæўvн.
17. Ум Jæ ахўргæнінæртæj jўæj-jўтæ захтоj сæ кæрædзijæн: aj нvн цv зæŋv: таŋд Мæ нал фендзvстут æмæ та Мæ нодҗсv таŋд фендзvстут: æмæ Æз цæўvн Мæ Фvдмæ?
18. Æмæ афтæ удон дзvрдтоj: aj цv дзурv Уj: таŋд? Нæ зонæм цv дзурv ўj.
19. Jесо бамбæрста, бафæрсvн Æj кæj qавvдvстv, ўj, æмæ сvн захта: смах ўæ кæрædзii ўj тvххæj фæрсут, Æз ўн кæj захтон: таŋд Мæ нал фендзvстут, æмæ та Мæ нодҗсv таŋд фендзvстут?
20. Æцæг, æцæг зæŋvн смахæн: смах скæўдзvстут æмæ сдзvназдзvстут, дуне та сцінкæндзæні; смах æнќард удзvстут, фæлæ ўæ æнќардзінад ціндзінадvл аівдзvстут.
21. Ус кў арv, ўæд qiамæткæнv, цæмæjдæрідтæр jæ сахат æрхæтцæ ic; фæлæ сvвæллонv кў нvjарv, ўæд jæ qiамæт нал qўдvкæнv фvрцінæj, дунеі адæjмаг кæj рajгўрді, ўj тvххæj.
22. Смах дæр афтæ, нvр qvнцvмкæнут; фæлæ ўæ Æз нодҗсvдæр фендзvнæн, æмæ сцінкæндзæні ўæ зæрдæ, æмæ смахæj ўæ ціндзінад нічі ajсцæні.
23. Æмæ Мæ ўцv бон ніцæмæj ўал бафæрсцvстут. Æцæг, æцæг зæŋvн смахæн: цvдæрідтæр ракурат Фvдæj Мæ номæj, ўj ўн ратцæні.
24. Нvронг смах ніцv кўрдтат Мæ номæj; курут, æмæ рajсцvстут, цæмæj ўæ ціндзінад ўа æххæст.
25. Нvронг Æз дзvрдтон смахæн фæсномvгнvхæстæj; фæлæ ахæм афон æрцæўv, кæд ўн Æз фæсномvгнvхæстæj нал дзурдзvнæн, фæлæ ўн æргомæj сqæркæндзvнæн Мæ Фvдv тvххæj.
26. Ўцv бонv курдзvстут Мæ номæj, æмæ ўн нæ зæŋvн, Æз Мæ Фvдæj курдзvнæн, зæŋгæ, смах тvххæj:

27. Умæн-æмæ ўæ Мæ Фvд Jæхæдæг ўарзv, смах Мæ кæj баўарстат, æмæ ўæ, Æз Хуцаўæj кæj æрцvдтæн, ўj кæj баўрнvдта, ўj тvххæj.

28. Æз Мæ Фvдæj рацvдтæн, æмæ дунемæ æрцvдтæн, æмæ та ноджсvдæр ўадзvн дуне, æмæ Мæ Фvдмæ цæўvн.

29. Jæ ахўргæнінæгтæ Ін захтоj: мæнæ, нvр Дv æргомæj дзурvс, æмæ фæсмомvгнvхасæj ніцv дзурvс.

30. Нvр мах унæм, Дv æппæт дæр кæj зонvс, ўj, æмæ Дæ ісчі цæмæj фæрса, ўj дæр кæj нæ qæўv. Ўj тvххæj нæ ўрнv, Дv Хуцаўæj кæj æрцvдтæ, ўj.

31. Jесо сvн захта: нvр ўæ ўрнv?

32. Мæнæ нvр æрцæўv сахат, æмæ цæўгæ дæр æркодта, æмæ смах нvххæліўўдзvстут алчі jæхірдæм, Мæн та нvўадцvстут jўнæгæj; фæлæ jўнæг нæ дæн, умæн-æмæ Мемæ іс Мæ Фvд.

33. Аj ўн ўj тvххæj захтон, цæмæj ўн æнцоjдзінад ўа Мемæ. Дунеі ўн ўнгæгдзінад удзæні, фæлæ qæбæрлæўут; Æз дунеі басастон.

СÆР 17.

1. Ацv дзvрдтv фæстæ Jесо скасті ўоларвмæ æмæ захта: о Мæ Фvд! æрхæтцæ іс сахат, скадджсvнкæн Дæ Фvртv, цæмæj Дæ Дæ Фvрт дæр скадджсvнкæна:

2. Дv Умæн алv бўарvл бар кўд радтај афтæ, цæмæj, Дv Умæн кæj радтај, удон сеппæтæн радта æнусмæ цард.

3. Æмæ æнусмæ цард та аj у, цæмæj базоноj Дæў jўнæг æцæг Хуцаўv, æмæ Дæўæj æрвvст Jесо Чvрvстіі.

4. Æз дæ скадджсvнкодтон зæххvл, сæххæсткодтон, Дv Мæнæн сæххæсткæнvнмæ цv qўдтаг радтај, ўj.

5. Æмæ Мæ нvр скадджсvнкæн, Дv, Мæ Фvд, Дæўæн Дæхімæ цv кад іс, æмæ Мvн Дæўмæ дунеі сфæлдvстv разæj чі уді, умæj.

6. Æз сæргомкодтон Дæ ном Дv Мvн, дунеje цv лæгтæ радтаj, удонæн; удон, Дæў удvстv, æмæ сæ Дv Мæнæн радтаj, æмæ удон, дæ дзvрд бавæрдтоj.

7. Нvр бамбæрстоj удон, цvдæрідтæр, Дv Мvн цv радтаj, удон jўўлдæр Дæўæj кæj стv, ўj.

8. Цæмæjдæрідтæр Дv Мvн цv дзvрдтаj, удон Æз удонæн радтон; æмæ сæ удон аjстоj, æмæ æцæг бамбæрстоj, Æз Дæўæj кæj æрцvдтæн, æмæ сæ, Дv Мæ кæj рарвvстаj, ўj баўрнvдта.

9. Æз удон тvххæj кувvн, дуне æппæтv тvххæj нæ кувvн, фæлæ Мvн Дv кæj радтаj, удон тvххæj, умæн-æмæ удон Дæў стv.

10. Æмæ алцv æппæтдæр Мæнон Дæў у, æмæ Дæўон Мæн у; æмæ Æз удон мідæг скадцvн дæн.

11. Æз дунеi нал дæн, фæлæ удон дунеi стv, Æз та Дæўмæ цæўvн. О, Мæ сvҕдæг Фvд! баqаqqæн сæ Дæ номv тvххæj: Дv Мæнæн кæj радтаj удон, цæмæj удон ўоj jў, Мах дæр jў куд стæм афтæ.

12. Æз удонімæ кў удтæн дунеi, ўæд сæ Æз qаqqædтон Дæ номv тvххæj; Дv Мvн кæj радтаj, удон Æз баqqаqædтон, æмæ удонæj нічі фесæфті, сæфтv jедтæмæ, цæмæj сæххæст ўа Фvст. (Псал. 108, 17.)

13. Нvр та Дæўмæ цæўvн, æмæ аj дунеi дзурvн, цæмæj удонv Мæ ціндзінад æххæст ўа.

14. Æз сvн радтон Дæ дзvрд; æмæ сæм дуне схæрам іс, умæн-æмæ удон дунеje не стv, Æз дæр дунеje кўд нæ дæн афтæ.

15. Дv удон дунеje цæмæj акæнаj, ўj тvххæj Дvн нæ кувvн, фæлæ сæ цæмæj баqаqqæнаj æвзæрдзінадæj, ўj тvххæj.

16. Удон дунеje не стv, Æз дæр дунеje кўд нæ дæн, афтæ.

17. Ссvҕдæг сæ кæн дæ æцæгадæj; Дæ дзvрд æцæг у.

18. Дv Мæ дунемæ кўд рарвvстаj, Æз дæр сæ дунемæ афтæ æрвvстон.

19. Æмæ удон тvххæj Мæхі ўолдajкæнvн, цæмæj удон дæр æцæгадæj ссvҕдæг ўоj.

20. Æрмæст удон тvххæj нæ кувvн, фæлæ удон дзvрдæj Æз кæj ўрнvн, удон тvххæj дæр,
21. Цæмæj сеппæт jў ўоj: Дv, о Мæ Фvд, Мемæ кўд дæ, æмæ Æз Демæ, удон дæр афтæ Немæ jў кўд ўоj, цæмæj дунеi баўрна, Дv Мæ кæj рарвvстај, ўj.
22. Æмæ Мvн Дv цv кад радтај, Æз ўj удонæн радтон; цæмæj ўоj jў, Мах jў кўд vстæм.
23. Æз удонімæ дæн, Дv та Мемæ: цæмæj æххæст ўоj jўмæ, æмæ дуне цæмæj базона, Дv Мæ кæj рарвvстај, æмæ сæ баўарстај удонv дæр, Мæн кўд баўарстај, афтæ.
24. О Мæ Фvд! Дv Мvн кæj радтај удон, Æз кæм ўон, ум Мемæ кўд ўоj, ўj Мæ фæндv, цæмæj уноj Мæ кад, Дv Мvн кæj радтај, умæн-æмæ Мæн баўарстај дўнеjен бvндур цæвæрvнv размæ.
25. О Мæ раст Фvд! дуне дæр Дæ нæ базvдта; Æз та Дæ базvдтон, æмæ адон дæр базvдтоj, Дv Мæ кæj рарвvстај, ўj.
26. Æмæ адонæн Æз сæргомкодтон Дæ ном, æмæ æргомдæр скæндзvнæн, цæмæj, Дv Мæ цv ўарзондзінадæj баўарстај, удон мідæг ўа, æмæ Æз дæр удон мідæг ўон.

СÆР 18.

1. Аj кў захта Jесо, ўæд Jæ ахўргæнінæгтімæ ацvдi Кедронv донv ўцv фарсмæ, сæндон кæм уди, æмæ jæм бацvдi Jæхæдæг дæр æмæ Jæ ахўргæнінæгтæ дæр.
2. Ўцv бvнат зvдта Jæ радтæг Jўда дæр; умæнæмæ Jесо ўрдæм Jæ ахўргæнінæгтімæ арæх цvдi.
3. Æмæ акодта Jўда æвсад, æмæ саўджvнтvхістæртv æмæ фарісетv кусджvтv, æмæ æрцvдi ўрдæм цvраҕдарæнтімæ, рухсгæнæнтімæ æмæ æдгæрстæ.
4. Jесо та, цv Іл æрцæўдзæні ўj æппæт зонгеjе, бацvдi удонмæ, æмæ сvн захта: кæj агурут?

5. Дзўап Vн радтоj: Назаретаг Jecoi. Jeco cvн захта: Æз дæн, Семæ лæўўди Jæ дæдтæг Jўда дæр.

6. Æмæ cvн кў захта: aj Æз дæн; ўæд удон фæстæдæр алæўўдvстv, æмæ зæхмæ æрхаўдvстv.

7. Ноджсvдæр та сæ бафарста: кæj агурут? Удон захтоj: Назаретаг Jecoi.

8. Jeco cvн дзўап захта: Æз ўн кў захтон: aj Æз дæн. Æмæ афтæ кæд Мæн агурут, ўæд удон нvўадзут, ўадз æмæ цæўæнт:

9. Цæмæj сæххæст ўа, Ўj цv дзvрд захта ўj: Дv Мvн кæj радтаj, удонæj Æз нікæj фесæфтон.

10. Сімон Петрмæ æхсаргард уди, фелвæста jæ æмæ нvццафта саўджсvнтvхістæрv цаҕарv, æмæ ін jæ рахіс qус ахаўнкодта. Ўцv цаҕарæн jæ ном Малх уди.

11. Фæлæ Jeco Петрæн захта: нvтцæв дæ æхсаргард jæ кæрдцæмv; Мæнæн Мæ Фvд цv нўазæн радта, ўj ма баназон мijаг?

12. Ўæд æфсæдтæдтæ, æмæ мінvхіцаў, æмæ Jўдетv кусджсvтæ æрцахстоj Jecoi, æмæ Jæ сбастоj.

13. Æмæ Jæ акодтоj раздæр Аннамæ; цæмæjдæрідтæр ўj Кajафajен, ўцv аз саўджсvнтvхістæр чі уди, умæн уди jæ усv фvд.

14. Ўj ўцv Кajафа уди, Jўдæтæн афтæ чі бацамvдта, хўздæр у jў лæгæн адæмv тvххæj амæлvн.

15. Jecoi фæдvл цvдvстv Сімон Петр æмæ æндæр ахўргæнінаг: ўцv ахўргæнінаг саўджсvнтvхістæрæн зонгæ уди, æмæ Jecoiмæ бацvді саўджсvнтvхістæрv кæртмæ;

16. Петр та дорттv æдтіje лæўўді. Стæj, саўджсvнтvхістæрæн зонгæ чі уди, ўцv ахўргæнінаг рацvді, æмæ захта дўаргæс усæн, æмæ бакодта Петрv.

17. Ум дўаргæс ус захта Петрæн: дv дæр ўцv лæджсv ахургæнінæгтæj нæ дæ нæ? Ўj захта: нæ дæн.

18. Фæлæ цаҕартæ æмæ кусджсvтæ, іхæн кæj уди, ўj тvххæj арт скодтоj, лæўўдvстv, æмæ сæхі

тавдтој. Петр дæр лæўўді удонімæ æмæ јæхі тавдта.

19. Саўдҥсvнтvхістæр та бафарста Јесоі Јæ ахургæнінæгтæ æмæ Јæ амvнддзінадv тvххæј.

20. Јесо ін дзўап радта: Æз æргомæј дзvрдтон дунејен; Æз кæдтæрідтæр амvдтон нvхасv æмæ арҕўанv, Јўдетæ алvхадт æмбvрд кæм кæнvнц, æмæ сусæгæј ніцv дзvрдтон.

21. Мæн цv фæрсvс? Мæммæ чі qўстој удон бафæрс: Æз сvн цv дзvрдтон, ўј тvvхæј; мæнæ, удон, Æз сvн цv дзvрдтон, ўј зонvнц.

22. Уј ај кў захта, ўæд, хæстæг цv кусдҥсvтæ лæўўдvстv, удонæј јў нvтцафта Јесоі æхсæрvфарс, æмæ Ін захта: афтæ дзўап дæдтvс Дv саўдҥсvнтvхістæрæн?

23. Јесо ін дзўаппæн захта: кæд Æз æвзæр захтон, ўæд кўд æвзæр захтон, ўј равдіс; фæлæ кæд хорз захтон, ўæд Мæ цæмæн цæвvс?

24. Анна Јæ бастæј арвvста саўдҥсvнтvхістæр Кајафамæ.

25. Сімон Петр та лæўўді, æмæ јæхі тафдта. Ўм vн захтој: дv дæр Уј ахўргæнінæгтæј нæ дæ нæ? Уј Іл æвдісææбакодта, æмæ захта: нæ.

26. Саўдҥсvнтvхістæртv цаҕартæј јў, Петр јæ qус кæмæн ахаўнкодта, ўј хæстæг, захта умæн: æз дæ сæндонv Ујімæ нæ федтон нæ?

27. Петр та Іл æвдісæн бакодта; æмæ тæккæ ўцv сахатv сўасvді ўасæг.

28. Кајафаје акодтој Јесоі преторіамæ. Сбоні; æмæ удон преторіамæ нæ бацvдvстv, цæмæј æнæсvҕдæг ма сўој, фæлæ сvн Пасха бахæрvнv фадат кўд удаід, афтæ.

29. Пілат сæм рацvді, æмæ сvн захта: цæмæј зvлvнкæнут ацv лæдҥсv?

30. Удон vн дзўаппæн захтој: Уј æвзæргæнæг кў нæ ўаід, ўæд Æј мах нæ радтаіккам дæўмæ.

31. Пілат сvн захта: ўæхўдтæг Æј акæнут, æмæ Ін ўæ æҕдаўæј стæрхонкæнут, Јўдетæ ін захтој: махæн нæ ќухv нæј іскæј мæлæтмæ радтvн;

32. Цæмæј сæххæст ўа Јесоі дзvрд, цv мæлæтæј амæлдзæні, ўј æмбарvнгæнгæјæ кæј захта, ўј.
33. Ўæд Пілат фæстæмæ бацvді преторіамæ, æмæ басідті Јесомæ, æмæ Ін захта: Дv Јўдетv патцах дæ?
34. Јесо ін дзўаппæн захта: дæхіцæј зæҕvс ај, æві дvн ісчі міјаг захта Мæн тvххæј?
35. Пілат Vн захта дзўап: æз Јўдеаг дæн цv? Дæ адæм æмæ Дæ Дæ саўдҥсvнтvхістæртæ радтој мæммæ; цv ракодтај Дv?
36. Јесо ін дзўап захта: Мæ патцахад ацv дунеје нæ у; Мæ цатцахад ацv дунеје кў ўаід, ўæд Мæ кусдҥсvтæ Мæ фарс лæўўдаіккој, æмæ Æз Јўдетv ќухтv нæ бафтvдтаін; фæлæ Мæ цатцахад ардvгон нæ у.
37. Пілат ін захта: ўодæ Дv Патцах дæ? Јесо ін дзўап захта: дv зæҕvс, Æз Патцах кæј дæн, ўј. Æз умæн рајгўрдтæн, æмæ умæн æрцvдтæн дунемæ, цæмæј æцæгадv тvххæј æвдісæн лæўон; æмæ æцæгадæј чідæрідтæр у, ўј qусv Мæ дзvрдмæ.
38. Пілат Vн захта: æцæгад цv у? Æмæ ај кў захта, ўæд фæстæмæ Јўдетæм рацvді, æмæ сvн захта: æз Æм ніцv аххос арvн.
39. Фæлæ смахæн іс æҕдаў, цæмæј ўн æз Пасхај тvххæј јў ахæстv ўадзон; фæндv ўæ, цæмæј ўн аўадзон Јўдетv Патцахv?
40. Ўæд ноднсv сqæркодтој јўўлдæр æмæ захтој: Ујнæ, фæлæ Вараввaі. Вараввa та уді æвзæргæнæг.

СÆР 19.

1. Ўæд Пілат ракодта Јесоі, æмæ Јæ нæмvнкодта.
2. Æмæ æфсæдтæдтæ сбvдтој сvндзvтæј худ, æмæ јæ нvккодтој Умæн Јæ сæрvл æмæ Іл скодтој сvрх ўолæфтаў,

3. Æмæ дзvрдтој: цінкæн Јўдетv Патцах æмæ Ін надтој Јæ æхсæрфæрстæ.
4. Пілат та сæм рацvді, æмæ сvн захта: Мæнæ Јæ æз кæнvн смахмæ, æз Æм кæј ніцv аххос арvн, ўј кўд зонат, афтæ.
5. Ўæд рацvді Јесо сvндзæј худv æмæ сvрх ўолæфтаўv. Æмæ сvн Пілат захта: мæнæ, лæг!
6. Æмæ Јæ саўдҥсvнтхістæртæ æмæ кусдҥсvтæ кў федтој, ўæд сqæркодтој: бајтvндз Æј, бајтvндз Æј! Пілат сvн захта: акæнут Æј ўæхўдтæг, æмæ Јæ бајтvндзут, цæмæјдæрідтæр Æм æз аххос нæ арvн.
7. Јўдетæ ін дзўап захтој: махæн іс æҕдаў, æмæ нæ æҕдаўмæ гæскæ Уўл æмбæлv мæлæт, умæн-æмæ Јæхі Хуцаўv Фvрт скодта.
8. Пілат ацv дзvрд кў феqўста, ўæд ідтæгдæр фæтарсті.
9. Æмæ та нодҥсvдæр бацvді преторіамæ, æмæ захта Јесојен: Дv кæцæј дæ? Фæлæ ін Јесо дзўап нæ радта.
10. Пілат Vн захта: мæнæн нæ дæдтvс дзўап? нæ зонvс, Дæ бајтvндзvн дæр æмæ Дæ аўадзvн дæр мæ ќухv кæј іс, ўј?
11. Јесо ін дзўап захта: дæ ќухv Мæнvл ніцv ўдаід, ўоларвæј дvн лæвæрд кў нæ удаід, ўæд; ај тvххæј Мæн дæўæн чі радта, ўўл фvлдæр тæріҕæд іс.
12. Ўцv афонæј фæстæмæ Пілат зvлді Уј аўадзvнvл, Јўдетæ та qæркодтој: Уј кў аўадзај, ўæд дv Кесарv лvмæн нæ дæ; чідæрідтæр јæхі патцах чі хонv, ўј Кесарv знаг у.
13. Пілат кў феqўста ацv дзvрд, ўæд Јесоі æдтæмæ ракодта, æмæ сбадті тæрхонv бvнатvл, Ліфостротон чі хўнді, Евреагаў та Гаввафа, ўм.
14. Ўæд уді Пасхај размæ мајрæмбон, æмæ æхсæзæм сахат. Æмæ захта Пілат Јўдетæн: мæнæ, ўæ Патцах!
15. Фæлæ удон сqæркодтој: мæлæт, мæлæт Умæн! бајтvндз Æј! Пілат сvн захта: ўæ Патцахv ўн бајтvндзон? Саўдҥсvнтvхістæртæ дзўап захтој: махæн Кесарv једтæмæ патцах нæј.

16. Ўæд Æj æрæдзiаў радта удонæн бajтvндзvнмæ. Æмæ ajстоj Jесоi, æмæ Jæ акодтоj.
17. Æмæ Jæ дзўар хæскæje, рацvдi Ўj, нvхv бvнат чi хўнді, ўцv ранмæ, Евреагаў та Голгофа.
18. Ум Æj дзўарvл бajтvхтоj, æмæ ма Jемæ æндæр дуўæi дæр, Jæ фæjнæ фарсvрдvгæj, сæ æхсæнv та Jесо.
19. Æмæ Пiлат нvффvста фvст, æмæ jæ дзўарvл сæвæрдта. Фvст уді: Jесо Назаретаг Jўдетv Патцах.
20. Ацv фvст кастvтv Jўдетæj бiрæтæ, Jесоi дзўарvл кæм бajтvхтоj, ўцv бvнат сахармæ хæстæг кæj уді, ўj тvххæj, æмæ фvст уді евреагаў, бердзенагаў, æмæ ромагаў.
21. Jўдетv саўджvнтvхiстæртæ та захтоj Пiлатæн: ма фvсс: Jўдеаг Патцах, фæлæ Jæхæдæг кўд захта: Æз Jўдетv Патцах дæн, ўj.
22. Пiлат сvн дзўаппæн захта: æз цv нvффvстон, ўj нvффvстон.
23. Æфсæдтæдтæ кў бajтvхтоj Jесоi, ўæд V'н рajстоj Jæ дарæстæ, æмæ сæ цvппар хаji скодтоj, алv æфсæдтонæн хаj, æмæ хiтон дæр (1); хiтон та хўд нæ уді, фæлæ агасæj jæ сæрæj jæ бvнмæ ўафт.
24. Æмæ афтæ захтоj сæ кæрæдзijæн: ма jæ адiхтæкæнæм, фæлæ iл хæлдтæ сцæ̆дæм, кæj фæўа; цæмæj сæххæст ўа Чiнvджv фvст дзvрд: бajўæрстоj Мæ дарæстæ сæ æхсæнv, æмæ Мæ хæдонvл сцаʁдтоj хæлдтæ. (Псал. 21, 19.) Афтæ бакодтоj æфсæдтæдтæ.
25. Jесоjен Jæ дзўарv раз лæўўдvстv Jæ мад æмæ Jæ мадv хо, Мариам Клеопаj чvзг, æмæ Магдалiнаг Мариа.
26. Jесо, кў федта Jæ мадv æмæ, кæj ўарста, ўцv ахўргæнiнаджv ўм лæўгæje, ўæд захта Jæ мадæн: усаj! мæнæ, дæ фvрт.
27. Стæj захта ўцv ахургæнiнагæн: мæнæ, дæ мад. Æмæ Jæ ўцv сахатv фæстæ ўцv ахургæнiнаг акодта jехiмæ.

1) Хæдон.

28. Ўј фæстæ Jесо, алцv æппæт кæј сæххæсті, ўј зонгæје, æмæ чінvджv фvст дæр цæмæј сæххæст ўа, ўј тvххæј, захта: дојнv Мvн у.

29. Ум лæўўді јў мігæнæн, дзмаріје дзаг. Æфсæдтæдтæ бајдзагкодтој скæладсæрфæн дзмаріје, æмæ јæ сæвæрдтој лæдзæгўл, æмæ Ін æј бадардтој Јæ дзvхмæ.

30. Æмæ Јесо кў федта дзмаріі ад, ўæд захта: сæххæсті! æмæ æркулкодта Јæ сæр, æмæ радта Јæ уд.

31. Јўдетæ та, ўæд мајрæмбон кæј уді, æмæ бўартæ сабатмæ цæмæј нæ баззадаіккој, (цæмæјдæрідтæр ўцv сабат стvр бæрæгбон уді), ўј тvххæј кўрдтој Пілатv, цæмæј сvн сæ зæнгтæ асæдтіккој æмæ сæ рајсој.

32. Æмæ афтæ æрцvдvстv æфсæдтæдтæ, æмæ сvн сæ зæнгтæ асастој јўæн дæр æмæ іннæмæн дæр Ујімæ тvхттæн.

33. Фæлæ Јесомæ кў æрцvдvстv, æмæ Јæ мардæј кў федтој, ўæд Vн Јæ зæнгтæ нæ асастој;

34. Фæлæ Ін æфсæдтæј јў джебоŋæј јæ фарс фæрæхўста, æмæ дзv ўајтаŋд ракалді туг æмæ дон.

35. Æма ај чі федта, ўј æвдісæннvллæўўді, æмæ јæ æвдісæндзінад æцæг у; ўј зонv æцæг кæј зæŋv, цæмæј смах баўрна.

36. Цæмæјдæрідтæр ўј æрцvді, цæмæј сæххæст ўа Фvст: стæг Дзv ма асæдтæд. (Рац. 12, 46.)

37. Афтæдæр æндæр ранv Фvст зæŋv: кæј фæрæхўстој, Ўмæ скæсцvстv. (Захар. 12, 10.)

38. Ўј фæстæ Арімафејаг Јосіф, (Јесојен Јæ сусæг ахургæнінаг чі уді Јўдетæј тæрскæје), кўрдта Пілатæј, цæмæј рајса Јесоі бўар; æмæ ін Пілат бар радта. Ўј ацvді, æріста Јесоі бўар.

39. Афтæдæр æрцvді Нікодім, (фvтцаг æхсæвvгон Јесомæ чі æрцvді), æмæ æрхаста смірна æмæ алоі æмхæтцæгонд, фондзссæдз літраі јас.

40. Æмæ афтæ ўдон ахастој Јесоі бўар, æмæ Јæ батvхтој мæрддзæгтv хорзсмагджvнтімæ, Јўдетæн нvгæнvн сæ æŋдаў кўд у, афтæ.

41. Уj дзўарvл кæм бajтvхтоj, ум уди цæхæрадон, цæхæрæдонv та ног зæппадз, æвæрд кæм нічі ма уди, ахæм.

42. Ум цæвæрдтоj Jесоі, Jўдєтv мajрæмбонv тvххæj, умæн-æмæ зæппадз хæстæг уди.

СÆР 20.

1. Ќўріjен jæ фvтцаг бонv Маріа Магдалінаг æрцvди інгæнмæ радѣсv, талvнг ма кўд уди афтæ æмæ федта інгæнæj дур фæлдæхтæj.

2. Афтæмæj азѣордта, æмæ бацvди Сімон Петрмæ æмæ іннæ ахургæнінæгмæ, Jесо кæj ўарста, æмæ сvн захта: ахастоj Хіjцаўv зæппадзæj, æмæ нæ зонæм, кæм Æj цæвæрдтоj.

3. Ўæд рацvди Петр æмæ іннæ ахўргæнінаг, æмæ ацvдvстv зæппадзмæ.

4. Удон дуўædæр jўмæ азѣордтоj; фæлæ іннæ ахўргæнінаг Петрæj таѣдтæр ўаді, æмæ інгæнмæ раздæр æрцvди.

5. Æмæ бакастi æмæ федта æрмæст мæрддзæгтæ æвæрдæj, фæлæ зæппадзмæ нæ бацvди.

6. Уj фæдvл æрцvди Сімон Петр, æмæ бацvди зæппадзмæ, æмæ федта æрмæст мæрддзæгтæ лæўгæjæ,

7. Æмæ Jæ сæр баст кæмæj уди, ўцу кæлмæрзæн мæрддзæгтімæ нæ уди, фæлæ æндæр ранv хіцæнæj тvхтæj лæўўді.

8. Ўæд раздæр чі æрцvди інгæнмæ ўцv іннæ ахургæнінæг дæр бvцvди зæппадзмæ, æмæ федта, æмæ jæ баўрнvдта.

9. Цæмæjдæрідтæр удон нæ ма зvдтоj Фvстvтæj, Уўл мæрдтæj сvстvн кæj æмбæлді, ўj.

10. Æмæ афтæ ахургæнінæгтæ раздæхтvстv сæхімæ.

11. Маріа та лæўўді зæппадзv цур, æмæ кўдта. Æмæ кў кўдта, ўæд бакастi зæппадзмæ,

12. Æмæ федта дуўæ Зæдv, ўрс дæрæстv бадгæ, jўv Jæ нvвæрзæнмæ, іннæі та Jæ дæлфæдтæм, Jесоі бўар кæм æвæрд уді, ўм.
13. Æмæ Ін удон захтоj: цv кæўс дv? Захта сvн: ахастоj мæ Хіjцаўv, æмæ нæ зонvн, кæм Æj цæвæрдтоj.
14. Aj зæʒгæ фездæхті фæстæмæ, æмæ федта Jесоі лæўгæje; фæлæ Jесо кæj у, ўj нæ базvдта.
15. Jесо ін захта: усаj! цv кæўс? кæj агурvс? Ўj афтæ æнqæлдта, Ўj цæхæрадонгæс у, æмæ Ін захта: мæ ælдар! кæд Æj дv ахастаj, ўæд мvн зæʒ, кæм Æj цæвæрдтаj, æмæ Jæ æз ахæссон.
16. Jесо ін захта: Маріам! Ўj Jæм раздæхті æмæ Ін захта: Раввуні! ома: Ахўргæнæг!
17. Jесо ін захта: ма Мæм бавнал, цæмæjдæрідтæр Æз нæ ма ссvдтæн Мæ Фvдмæ; фæлæ цæўгæ Мæ æфсvмæртæм, æмæ сvн зæʒ: Æз цæўн Мæ Фvдмæ æмæ ўæ Фvдмæ, æмæ Мæ Хўцаўмæ æмæ ўæ Хуцаўмæ.
18. Магдалінаг Маріам ацvді, æмæ феqусvнкодта ахургæнінæгтæн, Хіjцаўv кæj федта, ўj, æмæ іn Ўj aj кæj захта, ўj.
19. Ўцv бон, ома ќўріі фvтцаг бон, ізæрvгон, Jæ ахургæнінæгтæ æмбvрд кæм удvстv ўцv хæдзарv дордтæ æхкæд кў удvстv, Jўдетv тасæj, ўæд сæм æрцvді Jесо, сæ æхсæнv нvллæўўді, æмæ сvн захта: фарн смахæн!
20. Aj зæʒгæje сæм равдvста Jæ ќухтæ, æмæ Jæ ќæхтæ, æмæ Jæ фарс. Ахургæнінæгтæ сцінкодтоj, Хіjцаўv фенгæje.
21. Jесо та сvн дvккаг хадт захта: фарн смахæн! Мæн Мæ Фvд кўд рарвvста, Æз дæр смах афтæ ærвітvн.
22. Aj кў захта, ўæд сvл бафукодта, æмæ сvн захта: ajсут Сvʒдæг Удv.
23. Кæмæн нvпбарат jæ тæріʒædтæ, умæн барст удзvстv; фæлæ сæ кæўл нvўадзат, ўўл баззajдзvстv.
24. Фома та, дуўадæсæj jў, Дідім чі хўнді, нæ уді ўм удонімæ, Jесо сæм кў ærцvді, ўæд.

25. Іннæ ахургæнінæгтæ ін захтоj: мах федтам Хіjцаўv. Фæлæ cvн ўj захта: Умæн Jæ ќухтvл зæгæлтv ностæ кў нæ фенон, æмæ Ін мæ ќух Jæ ронv кў нæ бакæнон, ўæд Мæ нæ баўрндзæні.

26. Аст бонv фæстæ та Jæ ахургæнінæгтæ хæдзарv удvстv æмæ Фома дæр семæ. Æрцvдi Јесо, дордтæ æхкæд кў удvстv ўæд, нvллæўўдi сæ æхсæнv, æмæ cvн звхта: фарн смахæн.

27. Стæj Фомаjен захта: æрдав дæ ќух ардæм, æмæ фен Мæ ќухтæ, æрдав дæ ќух, æмæ jæ бакæн Мæ ронv, æмæ æнæўрнæг ма у, фæлæ дæ ўрнæд.

28. Фома Ін дзўаппæн захта: Дv дæ Мæ Хіjцаў æмæ Мæ Хуцаў!

29. Јесо ін захта: дæў баўрнvдта, умæн-æмæ федтаj; тæхудіаг стv æнæфенгæje кæj баўрнvдта, удон.

30. Бірæ æндæр діссæгтæ дæр скодта Јесо Jæ ахургæнінæгтv раз кæцvтæ фvст не стv ацv чінvдзсv.

31. Аj та ўj тvххæj фvст у, цæмæj смах баўрна, Јесо Чvрvстi кæj у, Хуцаўv Фvрт, æмæ ўæ цæмæj, ўўл ўрнгæje, ўа цард Je номæj.

СÆР 21.

1. Уj фæстæ нодзсvдæр разvнді Јесо Jæ ахургæнінæгтæм Тіверіадv денддсvзv бvлvл. Æмæ сæм разvнді афтæ:

2. Јўмæ удvстv Сімон Петр, æмæ Фома, Діdім чі хўнді, ўj, æмæ Нафанаіл, Галілеаг Канаjæ, æмæ Зеведеі фvрттæ, æмæ æндæр дуўæ Jæ ахургæнінæгтæj.

3. Сімон Петр cvн захта: æз цæўvн кæсаг ахсvнмæ. Захтоj ін: мах дæр демæ цæўæм. Ацvдvстv, æмæ ўцv сахатvл бахvстvстv бæлæɣмæ, æмæ ўцv æхсæв ніцv æрцахстоj.

4. Фæлæ кў сбоні, ўæд Јесо лæўўді денд҄сѵзѵ бѵлѵл; фæлæ Јæ ахургæнінæгтæ нæ базѵдтој, Ѵј Јесо кæј у, ўј.

5. Јесо сѵн захта: сѵвæллæдтæ! істѵ хæрінаг ўæм іс? Удон Ѵн захтој: нæј.

6. Ѵј та сѵн захта: баппарут ўæ хѵз бæлæгæн јæ рахісфарсѵрдæм, æмæ æрцахсцѵстут. Удон баппæрстој, æмæ јæ нал фæрæстој раласѵн бірæ кæфтѵ ўозæј.

7. Ўæд, Јесо кæј ўарста, ўцѵ ахургæнінаг захта Петрæн: ај Хіјцаў у. Сімон Петр кў феqуста, ај Хіјцаў кæј у, ўј, ўæд јæ ўолæ æрбатѵхта јæ дарæстæ, (цæмæјдæрідтæр бæҕнæг уді) æмæ алијўрдта денд҄сѵзмæ.

8. Іннæ ахургæнінæгтæ та æрбаленккодтој бæлæҕѵ, (цæмæјдæрідтæр зæхмæ дард нæ удѵстѵ, дуўæфондзссæдз æрмæрінѵ онд҄сѵ једтæмæ), хѵз кæфтімæ семæ ласкæјæ.

9. Стæј зæхмæ кў рахѵстѵстѵ, ўæд федтој судзгæ арт, æмæ ўўл æвæрд кæф æмæ дзул.

10. Јесо сѵн захта: нѵр смах цѵ кæфтæ æрцахстат, удонæј æрхæссут.

11. Сімон Петр аўаді æмæ раласта зæххмæ хѵз, стѵр кæфтæј дзагæј, кæцѵтæ удѵстѵ æртѵндæс æмæ-авдссæдзѵ; æмæ ўјас бірæ кæфтæј хѵз нæ асќўді.

12. Јесо сѵн захта: рацæут, æмæ хæрут. Јæ ахургæнінæгтæј Јæ нічі баўæндѵді бафæрсѵн: чі дæ, Ѵј Хіјцаў кæј у, ўј зонгæјæ.

13. Јесо æрбацѵді, рајста дзул, æмæ сѵн радта, кæф дæр æфтæ.

14. Ај æртѵккаг хадт разѵнді Јесо Јæ ахургæнінæгтæм, мæрдтæј кў рајгасі ўј фæстæ.

15. Æмæ удон сіхор кӳ хордтоj, ӳæд Jесо захта Сімон Петрæн: Сімон Jонаі фvрт! дv Мæ удонæj фvлдæр ӳарзvс? Петр Ін захта: haj-haj, Хіjцаӳ! æз дæ кæj ӳарзvн, ӳj Дv кӳ зонvс. Jесо ін захта: хіз мæ ӳæрvччvтv.

16. Ноджсvтæр vн дvккаг хадт захта: Сімон Jонаі фvрт! ӳарзvс Мæ дv? Петр ін захта: haj-haj, Хіjцаӳ! æз дæ кæj ӳарзvн, ӳj Дv кӳ зонvс. Jесо ін захта: хіз Мæ фvстv.

17. Захта ін æрткvккаг хадт: Сімон Jонаі фvрт! ӳарзvс Мæ дv? Петр фенќарди æртvккаг хадт æj кæj бафарста: ӳарзvс Мæ дv? æмæ Ін захта: Хіjцаӳ! Дv цvдæрідтæр зонvс, Дv зонvс, Æз Дæ кæj ӳарзvн, ӳj. Jесо ін захта: хіз мæ фvстv.

18. Æцæг, æцæг сæӻvн дæӳæн: дv ма лæппу кӳ удтæ, ӳæд дæ рон дæхæдæг бастаj, æмæ дæ кæдæм фæндvдi, ӳрдæм цvдтæ, фæлæ кӳ базæронд ӳаj, ӳæд адарӻкæндзvнæ дæ ќухтæ, æмæ дæ æндæр æрбабæтцæні, æмæ дæ, кæдæм нæ фæнда, ӳрдæм акæндзæні.

19. Аj сæӻгæje, æмбарvнкодта цавæр мæлæтæj Петр скадджсvнкæндзæні Хуцаӳv. Æма ін аj сæӻгæje, захта: рацу Мæ фæдvл.

20. Петр фæстæмæ аздæхті, æмæ федта jæ фæдvл цæӳгæ, Jесо кæj ӳарста, ӳцv ахургæнінæджсv, æмæ æхсæвæрvл Jесоі ріӳл чі банцаді, æмæ Ін захта: Хіjцаӳ! чі Дæ дæтцæні?

21. Ӳj фенгæje, Петр захта Jесоjен: Хіjцаӳ! аj та цv у?

22. Jесо ін захта: Мæн кӳ фæнда, цæмæj ӳj баззаja, цалvнмæ Æз æрцæӳон, ӳæд Дæӳ цv qӳдтаджсі? дv рацу Мæ фæдvл.

23. Æмæ ajqӳсті ӳцv дзvрд æфсvмæртv æхсæн, ӳцv ахургæнінаг кæj нæ амæлдзæні. Фæлæ ін Jесо нæ захта, нæ амæлдзæні сæӻгæ, фæлæ: Мæн кӳ фæнда, цæмæj ӳj баззаja цалvнмæ Æз æрцæӳон, ӳæд дæӳ цv qӳдтаджсі.

24. Ацv ахургæнінаг æвдісæн дæр лæўv аj тvххæj, æмæ аj нvффvста; æмæ зонæм је æвдісæндзінад æцæг кæj у, ўj.

25. Бірæ æндæртæ дæр ма скодта Јесо; фæлæ удон æппæтv фvскæје, æнqæл дæн, дунејен јехі мідæг нæ бацvдаіккој ўцv фvст чінгўтæ. Амін.

Типографія Е. А. Гутнова
Berlin SW 68
Alte Jakobstr. 144